# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**январь 1 февраль**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2018

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*ТхакIуэ, щIэныгъэлI КъардэнгъущI Зырамыку къызэральхурэ ильэси 100 ирокъу*


**Гъут Iэдэм.** ХэкулIым и щапхъэ нэс.......... 3
**КъардэнгъущI Зырамыку.** Бэчыжь и къуэмрэ къэзакъ ябгэмрэ. *Хъыбар*.......... 11
Псэлъафэр къызэрежьар.......... 22
ГушыIэ кIэщIхэр.......... 25


*ТхакIуэ, кинорежиссёр Къандур Мухьэдин ильэс 80 ирокъу*


**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** Адыгэхэм я къэкIуэну зэманым хуолажьэ.......... 31
**Къандур Мухьэдин.** Кавказ. *Романым щыщ пычыгъуэхэр*.......... 43


*ТхакIуэ, тхыдэдж Бейтыгъуэн Сэфарбий ильэс 75-рэ ирокъу*


**Ширдий Маринэ.** ЗыкъэзыгъэщIам къигъэщIахэр.......... 71
**Бейтыгъуэн Сэфарбий.** ЖыIэгъуэхэр.......... 77


## Прозэ


**КIэбышэ Лилэ.** Насып кIапэ. *Рассказ*.......... 93


## Драматургие


**Ольмезов Мурадин.** Унэ лъапIэм и щэхухэр. *Пьесэ*.......... 103


## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ


**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** «Си щхьэцым хэтщ иджыри фIыцIэ, иджыри си гур гугъэм пылъщ...».......... 151


## Публицистикэ


**ТекIужь Заретэ.** Дахагъэр бзэ лей хуэныкъуэкъым.......... 159


## IуэрыIуатэ


Хъуэжэ и хъыбархэм щыщщ.......... 166


## ЩIэблэ


**ТIымыжь Хьэмыщэ.** «Уэс гущIыIум сытехьащи...».......... 169
**Мэртыкъуэ Эдуард.** *Усэхэр*.......... 171

Псалъэзэблэдз.......... 174

*ТхакIуэ, щIэныгъэлI КъардэнгъущI Зырамыку къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу*





# ХЭКУЛIЫМ И ЩАПХЪЭ НЭС

Тхьэ лъапIэм Iэзагъэ куэд зэуэ зритахэм ящыщ зыуэ дунейм тетащ КъардэнгъущI Зырамыку. Нэхъыбэм абы и цIэр япэу зэрызэхахар игъэзащIэ уэрэдыжьхэм ехьэлIауэщ. Илъэс щэ никъуэм къриубыдэу абы адыгэ уэрэдыжьу апхуэдизкIэ куэд игъэзэщIащи, я бжыгъэр езы дыдэми ищIэжу щытагъэнукъым. Адыгэ дэнэ щIыпIэ щымыпсэуми, Зырамыку и макъ зэхэзымыхарэ ар фIыуэ зымылъэгъуарэ щыIэу къыщIэкIынкъым.

КъинэмыщIауэ, дэтхэнэ пасэрей уэрэдми езым и хъыбар иIэж хабзэщ, абыхэм я хъыбарIуатэ Iэзэуи зыкъигъэлъэгъуащ Зырамыку. Мыбдежым къыщынаIуэрт ар артист IэщIагъэм зэрыхуеджар. Театрым егъэщIылIауэ иджыри зы IуэхущIафэ иIащ КъардэнгъущIым: абы и Iэдакъэ къыщIэкIа пьесэхэр, ди деж и мызакъуэу, Шэрджэсми Адыгейми я театрхэм зыбжанэрэ щагъэуващ. Драматургиер литературэм и зы пкъыгъуэмэ, КъардэнгъущIыр адрей пкъыгъуэхэми хуэмы-

хейуэ къыщIокI: абы итха рассказхэр, публицистикэ тхыгъэхэр, езыр зыхэлэжьыхьыжу псэщIэ зыхилъхьэжа хъыбарыжьхэр, таурыхъхэр, ущие псысэхэр тхылъ щхьэхуэурэ Налшыки, Мейкъуапи, Москваи (урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ) къыщыдокI. Ауэ псом нэхърэ нэхъ зыхуэпэжу и гъащIэ псом ар зыхуэлэжьар адыгэ IуэрыIуатэм и лIэужьыгъуэбэр зэхуэхьэсыжынымрэ ахэр тедзэнымрэщ. ГъэщIэгъуэныращ, сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымыувами, Зырамыку абыхэм зыкъыщигъэлъэгъуэфащ профессионал нэсу – театрым щыщылажьэ зэманым щыгъуэ ар роль нэхъ гугъухэр зи пщэ иралъхьэ артист нэхъыфIхэм ящыщт, тхакIуэхэм яхыхьамэ, и Iэдакъэ къыщIэкIамкIэ тхакIуэ нэхъ Iэзэхэм яхуэфащэ нэмысыр зыхуригъэщIырт, щIэныгъэрылажьэхэри, абы и цIэр щызэхахкIэ, щIыхуэтэджын хуэдиз IуэхуфI илэжьат. Ауэ куэдыр щыгъуазэтэкъым Зырамыку и Iэзагъым бэшэчыныгъэшхуэрэ гуащIэрэ щIэбзэу зэрыщIэлъым. Ар ямылейуэ лэжьакIуэшхуэт, езэш ищIэртэкъым, Iуэху къыпэщылъу етIысэхыртэкъым, зыгуэр щIэн хуейуэ щхьэхыу къигъанэртэкъым.

* * *

КъардэнгъущI Зырамыку ПIатIурэ и къуэр 1918 гъэм щIышылэ (январь) мазэм и 10-м Жанхъуэтхьэблэ (иджы Псыгуэнсу) къуажэм къыщалъхуащ. Пасэ дыдэу абы и адэр дунейм ехыжащ, кIэлъыкIуэу и анэми гу щимыхуауэ, езыр щIалэ цIыкIуу зеиншэ къабзэу къэнащ. Ауэ и насыпу къуэш нэхъыжьыфIхэр иIэти, ахэр жьауэу къыщхьэщытащ, икIи Зырамыку псэуху ибэу зэи зилъытэжакъым. И къуэшхэр сыт щыгъуи и щIэгъэкъуэн пэжт, щIалэр ягъэгушхуэрт, ялъэкIыххэу зыми щагъащIэртэкъым. КъинэмыщIауэ, я унэр цIыху кIуапIэт, адыгэ уэрэдыжьхэр, хъыбарыжьхэр фIыуэ ялъагъурти, ахэр я хьэщIэщым къыщIэIукI хабзэт. КъардэнгъущIхэ я деж къеблагъэхэм яхэтт хэкум щыцIэрыIуэ джэгуакIуэхэр, уэрэдрэ хъыбаркIэ Iэзэ къуажэдэсхэр. Абыхэм ящыщт, псалъэм папщIэ, усакIуэшхуэ икIи джэгуакIуэ ХьэхъупащIэ Амырхъанрэ абы и гъусэу уэрэд жызыIэхэмрэ, иужьрей дыдэ джэгуакIуэхэу ялъытэ Мыкъуэ Хьэцэ, Дол Хьэжпагуэ сымэ. Езы Зырамыку зэрыжиIэжу щытамкIэ, ар адыгэ уэрэд жыIэкIэм хэзыгъэгъуэзар Долыращ. Дауи, ар иджырей педагогикэм и Iэмалхэм щыгъуазэтэкъым, ауэ мо щIалэ цIыкIум и гурыхуагъэр къыщилъагъум, абы хабзэу къищтащ, шыплIэм дигъэтIысхьэурэ, здэкIуэ ефэ-ешхэхэм къыздришэкIыу. Езыр зыхэс гупым хишэрти, хьэщIэщ бжэ къуагъым къуигъэувэрт, и уэрэдхэм, хъыбарыжьхэм иригъэдаIуэрт, унэм къэкIуэжа нэужькIэ, къыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым, Зырамыку цIыкIур ириджэрти, езым уэрэдрэ хъыбару жиIахэр мобы жригъэIэжырт. Тэмэму къимыIуэтэжуи идэртэкъым, и гур мызэгъауэ мо щIалэ цIыкIури къиутIыпщыртэкъым. Апхуэдэурэ, Зырамыкур цIыхубэ гъуазджэм фIы дыдэу хэгъуазэ хъуащ.

И ныбжьыр нэмысауэ щIалэ цIыкIур школым къыщIэкIыу колхозым хыхьэн хуей мэхъу. ИужькIэ, 1935 гъэм, ар хохуэ Москва дэт еджапIэ цIэрыIуэм – театр гъуазджэмкIэ къэрал институтым, Луначарскэм и цIэр зезыхьэм – щеджэну къыхащыпыкIа гупым. А гупым хэтащ иужькIэ зи Iэзагъыр ди республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми нэIусу цIэ лъапIэхэмрэ саугъэтышхуэхэмрэ къызыхуагъэфэща театр лэжьакIуэ куэд – режиссёрхэу, актёрхэу Болэ Мурат, ТIыхъужь

Алий, Шэрий Азрум, Сибэч Быхуэ, Сонэ Мухьэрбий, Мыд Хьэжмусэ сымэ, нэгъуэщIхэри. ЕгъэджакIуэхэм яхэтт къэрал псом щыцIэрыIуэ педагог, режиссёр, актёр Iэзэхэр. Абыхэм урагъэджэн къудейр насыпырыхьышхуэт. Ауэ Зырамыку актёр IэщIагъэм зэрыхуеджэм къыдэкIуэу, консерваторием кIуэурэ вокалымкIэ дерсхэм зыщигъэгъуазэрт, Москва дэт театрхэм, музейхэм, концерт гъэлъэгъуапIэхэм, ТхакIуэхэм я союзым куэдрэ къыщыщIидзырт. Абыхэм нэмыщI, студент щIалэм тхэнми пасэу гу хуещI: Москва дэсыху абы итха «Къанщобийрэ Гуащэгъагъэрэ» пьесэр адыгэ драматургием и классикэу нобэми ялъытэ. 1940 гъэм еджэныр къэзыуха гупыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыкIуэжым, Зырамыку драмэм и актёр Iэзэ дыдэ зэрыхъуам и щыхьэт диплом плъыжьыр IэщIэлъэ драматург зэпэщи хъуауэ къигъэзэжащ. ЕджапIэр къэзыухахэм Москва къыздрашат «Къанщобийрэ Гуащэгъагъэрэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр, ар театрыщIэр къызэрызэIуаха спектаклхэм ящыщ зыуэ къыздашэжауэ щытащ. ИужькIэ ар езы театрым и сценэми, ди республикэм и къуажэхэми, хамэ щIыпIэхэми куэд дыдэрэ щагъэлъэгъуащ.

Хэку зауэшхуэр къэхъеиным зы илъэс иримыкъу иIэу, актёр, драматург щIалэр Дзэ Плъыжьым ираджэри, зауэр иухыу мазэ бжыгъэ дэкIыжыху сэлэт къызэрыгуэкI IэнатIэм пэрытащ. А зэманым кърикубыдащ десантыдзэм хэту зэуэнри, бийм къиувыхьа дзэ пакIэм хэту фронтым и щIыбым къыщыхутэнри, нэмыцэ гъэрэщу цIыху хейхэр мин щэ бжыгъэкIэрэ зэрыкIуадэр зыхуэдэр игъэунэхунри. Ар гъэру щаубыдам щыгъуэ тIэунейрэ къыщIэпхъуэжащ, зэм къаубыдыжри Iуэм ирадзэжащ, ауэ етIуанэм щыгъуэ и насыпыр текIуэщ, бийм къыIэщIэкIыжри Дзэ Плъыжьым къыхыхьэжащ икIи уIэгъэ хьэлъэ къытехуэу госпиталым къыщыхутэху япэ ит окопым исхэм ящыщ зыуэ зэуапIэм Iутащ.

Зырамыку хэкум къыщихьэжам щыгъуэ фэбжьым апхуэдизкIэ и гуащIэр щIихати, занщIэу театрым увыжыфакъым, зы илъэскIэ къуажэм дэсащ, зигъэхъужу, и къару щIэкIар зэщIигъэуIуэжу. Ауэ КъардэнгъущIым мыгъуагъэу илъагъунур абдежым щиухакъым. Куэд дэмыкIыу, абы илъэс бжыгъэкIэ къежьа, щIалэ дыгъэ дэзыгъуэта и щхьэгъусэр уз бзаджэм ехьри, езыр лIыгъуабэу къонэ. Алыхьым къиужэгъужауэ къыщIэкIынутэкъыми, пIэщхьагъ тынш игъуэтыжри, и щIалэ нэхъыжьым иджыри бынитI къыкIэлъыкIуащ. Ауэ зэман зырызкIэ и бынищри, абыхэм я бынитIи, абыхэм нэмыщI и шыпхъури, зыгъэгушхуэу щыта и къуэшхэри зэкIэлъхьэужьу и IэкIэ щIилъхьэжащ. ИкIи театрымрэ езым фIы дыдэу илъагъу и ныбжьэгъухэмрэ къахэкIыжын хуей мэхъу. А псом ящIыIужкIэ, и узыншагъэри щIагъуэжтэкъым. УIэгъэ хьэлъэу тIу телът, фошыгъу узым ишхырт, и IэпкълъэпкъымIщыщу къемызауэ иIэжтэкъым. Езы дыдэм зэрыжиIэжу щытамкIэ, и нэхъ мащIэрауэ, абы и Iэпкълъэпкъым дохутырхэр тIощIрэ сэкIэ хэIэбащ. ИтIанэми уэрэд жиIэрт, и гушыIэ дахэр япэ итт, дэтхэнэ зыми хуэгумащIэт. Мис абыхэмрэ зауэм щишэча псом къызэреламрэщ Зырамыку «гъущI дыдэти» щIыхужаIар.

1948-1949 гъэхэм Шортэн Аскэрбий гуп зэригъэпэщырт адыгэ щыпсэу щIыналъэхэр къызэхакIухьу IуэрыIуатэ ятхыжыну. Зырамыку зыкIи мычэнджэщэжу а гупым хохьэ икIи абдежым щегъэжьауэ абы и гъащIэр епха мэхъу адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыным, джыным, тхылъ-

хэурэ къыдэгъэкӀыным. Илъэс хыщӀкӀэ, нэгъуэщӀу жыпӀэмэ, зылӀ и ныбжь нэблагъэкӀэ, пэрытащ ар а ӀэнатӀэм – ямылейуэ фӀыщӀэ ин дыди, хъуэпсэгъуэу узыхэпсэукӀын хуэдэ мылъкушхуи къыпимыхыу, ауэ, и псэр хуитхьэщӀыкӀауэ, фӀыуэ хузэфӀэкӀыр и лъэпкъым хуилэжьу. Апхуэдиз зэманым къриубыдащ Кавказ щӀыналъэм адыгэ щыпсэууэ иӀэ щӀыпӀэ псори – мэздэгу адыгэхэм я деж щегъэжьауэ шапсыгъхэм я псэупӀэ хы ФӀыцӀэ Іуфэхэм нэсу – зыбжанэрэ къызэхэкӀухьынри, Ӏэрытхыу, хьэмэрэ магнитофон лентым тетхауэ уэрэду, хъыбару, таурыхъыу, псалъэжьу, нэгъуэщӀ лӀэужьыгъуэхэу щэ бжыгъэхэр къэугъуеинри. Абыхэм къыхащӀыкӀыжащ нарт хъыбархэрэ пшыналъэу тхылъ къыдэкӀыгъуэ зыбжанэ, «Адыгэ ӀуэрыӀуатэхэр» зыфӀаща томышхуитӀыр, «Адыгэ псалъэжьхэр» тхылъитӀу зэхэлъыр, уэрэдыжьхэр щызэхуэхьэса тхылъ зыбжанэр, пшынэ макъамэхэр, хъуэхъухэр, адыгэ тхыпхъэхэр, таурыхъхэр, нэгъуэщӀхэри. А псори нобэ ди лъэпкъ щэнхабзэм апхуэдизкӀэ кууэ хэлъ хъуащи, хэбдзыжыну ухуежьэмэ, адыгэр зэрылъэпкъыу нэхъ фагъуэу плъагъунущ.

ЗэрыжытӀащи, КъардэнгъущӀ Зырамыку и лэжьапӀэ нэхъыщхьэу илъэс пщӀы бжыгъэкӀэ щытар Налшык дэт Къэбэрдей-Балъкъэр щӀэныгъэхутэ институтыращ (абы и цӀэр зыбжанэрэ зэрахъуэкӀащ, иджы зэреджэр – Урысей щӀэныгъэ академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щӀэныгъэ центрым хыхьэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкӀэ институтщ). Пэжщ, зэгуэрым пӀалъэкӀэ и лэжьапӀэр ихъуэжын хуей хъуауэ щытащ, ауэ абы щыгъуэми Зырамыку и псэм хэлъ ӀуэрыӀуатэм пикӀуэтакъым. Илъэс пщӀы бжыгъэхэм къриубыдэу абы итхыжурэ архивым щигъэтӀылъахэр, тхылъхэурэ къытригъэдзэжахэр, радио эфирым кърилъхьэжахэр, сценэм щигъэзэщӀа псори зэхэплъхьэжмэ, том пщӀы бжыгъэ хъунщ жыпӀэмэ, ущыуэнукъым. Дауи, дэ, абы и лъэужьым тету и Ӏуэхум пызыщэхэм, ди къалэнхэм ящыщщ апхуэдэ лӀы щыпкъэм и гъащӀэмрэ ӀуэхущӀафэу иӀамрэ къэтпщытэжу утыкушхуэ къитлъхьэжыныр. Ауэ ар апхуэдизкӀэ лэжьыгъэшхуэщи, тхылъ псокӀи къыпхуэпщытэну ди фӀэщ хъуркъым.

Мыбдежым псом хуэмыдэжу къыхэгъэщыпхъэхэм ящыщ зыщ Шортэным и унафэм щӀэтрэ езым хуэдэу лъэпкъым и ӀуэрыӀуатэр фӀыуэ зылъагъу гупым хэту Зырамыку илъэс зыбжанэкӀэ экспедициехэм зэрыхэтар. Ахэр мазитӀ-щыкӀэ ежьэхэрти, ди республикэри, Осетиери, Ставрополь, Краснодар крайхэри, ди лъэпкъэгъу щыпсэу нэгъуэщӀ щӀыпӀэхэри къызэхахкӀухьырт. Иджырей электроникэ Ӏэмалхэр зэгуэр щыӀэну ящӀэххэртэкъым, нэхъыбэу зэратхыр къалэмкӀэт, ари дэ дызэсахэм хуэмыдэу, е шакъалъэм ит шакъэм хагъауэурэт, е пхъэтх (къэрэндащ) къагъэсэбэпурэт. Электроникэ жыхуэпӀэным ебгъэщхь хъуну зы магнитофон къыздрашэкӀырт, лӀитӀым зэпаӀыгъыу къаӀэту. Абыи бэлыхь пыщӀат: магнитофон лентӀыр мащӀэти, уэрэдыр кӀыхьмэ, и пэщӀэдзэм фӀэкӀа ятхыртэкъым, адрейхэр ӀэкӀэ ятхыжын хуей хъурт, абы нэмыщӀ, къуажэхэм я нэхъыбэм электричествэр нэсатэкъыми, а магнитофоныр зыгъэлэжьэн генератор къыздрашэкӀырт, езыр бензинкӀэ лажьэу, абыи макъышхуэ дыдэ ищӀырти, ухуэбэлэрыгъмэ, магнитофоным итхынкӀэ хъунур пшынауэ макътэкъым, хьэмэрэ уэрэду жаӀэратэкъым, атӀэ моторым и ву макъым псори щӀихъумэжынут. ЗэрызекӀуэу щытари щхьэ зытемылъ, хьэлъэ гуэрхэр къешэкӀыным хуэщӀа маршынэжьт – къэшхыр къатешхэу, къесыр къатесэу.

Зэманым хуэмурэ зихъуэжащ. Псалъэм папщIэ, 1972 гъэм зы мазэ пIалъэкIэ ежьауэ щыта экспедицэр япэрейхэм нэхърэ нэхъ зэгъэпэщат, магнитофонуи тIу яIыгът, УАЗ хьэлъэзешэ цIыкIуу зэрызекIуэми чэтэныщхьэ хъарзынэ телът. Абы иужьыжкIэ ежьахэр зэрызекIуэр микроавтобуст е автобусышхуэт, зэзэмызи маршынэ псынщIэ къащылъыси щыIэу. Экспедицэм хэт дэтхэнэ зыми щхьэхуэу магнитофон иIыгъыжт, ари япэрейм хуэдэу мыхьэлъэжу. Мис апхуэдэурэ зэхуахьэсащ ди институт фонотекэмрэ Iэрытххэр зыщIэлъ архивымрэ дыщэ пэлъытэу нобэ щахъумэ тхыгъэхэр. Абыхэм уахэплъэмэ, нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщ зыщ Къардэнгъущl Зырамыку къиугъуеяхэр.

IуэрыIуатэ тхыжыныр икъукIэ Iуэху щхьэпэщ икIи къиинщ. Пшыналъэхэм, хъыбарыжьхэм, уэрэдыжьхэм, псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ, таурыхъхэм, къебжэкIхэм, къуажэхьхэм зэманым къыпхахри ди деж къахьэсащ ди япэ итахэм я хъуэпсапIэхэр, я дуней еплъыкIэр, я псалъэрыIэзагъыр, анэдэлъхубзэм и IэфIыпIэр. Ахэр къэбугъуеижу нобэрей цIыхубэм я щэнхабзэм хэбухуэнэныр лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтегъэнэжыным хуэунэтIа Iуэхущи, ущыуэу мыхьэнэ зиIэ гуэр ебгъэкIуэтэкI, хьэмэрэ зэрыщымытауэ бгъэщIэращIэ хъунукъым. Ар зэрыщыта дыдэм хуэдэу тхылъым иптхэжмэ, аращ лъэпкъым Iуэхутхьэбзэ хуэхъунур. Зырамыку абдежми хуэмыхуу зыкъигъэлъэгъуакъым. Ар яхэтащ 1951 гъэм «Нартхэр. Къэбэрдей эпос» тхылъышхуэр зыгъэхьэзыру къыдэзыгъэкIахэм. ИужькIэ абы и закъуэу е гъусэ иIэу игъэхьэзырахэу тхылъ зыбжани дунейм къытехьащ. Апхуэдэщ «Адыгэ уэрэдыжьхэр» (1969, 1979) «Адыгэ пшыналъэ» тхылъхэр (1993). Абыхэм зэщхьу сыт яхэлъ жыпIэмэ, щыри зы IуэхугъуэкIэ зэпхащ: уэрэдыжьхэр пасэ зэманым зэрызекIуэу щыта хабзэм тету, дэтхэнэ уэрэдми и хъыбарыр и гъусэжщ. Пэжщ, хъыбархэр я кIыхьагъкIэ шэщIауэ къэIуэтэжакъым, ауэ КъардэнгъущIым ипэ тхылъ къыдэзыгъэкIахэм ари ягу къэкIыххакъым.

ХыщI гъэхэм я пэублэм Шортэн Аскэрбийрэ КъардэнгъущIымрэ ягу иралъхьэ адыгэ IуэрыIуатэм и нэхъ курыхыр къыхэщыпыкIауэ зы тхылъышхуэу къыдагъэкIыну. Зыр тIу яфIохъури, «Адыгэ IуэрыIуатэхэр» тхылъ пIащэшхуэхэр томитIу дунейм къытохьэ. Абы ихуат нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ ящыщи, таурыхъи, пасэрей дыдэ хъыбарыжьхэри, усэхэри, хъуэхъухэри, уэрэдыжьхэри. Нобэр къыздэсым а томитIым ефIэкIыу адыгэ IуэрыIуатэм и лIэужьыгъуэхэр къызэщIэзыубыда тхылъ дунейм къытехьакъым ди бзэкIэ тхауэ. А зэман дыдэм Зырамыкурэ ГъукIэмыхъу Iэбубэчыррэ зэдагъэхьэзыращ адыгэ псалъэжьхэр. Ари япэщIыкIэ зы тхылъым изэгъэну ялъытамэ, тхылъ тыкъыритI хъуауэ щытащ. Апхуэдэ лэжьыгъэм фIагъыу кърикIуащ налкъутым хуэдэу ди бзэм и дахапIэ псалъэ шэрыуэхэмрэ псалъэжьхэмрэ зэгъэуIуауэ дунейм къытехьэныр. Ауэ а том цIыкIуитIыр гъэхьэзырыным илъэс зыбжанэ зытекIуэда лэжьыгъэшхуэ пыщIауэ къыщIэкIащ. Япэрауэ, адыгэ тхыбзэ къыщыунэхуагъащIэхэм щегъэжьауэ дэнэ сыт хуэдэ псалъэжь къыщытрадзами къэпщытэн хуейт. Ар тхылъыжьхэу, тхылъыщIэхэу Iэджэщ, пасэрей, иджырей газетхэщ, журналхэщ. Абы нэмыщI, Iэрытхыу архивхэм хэлъыр къэгъуэтауэ, тедзапхъэхэр къыхэщыпыкIын хуейт. Езы зэхэзылъхьэхэм ятхыжахэри мащIэтэкъым. Апхуэдиз лэжьыгъэр тхылъ хьэзырыр зыIэрыхьэ дэтхэнэми илъагъуркъым, ауэ ар зыгъэзащIэм зы псалъэ налкъутыр къигъуэтын щхьэкIэ мывэкIэщхъ тонн бжыгъэхэр кIанэ зырызу зэIипщIыкIыныр и натIэщ.

КъардэнгъущIым тхылъ дапщэ имыгъэхьэзырами, дэтхэнэ зыри апхуэдэ защIэу зэхэлъщ.

Абыхэм ящыщ зыщ «Андемыркъан. Адыгэ лIыхъужь эпос» жиIэу Зырамыку къыдигъэкIар. Ар ауэ сытми текстхэр щызэхуэхьэса тхылъкъым, атIэ икIи къэхутэныгъэ куущ, икIи щIэныгъэ хабзэкIэ къыхэщыпыкIа материалхэщ, абы къыдэкIуэу езы къэхутэныгъэхэр нэхъ зэIубз зыщIыж гуэдзэни дэщIыгъущ. А псори укъеджэнкIэ гурыхьу зэгъэкIужащ. Куэдыр зэрыщыгъуазэщи, Андемыркъан и уэрэдымрэ и хъыбархэмрэ щыжамыIэ адыгэ здэщыпсэу щIыпIэ дунейм теткъым – Къэбэрдейми, Адыгейми, Шэрджэсми, Осетиеми, Краснодар, Ставрополь крайхэми, Тыркуми, хьэрып къэралхэми. Япэ дыдэ уэрэдыр XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм итхауэ щытащ Нэгумэ Шорэ. А лIэщIыгъуэ дыдэм иджыри зыбжанэрэ ятхыжащ икIи къытрадзэжащ Андемыркъан и уэрэдри и хъыбарри. XX лIэщIыгъуэм къриубыдэу ахэр щэ бжыгъэу ятхыжащ Iэпэрытхыуи магнитофонкIи. А къомым, дауи, зэрызэтехуэрэ зэрызэщхьэщыкIрэ Iэджи яIэщ. Зы тхылъ игъэхьэзырын щхьэкIэ ахэр псори зырызыххэу щIипщытыкIащ еджагъэшхуэм. НэгъуэщI зыри хузэфIэмыкIауэ щытами, КъардэнгъущIым и цIэр дэтхэнэ адыгэми игъэлъэпIэну а зыр ирикъунут.

Ауэ ищIа псоми я щхьэжу, лъэпкъым дежкIи Iуэхутхьэбзэшхуэу жыпIэмэ, ущыуэнкъым том зыбжанэ хъууэ абы и жэрдэмкIэ ди институтым игъэхьэзыра «Адыгэ уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ» лэжьыгъэшхуэр. Пэжщ, абы гупышхуэ елэжьащ, ауэ къызэхэзыублари гуп псом и купщIэу щытари Зырамыкущ. ЯпэщIыкIэ езыми абы щыгъуэ институтым и директору щыта Лъостэн Владимири я мурадат уэрэд текстхэри нотэхэри зэщIэту иту зы тхылъ пIащэфI къыдагъэкIыну. АрщхьэкIэ Iуэхум нэхъ кууэ хэгъуазэ щыхъум, нэрылъагъу хъуащ, зылI-лIитIкIэ ар зэрызэфIэмыкIынур. ДиректорыщIэу къэува Хутуев Хьэнэфий деж Iуэхур щынэсым, псалъэ къыхимыгъэкIыу, хуит ищIащ уэрэд дапщэрэ тхылъ дапщэрэ хъунуми, хэт а лэжьыгъэм къешэлIэн хуейми секторым яубзыхуу планым хагъэхьэну. Арати, наIуэ къэхъуащ зылI-лIитIым я пщэ дэзэгъэн я гугъэу кърахьэжьа Iуэхур том зыбжанэу гъэпсын зэрыхуейр, абы гупышхуэ емылэжьу зэрымыхъунур. IэпэкIэ тха текстым умыщIэххэу щыуагъэ хэтынкIэ хъунущ, жаIэри мурад ящIащ магнитофонкIэ тха фIэкIа хамыгъэхьэну. Ар нотэм ибгъэзэгъэнкIи нэхъ къезэгърабгъут – макъкIэ тхам уедэIуэжурэ нотэм иплъхьэжыфынути. АбыкIэ уэрэду къытрадзэр зыгуэри зыхэмылэжьыхьыжауэ, зэрагъэзэщIа дыдэм хуэдэу тхылъым ихуэжынут, шэч къызытепхьэн зыри щымыIэу, фотокамерэм триха сурэтым и палъэу. Абы нэмыщI, уэрэдхэр адыгэбзэм и диалектхэмкIэ тхат – хэт къэбэрдеибзэу, хэт кIэмыргуеибзэу, хэти шапсыгъ, абэзэхэ, бжьэдыгъу, беслъэней псэлъэкIэу. А бзэ лIэужьыгъуэ псоми щыгъуазэ щIэныгъэлIи къешэлIэн хуей хъуащ. Ар КъБКъУ-м и доцент Иуаныкъуэ Нурбий къытехуащ. Апхуэдэу, ди адыгэбзэм и закъуэ мыхъуу, мелуан щэ бжыгъэм яIурылъ урысыбзэмкIэ дэтхэнэ зы текстри зэдзэкIамэ, лэжьыгъэм и пщIэр лъагэ зэрыхъунури нэрылъагъути, ари Iуэхум и зы Iыхьэшхуэ хъуащ. Абы щхьэкIэ зы гуп цIыкIу къызэрагъэпэщащ, Нало Заур я пашэу, Иуаныкъуэмрэ ГъукIэмыхъу Iэбубэчыррэ хэту. А псом я щхьэжу къанэр зыт: макъкIэ тхыжа уэрэдхэр нотэм илъхьэжынрат. Мис ар адрей псом нэхърэ нэхъ къиину къыщIэкIащ. А Iуэхум хуеджа зыри щыIэтэкъым, нотэм щыгъуазэ дэтхэнэми ар хузэфIэкIынутэкъым. Нэхъ узыщыгугъынухэр

здэщыIэр Композиторхэм я союзрати, Зырамыку абы къришурэ тIум, щым, плIым яригъэлъэгъуа щхьэкIэ, апхуэдэ лэжьыгъэм тегушхуэн къахэкIакъым. ИкIэм-икIэжым уэрэд жыIэным хуеджауэ абыкIэ фIэкIа къамыцIыху Бэрэгъун Владимир къыкъуэкIри, ар къэуващ, сыт хуэдиз гуащIэ темыкIуадэми, къимыкIуэтыжыну. Москва дэс щIэныгъэлI нэхъ Iэзэу къэралым исхэри абырэ Зырамыкурэ я лIыгъэкIэ къешэлIа хъури, ди институтыр еувэлIащ ди къэралышхуэм зэи зыми щимыгъэзэщIа лэжьыгъэшхуэм. Директорми и псалъэр игъэпэжри, текIуэдэну мылъкум щхьэкIэ къэувыIэ щымыIэу япэ томитIыр ягъэхьэзырри, Москва дэт «Советский композитор» тхылъ тедзапIэшхуэм къыщыдэкIащ. КуэдкIэ яужь къинакъым ещанэ томым и япэ тхылъри. Ауэ абы ирихьэлIэу къэралыр щIэкъутэжын Iуэхухэр къэнахуэщ, дунейр къызэIыхьэщ, ди институтми зэгурымыIуэныгъэ гуэрхэр къыщыунэхури, лэжьыгъэм гулъэф хуэхъуащ. Дауэ мыхъуми, ещанэ томым и етIуанэ тхылъыр зыгуэрурэ а тхылъ тедзапIэ дыдэм къыщыдэкIащ. ЕплIанэ томыр Москва яшауэ, иджыри зэлэжьыжын къэнауэ, щIэныгъэ IуэхукIэ ди гъуазэу щыта, дуней псом щыцIэрыIуэ профессор Гиппиус Е. В. сымаджэ мэхъури мэузджынтыж. Музыкэ и лъэныкъуэкIэ мы Iуэхум псэуэ хэта Бэрэгъунри абы и ужькIэ куэдрэ псэужакъым. КъинэмыщIауэ, япэхэм хуэдэу институтым мылъкушхуэ къыхуэкIуэжыртэкъым, лэжьыгъэр арыншэу гъэкIуэтэгъуейт. Арати, том зыхыблу дунейм къытехьэнкIэ дызыщыгугъа лэжьыгъэшхуэр и кIэм нэмысауэ къэнащ. Пэжщ, Зырамыку и гуащIэрэ и хьэтыркIэ мы серием хэбгъэзагъэ хъуну зы том Налшык дунейм къыщытехьащ, макъамэхэр иту. ЕплIанэ томри Москва къитхыжщ, иджыри зэ дыхэплъэжщ аби, этномузыколог ГъукIэ Анджелэ нотэхэр игъэтэрэзыжри къэдгъэтIылъыжащ. Ауэ Зырамыку а иужьрейхэр илъагъужакъым.

ГъащIэм и хабзэ гурымыхьхэм ящыщ зыщ дунеягъэкIэ дэтхэнэ зыми къылъыс пщIэр сыт щыгъуи зэримыгъуэтыжыр. Пэжыр, жыпIэмэ, КъардэнгъущI Зырамыку цIэ лъапIэхэри къыфIащауэ щытащ, нэгъуэщI лъапIэныгъэ зыкъоми ирагъэлъагъужащ. Ауэ мы зи гугъу тщIы тхылъым и пщIэр къызыгурыIуауэ хэкум исыр закъуэтIакъуэщ. ИпэжыпIэкIэ жысIэнщи, абы хуэфащэ пщIэ ауэ гъунэгъууи игъуэтакъым. Абы и япэ томыр къыщыдэкIам щыгъуэ къэралым и ЩIэныгъэ академием IуэрыIуатэмкIэ иIэ къудамэр зэхуэсри, мы тхылъыр Совет Союз псом и гуманитар щIэныгъэм ича лъэбакъуэщIэу къалъытауэ щытащ, икIи фIыщIэ тхылъ ди институтми, республикэм и унафэщIхэми къыхуагъэкIуащ. АрщхьэкIэ а лъэхъэнэм ар къызыфIэIуэхун республикэм къикIакъым. Нобэми арац. Дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэ а лэжьыгъэр лъапэкIэ зэрахуэу, лъэпкъым и тхыдэми, и щэнхабзэми, и гъуазджэми зыкIи хуэмыщхьэпэнухэм ехьэжьауэ презентацэхэр яхуэтщIу допсэу. А гуныкъуэгъуэр яIэу дунейм ехыжащ езы КъардэнгъущI Зырамыкуи, абы и гъусэу я псэ емыблэжу лэжьа Бэрэгъун Владимири, ГъукIэмыхъу Iэбубэчыри, Нало Заури.

Ауэ, сыт хуэдиз зэман дэмыкIми, фIым и пщIэр сэтей къэхъунущ. Зэгуэр а лэжьыгъэшхуэми, нэгъуэщIу Зырамыку хуэдэхэм ялэжьахэми яхуэфащэ лъапIэныгъэр къалъысыжынущ, мы дунейм зэхэщIыкI зиIэ цIыху тетыж закъуэмэ. Мис абы щыгъуэм и лъэпкъым псэ хьэлэлкIэ хуэлэжьахэм я псэхэр къызыщыуэжынурэ дунейри къэщIэрэщIэжынущ.

Ар и лэжьыгъэ нэхъыщхьэу зыпэрытаращ. Абы нэмыщI, ауэ Iэ сэмэгугъэ хэмылъу Зырамыку хузэфIэкIахэм ящыщц, къапщтэмэ, Нэгу-

мэ Шорэ урысыбзэкІэ итха «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр» адыгэбзэкІэ зэрызэридзэкІыжар, хьэмэрэ Махуэ Іэлисахь игъусэу «Хъуэжэ и таурыхъищэ» тхылъыр зэригъэхьэзырар, сабийхэм щхьэкІэ таурыхъ зыкъом езым къызэриІуэтэжар, рассказхэр къызэрытригъэдзар, «Адыгэ хъуэхъухэр» тхылъ дахэ дыдэр, адыгэ анекдотхэр игъэхьэзыру ахэри къызэрыдигъэкІар, Щоджэн Хьэзешэрэ абырэ зэгъусэу зэлэжьа «Адыгэм хабзэу яІахэр» тхылъ хьэлэмэтри дунейм къызэрытехьар. Мыбыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми хуэфащэт щхьэхуэу утепсэлъыхьыну, ауэ жытІамкІэ дызыхуейр къытхуэІуэтауэ къэтлъытэнщ.

* * *

Иджыри зы Іуэхугъуэ дытемыпсэлъыхьу къэдгъанэ хъунукъым. Ар Зырамыку хэлъа цІыхугъэшхуэращ. Куэд зышэчар нэхъ зэкІуэцІылъ, нэхъ жьагъуэ щыхъур нэхъыбэщ, ауэ мыр ящыщт гъащІэм зэрыриудэкІам нэхъ гу бзаджэ ищІыным и пІэкІэ нэхъ гумащІэ хъуа закъуэтІакъуэхэм. Ар сыт щыгъуи псоми зэхуэдэу яхуэнэшхуэгушхуэт, и гушыІэ дахэр сыт щыгъуи япэ итт, гупым хыхьамэ, малъхъэдисым хуэдэу, къэзыухъуреихьхэр зыщІишэрти, абы фІэкІа зыми емыдэІуэж ищІырт. Щизакъуэм дежи бжыгъэншэу ищІэ уэрэдхэм ящыщ зыгуэр и дзапэм пылът. А уэрэдхэр зыхуауса лІыхъужь уардэхэрат абы и пщалъэр, ахэрат и чэнджэщэгъуу и гъуазэр. Абыхэм яхэлъа лІыгъэр, цІыхугъэр, бэшэчагъэрауэ къыщІэкІынщ езыри уэрэдым къыхэкІам хуэдэу щІыщытар. ИтІанэ, зыгуэркІэ цІыхум егуэпэныр къыдалъхуауэ и щэным хэлът. Сыт хуэдизу и жагъуэ къамыщІами, хуэфэщэн пщІэрэ нэмысрэ къыщыхуамыщІ къэхъуами, а лІы къызэрымыкІуэм и гум дыджыгъэ гуэри илъэкъым, къытралъхьэр и хьэлъэу, езым и пщэ къыдэхуауэ илъытэж къалэнышхуэм хуэпэжу дунейм тетащ.

Зэгуэрым дэ къытхуихуащ ди лэжьэгъу нэхъыфІ дыдэу къэтлъытэхэм ящыщ зым илъэс куэд щІауэ зыІут ІэнатІэм и щхьэр зэрыІурагъэхыр тлъагъуну. Зырамыку абы деж кІуащ, епсалъэу кърригъэгъэзэжыну игу ирилъхьэри. АрщхьэкІэ модрейм идэртэкъым, сэ къызащІар къызащІауэ сигу техуэу згъэзэжынукъым, жиІэрт. Ар щызэхихым, Зырамыку, къыфІэмыІуэху щІыкІэу, мыр пидзыжащ:

– Ей, си къуэшыжь, ущымыуэ. Абыхэм зыгуэр къуащІэн хуейуэ я къалэнщи, ягъэзащІэ, уэ уи къалэныр абы щхьэкІэ къыумыгъанэ. Сэ зыгуэр къызищІэну сиужь къихьэ псом щхьэкІэ зызгъэгусэурэ сытІысыжу щытамэ, сщІам и зы пщІани схуэщІэнтэкъым. Уэ уи натІэ кърихам упимыкІуэт. А уи къалэнращ уэ къемэт махуэм жэуап зэрыптыжынур.

Мы дунейм къытехьэ дэтхэнэ зыми Тхьэ лъапІэм хьэл зырызрэ зы Іэзагъэ гуэррэ кърет. Ауэ зы зылъысам адрейр щыхуримыкъуж куэдрэ къохъу. КъардэнгъущІ Зырамыку къыщигъэщІым, зыгуэрми щымысхьыжу кърита – ямылейуэ Іэзагъышхуэри, гурыхуагъри, макъ дахэри, гуащІэшхуэри, цІыхугъэ-гуапагъэри. КІуэаракъэ, адыгэлІым мыр хэлъащэрэт, жыхуэпІэн псори дэплъагъуэрт а лІы лъахъшэ нэгуфІэм. Апхуэдэ зырыз пІалъэ-пІалъэкІэ нэхъ мыхъуми къызыхэкІ лъэпкъыр фІыкІэ гугъэ хъунущ. Абы и ужь хуэфащэу итын щІэблэ щыІэ закъуэмэ.

**ГЪУТ Іэдэм,**
*филологие щІэныгъэхэм я доктор*

# БЭЧЫЖЬ И КЪУЭМРЭ КЪЭЗАКЪ ЯБГЭМРЭ

*Хъыбар*

ЛIыжь сымаджэм и щIалэ нэхъыщIэ Елдар зыдигъэIэпыкъуурэ, Аслъэнджэрий лIыжьым удз зэхэгъэвам ипскIэ уIэгъэр IэкIуэлъакIуэу къитхьэщIщ, Iэпхъуамбэжьак Iэ хуэдиз лыс ирилъхьэри, къабзэу жьыщIа хъыдан хужькIэ ипхэжащ.

АпщIондэху замыгъэхъейуэ щыму щыса лIыжьхэр хуиту бэуэжащ, хэти зигъэпсчэуIуащ, адрейми и башыпэр хьэщIэщ ятIэ лъэгум щигъэпэщащэу щIидзэжащ.

– Зэрыщытам и дежкIэ, тхьэ дыгъыIэ, ухъужакIэ! – жиIащ Аслъэнджэрий, Елдар къубгъанкIэ къытрикIэ псы хуабэмрэ сабынымрэкIэ и Iэр итхьэщIыжурэ.

УIэгъэр нэхъ Iей мыхъуамэ, нэхъыфI зэрыхъуа щыIэтэкъым, ауэ лIыжь сымаджэм и гур фIы хуищIыну, езыри уIэгъэкIэ Iэзэу хьэщIэщым щIэс лIыжьхэм къащигъэхъуну арат Аслъэнджэрий апхуэдэу щIыжиIэр.

Къазбэч лIыжьыр, и уIэгъэжьхэр къэятэжауэ, хэлът. Шэр зэдзэкъа и куэпкъ къупщхьэр фырт. Благъэрэ ныбжьэгъуу, цIыхугъэу иIэхэр щIэупщIакIуэу хузэблэкIырт.

Унагъуэм я дежкIи, щIэупщIакIуэу къыхузэблэкIхэм я дежкIи нэхъ тэмэму къилъытэри, Къазбэч хьэщIэщым зыкъригъэхьауэ щIэлът. ХьэщIэщ пэшыр инт, Iэхуитлъэхуитт, гъэмахуэ хуабэти, хьэщIэщыбжэр Iуха зэпытт.

ХьэщIэщ кIуэцIыр аргуэру щым хъужащ, Елдар и пэщащэ макъым фIэкIа зыри къэмыIуу. Щэху дыдэурэ, абы хъыдан кIапэ кIэрыхубжьэрыхухэр ипхъэнкIщ, псы иракIутахэр трилъащIэри, таскъубгъаныр щIихыжащ. КъыщIыхьэжри, и IитIыр и щIыбагъымкIэ ехьэкIауэ, бжэкъуагъым и гъунэгъуу блыным кIэрыувэжащ.

– Си пхъурылъхур бжэ дыдэм деж ущымысу къыдэкIуэтей! – жиIащ Къазбэч, зэрыпсалъэр къехьэлъэкIыу, пащтыхь дамыгъэхэмкIэ зэщIэблауэ бжэм и гъунэгъуу щыс лIы никъуэтхъум жриIэу.

– Ауэ умыщIу, ди япщэкIэ дэпшэу жьантIэм щхьэ думыгъэтIысхьэрэ? – къэпсэлъащ лIыжьхэм ящыщ зыр, мыарэзырэ губжьарэ мыгурыIуэгъуэу, и дзэлыфэр итIри.

– Чрес и куэдщ, пащтыхь хужьым къритауэ, ди япщэкIэ кIуэми хуэфащэщ, – жиIэщ етIуанэми, щIэнакIэу дыхьэшхыжащ мащIэу.

– Дыгъуасэ уиукIыну къозэуащ, нобэ щIэупщIакIуэ къыпхуэкIуэжащ уи пхъурылъхур, – жиIащ ещанэм, и фIэщу.

– А къомыр къисхакъым сэ абы. Хабзэщ, хьэщIэр бжэм деж щIыщысын щыIэкъым, – жиIащ Къазбэч, и псалъэхэм хущIегъуэжауэ.

– Хьэуэ, сэ нэхърэ нэхъыжь лIыжьыфIхэм япщэкIэ сыкIуэнкъым! – жиIащ Минболэт, и щхьэр къимыIэту щIым еплъыхыу.

– АтIэ, зауэ щыхъукIэ, апхуэди къохъу. Ар блэкIа Iуэхущ, абы щхьэкIэ фемыхъурджауэ мыбы, – жиIэри къэпсэлъащ псоми я нэхъыжь ГъущIыпсэ. ХьэщIэщым щIэсхэм я нэхъыжь дыдэр къыщыпсалъэм, псоми заущэхуащ. – Мыбы и закъуэкъым абы щыгъуэ лъэпкъым епцIыжауэ щытар. Ахэр куэд мэхъу. Мо бжэм адэкIэ къыщыт

щIалэхэм къищынэмыщIа, мы зауэ гуащIэ екIуэкIам хэмыта мыбы зыри щIэскъым. Уэ, Хьэмырзэ и къуэ, бийм угухьэри зауэр иухыху укъыдэзэуащ. Дэри тлъэкI къэдмыгъанэу дынывэзэуэжащ. Зауэ джэгу щыIэкъым. Уэри, плъэкIамэ, дыбукIынут, дэри, тлъэкIамэ, удукIынут. Куэди хэкIуэдащ абы. Псэууэ дыкъелащи, ди насыпщ. Сыт къыдэпщIами, дэнэ утхьыжын?! Удыдейщ. Гужьгъэжь пхудиIэкъым. ФIэкIар фIэкIащ. Ауэ сэ зыгуэркIэ сыноупщIынущи, пцIы хэмылъу, пэжыр къыджыIэ. Хэт дэ тщыщу нэхъ лIыгъэ зиIэу а зауэм хэтар? Ар ящIэн хуейщ мо бжэIупэм къыщыту къыдэдаIуэ щIалэхэм.

Махуэр хуабэти, хьэщIэщыбжэр Iухат. ЛIыжьхэм жаIэ хъыбархэм едэIуэну щIалэ гуп, я тхьэкIумэр гъэкIауэ, бжэм адэкIэ щIыбым щызэхэтт.

– Жьыщхьэ махуэ ухъу, нур шынэхъыжь! Куэду узахуэщ, псалъэ пэжи къызжепIащ. БлэкIар блэкIащ, абы къэгъэзэж иIэкъым. ЩIыхур щыуэнум, бетэмалщ. Мы зауэ бзаджэ екIуэкIам бийм сахэкIэрэхъуа хъури, илъэс тIощI нэскIэ сакъыдэзэуащ. А зэман кIыхьым къриубыдэу ди адыгэ лъэпкъым щыщу лIыгъэ зиIэ куэдым сажьэхэуэн хуей хъуащ. АтIэми, пащтыхьыдзэу сызыхэтар куэд хъурт, адыгэхэр мащIэт. Пащтыхьыдзэм топ яIэт, адыгэхэм яIэтэкъым. Пащтыхьыдзэр зауэ Iуэхум хуегъэджат, адыгэхэр закъуэрызауэт. Мис а лъэныкъуэмкIэ пащтыхьыдзэм ефIэкIыныгъэшхуэ яIэт. Ауэ адыгэхэм я щIыпIэр мэзу, къуакIэбгыкIэу, ар езы адыгэхэм фIыуэ яцIыхуу, пащтыхьыдзэм а щIыпIэр ямыцIыхуу зэрыщытар къэплъытэу щытмэ, адыгэхэм ефIэкIыныгъэ зыгуэрхэри зэраIар пцIыкъым.



Мы зауэм лIыхъужьу хэта куэдым я цIэ къыпхуиIуэнущ. Ахэр Аджэрий и къуэ Кушыку, Хъырцыжь Алэ, Къуэджэбердыкъуэ Мыхьэмэт, Щоджэн Шумахуэ, Къарэмырзэ Алий, нэгъуэщI куэди. Абыхэм я лIыгъэм къахуихьа щIыхьым уэрэд хуаусыжауэ яIэщ. Ахэр псори фощIэ. Ауэ а зауэм и кIуэцIкIэ сэ сызыхуэзахэм яхэтакъым Бэчыжь и къуэм нэхърэ нэхъ лIыгъэ зиIэ.

– Бэчыжьхэ шэрджэс хьэжрэтхэм ящыщу щытын хуейщ, – жиIащ ГъущIыпсэ.

– Арауэ къыщIэкIынщ. Абы щхьэкIэ «Бэчыжь и къуэ» жаIэу фIэкIа, и цIэри тщIэртэкъым.

– АтIэ, сыт хуэдэ лIыгъэ абы зэрихьэу плъэгъуар? – еупщIащ абы ГъущIыпсэ аргуэру.

– Сэ сызыхэтар адыгэхэр инэрал «плъыжькIэ» зэджа Вельяминовым и дзэращ. Адыгэхэр «плъыжькIэ» абы щIеджар цыуэ тетыр плъыжьти аращ. Дэнэ и деж дыщымызэуами, Бэчыжь и къуэр, адыгэхэр къызэщIиIэтэу, ди япэ къихутэрт. Ар езыр и ныбжькIэ лIыкут, и лъагагъкIи ику итт. Абы езэш имыIэу сызыхэт гупым и хъуреягъыр къиуфэрэзыхьырт. Зэхэуэ хъуамэ, ди япэм джатэ къихакIэ къихутэрт. Зыдгъэпсэхун хъуамэ, е ди бгъумкIэ, е ди ужьымкIэ къыщыттеуэрти, хэщIыныгъэшхуэ къыдитырт. Зы дакъикъэ хуиту зыдигъэгъэпсэхуртэкъым, дигъэзагъэртэкъым. КъыдищIэнур къыдищIа нэужь, гъуэбжэгъуэщым хуэдэу кIуэдыжырт.

Сэри дзэ гуп сIэщIэлъу офицеру пащтыхьыдзэм сыхэтт. Сызэрыадыгэр сыкъищIэу, абы щхьэкIэ сиукIыну къызэщакIуэу арами, е

нэгъуэщI щхьэусыгъуэ иIэу арами, сытми, сэрэ сэ сIэщIэлъ гупымрэ зэгъапIэ къыдитыртэкъым. Сэри а лIы гуащIэм сыхуэмызэмэ нэхъ къасщтэрт. Пэжыр жысIэмэ, сыщышынэрт. Ар IэщакIуэт, лIыхъужьт, хьилэшыт. Ауэ, апхуэдиз илъэскIэ ущызэзауэкIэ, зэ узэжьэхэуэнтэкъэ! Дызэжьэхэуащ. Мис абы и хъыбарыр вжесIэнщ, пцIы хэслъхьэмэ, Тхьэм си унэм симыхьыжкIэ.

– Аращ дызыхуейр. ПцIы лъэпкъ хэлъын хуейкъым, – жиIащ ГъущIыпсэ.

– Зэгуэрым инэралым и унафэ къытIэрыхьащ зы къуажэ гуэрым дытеуэу дгъэсыну, зэрытпхъуэну. Арати, пщыхьэщхьэм щэхуу декIуалIэри детIысылIащ, цIыхухэр жей IэфIым щыхэт нэхущым зридгъэхьэлIэу дытеуэну. Инэралым нэмыщI, сэри сахэту а Iуэхур зыщIэр цIыху зытIущт.

Ауэ щэхуу дызэкIуалIэу къэттIысыхьа къуажэ цIыкIум Iэуэлъауэшхуэ къыдэIукIырт, пшынауэ макъри, Iэгуауэри, фочауэ макъри зэхыхьэжауэ.

Иужьрей зэманым щэхуу къуажэхэм датеуэну къыдэхъулIэжыртэкъым. Щэхуу, мэз защIэкIэ, къуажэм декIуалIэрти, жэщыбгым е нэхущым дытеуэрт. Ауэ дызытеуа къуажэм, хъыбар яIэрыхьауэ, зыкъытхуагъэхьэзырарэ къэтпэтIысауэ къыщIэкIырти, хьэлэчыр къытхалъхьэрт. Абы инэралыр иризэгуэпырт. И дзэм хэт адыгэ тIэкIум бзэгу тхьыуэ шэч ищIу къысфIэщIырт.

Къуажэм къыдэIукI Iэуэлъауэр щызэхихым, инэралыр къызэджэри къызжиIащ:

– Мы къуажэм дыхьи Iэуэлъауэр зищIысыр къащIэ!

Адыгэ фащэ сщыгъыххэти, си дамэтелъыр зытесхщ, си шым сышэсри къуажэм сыдыхьащ.

Мазэгъуэ нэхущи, махуэм хуэдэу псори хуиту уолъагъу.

Жэщми, шу зэхэзекIуэ мащIэ? Хэтыт сэ сыкъэзыцIыхур? Сэ зыкIи сыкъыхэмыщту Iэуэлъауэм сыхуэкIуэрт. Iэуэлъауэр адыгэ джэгуу къыщIэкIащ. Джэгур зыдэт пщIантIэм сыщыдыхьэм, щIалитI къыспежажьэри, зым си шы IумпIэр, адрейм си лъэрыгъыр яубыдащ, срагъэпсыхыну.

– НасыпыфIэ фыхъу, сепсыхыу зысIэжьэ хъунукъым, сэ сыгъуэгурыкIуэщ!

– АтIэ, зы махъсымэбжьэ укъытхуефэнщ! Ди ныбжьэгъум и къуэм и ныбжьыр илъэс ирокъу. КхъуейплъыжькIэрыщIэ хуищIащ. Абы хуищIа фо махъсымэм утехъуэхъухьынщ! – жиIащ зы щIалэм.

– Куэду сыарэзыуэ сехъуэхъунщ!

Зы щIалэр къызбгъэдэнэри, адрейр пщэфIапIэмкIэ щIэпхъуащ.

ЩIалэхэр зэрыгъэкIийуэ, дыхьэшхыу, дагъэ егъэфа кIапсэм дэкIуеину зэныкъуэкъухэрт. ЛъэныкъуэкIэ щызэхаубла джэгум щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къыщыфэрт. Зэзэмызэ къафэм трагъауэ фочауэ макъыр пхъэцIычхэмрэ бжьамийхэмрэ я макъым наIуэу къыхэщырт, а макъ къомым жэщ мамырыр ягъэпсалъэрт.

Мазэр ирикъуати, шэрхъым хуэдэу хъуреябзэу къащхьэщытт, мастэр пIэпыхуам, къэпщтэжыным хуэдэу, жэщыр къахуигъэнэхуу.

ПщэфIапIэм жа щIалэм пхъэ фалъэ инкIэ фо махъсымэ изу къихьри, псынщIэ дыдэу къигъэзэжащ.

– Мыр зыхуащIа щIалэр гъащIэ кIыхь, лIыфI Тхьэм ищI! – жысIэри, сефэу щыщIэздзэм, бжьэр къысхуэзыхьа щIалэр къэпсэлъащ:

– Бэчыжь и къуэм хуэдэу, лIыфI Тхьэм ищI!

Зи хъыбар хъыжьэм сыщыгъуазэ лIы хахуэм и цIэр щызэхэсхым, махъсымэм си тэмакъыр щиуд пэтащ. Фалъэр псынщIэу къызыIусхыжри, «Тхьэм жиIэ!» жысIащ.

Фо махъсымэр икъукIэ зэгущу ящIат, ауэ Бэчыжь и къуэм и цIэр зэрызэхэсхыу, ар си тэмакъ ехыжакъым.

– ФыкIуэ, фи Iуэху яужь фит, Тхьэм фигъэпсэу! – жысIэу си шыжьыр къыщысIуантIэм, зы шу къыдыхьэри, къызбгъурыхьэу къыщызблэкIым: «ХьэщIэ диIи, дэ дымыщIэ щхьэкIэ!» къызжиIащ.

Сэ сщIэнур сымыщIэжу, си пIэм сижыхьащ.

– Вгъэбэяу джэгур, Бэчыжь и къуэр къэкIуащ! – жиIэри зыгуэр къэкIиящ. Джэгур щагъэтащ, щIалэхэр умэзэхащ. Iэуэлъауэр зэуэ пачри, пщIантIэр щым хъуащ.

«Къапхъэным сыкъихуащ», – жысIащ сигукIэ.

ЩIалэ гуп зэрехьэжьэри, къызылъымысым и мыгъуэу, Бэчыжь и къуэм и шы IумпIэмрэ и лъэрыгъымрэ яубыдри кърагъэпсыхащ.

– ХьэщIэр къевгъэпсых! – жиIащ Бэчыжь и къуэм.

ЩIалэ гупышхуэм си дежкIэ зыкъадзри сыкъаухъуреихьащ. Хэти си шы IумпIэр, хэти си лъэрыгъыр яубыдауэ лъаIуэрт сепсыхыну.

– ДелъэIуат, ауэ къытхуепсыхакъым, – жаIэурэ щIалитIым Бэчыжь и къуэм и пащхьэм зыщаухеижырт.

ЩIалэ гупым сахуемыпсыхыу щилъагъум, Бэчыжь и къуэм щIалэхэр тригъэкIуэтри, си шы IумпIэмрэ лъэрыгъымрэ иубыдри жиIащ:

– Епсых, хьэщIэ, сэ сощIэ укъыщIэкIуар, гуфIэгъуэм ухэплъэнщи, итIанэ уежьэжынщ!

Сэ семыпсыхын слъэкIакъым.

Бэчыжь и къуэм дэрэ зэи гъунэгъуу дызэрылъэгъуатэкъым, дызэнэIуасэтэкъым, ауэ, итIани, «мы лIы бзаджэм сыкъицIыхуащ, къапхъэным сиубыдащ», – жысIэри сыгузэващ. «Мыр мыращ», – жиIэрэ сызищIысыр яжриIамэ, абы дэт щIалэхэм саупщIэтэну хьэзырт.

– ФIэхъус апщий, хьэщIэ, еблагъэ! НакIуэ, гуфIэгъуэр зейм дехъуэхъунщи, итIанэ джэгум дакъыхэплъэнщ! – жиIэри, и Iэр къысхуиширящ. Си Iэблэр иIыгъыу, пщэфIапIэмкIэ дунэтIауэ дыздэкIуэм, тхьэлъэIур зыхуащI щIалэ цIыкIум и адэ-бысымым, илъэс 12 зи ныбжьын и къуэ цIыкIур и гъусэу, куэду нэжэгужэу, къытпежьащ. ЩIалэ цIыкIум махъсымэ зэрыт кхъуэщын Iэлъэныкъуэрэ пхъэ фалъэрэ иIыгът.

– Сэ къысхуэпщIа щIыхьым папщIэ Алыхьыр арэзы къыпхухъу, Бэчыжь и къуэ, ину сыбгъэгуфIащ, уи къэкIуэныгъэр си дежкIэ щIыхьышхуэщ, – жиIащ бысымым.

ЩIалэ цIыкIум махъсымэ фалъэр кърига ъахъуэри, и адэм иритащ. И адэм фалъэр IитIкIэ Бэчыжь и къуэм къыхуишиящ.

Бэчыжь и къуэм фалъэр бысымым къыIихри хъуэхъуащ:

– Мыр къызыхуаIэта щIалэ цIыкIур гъащIэ кIыхь, лIыфI, щалъхуа и адэ хэкужьыр зыхъумэжыфын Тхьэм ищI! Хъуэхъуэн си къалэнти, сыхъуэхъуащ, хьэщIэ, ефэныр уи къалэнщ! – жиIэри фалъэр сэ къысхуишиящ.

– Уи хъуэхъур къабыл ухъу! – жысIэри сефащ. Фалъэр Бэчыжь и къуэм IэщIэзгъэувэжащ, абы ар бысымым иритыжащ, бысымым – и къуэ цIыкIум. ЩIалэ цIыкIум псынщIэ дыдэу етIуанэ бжьэр кърикъэхъуэри и адэм хуишияц.

– Сэ зэ естащ, иджы уэ, пIихмэ, ет! – жиIащ адэм.

ЩIалэ цIыкIум, къыпыгуфIыкIыу, бжьэр Бэчыжь и къуэм къыхуишияц. Бэчыжь и къуэм емыфэмэ нэхъ къиштэу шэч сщIащ.

– И къуэшым щхьэкIэ узэремыфар и жагъуэ мэхъу, Бэчыжь и къуэ! – жиIащ бысымым.

– Уи ныбжь Тхьэм нигъэс, Тхьэм ухущIигъэхьэ! – жиIэри, къыIихри ефащ. Фалъэр иритыжа нэужь:

– Сэ си ныбжь нэсат, Iэщэ гъэтIылъыж сщIыну схуэфащэт, ауэ зэманым идэркъым. Мыр зезыхьэн хуейр уэращ дяпэкIэ. Фащэу зепхьэу фIэкIа, Iэщэу зепхьэн хуей Тхьэм имыщIкIэ! – жиIэри, сэшхуэ щIагъымкIэ щыщIэпха дыжьын къамэр къыщIитIэтыкIри, щIалэ цIыкIум хуишияц.

ЩIалэ цIыкIур и адэм еплъащ. Адэм, «къеIых» жыхуиIэу, и щхьэр ищIащ.

– Жьыщхьэ махуэ ухъу! – жиIэри, щхьэщэ ищIри щIалэ цIыкIум Iихащ.

Ар щыслъагъум, зи дакъэм дыжьын тегъэлъэда си фоч кIэщIыр, хъумпIырэм зэрилъу, къызыкIэрыстIэтыкIри естащ.

– ФIыкIэ зыухьэ, щIалэфI! – жысIэри.

Адэмрэ къуэмрэ хуит ищIыжу IукIыжа нэужь, алъандэрэ щыму щыта цIыхухэм я дежкIэ Бэчыжь и къуэм зигъазэри:

– Евгъэжьэж джэгур! – зэрыжиIэу, зэуэ зыкъызыкъуэзыха уафэгъуагъуэм хуэдэу, бжьамийхэми, пхъэцIычхэми, Iэгуауэми макъышхуэ ягъэIуу зэдыщIадзэжащ джэгур.

Псори гуфIэрт Бэчыжь и къуэр къазэрыхыхьам щхьэкIэ.

Бэчыжь и къуэр къытехьэри, Iэгур тракъутэу, фочхэр трагъауэу, къэфащ. Адыгэ къафэ жаIэ щхьэкIэ, си гъащIэм слъэгъуатэкъым абы нэхъ дахэу, нэхъ Iэзэу къафэ. А къызэрыфэм хуэдэурэ хъыджэбзыр дигъэхьэжри къызбгъурыувэжащ.

– ВгъэувыIэт! – жиIэри и Iэр иIэтащ. ЗэрыщIадзам ещхьыркъабзэу, зэуэ пачри, псори щым хъуащ. – Мы псори къофэ, мэджэгу, мэгушыIэ, уэ щхьэ умыджэгурэ, си хъыджэбз? – жиIэри, нэщхъейуэ, щыгъуэ щыгъынкIэ хуэпауэ, еплъыхыу хъыджэбзхэм яхэт зы хъыджэбз дахэ гуэрым зыхуигъэзащ.

– Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, Бэчыжь и къуэ, сэ мы джэгум си ныбжьэгъухэм залымыгъэкIэ сыкъашащ, ахъумэ сыкъэкIуэну схуэфащэтэкъым. Къысхуэгъэгъу сыкъызэрыкIуам щхьэкIэ. Сощыгъуэ, – жиIэщ, зы лъэбакъуэкIэ и ныбжьэгъухэм къахэкIри, ар и пIэм ижыхьащ, щIым еплъыхыу.

– Сыт къэхъуар, си хъыджэбз, хъуну щытмэ, къыджеIэ?

– Зы дэлъху сиIэти, илъэс хъуакъым Къэзакъ Ябгэм къызэриукIрэ, – жиIэри, хъыджэбзым и нэпсыр занщIэу кьелъэлъэхащ.

– АтIэ, си хъыджэбз, ар сэ сщIакъым. «Зым и гуIэгъуэщ, зым и гуфIэгъуэщ» жыхуаIэращ, къысхуэгъэгъу, апхуэдэу зэрыбжесIэм

щхьэкIэ. Ди зэманыр бзаджэщ, зауэщ, дунейкъутэжщ. Къытехьи къафэ, зыми емыкIу къыпхуищIынкъым. Сэ укъызогъэгугъэ а уи дэлъхур зыукIа Къэзакъ Ябгэр псэууэ къыпхуэсхьыну. Мис мы ди хьэщIэр къэгъафэ! КIуэ, хьэщIэ, зэ къафи итIанэ уежьэжынщ! – къызжиIэри, сыкъыдигъэкIащ. Хъыджэбзыр къэзгъэфащ, абы и нэпситIыр къелъэлъэхыу, сэ си щIыфэр тхытхыу.

Бэчыжь и къуэм къихьыну жиIэу хъыджэбзыр къыщIигъэгугъа Къэзакъ Ябгэр сэ си IэмыщIэ илъ пащтыхьыдзэм хэтт. Иджыпстуи къуажэбгъум къетIысылIауэ щыс дзэ сэ сыкъызыхэкIам яхэст.

Къэзакъ Ябгэр езыр лIым ялейуэ зэрамыщIэжт, и пащIитIыр инти, и щIыбагъымкIэ щызэрипхыжырт. Ар зы шым хузехьэртэкъыми, зэблэхъуу тесу шитI хузэришэу, абы фIэкIа нэгъуэщI къулыкъу имыIэу, зы сэлэт сыт щыгъуи и гъусэт. АпхуэдизкIэ къаруушхуэ иIэти, хывыхъум я нэхъ иным и тхыр IэштIымкIэ зэ уэгъуэм зэпиудырт. Езыр апхуэдизкIэ шынагъуэти, адыгэхэм псэхэхыу къалъытауэ щыщтэрт. «Къэзакъ Ябгэ» фIэзыщари адыгэхэр арт, ахъумэ абы и цIэри и унэцIэри нэгъуэщIт. Езыр, и теплъэр зэрыгуихым ещхьыркъабзэу, гушхуэ кIуэцIылъти, шыщхьэмыгъазэт.

Къэфэн сухыу хъыджэбзыр дэсшэжу сыкъыщыкIуэтэжым, Бэчыжь и къуэм жиIащ:

– Фэ фыджэгу, сэ хьэщIэр езгъэжьэжынщ!

Шы фIэдзапIэм дыкъекIуэлIэжа нэужь абы жиIащ:

– КIуэж, Хьэмырзэ и къуэ, сэ узоутIыпщыж! Зэхэпхар – зэхэпхащ, укъэзыгъэкIуа инэралым пфIэигъуэ дыдэр жеIэ!

Си шы IумпIэмрэ си лъэрыгъымрэ иубыдри сигъэшэсыжащ.

– Узыншэу ущыт! – жысIэу сыкъыщелъэдэкъауэм,

– Гъуэгу махуэ! – къэIуащ си щIыбагъымкIэ.

СыкъыдэкIыжри, куэд къэзмыкIуу, сыкъэувыIащ. Си шыр зэгъуэкI сщIыри, сэ лъэсу згъэзэжри, сыкъызыдэкIыжа пщIантIэм и гъунэгъуу банэ бжыхь къуагъым сыкъуэтIысхьащ. Джэгур ягъэувыIауэ Бэчыжь и къуэр щэху дыдэу яхэпсэлъыхьырт:

– Езы инэрал дыдэр яхэту пащтыхьыдзэр фи къуажэбгъу дыдэм къетIысылIауэ мэзым щIэсщ. Нэхущым фи къуажэм къытеуэну загъэхьэзыращ, фэ, ар фымыщIэу, фоджэгури фызэхэтщ. Къуажэ гъунэгъухэм псоми хъыбар езгъэщIауэ, абыхэм я зауэлIхэр иджыпсту къэсынущ. Зи ныбжь иримыкъуа цIыкIухэмрэ хъыджэбзхэмрэ фыджэгу, зыри фымыщIэ хуэдэу, ину макъышхуэ вгъэIуу. ЗауэлIхэм къуажэр ихъуреягъкIэ къэфтIысыхь. Бийр къуажэм къыдэдгъэхьэнщи, зы сэлэт закъуи дэдмыгъэкIыжу дэдукIыхьынщ. Бийм яхурикъун зауэлI къэзугъуеяуэ къокIуэ, къыддэIэпыкъуну. Фымышынэ, «хьет» жевгъэIэ! Бийм ди насып текIуэнщ!

Джэгур щIадзэжащ, бжьамийхэмрэ пхъэцIычхэмрэ я макъым, Iэгур хыхьэжауэ, ину зрагъэIэту. Сэ щэхуу сыкъыIукIуэсыкIри, си шым зездзри сыкъыщIэпхъуэжащ.

«Мис иджы гурыIуэгъуэщ дэ щэхуу адыгэ къуажэхэм дащIытемыуэфыр. Бэчыжь и къуэм ди ужьым иту къыткIэлъекIухь. Ди мурадыр зрегъащIэри, адыгэхэр къытпегъэтIысри хьэлэчыр къытхелъхьэ», – жысIэу а гупсысэм сыхэтурэ ди дзэр здэщысым сыкъэсыжащ.

Инэрал «плъыжьыр» мыжейуэ къыспэплъэу и чэтэн пщыІэм щІэст. Пэжыр жеІэн хуейт. Джэгум и макъыр нэхъ хуабжьыж хъуауэ къэІурт.

– Инэрал, а зэхэпх макъыр нэкъыфІэщІщ. Бийм зыкъиузэдауэ къытпоплъэ, ныбгъуэхьэшым дригъэхьэу дриукІыхьыну.

– АтІэ, дауэ тщІымэ нэхъыфІу уеплърэ? – къызэупщІащ инэралыр.

Къэзакъ Ябгэр идыгъуну Бэчыжь и къуэм зэрыжиІар си щхьэм итІысхьауэ исти, мы щІыпІэм икІэщІыпІэкІэ дикІмэ нэхъ къасщтэрт.

– Псом нэхърэ нэхъыфІыр, инэрал, икІэщІыпІэкІэ мы щІыпІэм дикІынырщ. Дэ датеуэным и пІэкІэ езыхэр къыттеуэнкІэ хъунущ. Апхуэдэу хъумэ, хьэлэч дызэращІынур уи фІэщ щІы! Адыгэхэр дэ нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэщ, – жесІащ.

Абы щыгъуэми, Бэчыжь и къуэм сыщцышынэри, инэралым схужеІакъым Къэзакъ Ябгэр хъыджэбзым хуихьыну, сэ зэхэсхыу, къызэригъэгугъар. Ар инэралым жесІэрэ Къэзакъ Ябгэр игъэпщкІуамэ, си бзэ абы зэрыхэлъыр Бэчыжь и къуэм къызэрищІэнури къызэрысхуимыгъэгъунури хьэкъыу си фІэщ хъурт. Сэ мафІитІым я кум сыдэтт. Инэралыр сэ жесІамкІэ арэзы хъуащ. Дзэ жеяр къызэщІиІэтэри, дызэрекІуэлІам ещхьыркъабзэу, къуажэ цІыкІум щэхуу дыкъыІукІуэсыкІыжащ, верст зыбгъупщІ хуэдизкІэ дыкъыІукІауэ, мэзыкум дыщыхыхьэм, унафэ ищІри, псори гъуэлъахэщ.

Къэзакъ Ябгэр сэ сІэщІэлъ дзэ гупым яхэтти, зыми шэч зыхуезмыгъэщІу, ар зыхэт гуп цІыкІур дзэкум щызгъэгъуэлъащ. Къэрэгъулхэр мыжейуэ сакъыну унафэ яхуэсщІри, сэри абыхэм япымыжыжьэу сыщыгъуэлъащ. Нэху щыным куэд иІэжтэкъым. Сэлэт ешахэр зэрыгъуэлъу Іурихащ.

Бэчыжь и къуэм сызэрыхуэзамрэ абы и дуней тетыкІэмрэ, зи дэлъхум хуэщыгъуэ хъыджэбзым и нэпситІыр къелъэлъэхыу сыкъызэрыдигъэфамрэ сэ зэхэсхыу абы Къэзакъ Ябгэр хуихьыну зэрыжиІамрэ си нэгум схущІэкІыртэкъым. А гупсысэмрэ сэлэтхэм я пырхъ макъымрэ самыгъэжейуэрэ, сытми, нэхущым деж сыІурихащ.

Пщэдджыжьым, дыгъэр къыщІэкІауэ, сыкъэушрэ сыкъаплъэмэ, Къэзакъ Ябгэр щызгъэгъуэлъауэ щытам деж щылъыжтэкъым.

Къэрэгъулхэр нэху щыху мыжеяуэ, ауэ зыри ямылъэгъуауэ жаІащ.

Къэзакъ Ябгэр здэкІуар сэ фІыуэ сщІэрт, ауэ ар инэралым жесІэ хъунутэкъым. Езгъэдыгъуауэ жиІэнурэ сригъэукІынут.

Инэрал «плъыжьым» деж сыщІыхьэри, сэ сІэщІэлъ сэлэтхэм ящыщу Къэзакъ Ябгэр ныжэбэ зэрыкІуэдамкІэ хъыбар езгъэщІащ.

Инэрал «плъыжьыр» губжьащ, сэри къыстекІиящ. Жэщым къэрэгъулу щытахэр и пащхьэм иришэри бзаджэ яжриІащ. Къэзакъ Ябгэм и хьэдащхьэ е и псэущхьэ къыхуэдмыгъуэтыжмэ, псори диукІыну жиІэри дыкъыщІихужащ.

МахуищкІэ а дыздэщыса щІыпІэм и Іэшэлъашэ мэзыр щІэтщыкІащ, ауэ щымыІэр бгъуэтынт – дгъуэтакъым.

Инэрал плъыжьым и щхьэр къыфІэхуащ. ИкІэм, сриджэри къызжиІащ:

– Къэзакъ Ябгэр си дзэм и гъэгушхуакІуэу, адыгэм я дежкІэ псэхэхыу зэрыщытыр уощІэ.

– СощІэ, инэрал!



2 Заказ №19

– Ар яукӀауэ щытамэ, и хьэдэ и лъагъуэ дытехьэнт. Ауэ ядыгъуауэ шэч сощӀ. Армырамэ, езыр ӀукӀыу кӀуэдынкӀэ Ӏэмал иӀэкъым. Мы къэп цӀыкӀум дыщэ ахъшэу сом мин илъщ. Мыр къащти адыгэхэм я деж кӀуэ, Къэзакъ Ябгэр псэумэ – и псэущхьэ, яукӀамэ – и хьэдащхьэ къысхуэхьыж! Апхуэдэу пщӀымэ, уэри пщӀэншэ узмыщӀыну узогъэгугъэ!

Инэрал унафэр унафэт.

– Пащтыхь хужьым къулыкъу хуэсщӀэн щхьэкӀэ си псэ себлэжынкъым, инэрал! – жысӀэри, ахъшэр зэрылъ къэп цӀыкӀур къасщтэри, дыщэ сом миным си Ӏэр иришэхыу, инэралым и чэтэн пщыӀэм сыкъыщӀэкӀыжащ, «Ӏуэхум зэрыхэсщӀыкӀымкӀэ шэч къысхуумыщӀамэ, адрейхэр зыгуэр хъунщ», – жысӀэурэ сигукӀэ.

«Мыщащхьэ плъагъуу мыщэ лъэужь зумыхуэ» жыхуаӀэрати, си дамэтелъыр зытесхщ, дыщэ къэп цӀыкӀур си бащлъыкъым ислъхьэщ, и кӀапитӀыр зэрыздзэжри си шым кӀэрыспхащ, сышэсри махуищ и пэкӀэ сыкъыщагъэфа къуажэ цӀыкӀум сыкӀуащ.

«Бэчыжь и къуэм и унэм сыхуейт», жысӀэу сыщӀэупщӀэмэ, «Бэчыжь и къуэр мыракъым щыпсэур. МыбыкӀэ укӀуэурэ, къуажитӀ къэгъани, ещанэм щыщӀэупщӀэ!» – къызжаӀащ.

Бэчыжь и къуэм и къуажэр къэзгъуэту, и унэм сыщыщӀэупщӀэм, сагъэлъэгъуащ.

ПщӀантӀэм шы-уанэ зытелъ зытхух щызэфӀэдзат. Шы лъэ макъыр зэхихри, хьэщӀэщым къыщӀэкӀащ Бэчыжь и къуэр.

– Еблагъэ, Хьэмырзэ и къуэ! – си шы ӀумпӀэмрэ лъэрыгъ ижьымрэ иубыдри сригъэпсыхащ. – ДэнэкӀэ уеблагъэмэ нэхъ къапщтэрэ? ХьэщӀэщым хьэщӀэ щызиӀэщ, – жиӀащ.

– Ди закъуэмэ нэхъыфӀт! – жесӀащ.

– Абы щыгъуэ унэмкӀэ неблагъэ! – жиӀэри, си шыр щхьэхуэу шы фӀэдзапӀэм фӀидзащ.

– Сыт щыгъуи гуфӀэгъуэ щӀырырелъ уи унагъуэм! – жысӀащ, и унэм дыщыщӀыхьэм.

ДытӀыса къудейуэ, сыщӀэкӀуа ӀуэхумкӀэ езыри къэзэмыупщӀу, сэри къезгъэжьэныр сфӀэемыкӀуу, бжэр къыӀуахри цӀыхубзитӀ къыщӀыхьащ – Бэчыжь и къуэм и щхьэгъусэмрэ зи ишэгъуэ хъуа ипхъу тхьэӀухудымрэ. И ныбжьым емылъытауэ, Бэчыжь и къуэм и щхьэгъусэм щӀалафэ тетт, езыри угъурлыфэт. Абы фо махъсымэ зэрыт кхъуэщын Ӏэлъэныкъуэмрэ ерыскъыхэмрэ зытет Ӏэнэр иӀыгът, и пхъум таскъубгъанрэ напэӀэлъэщӀрэ иӀыгът. Ӏэнэр ди пащхьэм кърригъэува нэужь, унэгуащэм си Ӏэр къиубыдри:

– ФӀыкӀэ ди унагъуэм укъихьауэ Тхьэм къыщӀигъэкӀ, хьэщӀэ! – жиӀэри къызэхъуэхъуащ.

– Тхьэм жиӀэ! Уи быным я нэщӀэбжьэ умылъагъуу, я хъер улъагъу! – жысӀэри сехъуэхъужащ.

Ипхъу тхьэӀухудым, и напӀэр зэрехьэхам хуэдэу, тасыр къысхуигъэуври си Ӏэр сигъэтхьэщӀащ, напэӀэлъэщӀыр къызитри сигъэлъэщӀыжащ. И адэми и Ӏэр иригъэтхьэщӀри, тас-къубгъаныр щӀихыжащ. «Ди ерыскъыр гурыхь Тхьэм пщищӀ!» – жиӀэри гуащэри щӀэкӀыжащ.

– Мы гъэр фом и гъэт, иджы етӀуанэ фо матэр докъутэ, – жиӀэурэ Бэчыжь и къуэм пхъэ фалъитӀым ярыз фо махъсымэ кърригъэхъуащ. – Уи Ӏуэху фӀы ирикӀуэ, Хьэмырзэ и къуэ! – жиӀэри ефащ.

– Тхьэр арэзы къыпхухъу, берычэтыр уи унэм Тхьэм иримыхкIэ! – жысIэри сефащ. Фи фIэщ хъумэ, си гъащIэм сефатэкъым апхуэдэ фадэ гуакIуэ. АпхуэдизкIэ ар сфIэIэфIати, нобэми си Iум иту къысщохъу.

Ерыскъым зэ-тIэу дыхэIэба нэужь, Бэчыжь и къуэм жиIащ:

– СынодаIуэ, Хьэмырзэ и къуэ!

– Мыр дыщэ ахъшэу сом мин мэхъу. Къэзакъ Ябгэм е и псэущхьэ, е и хьэдащхьэ хуэсхьыжыну инэрал «плъыжьым» сыкъигъэкIуащ, – жысIэри си бащлъыкъым къэп цIыкIур къисхащ, дыщэ ахъшэхэр зэщIэжьгъыжьгъэу Iэнэм теслъхьащ.

Си гугъащ дыщэ сом миныр къыфIэIуэхуну, игъэщIэгъуэну. Ауэ, фи фIэщ хъурэ, а дыщышхэ Iэнэм бадзэ къытетIысхьамэ, нэхъ къыфIэIуэху хъууэ трихужынкIэ хъунт, а чысэм нэхърэ. Iэнэм теслъхьа чысэр зыуи къыщыхъуакъым.

– Къэзакъ Ябгэр си деж щыIэкъым, – жиIащ.

– Дэнэ-тIэ, здэщыIэр? – сеупщIащ сэ.

– А хъыджэбзым деж щыIэщ, къыуитыжу щытмэ, сэ зэран сыхъункъым, – жиIащ аргуэру.

– Псэу? – жысIэри сеупщIащ.

– Псэун хуейщ, сэ псэууэ естащ, – жиIащ.

«Псэумэ Алыхьым жыхуиIар хъунщ», – сигукIэ жысIэри, си гур тIэкIу мамыр хъуащ. АрщхьэкIэ, апхуэдизкIэ сыгузавэрти, пыIэгъуэ сиIэтэкъым, ерыскъы IэфIу Iэнэм телъым сыхэIэбэфыртэкъым. Абы гу лъитауэ къыщIэкIынт бысымым.

– Зы уефэжын, Хьэмырзэ и къуэ? – къызэупщIащ гушыIэ лъэпкъ хэмылъу, сигъэунэхуну.

– Уэ уефэмэ, сефэнщ, – жысIащ лIыгъэм зезгъэхьри, сызэфа фалъэм си щхьэр игъэунэзауэ, семыфэмэ зэрынэхъыфIыр сщIэ пэтми. Махъсымэр IэфI къысIурыхъуат, плъэмыкIыу узригъэфэнут.

– Сэ фадэм сыщысхьыркъым. Ауэ мыр фадэщ, чэф уищIынущ, умыщIэн уигъэщIэнущ. Сэ си хьэщIэм лей есхыну сыхуейкъым. Уемыфэмэ, нэхъыфIщ. ХэIэбэ ерыскъым! – жиIащ.

– Тхьэр арэзы къыпхухъу, срикъуащ! – жысIэри, си Iупэр слъэщIыжащ, си пащIэр еслъэщIэкIащ.

– АтIэ, уэ уопIащIэ инэрал «плъыжьым» и унафэр бгъэзэщIэну. АдэкIэ инэралыр нэхъ Iеижу мэгузавэ. Ди Iуэху яужь дихьэнщ. Уи ахъшэр къэщтэж, – жиIэри, и пащIэр ирилъэщIэкIащ.

– Уи ерыскъыр убагъуэ! – жысIэри дыкъыщIэкIыжащ.

– ХьэщIэхэм яжесIэнщ, къыспэплъэну, – жиIэри, хьэщIэщым щIыхьэри, псынщIэ дыдэуи къыщIэкIыжащ.

Шым дышэсри хъыджэбзыр зыдэс къуажэм дыкIуащ.

ПщIантIэм дыщыдыхьэм, шы лъэ макъыр зэхихри, хъыджэбзыр къыщIэкIащ. Шым зыкъедгъэлъэтэхщ, шы фIэдзапIэм дишхэр фIэддзэри, хъыджэбзым дыбгъэдыхьащ. Бэчыжь и къуэм и Iэр ишийри, хъыджэбзым къиубыдащ. Сэри апхуэдэу сщIащ.

– Фынеблагъэ унэмкIэ! – къыджиIэри, езыр ди япэ иту, унэм дыщIишащ, шэнт къытхуигъэуври дигъэтIысащ, езыри къытщхьэщыувэжащ, еплъыхыу, жетIэнум къыпэплъэу.

– КъэпцIыхужрэ, си хъыджэбз, мы си гъусэр? – еупщIащ Бэчыжь и къуэр хъыджэбзым.

– КъэзмыцӀыхужу хъурэ? Мыр зы пщыхьэщхьэ къэзгъэфар аращ, – жиӀащ.

– НасыпыфӀэ ухъу, ардыдэщ. Мыбы пащтыхьыдзэм къулыкъу щещӀэ, езыр адыгэ пэтми, ди бийм яхэту къыдозауэ. Къэзакъ Ябгэр ищэхужыну инэрал «плъыжьым» къигъэкӀуащ, дыщэ ахъшэ сом мин къригъэхьри. Епщэжын? – жиӀэри еупщӀащ.

Сэ си бащлъыкъым сиӀэбэри, ахъшэр зэрылъ къэп цӀыкӀур къисхри си куэщӀым ислъхьащ.

– Зы сом мычэму сом мин мэхъу, – жысӀащ.

– «Лъы уасэрэ пхъу уасэрэ хьер хъуркъым» жыхуаӀэращ, Бэчыжь и къуэ, Алыхь, сэ си дэлъху закъуэм и лъы уасэ зыми къеӀызмыхыну.

– Апхуэдэу жумыӀэу зэ гупсысэ, си хъыджэбз, – жиӀащ Бэчыжь и къуэм. – Дыщэ ахъшэ сом миныр ахъшэ мащӀэкъым.

– Ар сом минщ, Алыхь пащтыхь хужьым ахъшэу иӀэ псори къыс-хуригъашэрэ мы си пщӀантӀэм Ӏуащхьэу къыщысхузэтригъэкӀутэми, абы къиукӀа си дэлъхум ар имыуасэ. Абы щхьэкӀэ сыхыумыгъэзыхь, Бэчыжь и къуэ, схуетыжынукъым!

– «Зыр лӀа щхьэкӀэ, зым зилӀэжрэ?» – жаӀащ ди япэ итахэм, си хъыджэбз. Дунейр зауэщ, зэман бзаджэщ, дунейкъутэжщ. Уи дэлъхур уимыӀэж щхьэкӀэ къэмынэу, уэ упсэун хуейщ. Уи анэр сымаджэщ, жьы хъуащ, уэ уцӀыхубз закъуэщ. Дыщэ ахъшэ сом миным уи гъащӀэ псокӀэ урикъунщ. Сэ си чэнджэщ ухуейуэ щытмэ, ахъшэр къеӀыхи, Къэзакъ Ябгэр етыж, – жиӀащ Бэчыжь и къуэм.

– Къысхуэзыхьар уэращ, сӀызыхыжри уэращ, Бэчыжь и къуэ. Къыс-хуэгъэгъу, апхуэдэу зэрыбжесӀэм щхьэкӀэ. Етыж жыпӀэмэ, естыжынщ, ахъумэ сэ си дэлъхум и лъы уасэ сыхуейкъым, – жиӀащ хъыджэбзым зигъэгусэ щӀыкӀэу.

– Ар лъы уасэкъым, си хъыджэбз, Къэзакъ Ябгэм и уасэщ. Пащты-хьым и ахъшэм ущысхьрэ! Дыщэ сом миныр, иджыри бжызоӀэри, ахъ-шэшхуэщ, къеӀых! – жиӀащ Бэчыжь и къуэм аргуэру.

– Етыж жыпӀэмэ, естыжынщ, ауэ, Алыхь, сэ си дэлъхур зыукӀар дыщэ ахъшэ щхьэкӀэ схуемытыжыну! – идакъым хъыджэбзым.

– Хъунщ, си хъыджэбз, сэ къызэдаӀуэ. Ахъшэри къеӀыхи, Къэзакъ Ябгэри етыж! Сэ укъызогъэгугъэ, ар аргуэру къыпхуэсхьыжыну.

Сэ слъэмыкӀыу шэнт сызытесым сыкъытриӀэтыкӀащ.

Езы Бэчыжь и къуэм ар и фӀэщ дыдэу жиӀа щхьэкӀэ, хъыджэбзым и фӀэщ хъуауэ къысщыхъуакъым, сэрщи – «Къэзакъ Ябгэр псэууэ зэ къысӀэрыхьэжмэ, ар сэ сщӀэнщ», – жысӀащ сигукӀэ.

Къэхъунур зыщӀэр Алыхьыращ, ауэ фӀэщ хъугъуейт, хъыджэбзыр мыарэзыуэ, ныкъуакъуэкӀэ къеӀытхыж Къэзакъ Ябгэр къыхуихьыжыну Бэчыжь и къуэм зэрыжиӀэр.

– Къысхуэзыхьари уэращ, сӀызыхыжри уэращ, – жиӀэри, хъыджэб-зыр щӀыбым щӀэкӀащ.

– Куэду хъыджэбз ерыщщ. Зэрыплъагъущи, етӀуанэу къэзмыгъэ-гугъэу къыуитыжын идэркъым, – жиӀащ Бэчыжь и къуэм, хъыджэбзыр щӀэкӀа нэужь, гушыӀэ лъэпкъ хэмылъу.

Абы къикӀыр «ЕтӀуанэуи къыхуэзмыхьыжу хъунукъым, къэзгъэ-гугъащи» жыхуиӀэу арат. «КъохъулӀэмэ!» – жысӀащ сигукӀэ, ауэ си жьэкӀэ зыри жысӀакъым, къысфӀэмыӀуэхуфэ зытезгъэуа нэхъ.

Хъыджэбзым Къэзакъ Ябгэр бжэIупэм къыIуишэри къэджащ:
– Мис, хьэщIэ, уи Къэзакъ Ябгэр, шэж! – жиIэри.

Ахъшэр зэрылъ къэп цIыкIур шэнтым къытезнэри, дыкъыщIэкIыжащ.

Къэзакъ Ябгэм и Iэми, и лъакъуэми гъущI Iэхъулъэхъу ярылът.

Къэзакъ Ябгэм, Бэчыжь и къуэр зэрилъагъуу, щIыIэ техьэгъуэ зытехьа сымаджэу кIэзызу щIидзащ.

– Iэхъулъэхъур къихи етыж, си хъыджэбз, ар иджыпсту зым и дежкIи шынагъуэкъым, – жиIащ Бэчыжь и къуэм.

Хъыджэбзым IункIыбзэIухымкIэ Iэхъулъэхъур кърихри лъэныкъуэкIэ увыжащ.

– Ей, щIалэ, уанэ телъу зыш къысхуэшэ! – еджащ Бэчыжь и къуэр гъунэгъу пщIантIэм дэт щIалэ цIыкIум. Адрейм напIэзыпIэм уанэ телъу IумпIэкIэ шы кърищэкIащ. – Шыр пщэдей къыпхуэсшэжынщ, – жриIащ абы. Си дежкIэ зыкъигъазэри: – Шэж, Хьэмырзэ и къуэ, уи Къэзакъ Ябгэр, инэралыр гуфIэнщ, уэри чрес къыуитынщ. Ауэ етIуанэм деж пшэжын уи гугъэу уэ укъэмыкIуэ. Мы хъыджэбзыр зэрыерыщыр плъэгъуащ, къыуитыжынкъым, – жиIащ Бэчыжь и къуэм.

«Уэ» укъэмыкIуэ жиIэу а «уэ»-м зэрытригъэчыныхьам къикIыр гурыIуэгъуэт: «Абы фIэкIа зыкъысхуумыгъазэ, армырмэ, уэри Къэзакъ Ябгэм убгъурызгъэтIысхьэнщ» жыхуиIэт.

Къэзакъ Ябгэр сшэжри, инэралым и пащхьэм изгъэуващ. «Дауэ зэрыхъуар, къыпщыщIар сыт?» – жиIэу инэралыр щеупщIым, «Нэхущым сыкъэтэджри пабжьэм сыкIуэну сежьащ. Сэлэт жейхэм сакъызэрыхэкIыу, си щIыбагъымкIэ си пщэм уэкIейуэ зыгуэр къыдэуэри сигъэдияще. ЗыкъыщысщIэжам, си Iэми си лъэми лъэхъу илът, шы Iэдэжым сытепхауэ зыгуэрым сихьырт», – жиIащ Къэзакъ Ябгэм.

– Къэзакъ Ябгэр къэсшэжа нэужь, инэралым къызитащ мы чресыр, – Хьэмырзэ и къуэр теIэбащ и бгъэм хэлъ чресхэм ящыщ зым.

– АтIэ, иужькIэ дауэ хъужа, Къэзакъ Ябгэмрэ Бэчыжь и къуэмрэ я Iуэхур? – щIэупщIащ ГъущIыпсэ аргуэру.

– Абы щыгъуэми сэ инэралым схужеIакъым Къэзакъ Ябгэр хуихьыжыну жиIэу, сэ зэхэсхыу, хъыджэбзыр Бэчыжь и къуэм къызэригъэгугъар. Ар инэралым жесIамэ, Къэзакъ Ябгэр нэгъуэщI зэуапIэ игъэкIуэнкIэ хъунут. Апхуэдэу хъуамэ, ар сэ зэрыжысIар Бэчыжь и къуэм къищIэнурэ, абы и пIэкIэ сэ сихьынкIэ тIэу еплъынутэкъым. Арати, Къэзакъ Ябгэр сэлэт-зауэлIити, и къулыкъу игъэзащIэу, сэлэтхэм яхэувэжащ. Езы инэралми, апхуэдизу адыгэхэм я дежкIэ псэхэхыу щыт Къэзакъ Ябгэр, нэгъуэщIыпIэ имыгъакIуэу, езым и дзэм хэтмэ, нэхъ къищтэрт.

Абы и ужькIэ, пащтыхьыдзэр ебгъэрыкIуэурэ верстищэ нэхъыбэ ткIуауэ, хъыджэбзым и къуажэри, Бэчыжь и къуэм и къуажэри, хьэ, джэду закъуэтIакъуэ фIэкIа зы цIыху закъуи дэмысыжу къэтщтауэ, зы жэщ гуэрым Къэзакъ Ябгэр тхэмытыжу нэху къекIащ.

ЕтIуанэуи инэрал «плъыжьым» сриджэри къызжиIат и лъыхъуакIуэ сежьэну, ауэ сэри Къэзакъ Ябгэм сыбгъурытIысхьэнкIэ хъуну зэрыщытыр щыжесIэм, сыхигъэзыхьакъым. Мис апхуэдэу Бэчыжь и къуэм дэрэ дызэжьэхэуауэ щытащ, – жиIэри Хьэмырзэ и къуэм хъыбарыр иухащ.

– Ар уэрэд зыхуаусауэ щыта Бэчыжьыр армырауэ пӀэрэт? – жиӀэри, щӀэупщӀащ лӀыжьхэм ящыщ зы.

– Аращ. А зиунагъуэрэ, абы и уэрэдыр зымыщӀэ щыӀэ?!

«Бэчыжь Ӏэпщахъуэ
ЛӀыхъушэр зэрехьэ,
Къэзакъ Ябгэр къафӀехь,
Шу лъэрыхьти, къокӀуэж.
Инэрал «плъыжьу» я лӀыщхьэр
Щхьэщэхужкӏэ мэлъаӀуэ,
Ахъшэр къэпкӀэ къегъэхьри,
Нащхъуэжь бзаджэр ехьыж», – жыхуаӀар аращ, – къэпсэлъащ етӀуанэ лӀыжьыр.

– АтӀэ, иужькӀэ дауэ хъужа Бэчыжь и къуэм и Ӏуэхур? – щӀэупщӀащ аргуэру ГъущӀыпсэ.

– Сэ зэрызэхэсхамкӀэ, истамбылакӀуэхэм яхыхьэри, хэкум икӀыжащ, – жэуап къитащ уэрэдыр жызыӀа лӀыжьым.

Абы хэту, Къазбэч ину къэпырхъащ. Псори абыкӀэ плъащ. Елдар псынщӀэу и адэм щхьэщыхьэри еплъащ, зыкъигъазэри:

– Дадэ ГъущӀыпсэ, ди адэр щыӀэжкъым, зэгъэзэхуэжын хуейщ! – жиӀащ.



# Псэлъафэр къызэрежьар

## ХЪУДЗ ГЪУНАЖЭЩ

И мэлхэм ядигъэхъуну мэлыхъуэм елъэӀуу, зы щынэ е зы мэл гуартэм хадзамэ, абы зэреджэр хъудзщ. Апхуэдэу хадза хъудзыр, зыхадзар мэл мин хъуми, а гуартэ иным хэзагъэркъым. А гуартэм и дежкӀэ ар хамэщи, гъунэм щехъурэхъуэкӀыу фӀэкӀа, зэи мэл гупым и кум къыщыхутэркъым.

Апхуэдэу мэл гуартэ гъунэм къыщызыжыхь щынэр е мэлыр кӀуэдыгъуафӀэщ. Ар ящӀэри, куэд щӀауэ мэлыхъуэжьхэм хъудз къыӀахыркъым.

«Хъудз гъунажэщ» псэлъафэр къызэрежьар мыпхуэдэу жаӀэж. Зы гъэ гуэрым гъатхэу мэлхэр Къущхьэхъу хъупӀэм яхуну загъэхьэзырырт. Зы тхьэмыщкӀэ гуэрым щынэ цӀыкӀу закъуэ иӀэти, гуартэ гуэрым хидзэу Къущхьэхъу игъэкӀуэну мурад ищӀащ. Мэлыхъуэхэм яхыхьэри яхэлъэӀухьу щӀидзащ. АрщхьэкӀэ, Ӏуэху и пӀалъэ зыщӀэ мэлыхъуэжьхэм зыми Ӏахын ядакъым. Ауэ хъудз пӀалъэр зымыщӀэ мэлыхъуэ щӀалэ гуэрым, тхьэмыщкӀэм и хьэтыр илъагъури, мэл гуартэм щынэ цӀыкӀу закъуэр хригъэдзащ.

Мэлыхъуэм мэл гуартэр Къущхьэхъум ихуауэ щигъэхъурт.

Адрей гъэхэм хуэмыдэу, а илъэсым хьэр бийт, абы щхьэкӀэ мэлыхъуэхэри нэхъ лейуэ сакъырт.

Пщыхьэщхьэм мэлыхъуэ щӀалэм и гуартэр хъурыхъуурэ егъэзыпӀэм къыщихужым, хъудз цӀыкӀур гъунэмкӀэ къежэкӀри

чыцэ лъапэм щIэлъэдащ. Дыгъужьыр къежьэу щысыххэти, ищтэри щIэпхъуэжащ.

ЕтIуанэ махуэм мэлыхъуэм хъудз щынэ цIыкIур гуартэм зэрыхэмытыжым гу щылъитэм, гущIыхьэ щыхъуауэ и гъусэхэм яжриIащ.

АрщхьэкIэ, мэлыхъуэ бзаджэжьхэр дыхьэшха къудейщ.

Ауэрэ, гъэмахуэр икIри бжьыхьэр къыщихьэм, мэлхэр нэхъ къекIуэтэхри Дзэлыкъуэ къэкIуащ. Абыи зыкъомрэ щагъэхъури, щIымахуэр къэблагъэу щыхуежьэм, мэлхэр унэм къахужащ.

– Мэлхэр къэсыжащ, – щыжаIэм, хъудзыр зей тхьэмыщкIэр гуфIэри, и щынэ цIыкIу закъуэр къыхужыну кIуащ.

– Си щынэ цIыкIур дауэ щыт? – жиIэу мэлыхъуэм щеупщIым:

– Уи щынэ цIыкIур дыгъужьым ишхащ! – къыжриIащ.

– Е дыгъужьыжь тхьэмыщкIэ, сыту гугъу Iей ехьа! Мыпхуэдиз мэлым хэлъыхъухьу си щынэ цIыкIу закъуэр къыхиубыдыкIыу щишхыфакIэ, уэлэхьи, и хьэлэлым! – жиIащ тхьэмыщкIэм.

– Мыпхуэдиз мэлым хэплъыхьу уи щынэ цIыкIу закъуэр къыхиубыдыкIыу ишхауэ аракъым, атIэ хъудз гъунажэти, аращ. Уи щынэ цIыкIур хъудзт, – жиIащ мэлыхъуэ щIалэм.

«Иджы щIалэм къыгурыIуащ хъудз къеIыхын зэрыхуэмейр», – жаIэри мэлыхъуэжьхэр я пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ.

Аращ «хъудз гъунажэщ» жыхуаIэр.

## АХЪМЭТ И ФО ИЗЩ



«АхъмэткIэ» еджэу бгы лъагэ, бгъуэнщIагъ зищIыжу, КъущхьэхъущIыпIэм щыIэщ. А бгым и джабэм апхуэдизкIэ куэду бжьэр исщи, абы ящI фор гъэми щIыми бгы гъуанэхэм къитIэтIу изщ, жаIэ. Ауэ бгыр апхуэдизкIэ лъагэщи, къипхыну Iэмал хуэбгъуэткъым – илъабжьэмкIэ ущежьэу удэкIыфыркъым, ищхьэкIэ кIапсэкIэ укъехмэ, бгыр хуэбгъуэнщIагъщи, фор зэрылъ гъуанэм улъэIэсыжкъым. «Ахъмэт и фо изщ» жыхуаIэ псалъэжьыр абы къытекIащ. УлъэмыIэсмэ, сыт и мыхьэнэ, жыхуиIэщ.

## ВЫЩIЭ МЫГЪАСЭМ ГУЭБЭН ИУМЫГЪЭЩI

ЛIы къулейсыз гуэр и фызым бгъэдэст.

– ЕтIанэгъэ жылэм Iэхъуэу танэ пщыкIутIкIэ сахуежьэнщ. Хыр хъуэ, хыр бзыуэ къайIысхынщи, танэбзхэр жэм хъунщ, танэхъухэр вы хъунщ, – щыжиIэм, фызыр къэпсэлъащ:

– КхъыIэ, а выщIэхэмкIэ си дыщым саригъэкIуэж!

– Сыт жыпIэ делагъэр?! ВыщIэ мыгъасэм гуэбэн ебгъэщIынуи?! – жиIэри лIыр фызым текIиящ.

## ГЪУДЭМ «ДОВЭ», – ЖЫХУИIЭМ ХУЭДЭУ

Выжьым и бзэгур къилэлу, тхъурымбэр къехуэхыу зэужьым дэту евэкIырт. Гъудэр вым и тхым зытриукIауэ тесу екIуэкIт. НэгъуэщI зы гъудэ блэлъэтырти, вым и тхым тесыр къилъагъури къегуоуащ:

– Сыт нэхъ уи лэжьыгъэ иджы си ныбжьэгъум? – жиIэри.

– Довэ, си ныбжьэгъу, довэ! – жиIащ вым и тхым тесым.

## ДЕЛЭМ СЭ СЫФIОКI, ГУБЗЫГЪЭР ЕЗЫР КЪЫСФIОКI

– Уа, Жэбагъы, уэ зыгуэрым уфIэнэуи, къыпфIэнэуи тлъагъуркъым. Псоми дауэ уагурыIуэрэ? – жаIэу щеупщIым:

– Делэм сэ сыфIокI, губзыгъэр езыр къысфIокI, – жиIащ Къэзанокъуэ Жэбагъы.

## ЖЬЫНДУМ И ФЫЗ КЪЭШЭКIЭЩ

Жьындум махуэ къэс фыз къишэрт. Пщэдджыжьым къишэрт, пщыхьэщхьэ зэрыхьуу, «Мыбдежым си щхьэр щылъынущ, мыбдежым си лъакъуэр щылъынущ, мыбдежым си дамэр щылъынущ, уэ дэнэ деж уздэзгъэгъуэлъынур?» – жиIэрти, ирихужырт. «Жьындум и фыз къэшэкIэщ» жыхуаIэ псэлъафэр абы къытекIащ. Фыз къэзышэрейм хужаIэ.

## КЪЭХЪУА ЩЫIЭКЪЫМ. ЩIАЛЭР ЯУКIРИ, ВИТIЫР ЯХУАЩ

– Сыт къэхъуар, ХьэтIытI? Дэнэ апхуэдизу уздэпIащIэр?

– Къэхъуа щыIэкъым. ЩIалэр яукIри, витIыр яхуащ! – жиIащ ХьэтIытI.



## КЪУЭШРОКЪУЭ ПIАЩIЭРИ, УНАКЪЫМ

Гъэмахуэр икIауэ Iэщыхъуэхэр Къущхьэхъум къыдэкIыжын щыхъум, щIыпIэм и пIалъэ зыщIэ Iэщыхъуэ нэхъыжьым дунейр къызэрызэIыхьэнур жиIащ, уафэм и нэгу щIэлъыр щIэкIыху, Iэщхэр къэрамыгъэжьэжу заIэжьэну унафэ ящIащ. Къуэшрокъуэ мэлыхъуэ пщыIэ гуэрым и нэхъыжьт. Ар а унафэм емыдаIуэу, пIащIэри, и мэлыхъуэ пщыIэр къригъэжьэжащ. Гъуэгум борэн къыщытехъуэри, Къуэшрокъуэм и мэл хъушэр уаем иукIащ.

«Къуэшрокъуэ пIащIэри, унакъым» жыхуаIэ псалъэжьыр абы къытекIащ.

## МО НАРТЫХУР КЪЫЗЭРЫФЭ...

ЛIыжьыр щIалэхэм яхэсу бжыхь джабэм здыкIэрысым, плъэри зы шу къакIуэу къилъэгъуащ. ЛIыр зытес шыр лъэрытемыту къафэрт. ЛIыжьым ар щилъагъум, жиIащ:

– Мо нартыхур къызэрыфэ... – жиIэри.

ЩIалэхэр плъэри нартыху ялъэгъуакъым, а шы дэгъуэр къызэрыфэми гу лъатакъым.

– Дадэр хэпсэлъыхь хъуащ, тхьэмыщкIэ, – жиIэри зым адрейм жриIащ, и жагъуэ хъуурэ.

ЛIыжьым ар зэхихри:

– Уэращ, хьэм хуэдэ, хэпсэлъыхьыр. Мо къафэу къакIуэ шыр къэзыгъафэр нартыхущ, – жиIащ.

# ГушыIэ кIэщIхэр

*Лъэпкъым и Iущагъыр, и философиер къэзыгъэлъагъуэр гушыIэрщ. Лъэпкъым и щыщIагъэр, и щыуагъэр, емыкIурэ мыхъумыщIэу хэлъыр и гушыIэхэмкIэ сэтей къищIыфрэ ар дыдэмкIэ зыщыдыхъэшхыжыфмэ, абы щыгъуэщ ар щылъэпкъ узыншэр.*

*Мы гушыIэ кIэщIхэр хэти къэхъуащ, хэти зэхалъхьащ. Ауэ ар цIыхухэм щIызэхалъхьэр е, къэхъупауэ щытми, щIаIуэтэжыр апхуэдэ къызэрыхъуар яригъащIэу, ауэ сытми игъэдыхьэшхын къудейкъым, атIэ абы дерс къыхахыу, етIуанэрейуэ апхуэдэ Iуэху къамыгъэхъуныращ.*

*Адыгэхэр я дуней тетыкIэкIэ нэщхъыфIэу, гушыIэн яфIэфIу, ауанрэ щIэнакIэрэ я куэду, усэным хуэшэрыуэу я гъащIэр къахьащ. Абы къыхэкIащ я усэ куэдымрэ я гушыIэ дахэмрэ. Аращ джэгуакIуэхэмрэ IуэрыIуэдз усакIуэхэмрэ адыгэм куэду щIахэтар. «Гур фIымэ, пкъыр мэдахэ», – жаIэрт адыгэхэм. ГушыIэмрэ ауанымрэ гъэсэныгъэ мыхъэнэшхуэ яIэу къалъытэрт. Лъэпкъ гуфIэгъуэ зэхыхьэмэ, цIыхухэм я нэгу зрагъэужьын щхьэкIэ, джэгуакIуэм и жьэр утIыпщат; сымаджэр трагъэун щхьэкIэ, щIэупщIакIуэм хэтхэм жаIэнумрэ зэрызащIынумкIэ егъэлея щыIэтэкъым.*

## ДАХЭ И ЩIАГЪ ДЫЩЭ ЩIЭЛЪЩ...

Унагъуэ гуэрым нысэфI къашат. Нысэм унагъуэр тэрэзу зэрихьэрт, ину псалъэртэкъым, псоми пщIэрэ щIыхьрэ яхуищIырт. Псоми бгъэдыхьэкIэ дахэ къахуигъуэтырт. Псоми ягу нэсырт.

Пщыкъуэ бзаджэжьым, сыт имыщIэми, нысэр къыхуэгъэгубжьыртэкъым. Зэгуэрым мэзым кIуэщ, пхъэуэ щIэтым я нэхъ къуаншэ-лъаншэр къишэри къэкIуэжащ. Пхъэр иридзщ, пхъэ IэплIэшхуэ къыщIихьэжри, езыр и нысэм жиIэнум пэплъэу къуэгъэнапIэм къыкъуэувэжащ.

Нысэм пхъэхэр мафIэм тет шыуаным щIилъхьэну хуежьа щхьэкIэ, апхуэдизкIэ къуаншэ-лъаншэти, щIэзагъэртэкъым. ХущIэмылъхьэу куэдрэ елIэлIащ. ИкIэм, зэрыщIилъхьэн Iэмал къигупсысри, щIигъэзэгъащ.

– СызрашэкIын, шыуаным зришэкIыу къысхуишащ! – жиIащ нысащIэм.

Ар зэхэзыха пщыкъуэр тыкуэным кIуэри, и нысэфIым щхьэфIэпхыкI дахэ къыхуищэхуащ.

## УМЫКIИЙ ЗАКЪУЭ...

Зэрыхабзэти, зэтехьа щхьэкIэ, нысэр и тхьэмадэм епсалъэртэкъым.

– Си нысэ цIыкIур згъэпсэлъэнущ! – жиIэри тхьэмадэжьым мэл иукIащ, и ныбжьэгъухэр къриджащ, нысэм псэлъапщIэ тыгъэ лъапIэхэр къыхуищэхури зыбгъэдишащ.

– Хъунщ, тIасэ, умыпсалъэу узэрыщытар, уи нэмысым и хъер улъагъу! ФIыщIэ пхузощI! ДяпэкIэ укъызэпсалъэ хъунущ! – жиIэри

къыхуищэхуахэр иритащ. Тхьэмадэжьым и ныбжьэгъу лIыжьхэри нысэм быдэу къехъуэхъури къыщIагъэкIыжащ.

Нысэм и гъэпсэлъапщIэм и хьэтыркIэ зэныбжьэгъу лIыжьхэри хъарзынэу зэдефэщ-зэдешхэри, я нэгу зиужьауэ я ныбжьэгъужь бысымым къехъуэхъужри зэбгрыкIыжащ.

ЕтIуанэ махуэм псэлъэну хуит хъуа нысэр хьэблэ псом зэхахыу кIийуэ къыдэуващ.

ЛIыжьым нысэр ириджэри жриIащ:

– Дыгъуасэ мэл пхуэзукIамэ, нобэ вы пхуэзукIынщ, нысэ, ауэ умыкIий закъуэ.

## ХЭТ И БЗЭР СЫТЫМ НЭХЪ ХУЭШЭРЫУЭ?..

Щамилым и дзэм хэтащ Кавказым лъэпкъыу ис псоми ящыщ.

ЗэрыжаIэжымкIэ, зэгуэрым Щамилым мурад ищIащ и дзэм хэт лъэпкъхэм я псалъэмакъым едэIуэну.

– Къысхуевджэт ингушитI! – жиIащ.

ИнгушитI къыхуашащ.

– Фызэпсалъи, фи псалъэмакъым севгъэдаIуэт! – жиIащ Щамил.

ИнгушитIыр зэпсэлъащ.

– Тобэ, сыту фIы мы фи бзэм урихъуэхъуэну! – жиIэри ингушитIыр иутIыпщыжащ.



– Иджы къысхуевджэ асэтинитI! – жиIащ.

АсэтинитI хураджащ.

– Фызэпсалъи, фи псалъэмакъым севгъэдаIуэт! – жиIащ Щамил.

АсэтинитIыр зэпсэлъащ.

– Тобэ, сыту фIы мы фи бзэм урибгэну! – жиIащ Щамил.

АсэтинитIым фIыщIэ яхуищIри, иутIыпщыжащ.

– Иджы къысхуевджэт къэбэрдеитI! – жиIащ.

КъэбэрдеитI къыхуашащ.

– Фызэпсалъи, севгъэдаIуэт фи псалъэмакъым! – жиIэри елъэIуащ абыхэм Щамил.

Щамил едаIуэщ-едаIуэри, мыпхуэдэу жиIауэ къаIуэтэж:

– Тобэ, сыту бзэ хъарзынэ, фIыуэ плъагъу цIыхубзым уреIущащэу пIэм удыхэлъыну!

## ШЫЦУЭС КЪЕСМЭ, УЗЭРЫСЫМ УИМЫКI!

ХьэщIэмрэ бысымымрэ зэбгъэдэсурэ махуэр кIуащ.

«ХьэщIапIэрынэр емыкIущ» жыхуаIэрати, бысымым и жагъуэт хьэщIэр жэщырыпщ къинэну.

Дунейр къызэIыхьауэ зэрызехьэрт, хьэщIэми гъуэгу техьэжын таучэл ищIыртэкъыми, зигъэхъейртэкъым.

– Къысхуэгъэгъу, си хьэщIэ, сыщIэкIынщи дунейм и щытыкIэм сыкъеплъынщ, – жиIэри, щымыхъум, бысымыр щIэкIащ. Зыкъиплъыхьщ-зыниплъыхьри къыщIыхьэжащ.

– Дуней дэгъуэщ, уафэ лъащIэр нэхущ, хьэщIэихуж уэсщ, – жиIащ бысымым.

– ГъэщIэгъуэныр къызжепIаи, си бысым, – жиIэри хьэщIэр щIэкIащ. Зыкъиплъыхьщ-зыниплъыхьщ, къыщIыхьэжри…

– «Шыцуэс къесмэ, узэрысым уимыкI» жаIащ пасэрейхэм, си ныбжьэгъу, – жиIэри тIысыжащ.

## ЛАШЭ МЭГИЕ

Зэгуэрым, джэгуакIуэ цIэрыIуэ Агънокъуэ Лашэ уэрамым здрикIуэм, елъагъу: и ныбжьэгъу лIыжьым лъэныкъуэкIэ ещIа бжыхьыр къигъэувыжауэ пэщIэсэ ирет, и къуэр абы йоплъри щытщ. Лашэ ар хуэшэчынт:

И адэр гумызагъэти,
И къуэм игу зэгъащ.
И къуэр гумызагъэтэмэ,
И адэм игу зэгъэнт! – жиIэри блэкIащ.

## ДУНЕЙ НЭХУР КЪЫФХУЗОГЪАНЭ

Адэр лIэуэ телът, и къуэхэри щхьэщытт.

– Ей, сэ фэ къыфхуэзгъанэри!.. – жиIэрт адэм.

– ЖыIэ, ди адэ, сыт къытхуэбгъанэр? – еупщIырт и къуэхэр.

– Ей, сэ фэ къыфхуэзгъанэри!.. – жиIэрт аргуэру.

«Ди адэм къытхуигъанэр къыщIыджимыIэр хамэ щIэтщи аращ, – заплъыхьащ щIалэжьхэм. – ФыщIэкI!» – жаIэри, хамэу щIэтыр къыщIахуащ.

– ЖыIэ, иджы, ди адэ, сыт къытхуэбгъанэр? – еупщIащ ахэр адэм.

– Мы дуней нэхур къыфхузогъанэ! Дахэ-дахэу фытет, фымыуцIэпIу!



## ЗЭРЫХЪУМ ЕЛЪЫТАЩ

Куэдрэ ежьауэ, щIалэжьым къуэ къыхуалъхуат.

И ныбжьэгъухэр гуфIакIуэ къыхуэкIуауэ къехъуэхъурт.

– Зы къуэ щхьэкIэ сынохъуэхъунукъым, тIу-щы уиIэн хуейщ, – жиIащ къэкIуахэм ящыщ зым.

– Уэлэхьэ, ар фIы хъумэ, сэ схурикъунмэ, ауэ бзаджэ хъумэ, жылэм зэрыщыту тхурикъунущ, – жиIащ адэм.

## И ЦIЭР ЗЫФIИЩЫЖАЩ

ЛIыжьым нысэ къыхуашат. Зэрыхабзэти, нысэр зэрагъэфIэн цIэр фIащыну псори зэхэзежэрт. Пхъэ къутапIэм IущIэу хэс лIыжьым бгъэдэлъадэри еупщIахэщ:

– Дадэ, ди нысэ цIыкIум фIэтщыну цIэ дахэр къыджеIэ!

– Абы и цIэр езым зыфIищыжынщ, тIасэхэ, фэ гугъу зевмыгъэхь, – жиIащ лIыжьым.

Тхьэмахуэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу, нысащIэр псыхьэ кIуэну къыщIэкIауэ, пщIантIэм зы ажэжь дэтти, нысащIэ мыцIыхур щилъагъум, езауэу щIидзащ.

НысащIэм зыкъиплъыхьщ-зыниплъыхьри, зыри щимылъагъум, пэгунитIыр игъэувщ, ажэм шэсри, пхъэхьымкIэ иубэрэжьу щIидзащ.

ЛIыжь къыдыхьэжым ар щилъагъум:

– Абы и цIэр «Ажэ шущ!» – жиIащ.

## ДЕЛЭМ КЪИВАР УИ ФIЭЩ УМЫЩI

Агънокъуэ Лашэ фIыуэ ефауэ уэрамым здрикIуэм, кхъэщIэ къахухьу илъэгъуащ.

– Абы из хъуху, Алыхьым сигъэпсэу, нэгъуэщI сыхуейкъым! – жиIэри блэкIащ.

Абы и ужькIэ илъэс куэд дэкIащ, а кхъэми из хъуауэ къыблэкIыжу, жиIауэ щытар игу къэкIыжри:

– Делэжь гуэр къэващ, жыпIэу, уи фIэщ умыщI, – лъэIуащ, уафэмкIэ дэплъейуэрэ.

## ДЫЩЫМ ДЫЩАГЪЭЛЪАПIЭ



ЗэнысэгъуитIым зым и дыщыр къулейт. Адрейм и дыщыр тхьэмыщкIэ дыдэт.

Зэгуэрым, тIури я дыщым къикIыжауэ, кърагъэшхар зэхуаIуэтэжырт:

– Алыхь, си дыщым зыкъыстраукIэжам: сэ абы мэл схуамыукIам, гуэгушыр гъэварэ бжьыныхукIэ шыужауэ самыгъэшхам, тхьэмщIыгъуныбэ схуамыщIам, шэ щIэгъэпщтхьа, тхъур къыщIэжу кхъуейжьапхъэ къысхутрамыгъэувам. Сэ шхыныгъуэ IэфIу схузэбламыхар укIуэдыжи! «НэхъыбэIуэрэ ущыIэ щIэмыхъунур сыт?» – лъаIуэурэ, сакъыфIэкIуэжащ, – жиIащ зи дыщыр къулей нысэгъум.

– Алыхь, сэри си дыщым сыдрахьеймэ, сыгъущIэу, сыкърахьэхмэ, сыщIытэу сагъэхьэщIам. Алыхь, къэбыр гъэвауэ, къэбыр гъэжьауэ, къэбыр шыпс щIыжауэ сагъэшхам, – жиIащ зи дыщыр тхьэмыщкIэм.

## ФЭНД МЫКЪУ УВРЭ?

ПщылIыр IуагъэкIа нэужь, пщыхэм лIыщIэ къащтэу пщIэкIэ ягъэлэжьэн хуей хъуащ. Апхуэдэу пщы гуэрым лIыщIэ къищтэн хуей хъуащ, и мылъкур зэрихьэн щхьэкIэ.

ЛIыщIэ къищтам жиIащ:

– Фэнд мыкъу уврэ? Сывмыгъэшхауэ сылэжьэфынукъым.

– Мыр быдэу вгъашхэ, фIыуэ лэжьэн щхьэкIэ! – жиIащ пщым.

ЛIыщIэм хуэшх и мардэу ягъэшхащ.

– Фэнд къуа зигъэщхърэ? Апхуэдизу куэд сывгъэшхауэ сылэжьэфынукъым! – жиIэри, хьэщпакъым дэкIуейри гъуэлъащ.

## УМЫЩХЬЭХЫУ, ДАУЭ УПСЭЛЪЭФРЭ?!

Пащтыхьым унафэ ищIри, дунейм щхьэхынэу тетым я нэхъ щхьэхынэ дыдэу тIу кърягъэшащ.

ЩхьэхынитIыр гум кIыхьу илът, загъэхъеин щхьэхыу.

Пащтыхьыр къыщIэкIри:

– Къифхи, мо сэрейм деж щIэфлъхьэ, – жиIащ.

Кърахри щIалъхьащ. Щылъщ, загъэхъейркъым.

– МафIэ щIэвдзэт! – унафэ ищIащ пащтыхьым.

МафIэ щIадзащ. МафIэр кIуэурэ щхьэхынитIым я деж нэсри, исумщ щIидзащ.

– МафIэм дис си гугъэщ, – жиIащ зым.

– Умыщхьэхыу, дауэ упсэлъэфрэ! – жиIащ етIуанэм.

## АЖАЛЫМ СЫКЪЕГЪЭЛИ, ИТIАНЭ КЪЫЗЭШХЫДЭ

ЩIалэ гуэр псым хыхьат. ЕсыкIэ ищIэртэкъыми, итхьэлэ хъуащ. Абы хэту лIы гуэр къыщыIухьэм, щIалэр абы елъэIуащ:

– Маржэ хъун, сыкъегъэл! – жиIэри.

ЛIыр щIалэм ешхыдэу хуежьащ.

– ЕсыкIэ умыщIэу емынэм ухихуа?

– А зи узыгъуэ кIуэдын, япэщIыкIэ ажалым сыкъегъэли, итIанэ къызэшхыдэ, – жиIащ щIалэм.



## СЫГЪУЭГЫУРЭ КЪЭСШАЩ

Партым зыгуэр хагъэхьэрт.

И биографиер яжриIащ, къызэреупщIхэм жэуап яритащ. Ауэ зыгуэр къэпсалъэри жиIащ:

– Фыз куэд къызэрыпшам и хъыбарыр къыджеIэт?

– Сытхъэжу къэсша уи гугъэ, сыгъуэгыурэ къэзмышам, тхьэр согъэпцI, хъун къахэмыкIыурэ! – жиIащ кIэндидатым.

## ПОЩТЫМ ФОШЫГЪУ КЪИШЭУ ПIЭРЭ?

Пасэм щыгъуэ щIалэхэр хъыджэбзаплъэ кIуэуэ щытащ. Апхуэдэу хъыджэбзаплъэ кIуа щIалэжьыр зэплъыну хъыджэбзым фIэкIа дэмысу ирихьэлIащ.

КъызыхуэкIуа хъыджэбзыр бзаджэжьт: фошыгъу хэмылъу шеибжьэ къыхутригъэувэри, къыщхьэщыувэжащ. ЩIалэжьыр еIубри – шейм фошыгъу хэлътэкъым. «Зу, зу, зу» жригъэIэу шей бжэмышхымкIэ зэIищIэу щIидзащ.

А зэманым пощтыр зезышэ шыхэм уэзджынэ якIэрыщIауэ щытащ, зэрыпощтыр ящIэн щхьэкIэ.

ЩIалэжьым щимыгъэтыжыххэу стэканыр «щигъэпсалъэм», хъыджэбз бзаджэжьым жиIащ:

– Пощтыр къэса си гугъэщ.

ЩIалэжьри нэхъ бзаджэжти:

– Фошыгъу къишамэ еупщIыт а пощтым, – жиIащ.
Хъыджэбзыр щIэкIри фошыгъу къыхуихьащ.

УИ МЫПУЭХУ ЗУМЫХУЭ

Делэщым и пщIантIэр лъагэу пхъэбгъу сэрейуэ къещIэкIат. Абы и кIуэцIым зыгуэр мэкIийри дэтщ:
– ПщIейрэ зырэ! ПщIейрэ зырэ! – жери.
ЛIы гуэр блэкIырти:
– Сыту пIэрэ мыбы «пщIейрэ зырэ» жыхуиIэр жиIэу, гъуанэ закъуэ иIэти, абыкIэ щиплъым, делэр и нэм къыщIэпыджэри кърищIащ.
– ПщIейрэ тIурэ! ПщIейрэ тIурэ! – жиIэурэ ежьэжащ делэр.

АР МЫГЪМЭ, ХЭТ ГЪЫНТ?

Дунейм ехыжар щагъейкIэ, Къэбэрдейм цIыхубзхэращ гъыр, ауэ Джылахъстэнейм цIыхухъухэри магъ.
Арати, Налшык къалэ дэс зы джылахъстэней гуэр, и Iыхьлы дыдэ дунейм ехыжауэ, хьэдагъэм кIуэжат. ЗдэкIуэжам, лIыхэр псори магъ, езыр а Iуэхум щыужащи, гъыфыркъым. ЕмыкIу къыхуащIынущ, лIар и Iыхьлы дыдэщ, гъын хуейщ, ауэ и гъын къакIуэркъым. И адэ лIар игу къегъэкIыжри – гъыфыркъым, и анэфI лIар игу къегъэкIыжри – гъыфыркъым. ИкIэм, и къуэр мылажьэрэмыпщIантIэу, ефэ-ешхэрэ хуемыджэу уэрамым хулигану зэрыдэтыр игу къигъэкIыжри, гъуэгыу щIидзащ. «Ярэби, мыр сыту фIыуэ игъейрэ!» – жаIэу, псом нэхърэ нэхъ ину кIийуэ, гущIыхьэу благъэр игъеящ.



УЭЛЭХЬИ, АРМЫРА-ТIЭ!

Гуп зэдефэм ящымыщ щIалэжь гуэр яхэкIэрэхъуауэ яхэст.
– Уэлэхьи, арамэ-тIэ! – жиIэу щIалэжьыр Iэбэу лы IыхьэфI дыдэр къыщищтэм:
– Уэлэхьи, армыра-тIэ! – жиIэри гупыр зэхэзыша щIалэм лы Iыхьэр къытрихыжащ.

*Зытхыжар* **КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыкущ**

*ТхакIуэ, кинорежиссёр Къандур Мухьэдин илъэс 80 ирокъу*





# АДЫГЭХЭМ Я КЪЭКIУЭНУ ЗЭМАНЫМ ХУОЛАЖЬЭ

Адыгэхэр щопсэу къэрал тхущIым щIигъум. Абыхэм къахэкIащ цIыхушхуэ куэд – дзэзешэхэу, къэрал лэжьакIуэхэу, тхакIуэхэу, сурэтыщIхэу, нэгъуэщI IуэхухэмкIи цIэрыIуэ хъуахэу. Сэ зи гугъу сщIыну Къандур Мухьэдин тхакIуэщ, режиссёр Iэзэщ, продюсерщ, хьэрычэтыщIэщ, философиемрэ адыгэ тхыдэмрэ кууэ зыджа щIэныгъэлIщ.

Иорданием къикIри Мухьэдин и адэжь хэкум къэкIуат мурадыфI иIэу – серищ хъууэ художественнэ фильм трихыну. Ар теухуауэ щытынут бгырыс лъэпкъхэм насыпыншагъэ къахуэзыхьа Урыс-Кавказ зауэжьым – илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIам, адыгэ лъэпкъым и лъапсэр нэщI зыщIам.

Пащтыхьымрэ абы и блыгущIэтхэмрэ Кавказым щрагъэкIуэкIа зауэр дунейр къызэрыхъурэ екIуэкIа зауэхэм я нэхъ шынагъуэхэм

икIи гъуамэхэм ящыщт: текIуар зытекIуам мылъкукIэ етхьэкъуу къэнэжакъым – ижь лъандэрэ зыщыпсэуа я щIыналъэр цIыху мелуанхэм ирагъэбгынащ.

Лъэхъэнищу екIуэкIащ истамбылакIуэр. Иужьрей дыдэм хиубыдэри, Джылахъстэнейр ябгынащ Мухьэдин и адэшхуэм, абы я благъэхэм, я къуажэгъухэм. Ар гъуэгуанэ хьэлъэу, псэзэпылъхьэпIэу зэрыщытар Къандурым IуэрыIуэтэжу зэхихауэ арами, зэрыцIыкIу лъандэрэ и гум къеIэу псэуащ. Арагъэнщ къалэмыр пасэу къэзыщта тхакIуэм адыгэ Iуэхур зэи IэщIыб щIимыщIыр. Урыс-Кавказ зауэмрэ абы кърикIуа истамбылакIуэмрэ ятеухуащ фильмым и сценарийр Мухьэдин къызытрищIыкIыжа «Кавказ» романыр. Ар Iыхьищ мэхъу: «Шэшэн сэшхуэхэр», «Къэбэрдейм щыщ Къазбэч», «Щэхуу зэращIылIа зэгурыIуэныгъэ». Зы унагъуэм, абы къытепщIыкIыжахэм я псэукIамкIэ тхакIуэм ди нэгу къыщIегъэувэж лIэщIыгъуитIкIэ Кавказ лъэпкъхэм къакIуа гъуэгуанэр. Къандурым хузэфIэкIащ ди пащхьэ кърилъхьэн гузэвэгъуэрэ нэпскIэ гъэнщIа лъэпкъ тхыдэ. Ар бзэ екIукIэ тхащ, удихьэхыу уоджэ.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я кинотехыпIэ цIэрыIуэ Голливудым илъэс зыбжанэкIэ щылэжьа а режиссёрым и мурадыр къызэрехъулIэнум шэч хэлъкъым. Фильмыр зэригъэпсыну щIыкIэм, абы папщIэ лэжьыпхъэу къилъытэхэм дыщIэупщIэурэ, Мухьэдин зыкъитIэтащ – и псэукIам, къигъэщIа гъащIэм къытхутепсэлъыхьащ. АтIэ кинофильм зыбжанэкIи къыпхуэмыгъэлъэгъуэн хуэдизщ абы езым къыдекIуэкIахэр, и нэгу щIэкIахэр...

Мухьэдин и сабиигъуэр ЕтIуанэ дунейпсо зауэм ирихьэлIат. Абы и джэрпэджэжыр Къандурыр щыпсэу щIыпIэми нэIусырт. И адэр дзэм хэтти, дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэм щIалэ цIыкIур щыгъуазэу къэхъурт. Езыр къэщIэныгуу, гурыхуэу, куэдым гу лъитэу набдзэгубдзаплъэт. Зауэ нэужь илъэсхэр дунейм щIалэгъуалэу тетым зыкъыщащIэж, мамырыгъэмрэ хуитыныгъэмрэ щаIэт, щагъэлъапIэ, дуней еплъыкIэщIэхэр къыщыунэху лъэхъэнэт. Псом хуэмыдэу Европэм щыинт щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэр, Азием, Африкэм, Америкэм къикIа ныбжьыщIэхэр мин бжыгъэкIэрэ Прагэ, Берлин, Париж, Лондон, Рим, Мадрид, Женевэ щызэхуэзэрт, щызэрыцIыхурт – уэрэдхэр жаIэу, джэгушхуэхэр щащIу, уеблэмэ, ахэр плъагъунут къысэхэжа унэхэр зэфIагъэувэжу, гъуэгу зэхэкъутахэр зэрагъэпэщыжу.

ГазетхэмкIэ, радиокIэ абыхэм щыгъуазэт Мухьэдин. И ныбжьыр илъэс пщыкIущым иту езыми мурад ещI и нэкIэ а псори зригъэлъагъуну, дунейм цIыхухэр зэрыщыпсэур зригъэщIэну. Дауи, ар и адэ-анэм яутIыпщынутэкъым. Сыт-тIэ ищIэн хуейр? Iэджэрэ мэгупсысэ икIи къегупсыс: кIуэсэнщ. Ауэ дауэ? И анэми игу химыгъэщIу, и шыпхъухэри бэлыхь химыдзэу (и адэ Изэт дзэм къулыкъу щищIэти, абы къищIэххэнутэкъым) щхьэусыгъуэ ещI къыдеджэхэм ящIыгъуу зыгъэпсэхугъуэ зэманым Сирием зыплъыхьакIуэ кIуэну. Ар зыми къыпиубыдакъым, уеблэмэ, и анэм доллар щэ ныкъуэ кърет зэрыхуейуэ къигъэсэбэпыну. Арати, ныбжьыщIэр гъуэгу тохьэ. Езы Мухьэдин ар мыпхуэдэу къеIуэтэж:

– Хьэрыпхэм зэрыжаIэщи, си лъакъуэр лъэпIастхъэт зекIуэ ежьэну. Зыплъыхьакlуэ Сирием сыкIуэну сызэраутIыпщар къэзгъэсэбэпащ. Ливаным и къалащхьэ Бейрут и кхъухь тедзапIэм сыкъыщохутэ, алыдж кхъухь гуэрым срагъэтIысхьэ. «Агамемнон» – арат кхъухьым зэреджэр, иджыри къэс сощIэж палубэр стхьэщIу, ахъши сIамыхыу, уэлэхьи, зызмыгъэIейуэ, абыкIэ Медиторанэ (ЩIыкурытых – Хь.М.) хышхуэм сыщосым. Матросхэри къысхуэарэзыщи, лIы хуэдэ сахэтщ: садошхэ, мыIейуэ Iэпэтэрмэшкlи дызэгуроIуэ. Псом хуэмыдэу си гуапэ хъур «Ухэтти-усытти, уздэкIуэти-укъыздикIыжти» жаIэу къызэрызэмыупщIырт – тхьэм ещIэ, зеиншэ гуэру сыкъалъытами...

Ауэрэ дынос Венецием. Италием а и щIыпIэ дахащэр си нэгум къыщIоувэ таурыхъхэм щаIуатэ щIыналъэ телъыджэм хуэдэу. Нэхъ гъэщIэгъуэныжыр абы ныбжьыщIэхэм зэрыщагъахъэрт – я фэкIи къызыхэкIа лъэпкъкIи зэмыщхьхэр Iэпэзэрыlыгъыу джэгухэу, уэрэд зэдыжаIэу, лэжьыгъэ гуэрхэр зэдащIэу уарихьэлIэрт. Сахэтащ абыхэм махуэ зыбжанэкIэ. Ауэ сэ Венецием зыщысIэжьакъым. Европэр фIыуэ сцIыхурт картэкIэ, къэсплъыхьыну си гуращэт къэрал зыбжанэ. МыдэкIэ бзэхэми сахуэхейтэкъым – франджыбзэ, инджылызыбзэ, хьэрыпыбзэ жыпIэми дагъэджырти, абыхэмкIэ мыIейуэ сыпсэлъэфырт...

АдэкIэ Мухьэдин Германием, Франджым макIуэ, абыхэм йокIри, Инджылызым кхъухькIэ щотIысыкI, Шотландием къыщохутэ. ГъэщIэгъуэнкъэ, зэрызекIуэн щхьэкIэ ар зыщIыпIи щыгувэртэкъым. Зауэ нэужьым Европэм хабзэ щыхъуат гъуэгум утету уи Iэпхъуамбэшхуэр бгъэпIиямэ машинэхэр къэувыIэу, пщIэншэуи уашэу. Ар гущIэгъум къыхахырт. Зауэм, дауи, Iэджэ къулейсыз ищIагъэнт. ЦIыхухэр нэхъ зэхуэгумащIэт, мо хьэзаб къом я нэгум щIэкIам нэхъ гу щабэ ищIахэт.

Нэхъ къыдэкIуэтея нэужьи Мухьэдини абы куэдрэ егупсысырт: «Сыт лъыгъажэ зауэрэ нэщIэбжьэрэ щIыщыIэн хуейр, цIыхухэр нэхъ гумащIэ, зэпэгъунэгъу хъун папщIэ?! Дунейр щымамырым, гъащIэр щытыншым деж цIыхухэм нэхъ зызэпыIуадз, ахэр нэхъ гущIэгъуншэ мэхъу. Щхьэхуещэным къыхокI цIыхур и щхьэ закъуэ-и лъакъуитIу дунейм къытенэныр. А закъуэныгъэм и бампIэм дапхуэдиз икIуэдыкIыр – хэти зиукIыжу, хэти наркоман хъуурэ? А уз бзаджэм дунейр дауэ къегъэла хъуну? Сыт щIапхъэ? Сыт лэжьыпхъэ? Сыт хуэдэ хабзэ, нэмыс щIэблэр къызыщIэгъэтэджэн хуейр? А гупсысэхэр къахощ Къандурым и язынықъуэ тхыгъэхэм, и кинофильмхэм, музыкэ лэжьыгъэхэм.

Апхуэдэу щыныбжьыщIэм илъэгъуахэмрэ нобэ и нэгу щIэкIахэмрэ къыхотэджыкI цIыхубэмрэ цIыхумрэ къызэрызэхущIэкIын хуейм теухуа гупсысэ куухэр.

... Иджы дгъэзэжынщ Мухьэдин гуапэу игу къинэжа япэ зекIуэм. Ти, ар нос Шотландием. Куэд щIат и анэм кърита ахъшэр ныбжьыщIэм зэриухрэ. ЩымэжалIи къэхъурт, и щыгъынхэри, щылэжьыкIыным нэсауэ, хъыбийт. Эдинбурги щIалэгъуалэм щахуозэ. Ауэ ахэр, Венецием зыщрихьэлIахэм хуэдэу, зыкърахыу хуэпатэкъым, нэхъыбэм лэжьакIуэ щыгъынт ящыгъыр.



3 Заказ №19

КъызэрыщIэкIымкIэ, нэмыцэ кхъухьлъатэхэм бомбэ куэд щрадзыхат мы къалэм. Унэ ныкъуэкъутэхэр, къутэпахэр куэдт. Америкэм, Швецием, Голландием, нэгъуэщI щIыпIэхэм щIалэгъуалэм ахэр щызэфIагъэувэжырт. УхуакIуэхэм яхохьэ Къандурыр, мазэм щIигъукIи ядолажьэ.

Махуэм лэжьахэм, «дезэшащ» жамыIэу, зыкъатхьэщIырт, щыгъын къабзэкIэ зыкъахуэпэжырти, пщыхьэщхьэкIэ паркхэм, клубхэм зэIущIэшхуэхэр щрагъэкIуэкIырт. Языныкъуэхэр циркым е театрым кIуэрт. Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр къигъэсэбэпурэ, Мухьэдин музейхэм щыIащ, чэщанэжьхэмрэ члисэхэмрэ зригъэлъэгъуащ, Скотт Вальтер и лIыхъужьхэм «я хэщIапIэу» щыта щIыпIэхэр зригъэцIыхуащ. Абы илъэгъуа псори фIэгъэщIэгъуэнт икIи фIэщIэщыгъуэт. Ауэ зэгуэрым паркым здыкIуэцIрыкIым и нэIуасэ хьэрып макъамэм хуабжьу игъэпIейтеящ. И гур ину къеуэу ар пIащIэу хуэкIуэрт музыкэ дахэр къыздиIукI щIыпIэм...

– НтIэ, – жи Къандурым, – сыкIуэм-сыжэурэ макъамэр къыздиIукIым сыносри, си нэр къихуу сыкъызэтоувыIэ. Солъагъу Иорданием и ныпыр, ар хуарзэу къащхьэщыту зауэлI гуп оркестрым йоуэри паркыкум итщ. ТэлайкIэ сабгъэдыхьэфакъым си псэр зыхуекъу си хэкуэгъухэм, апхуэдизкIэ сыIэнкунти. Сытми, си гур къохьэж, къару къысхохьэжри, сабгъэдохьэ. «Сыт фщIэр, мыбы щхьэ фыщыIэ?» – соущI. Езыхэми: «Уэ ухэт, мыбы щхьэ укъэкIуа?» – ягъэщIагъуэ. ЖызоIэ: «Сэ сы-Мухьэдинщ, Къандур Изэт срикъуэщ». Си адэр дзэм хэтти, занщIэу сыкъацIыхуащ.

– Зэ догуэт, дэ адыгэ гуэр къытхэтщ, – жаIэри, Шурдым Ахьмэд къашэ.

Ахьмэдрэ сэрэ дызэбгъэдэсащ а махуэм. Ауэрэ си ежьэжыгъуэри къэсащ. ЕджакIуэхэм ди зыгъэпсэхугъуэр иухырт. Дыщылэжьам тшхын къыщыдат щхьэкIэ, ахъшэ къыдатыртэкъым. Хуабжьу гугъу сехьащ къэзгъэзэжыну гъуэгу сыкъыщытехьэжам. Франджым сыкъыщысам зы хъурыщэ сиIэжтэкъым... Иорданием и лIыкIуэм деж сокIуэ. ЩIыхьэпIэр зыхъумэхэм сыкъагъэувыIэ: «Сыт узыхуейр?» – жаIэри. «Ахъшэ», – язотыж жэуап. Ней-нейуэ къызоплъхэр, сызэрагугъэр Алыхьым ещIэ... Сытми консулым деж сыщIагъэхьэ. Ар Хьэвжокъуэ Издинт. КъэуIэбжьауэ къызоупщI: «Уа, мыбы дауэ укъыщыхута?» – жери. ХузоIуатэ къызэрыскIухьар, сыздэщыIахэр. Езым егъэщIагъуэ. Сэри сукIытащ ахъшэ зэрызухар жесIэну. «Ахъшэ сфIэкIуэдащ», – пцIы хузоупс.

– Уэлэхьи уэстынмэ. Дапщэ узыхуейр?

– Доллар щэ ныкъуэ къызэт. Срикъунщ, – жызоIэ. – МарселкIэ сыкIуэнурэ абы кхъухьым сыщитIысхьэжынущ.

Ахъшэр къызэрысIэрыхьэу, псом япэу, шхапIэм сыжащ. А зиунэрэ, махуищ хъуауэ си джийм ерыскъы ехатэкъым.

Арати, кхъухь тедзапIэм сыкIуэри, ЛиванымкIэ зыунэтI кхъухьым ситIысхьэжащ, махуипщI хуэдэкIи ди унэ сынэсыжащ. Ауэ гъуэгу сытетыху Хьэвжокъуэм и зыгъэпсэхугъуэ мазэр къэсакIэти, мэлъэтэж Иорданием. Си адэм деж мэпсалъэри: «Ей, Изэт, си ахъшэ щIыхуэр къызэтыж», – жреIэ гушыIэу.

– Уи ахъшэ щIыхуэ стелъ сэ? – егъэщIагъуэ си адэм.

– Сыт щхьэкIэ, Париж нэкIуауэ Мухьэдин еста доллар щэ ныкъуэр-щэ? – жи Издини.

– Сыт делагъэ жыпIэр? – и фIэщ хъуакъым си адэм. – Ар Дамаск щыIэщ.

ИтIанэ Хьэвжокъуэр ди деж кIуэри, Франджым сызэрыщыхуэзар си адэм хуиIуэтащ. Гузэвэнтэкъэ си адэр?! Унагъуэм къаримыгъащIэу сынэсыжыху гузэвагъэнщ. Ауэ сынэсыжа нэужьи, а лIы пхъашэм зыкъызигъэщIакъым къысхузэгуэпауэ... «ДяпэкIэ пцIы умыупс, ущежьэкIэ уздэкIуэр дыгъащIэ», – жиIа фIэкIа.

Сыт си сабиигъуэр къыщIэсIуэтэжар, нобэ ар сигу къыщIэкIыжар? Адыгэм и лъым хэлъу къыщIэкIынущ зекIуэр. Зауэ-банэм хэту екIуэкIа адыгэ гъащIэм къигъэувырт хабзэ ткIийхэр – илъэс 12-13 щрикъум ирихьэлIэу шырэ IэщэкIэ Iэрыхуэу, зекIуи ежьэфу щIалэр есэн хуейт. Атэлыкъым иратырти, адэ-анэм пэIэщIэу зауэ хуэIухуэщIэм къыщIагъэтаджэрт. ЖыпIэмэ, зекIуэлIу икIи зауэлIу къагъэхъурт. Ар къыхощ «Кавказ» романми, фильм тетхынуми.

Мыдрейуэ, адыгэм бгъэдэлъащ иджыри къэс къэрал куэдым къахуэмыгъуэт е къахузэмыгъэпэщ псэукIэ. Абы къызэщIеубыдэ адыгагъэкIэ зэджэж псори: нэмысри, хабзэри, цIыхугъэри, хьэщIагъэри, гущIэгъури, щIыхьэхури, зэрыжаIэу. Псом хуэмыдэу, къытхыхьэ хамэхэми яфIэтелъыджэу, лъэпкъым щхьэхуитыныгъэм пщIэшхуэ хуищIырт. Зым адрейр игъэпщылIыныр икIагъэу адыгэхэм къалъытэрт. Аракъэ щхьэ гъэщхъыныр ямыдэххэу щIыщытар, аракъэ зытекIуэдэжар – я щхьэр ямыгъэщхъыну, лъэгуажьэмыщхьэу мыувыну? ИпэжыпIэкIи зы махуэ хуиту упсэуныр нэхъыфIщ, уи щхьэм ухуимытыжу илъэсищэ къэбгъащIэ нэхърэ... А гупсысэри хэухуэнащ «Кавказ» тхыгъэшхуэм.

Псом япэращи, дунейм едгъэлъагъун хуейщ тхыдэм и пэжыр – ижь лъандэрэ зэригъэпэщауэ адыгэм щэнхабзэ телъыджэ зэрыхэлъар, ар лъэпкъ гъэсауэ, лъэпкъ щэныфIэу, и нэмысрэ и хабзэкIэ гъунэгъухэми етэфу, и псэукIэр куэдым я щапхъэу зэрыщытар, апхуэдэ лъэпкъым леишхуэ къызэрылъысар. Дэ дунейм едгъэлъагъун хуейщ адыгэ тхыдэжьыр зэрыфIыгъуалъэр, узэрыгушхуэ хъуну фэеплъхэр абы зэрикуэдыр. Хьеттхэм я зэман лъандэрэ абы дунейпсо щэнхабзэм хилъхьар мащIэкъым. АтIэ Марксрэ Энгельсрэ ауэ сытми ятхакъым: «Алыджым и телъыджэр уафэм къехуэхакъым, дэ дызэрыщыгъуазэм хуэдэу. Абы папщIэ щIыгулъ щыIащ. А щIыгулъри хьеттхэмрэ хьатхэмрэт», – жаIэу. Нэхъ иужьыIуэкIэ яухуа къэралыгъуэжьхэр-щэ – Мэуэтымрэ Синдымрэ?..

Лъэхъэнэ жыжьэхэм къыщрахьэжьа фIыгъуэхэм зыкъоми щыIэпыхуащ адыгэм къикIуа гъуэгуанэ хьэлъэм... Лъэпкъ зэхэкIыпIэт, дзэ зэрышхыпIэт Кавказыр. Зэрапхъуэу къизэрыгуэрт. ИтIани ди адэжьхэм затакъым, лъэгущIэтын ящIакъым я лъахэр. Iэмал имыIэжыххэ щыхъуми, пщылI замыщIын папщIэ, лъэпкъым и нэхъыбэр, зауэм псэууэ къелахэм я нэхъыбэр Iэпхъуащ Тыркум, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум. Уз зэрыцIали мэжэщIалIагъи – Iэджэ хьэзаб мыгъуэ къапэщытт, цIыху минищэхэри текIуэдащ а гъуэгуанэм. Къэнэжахэр дуней псом щикъухьа хъуащ.

Иджы лъэпкъхэм зыкъыщащIэж, хуит зыщащIыж зэманщ. Африкэм дэкъузауэ щаIыгъа нэгъунэ хуит ящIыжащ. Мес, журтхэми я къэралыгъуэр зэфIагъэувэжащ. Адыгэхэр-щэ? Къэрал щхьэхуэу мытIысыжыфми, «Моуэ ди Хэку дгъэзэжыфащэрэт!» жаIэрэ? ЖызыIи щыIэщ, ар зигу къэмыкIхэр нэхъыбэщ. Псалъэм папщIэ, Тыркум щыпсэу адыгэ мелуанитхум сыт я дуней? АтIэ ар дуней, ар гъащIэ, уи бзэмрэ уи хабзэхэмрэ къыппаубыду? Нахуагъэмрэ захуагъэмрэ и лъабжьэу фи Урысей къэралым лъэпкъхэм я Iуэху къызэрыщыдэкIыжым адыгэ куэд щыгъуазэ? Ди фильмыр хьэзыр хъумэ, ар инджылызыбзэкIи, урысыбзэкIи, хьэрыпыбзэкIи дгъэпсэлъэнущ, къэрал куэдым щыдгъэлъэгъуэну ди мурадщ. «ЕI, мыгъуэ, мы дызэрымысыж ди адэжь щIыналъэр сыту дахащэ, сыту фIыт абы дыщыпсэужамэ», – жаIэн хуэдэу. Ди лъэпкъэгъухэр мыбыкIэ къигъэгупсысэну, къигъэхъуэпсэну.

... Мухьэдин илъэс пщыкIублым иту и адэ-анэм хуит ящIащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм кIуэуэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну. Индианэ штатым абы къыщиухащ колледжри университетри. А еджапIэхэр къиухыху, жыпIэ хъунущ, адыгэ щIалэм и щхьэр ипIыжауэ. «Мыр здэдгъэкIуам хьэулей щыхъунщ, щыкIынщи», – жиIэрти, и адэр къызэрыдэIэпыкъу щыIэтэкъым. «Ахъшэм щысхьу аратэкъым, – игу къегъэкIыж Къандурым. – Си ныбжьым ит гуэрхэр Америкэм е Европэм еджэну кIуамэ, я нэгу зрагъэужьурэ щыудафэ щыIэт, еджэни ямыIуэхужу. Арат си адэр зыгъэсакъыр.



Еджэныр и кIэм нэзгъэблэгъауэ, зэгуэрым хъыбар къысIэрохьэ си адэр къакIуэу. Университетым и щыхьэт тхылъыр къыщызатыжкIэ екIуэкIыну гуфIэгъуэм хэтынут... Си гуапэ хъуащ».

Мухьэдин «Ягуар» машинэм ису макIуэ аэропортым. Изэт зэрыс кхъухьлъатэр къыщытIысынум темыпыIэжу поплъэ. ИкIи куэд дэмыкIыу ар къызэрытIысамкIэ хъыбар къоIу. Кхъухьлъатэм къикIхэр нэкIэ егъэхъу... «Мес! Мес! Мес!» – адэр къилъэгъуауэ и гур къигуфIыкIауэ псынщIэу пожьэ, щIэпхъуэну ерагъкIэ зиIыгъщ: адэм ар къызэрыщыхъун тхьэм ещIэ, щIалэ цIыкIуфэ къриплъынщ, «иджыри балигъ мыхъуа щIалэжькIэ» къещынщ...

ЛIыхъужь дамыгъэхэм и бгъэр къакъутэу генерал фащэкIэ хуэпа адыгэлI бжьыфIэр уардэу адрейхэм къахощ. И зекIуэкIэ къудеймкIэ нэрылъагъущ зэрылIыткIийр, зэрызауэлIыр.

ГукIэ зэхуеIэми я кIуэкIэкIэ ар ямыгъэнаIуэу, километр ныкъуэ зи кIыхьагъыну гъуэгуанэр мыпIащIэу якIу. А дакъикъэ зыбжанэм Мухьэдин и нэгум къыщIоувэ, и акъылым нос куэд щIауэ къыгурымыIуэ зы Iуэхугъуэ... И адэр апхуэдизу цIыху гъэсауэ, хабзэщIэкъуу, и щIыхьыр и фейдэ зыпылъым и пэ иригъэувэфу щIыщытыр.

Жыжьэ къыщожьэ а хьэлыр, ткIиягъыр – Кавказ къурш щхьэхухэм я бгъуэщIхэм. Зи Хэкур зыбгынэ цIыху минхэм я зэщIэгъуагэр къоувэ и тхьэкIумэм... И адэ Изэткъым, езыракъым, и адэшхуэмрэ абы и лъэхъэнэгъухэмрэт а гущIыхьэ псори зи нэгу щIэкIар. ЕкIуэлIапIэншэу кхъухьым къыщракIутыкIам щхьэж зыхэтыр и щхьэ зэригъэпсэунт, и унагъуэр гъаблэм къызэрыригъэлынт. Тыр-

кур анэнэпIэсым хуэдэти, и нэхъыбэм КъуэкIыпIэ ГъунэгъумкIэ яунэтI...

«Псэун, зымыгъэлIэн, укъызыхыхьа лъэпкъым дзыхь зыхуегъэщIын, зы мащIи и куэда зыкъыщIэмыгъэхуэн, езы хьэрыпхэм зыщагъэпсэхум дежи лэжьэн... Я нэфI, я нэфI, я нэфI зыщыгъэхуэн»...

Аращ и адэри дзэм хэмыхьэу щIэмыхъуар, псэемыблэжуи абы щIыхэтари – и унагъуэр игъэпсэун, и щIыхьыр ихъумэжыфын, зыгуэрым и унэIут мыхъун щхьэкIэщ.

А псор тэлай кIэщI дыдэкIэ зыгъэва, зыхэзыщIа, къызыгурыIуа щIалэм нэпсыр къеIащ и нэм. ЕрагъкIэ зиIыгъщ къыщимыудыну. Гъунэгъубзэ къэхъуащ и адэри... ЗыхуэIыгъыжакъым – зричащ, зипхъуэтащ, зидзащ...

– Хъунщ, хъунщ... Ини ухъуаи, – и адэри мэIущащэ къэгумэщIауэ, и къуэр и IэплIэм ирикъузауэ. Зэуи къызыпыIуегъэкIуэт, ар имыгуапэ хуэдэ: «Мыр сыт - фызитI зэхуэза хуэдэ... Дегъауи дызэхуэгъагъ иджы. НакIуэ»...

Багажыр къыIахыжыху зэадэзэкъуэм, а зэпIэзэрыту зэрызэпсэлъам хуэдэу, Iэджи зэхуаIуэтащ: унагъуэ Iуэху, Мухьэдин и анэм, шыпхъухэмрэ благъэхэмрэ я узыншагъэ, я IуэхущIафэ...

ИужькIэ и адэр Мухьэдин къоупщI: «Такси уис?»

Дунейм щынэхъ дахэ икIи щынэхъ лъапIэхэм ящыщ «Ягуар» инджылыз машинэм и бжэр Мухьэдин зэIуех: «НитIысхьэ, ди адэ». И адэр ирегъэтIысхьэри, езыри рулым йотIысылIэж. Машинэм «лъэрытемыту» зреч, ар кIуэуэ пщIэнкъым, хьэуам щесу фIэкIа. Изэт дзыхьмыщIу и къуэм хуоплъэкI, ауэ абы Iэзэу зэрегъакIуэ машинэр. И зегъэкIуэкIэм тегузэвыхьыжыркъым, ауэ?..

– Хэт мыр хьэхуу къызэIыпхар? – йоупщI и къуэм.

– Хьэхуу жыпIа? ДыздэкIуэм дынэсмэ, уэзгъэлъагъунщ зыгуэрхэр.

ГъущI гъуэгу къэувыIэпIэм и гъэтIылъыпIэ, илъхьэпIэ щIыпIэхэр сэрей лъагэкIэ къещIэкIащ. Ауэ абы къыдопIиикI хьэлъэ къызэраIэт кранхэр, щIэлъхьэпIэ унащхьэхэр. ГъущI куэбжэшхуэр гъэбыдат, ауэ «Ягуар»-м зэкIэлъигъэпIащIэу зыбжанэрэ сринэр игъэкIия нэужь, бжэхэр зэлъыIукIащ. Ар зэIузых-зэхуэзыщIыж лэжьакIуэми, абджыпс унэ цIыкIум щIэсым, гуфIэжу Iэ къищIырт, Мухьэдин сэлам кърихыу. «Ягуар»-р къызэрыувыIэу, Мухьэдин къикIыну хунэса къудейуэ, лэжьакIуэ зыбжанэм абы къыхуаунэтIащ. Къаухъуреихьауэ фIэхъус къыжраIэ, ину дыхьэшххэурэ, зыгуэрхэр къыхуаIуатэ. Зимыгъэгувэу абыхэм сэлам ярехыж, езыри йотIысхьэж машинэм.

ГъущI гъуэгу къэувыIэпIэр къабгына нэужь, и адэм зыхуэшыIэжакъым: «Сыт а псор зищIысыр? Уэ а къэувыIэпIэм уриунафэщIу ара? А цIыху къомым апхуэдиз пщIэ щхьэ къыпхуащIрэт?»

– Сэ, ди адэ, абыхэм садэлажьэ къудейуэ аращ...

– Йи?.. Еджэныр-щэ?

Мухьэдин тIэкIуи зигъэпагэу абы щыгъуэщ и адэм щыхуиIуэтар Iуэхум и пэжыпIэр: зэреджэм хуэдэу ар махуэ къэс станцым сыхьэтищкIэ щолажьэ. Аращ и адэ-анэм емылъэIуу и щхьэр щIыхуэпIыжар... Мы машинэ бэлыхьри хьэхуу къищтакъым, и ахъшэкIэ къищэхужащ, къилэжьам къыхэкIыу.

– Абы иужькIэщ си адэм къыщыгурыIуар лIы сызэрыхъуар, – погуфIыкI Мухьэдин. ГукъэкIыжхэм къагъэнэщхъыфIауэ ар нэжэгужэщ. И нэкIур нэхъри лъагъугъуафIэ хъуащ, и нэхэр мэлыд. – Абы лъандэрэ – нейзэман, илъэс Iэджэ дэкIащ. Ауэ зэи сщыгъупщэжыркъым си адэ лIы пхъашэм си щхьэфэм Iэ къызэрыдилъар. ЕтIуанэу абы си щхьэфэм Iэ къыдилъащ «Кавказ» фильмыр адыгэ Хэкужьым щытесхыну щыжесIам...

НтIэ, Иорданием и дзэм и штаб нэхъыщхьэм и Iэтащхьэу къулыкъур кърихьэлIат си адэм. 1992 гъэм ар дунейм ехыжащ. Иорданием щыIэ адыгэхэм я нэхъыжьыфIхэр зэхуэсри мыбы сыкъргъэжьащ, гъуэгуанэ псалъэу къызжаIащ: «IуэхуфI, Iуэху дахэ епхьэжьащи, Тхьэм ухущIигъэхьэ. УкъызыхэкIа лъэпкъым ухуэщхьэпэным нэхъыфI зыри щыIэкъым. Ди хэкуэгъухэми къуэш сэлам тхуехыж... Уи адэм и цIэр зэи умыгъэулъий».

ТэлайкIэ дыщысщ си ныбжьэгъу Мухьэдинрэ сэрэ, гупсысэм даIыгъыу. ТIури дызэгупсысыр, дауи, гъащIэм и фIыпIэр къызэрыттхуигъэзарщ, иджы нэгъуэщI къэралхэмрэ Урысеймрэ щыпсэухэр дызэкIэлъыкIуэ, дызэдэлажьэ мэхъу. Дыгъуасэ нэгъуэщIущ зэрыщытар. АтIэ мы зызыхъуэж зэманым сыт къахудэкIуэну зи гъащIэр хьэзаб хэмыкIыу зыхь адыгэхэм?

– ФIы къахудэкIуамэ арат, – къыжьэдэкIащ Къандурым.

Абы сэ «хъущт» жиIэу сеплъащ, ауэ ар си гум къипсэлъыкIат.

... Иджы къэтIуэтэжынщ Индианэ штатым зэадэзэкъуэр щызэхуэза нэужь ящIа унафэр. Изэт и къуэм нэхъри арэзы хуэхъуащ щIалэм и фIыцIэ еджапIэм зэрыщыIур, фIы дыдэу университетыр къызэриухар къищIа нэужь.

– ДяпэкIи еджэным пысщэнут, ди адэ, – щыжиIэм, ар Изэт и гуапэу къыдиIыгъащ.

Къандур Мухьэдин и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Калифорние штатым щыIэ Клермонт университетым и аспирантурэм. Абы кууэ щедж экономикэмрэ тхыдэмрэ. И доктор диссертацэри треухуэ «Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIа шэрихьэт зауэр къызэрыхъеикIа щхьэусыгъуэмрэ абы и философиемрэ» Iуэхугъуэм.

«ЩIэныгъэхэм я доктор» цIэр къыфIащауэ Къандурым еджапIэр къеух. Япэ зэманым ар хохьэ сату Iуэхум. Арат и адэ-анэр зыхуеяр.

1960 гъэм Мухьэдин Нью-Йорк дотIысхьэ, кинофильм кIэщIу 22-рэ абы щыIэ киностудие зыбжанэм щытрех, дихьэхауэ йолэжь «ЩIыпIэ зэхэкъута» романым. 1962 гъэм инджылызыбзэкIэ тхыгъэшхуэр дунейм къытохьэ. Тхылъыр псынщIэу зэрызэбграхар щыхьэт тохъуэ Къандурыр зэрыIэзэм. Езыри тогушхуэ коммерциер къигъанэу тхэным зритыну.

Дуней псом щыцIэрыIуэ Голливудым мыщэджащэрэ Iэзагъ зыбгъэдэмылърэ гъунэгъуу ирагъэкIуалIэркъым. Мухьэдин и япэрей фильм кIэщIхэмкIэ къацIыхурти, «хьэуэ» къыхамыгъэкIыу абы ирагъэблэгъащ. Америкэм и режиссёр нэхъыфI дыдэу къалъытэхэм ящыщщ Хьюстон Джонрэ Манн Далбертрэ я ассистенту Къандурыр зыбжанэрэ лэжьащ.

А лIы цIэрыIуэхэр къигъэуIэбжьауэ адыгэ щIалэм куэд дэмыкIыу зыкъызэкъуех, кино гъуазджэм хуэIэижьу зыкъегъэлъагъуэ. Ар

хагъэхьэ Америкэм и тхакIуэхэмрэ кинематографистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм.

1972 гъэм Дисней Уолт и гупым Мухьэдин ирегъэблагъэ тхакIуэшхуэ По Эдгар и гъащIэм теухуауэ фильм трихыну. А гупыр кинорежиссёрым и гум къипсэлъыкIами ярейт. По Эдгар и тхыгъэхэр абы фIыуэ илъагъурт зэрыцIыкIу лъандэрэ. «А тхакIуэр апхуэдизу щхьэ дихьэхрэт Iуэху шынагъуэхэм?» – а гупсысэм Къандурыр куэдрэ игъэпIейтейрт... По Эдгар Iуэху шынагъуэ зэхэзэрыхьам тетхыхь щIэхъуам и щхьэусыгъуэр къэхутэным, а тхакIуэр зи цIыху лIэужьыгъуэу щытар къэгъэлъэгъуэным теухуауэ абы фильмыр егъэпс. ДауикI, тхакIуэр къызыхэкIа, къэзыухъуреихьу щыта цIыхухэр зыхуэдар, ахэр зэрыпсэуар, нэгъуэщIу жыпIэмэ, тхылъеджэхэр зыщымыгъуазэ куэд зрегъащIэ. А псор зэхелъхьэж, гукIэ зэрегъэзахуэ, итIанэ фильмыр техын щIедзэ.

«По Эдгар и пщIыхьхэр» фильмыр сыхьэтрэ ныкъуэкIэ йокIуэкI. А зэманым ди нэгум къыщIоувэ делэщым щIэт По Эдгаррэ абы и ныбжьэгъумрэ ялъагъу теплъэгъуэ шынагъуэхэр. Уи щхьэфэцым зыкъиIэту уоплъ фильмым къыщыхъухэм.

Езы Къандур Мухьэдин зэрыжиIэмкIэ, мы дызэплъыр тхакIуэшхуэм и гъащIэр «зыгъэбгъунлъа», и тхэкIэр езыгъэхъуэжа къэхъугъэщ. 1973 гъэм «По Эдгар и пщIыхьхэр» Канны щекIуэкIа кинофестивалым щагъэлъэгъуащ икIи нэхъыфIхэм халъытащ.

Апхуэдэу Мухьэдин Голливудым щытрихащ «Череки» фильмыр – индей щIалэ тхьэмыщкIэм и гъащIэр къэзыгъэлъагъуэр, «ЛIыукI цIыкIу» – Кипрым Iуэхур зэтес щIыщымыхъужым тепсэлъыхьыр, «Пагуэ» – цыджанхэм ятеухуар, «КъэкIуэнум ухуэзыгъаплъэ гупсысэхэр» – хьэрып революцэ иныр къызыщыгъэлъэгъуар, нэгъуэщIхэри. А фильмхэм я сценарийхэр зытхар езыращ, Къандурыр абыхэм я режиссёрщ икIи я продюсерщ.

ЗэфIэкI зиIэ кинолэжьакIуэм, тхакIуэм и цIэр фIыкIэ Европэми щыIуат. Абы и щыхьэтщ Франджым и телевиденэм и япэ каналым лъэIукIэ зыкъыхуигъазэу Къандурым шым теухуауэ фильм пщыкIуплI зэрытрихар.

А лъэхъэнэм дуней псор Мухьэдин къызэхикIухьауэ жыпIэ хъунущ. Фильмхэр щигъэхьэзырым, щытрихым ар щыIащ Америкэм, Инджылызым, Германием, СССР-м, Кипрым, Индонезием, нэгъуэщI къэрал Iэджэми. Абыхэм щытриха кадрхэм къыщыгъэлъэгъуащ шым и тхыдэр, цIыхум къигъэсэбэп зэрыхъурэ а псэущхьэ дахэм и фэм икIар, зэрызиужьар, шы лъэпкъыфI къэгъэхъуныр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыщекIуэкIар икIи иджыри зэрыщекIуэкIыр, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди...

АтIэ а псор зэбгъэхъулIэфын папщIэ Iэзэу кино тепхыныр мащIэт – шы зехуэным фIыуэ хэпщIыкIыу, IэщIагъэлI нэсу ущытыни хуейт.

– Абы и лъэныкъуэкIи а лэжьыгъэм сыхуэгъэзат, – жеIэ Мухьэдин. – Сызэрысабийрэ сэ шыр фIыуэ солъагъу. Дэтхэнэ адыгэми хуэдэу, шы зехьэкIэми, шы тесыкIэми сыхуэщIат. Ди унагъуэми шы фермэ зыбжанэ иIэщ. КIэщIу жыпIэмэ, си нэ къызыхуикI лэжьыгъэт франджыхэр къыщIызэлъэIуар икIи сыпэлъэща хуэдэщ абы,

сыту жыпIэмэ, щытхъу яIащ а фильмхэм. Нэхъ си гуапэ хъуар сыт жыпIэмэ, адыгэшри къэзгъэлъэгъуэну хуит сызэрыхъуар арат. Япэу Къэбэрдейм сыкъыщыкIуам – илъэс тIощIрэ блырэ и пэкIэщ ар – ныбжьэгъу къысхуохъу Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм и режиссёр Iэзэ Вэрокъуэ Владимир. Ар сщIыгъуу икIи и чэнджэщ хэлъу адыгэшым тесхащ лентIэ метр мин бжыгъэ куэд.

Къандурыр мэсабыр, зыгуэрхэр гукIэ зэригъэзахуэу тэлайкIэ щысщ. И нэгум къощ а зэгупсысым зэригъэпIейтейр. Сыту пIэрэ ар апхуэдизу хэзыгъаплъэр? АбыкIэ езым зыкъеумысыж: «Къысхуэгъэгъу, сэ Iуэху гуэр къыщыспэщытым деж гупсысапIэу сиIэр аращ. «Кавказ» романымрэ фильмымрэ зы дакъикъи си гум схуигъэхуркъым. ЯпэкIи зэрыжысIащи, адыгэ тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ шынагъуэ дыдэр, зэманышхуэкIэ укъуэдияуэ, щIэблищым я гъащIэмкIэ къэдгъэлъэгъуэну ди гуращэщ. Ар тыншу зэфIэкIын Iуэхукъым»...

«Кавказ» фильмри тедгъэх жиIэу Вэрокъуэрщ сигу къэзыгъэкIар... Модэ, Иорданием нэкIуауэ «адыгэ тхыдэм теухуа кинофильм щхьэ тетх мыхъурэ?» щIэупщIащ ар. Ди нэхъыжьхэми ар къыддаIыгъри, а лэжьыгъэшхуэм дытегушхуащ. Фильм тетхыну дыхьэзырщ: сценарийр щыIэщ инджылызыбзэкIи, урысыбзэкIи, адыгэбзэкIи. Ар тэрэз зэрыхъуамкIэ Америкэм и кинолэжьакIуэхэм я профсоюзым и мыхъури тегъэуащ.

ИджыпстукIэ къыхыдох абы щыджэгуну актёрхэр. Зэдгъэлъэгъуащ, къыхэтхащ щытетхыну щIыпIэхэр. Кавказ Ищхъэрэм и республикэ зыбжанэм Iуэхухэр зэрыщекIуэкIыр къэплъытэмэ – абы Iуэхугъуэ Iэджэ пыщIауэ щытынущ – шыуэ, цIыхуу, сэ сщIэрэ, выгуу Iэджэ къэгъуэтын, пасэрей адыгэ, шэшэн къуажэжьхэр, иджы щымыIэжыххэхэр, я щIыкIэкIэ тэмэму гъэувын, пасэм зэрахьэу щыта Iэщэ-фащэхэмкIэ «дзэ псохэр» хуэпэн – Iэджэ къытпэщытщ. А куэдыр къыщыдэхъулIэнур дэнэкIи зыкъытщIагъакъуэмэщ. СыткIи къыддэIэпыкъуну дащогугъ республикэ зыбжанэм я унафэщIхэм, къуажэ тхьэмадэхэм, езы цIыхухэм...

Зыгуэрым иужь ихьамэ, ерыщу ар и кIэм нэзыгъэсыф цIыхущ Къандурыр. Мы зи яужь ихьари гува-щIэхами къызэрехъулIэнум шэч хэлъкъым.

Мухьэдин и гъащIэм и зы Iыхьэф Iым дэ иджыри и гугъу тщIакъым. Ар бизнесым зэрыхэтарщ, иджыри зэрыхэтырщ. Зыми имыIуэхутхьэбзэщIакIуэу фIыуэ илъагъу литературэмрэ кино гъуазджэмрэ зэрыхуейуэ хэлэжьыхьын папщIэ ар къызыхуэтыншэу псэун хуейт. Аращ хьэрычэт Iуэхум щIыхэтар, мылъкуфIи къыщIиугъуеяр.

Зы зэман Америкэм и Штат Зэгуэтхэм абы ахъшэфI къыщилэжьащ компание зэмылIэужьыгъуэхэм экономикэмкIэ я чэнджэщэгъуу лажьэурэ. Зы зэман яхэтащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и щIыдагъэр къыщIэшыным, щэным и Iуэхум хэуныкIахэм. Дуней псом щыцIэрыIуэ Гренадэм, Испанием и щIыналъэ нэхъ дахэ дыдэм, и хы Iуфэм зыгъэпсэхупIэ унэхэр щызыухуахэми яхэтащ. Ноби абы и мылъку хэлъщ Иорданием, Инджылызым, Франджым, Испанием щыIэ бизнес зыщI компание зыбжанэм. Бизнес Iуэхур яунэтI Мухьэдин и къуэ нэхъыжь Инали, и щхьэгъусэ Бэлагъы Люби.

Ауэ Мухьэдин и нэр мылъкум къыщхьэрипхъуакъым, языныкъуэ мелуанырыбжэхэм хуэдэу, нэпсеягъэм икъузакъым и гур. Абы псом япэ ирегъэщ цIыхугъэр, адыгагъэр, лъэпкъ Iуэхур. «А псори IэщIыб пщIымэ, сыт мылъкум и мыхьэнэжыр?» – жеIэ Къандурым. Адыгэ псалъэжьри, и адэм куэдрэ жиIэу зэхихар, къыжьэдолъэт: «Мылъкур уэсэпсщ, напэр щIэинщ»...

И унагъуэми илъщ адыгагъэр, нэмысыр, и бынхэми адыгэбзэр ящIэ. И къуэ Муратрэ абы и шыпхъу Наташэрэ Амман щолажьэ. Бэлагъы Любэрэ Мухьэдинрэ я къуэ Казбек йоджэ. Сыт Мухьэдин и бынхэм зэрахуэхъуапсэр? Кавказыр зыщамыгъэгъупщэну, адыгэ лъэпкъым и сэбэп зэрахуэфу къэхъуну аращ.

Адыгэхэр зэшэлIэжыным, зэпэгъунэгъу щIыжыным и зы джылъ езыми зэIуещэ, и зы лъэмыж еухуэ. КъэкIуэну зэманыр ди лъэпкъым хуэдахэ, хуэIэфI хъуным теухуа нэгъуэщI зы Iуэхушхуи Къандурым еублэ. Абы къызэригъэпэщынущ адыгэ тхыдэм, щэнхабзэм ятеухуауэ нэгъуэщI къэралхэм щыIэ архивхэм хэлъ тхыгъэхэр, нэгъуэщI къэралхэм къыщыдэкIа романхэр, повестхэр адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ ди республикэм къыщыдэгъэкIыжыныр. А Iуэхум къришэлIэнущ дунейм и щIыпIэ Iэджэм щыпсэу адыгэ тхыдэтххэр, бзэмрэ хабзэмрэ елэжь щIэныгъэлIхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр...

А псори зэхуэхьэсыжа хъуа нэужь, нэхъ тхыгъэфIхэр тхылъ щхьэхуэурэ къыдэбгъэкI хъунущ, инджылызыбзэкIи, франджыбзэкIи, испаныбзэкIи. «ИтIанэщ дунейпсо щэнхабзэм адыгэ лъэпкъым и Iыхьэ хилъхьауэ къэплъытэ щыхъунур, – жеIэ Къандурым. – ИтIанэщ зыгуэрым и пащхьэ уиту ущыгушхуэ хъунур, «Сэ сыадыгэщ» жыпIэу».

– АтIэ дызэрыгушхуэ хъун цIыхушхуэ мащIэ къытхэкIа дэ, – пещэ Мухьэдин и псалъэм, – мес, къафщтэ Темыркъан Юрэ. Абы сыт хуэдиз пщIэ щиIэ Америкэми, Европэми, Азиеми. Сэ сытым хуэдэу си щхьэр ину слъагъужат Лондон нэкIуауэ абы сыщыхуэзам щыгъуэ. Ар зэрыхъуар мыращ: ди щхьэкIэ дызэрымыцIыхуми, цIэкIэ дызэрыщIэрт Юрэрэ сэрэ. Лондон дэт си унэм зэгуэрым зыгуэр нопсалъэ «Совет лIыкIуэм и деж дынопсэлъыкI, Къандур Мухьэдин дыхуейт», – жаIэри. «Сэращ Мухьэдиныр, – язотыж жэуап. – Сыт фыхуейт?» «Мыдэ зыгуэрым уедгъэпсэлъэнущ», – жаIэ. Абы хэту телефоным къоIукI адыгэбзэ къабзэкIэ: «Мухьэдину си къуэшыфI, дауэ ущыт?» Си гур хуиту зэIуихат адыгэ макъым, ауэ хэтми сцIыхуакъым... ИтIанэ къызжиIащ зэры-Юрэр. «Дэнэ ущыIэ? Иджыпсту дыдэ машинэ низогъакIуэри укъызогъашэ», – жызоIэ сыгуфIэщауэ...

Езым пщыхьэщхьэм концерт зэриIэр щхьэусыгъуэ къысхуещI. СокIуэ и концертым. ЦIыху хэIэтыкIат абы еплъхэр – пащтыхь унагъуэр, лордхэр, лIыкIуэшхуэхэр, къэрал унафэщIхэр. Абы и ужькIэ Iэнэри къаухуэ. Инджылызым и цIыху пажэхэм, нэгъуэщI къэрал щыщ дипломатхэм яIэт, ягъэлъапIэ ди Юрэр. Дэ Iэнэм дыпэрыс щхьэкIэ хъуэхъухэри, жаIэ фIыщIэхэри зэхэтхыркъым, адыгэбзэм дыхуэзэшауэ дроуэршэр. АтIэ абдеж къыдбгъэдэсхэм урысыбзэ зыщIэ куэди яхэтт... Зыми къыхуэщIэтэкъым дызэрыпсалъэ бзэр. Яхуэмышэчыжу къыдэупщIащ: «Сытыбзэ а фызэрыпсалъэр?» –

жари. ЯжетIащ: «Адыгэбзэщ»... ЯгъэщIагъуэ. Псоми Юрэ урысут зэрагугъэр.

Темыркъаныр а гуп дыгъэлым «къахэздыгъукIри», жэщ псом дызэгъусащ Iэджэ зэхуэтIуатэу. Абы щыгъуэми си гум къеIат: «ЕI, бетэмал, сыту Iейуэ дыкIуэдрэ адыгэр. Ди цIэкIэ, ди щхьэкIэ дыхагъэзэрыхь дызыхэс лъэпкъхэм. Тыркум ис ди цIыхушхуэхэр тыркуу ялъытэ, хьэрып къэралхэм щыпсэухэр – хьэрыпу, Урысейм хэтхэр – урысу, Америкэм къыщыжэпхъахэр – американу... Еу-уей, еу-уей...».

А жэщми сэ гукъэкI сщIат «Ди адыгэхэр зэришэлIэжыну, зы лъэпкъыу зэщIигъэуIуэжыну зыгуэр щIэн хуейщ» жысIэри.

ИужькIэ, Къэбэрдейм зэ-тIэу сыкъакIуэри, къызгурыIуащ а Iуэхум и ублэкIэ хъунур япэщIыкIэ щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэрауэ зэрыщытыр...

Сэ шэч къытесхьэркъым си ныбжьэгъуфI Къандур Мухьэдин и зэфIэкIым дяпэкIи зэрыхэхъуэнум. КъызыхэкIа лъэпкъым хуиIэ мурадыфIхэр зригъэхъулIэн папщIэ лъэкI къызэримыгъэнэнум. Абы и щыхьэтщ «Кавказ» тхыгъэшхуэр, «Балкан тхыдэр», «Шэрджэсхэр» трилогиер, нэгъуэщI роман куэд дунейм къызэрытехьар, Къандурым и музыкэ лэжьыгъэхэр Москва дэт консерваторием, Баку, Амман зэрыщагъэзэщIар.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*УФ-м културэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

КЪАНДУР Мухьэдин

# КАВКАЗ

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*

Псыжь и сэмэгурабгъумкIэ бгы лъапэм тесщ Абын жылэр, псы Iуфэм зыIуигуэшауэ. Псыжь адрыщIыр гъуни нэзи зимыIэ губгъуэ нэщIщ, нэгъуей исами, Суворовым и дзэм къелар мащIэщ, а мащIэми я щхьэр щIахьэри, къумым ихьэжащ е Псыжь къызэпрыкIри, Лабэ къыдэтIысхьащ.

Къуажэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ Кавказ къуршхэр щыболъагъу, къуршым я дыгъэмыхъуэм псы уэрхэр щызэбгрож, Псыжь зыхуаунэтIауэ.

Къурш жьэгъум къыщожьэ Абыни. Мывэ блынхэм енэпкъауэ зэпытурэ, Абын, псыхъуэ зэвым къыдожри, губгъуэм зреIуантIэ, и IуфитIыр мывэ джейм ясеяуэ. Мэз Iувыр къеухри, тафэм къытехьа нэужь, псыр Iэсэ мэхъу, бгым итыху Iэжьэкъур иричауи пщIэжынкъым: псы Iуфэм щиувыкIа жыг гуэрэнхэм я жьауэм зыхиудыгъуащи, даущыншэщ, пшахъуэмрэ мывэкIэщхъымрэ ялъэхъа нэхъей...

Дарьял псыхъуэ гъуэгу дищIыхьри икIыжащ Кавказым Ермоловыр. Паскевич нэхъ хуэмыху абы нэхърэ: хы Iуфэмрэ Псыжьрэ зэпищIащ абыи гъуэгукIэ. Урысыдзэм зекIуапIэ яхуэхъуащ иджы а гъуэгур: гъуэгущхьэм къытетIысхьащи, блэкIри къыблэкIыжри ягъэхъу... Гъуэгу мыгъуэм уижьэ жыхуаIэрати, гъуэгу мыгъуэ яхуэхъуащ ар адыгэм.

Абыни ящыщщ ар гъуэгу мыгъуэ зыхуэхъуам: урысыдзэр къакIуэри къитIысыкIащи, быдапIэ къытращIыхь. Шэтыр ягъэувавщ, пкъо кърашалIэурэ хасэ, банэрэ щIытIкIэ быдапIэр къащIыхь, щIытIым топ къытрагъэсащи, мафIэр къыпхадзэн хьэзырщ. Къэзакъыр къетIысэкIыурэ, быдапIэм зеубгъу: зым щIыунэ етI, зым чыбжэгъу унэ хисащи, игу нэхъ зэгъащ, щIыунэ зытIари, чыбжэгъу унэ хэзысари поплъэ Абын Iуфэ нэщI щыхъунум: гъавэ пщIэнуми, Iэщ бгъэхъунуми, улъхуэнуми, упIэнуми, хэт къыппэрыуэжын итIанэ? Дзэри я щIыб къыдэтщ, езыхэри IэщэкIэ зэщIэузэдащи, я лъэр фIагъэнамэ, икIуэтыжын мурад яIэкъым. Сыт ягъэ кIын зэкIэ гугъу ехьми – щаIуэтэжын махуи къэхъунщ, щIыри, псыри, мэзри къахуэнэнщи, упсэунумэ, Абын Iуфэ хуэдэ бгъуэтын? Арагъэнщ, дауи, быдапIэм къетIысэкIа дэтхэнэ къэзакъри нобэ зэгупсысыр – Арысей пхащIэ нэс къыщIикIар сыт уи гугъэ, я унэрэ я лъапсэрэ хыфIадзауэ?

Генерал Давыдовыр аратэкъым иджыпсту зыгъэгупсысэр. Къэзакъхэм я щхьэ ягъэпсэужыфынщ, щIыпIэм зэ изагъэмэ, – дэнэ кIуэн? «ЩIыпIэ зэгъкъым, шэдылъэщ, гъудэбадзэр щыкуэдщ» жари къыхуотхьэусыхэ генералым. Езыми елъагъу зэрымыщIыпIэ зэгъыр. Абы щхьэкIэ уикIуэтыж хъурэ? Аракъым генералыр зыгъэгумэщIыр. Дзэр Псыжь зэпришащи, хы Iуфэм нэс кIуэцIрикъутыкIын хуейщ – абы нэхъ ухигъэплъэнкъэ: шэрджэсхэр къапэтIысынущ, лъэбакъуэ ячыху, шэр къытракIутэнущ. Емынэм къихуа мы Кавказым – Давыдовыр щIегъуэжащи, и Iэпэм йодзэкъэж. Хамыгъэзыхьамэ, къэкIуэнутэкъым: нэхъ къулыкъушхуэ зыхуегъэфащэ генералым, зэрыхуэфащэр Австриеми Польшэми къыщигъэлъэгъуащ. Тхьэм ищIэнщ зи ней къыщыхуар: драгъэкIуэтеин и гугъати, къехъулIакъым, бгырысхэм кърaутIыпщащ,

къэзакърэ сэлэтрэ кърατри. Иджы и пщэ дэлъыращ: Абын Iуфэ быдапIэ IуищIыхьащ, нимыгъэсами: быдапIэ никъуэщIым щежьауэ, хы Iуфэм икIэщIыпIэкIэ нэмысмэ, и пащIэр хуаIуэнтIэнущ. Апхуэдэ унафэ къыхуэзыщIар щыгъуазэу пIэрэ Шэрджэсым и курыкупсэм укIуэцIрыкIыныр зэрымыIуэху джэгум?

Давыдовыр картэм щхьэщытщ, стIолым триубгъуауэ. Офицерищи къыбгъэдэтщ, генералым и унафэм поплъэри.

– Хъыбар къызэрысIэрыхьамкIэ, зиусхьэнхэ, – жиIащ Давыдовым, – Иванович Адлер деж къыщитIысыкIащ. – Ар жери, картэм теIэбащ генералыр. Офицерхэм я гуапэ хъуащ Давыдовым къажриIа хъыбарыр, картэм зытрагъэщIащ абыхэми.

– Ар хъыбар щIагъуэщ, зиусхьэн генерал, – жиIащ полковник Марлинскэм. Зауэ Iэджэм хэхута зауэлIт Марлинскэр, нэпкъпэпкъышхуэ хъужауэ.

ДжырафинэкIэ фадэ пIащIэ къыщIихьэри, генералым и шу гъусэхэм ящыщ зы шэтырым къыщIэбэкъуащ.

– Хьэуэ, сыхуейкъым, си гум сIэпихынукъым, – жиIащ Давыдовым, адрейхэми ар зэрыжаIэнум шэч къытримыхьэу. Полковник Марлинскэм француз коньякым зыхигъэкIыжынт – генералым дежьуакъым:

– Къигъахъуэ...

Коньякым хэфри, Марлинскэм зигъэпсчэуIуащ:

– Дзэуэ сыт щIыгъу Иванович?

Давыдовым и нэгъуджэр и пэбгым тригъэсащ, и щхьэр къиIэтри.

– Сэлэт минищ щIыгъущ, топ пщыкIух иIэщ – ар уфIэмащIэ? Си щхьэкIэ сэ сфIэмащIэкъым... Аракъым фыкъыщIезджар. ФыкъыщIезджар сывэчэнджэщын щхьэкIэщ. Дауэрэ дынэса хъуну дэри хы Iуфэм – фи чэнджэщ къыхэфлъхьэ. Гъуэгу тхуэхъунумкIэ дызэвгъэчэнджэщ – фэ мы лъахэм нэхъ фыщыгъуазэщ. Сыт къызжефIэн?

Марлинскэр коньякым хэф зэпытщ, генералым жиIэри къыфIэмыIуэхущэ хуэдэщ. Сыт япэ зыщIригъэщынур? Япэ илъэдэнкъым. Япэ илъэдэн щыIэщ, фIыщIэ къахьын щхьэкIэ. ЗыхуэмышыIэ пщтырафэщ жыхуаIэракъэ: капитан Захарьиным япэ зыкъригъэщащ. Полк цIэрыIуэ гуэрым хэтащ капитан Захарьиныр, зыгуэр IэщIэщIэри къыхахуащ, гъусэ къазэрыхуэхъу лъандэрэ теплъэ хъуркъым абы полковник Марлинскэр – щхьэхуещафэ ирепльъ, и дуней тетыкIэ дэнэ къэна, и псэлъэкIэ къудейр хуэшэчыркъым.

– Зиусхьэн генерал, хуит сыкъэпщIмэ... – жиIащ капитан Захарьиным, Давыдовым бгъэдэкIуатэри. – Дыкъызэрежьэ лъандэрэ зыми зыкъытпэщIисакъым – Абын Iуфэ дыкъэсарэ пэт. ЗакъуэтIакъуэм дапэщIэхуащ – ар сытым щыщ! Шэрджэсхэм къыдакун си гугъэкъым: я гур къихьэжакъым зымахуэ зэрыщIэдгъэIэ лъандэрэ. Къыдамыкуныр пэжмэ, нэхъ гъуэгу кIэщIкIэ дыкIуэ хъунущ, мис мы гъуэгумкIэ... – жери капитан Захарьиныр картэм теIэбащ. – МыбыкIэ дыкIуэцIрыкIмэ, Геленджик дыхуэзэнущ.

Капитан Захарьиным къаригъэлъэгъуа гъуэгур зэрышынагъуэр ищIэрт Марлинскэм: уи щхьэр хэплъхьэн мурад пщIамэ, техьэ а гъуэгум, езым и нэ къыхуикIыркъым абы – и щхьэм хуэсакъыжмэ нэхъыфIщ, мафIэ хыхьэ нэхърэ. «Захарьиныр джэгуакIуэщ, – жиIащ полковникым игукIэ, – и щхьэм жьы щызопщэ: шэрджэсхэм я IэмыщIэ зыщIиплъхьэнур сыт?..»

– Зи щIыхьыр ин генерал, – коньякыр стIол кIапэм тригъэувэжащ полковник Марлинскэм. – Ар гъуэгу шынагъуэщ. Шэрджэсхэм кIуапIэ

къыдатынкъым. Дывмыгъэбэлэрыгъ. Псыхъуэ зэвым дыдаубыдэнщи, хьэлэчыр къытхалъхьэнщ. ДаIэщIэкIын фи гугъэ? Абы дыщывмыгъэгугъ: шэрджэсхэм дзыхь яхуэпщI хъунукъым, дэр нэхърэ нэхъ делэкъым шэрджэсхэр – дебзэджэкIын фи гугъэмэ, фыщоуэ. Псыхъуэ зэвым дыдэвмыгъэхьэ, тафэм дытетурэ дыкIуэмэ, топым къыщышынэнущ, топым игъэщтэнурэ я шуудзэр къыдаутIыпщынукъым. Псыхъуэ зэвым дыдыхьэмэ, бгы гъуанэм къиукIыурэ дызэтраIущIэнщ.

Полковник Марлинскэм и щхьэкIэ игъэунэхуа хъунт шэрджэсхэм псыхъуэ зэвым удаубыдэмэ, къыпщыщIынкIэ хъунур: къыздыкъуэукIыр пщIэнукъым, бгыщхьэм къыфIотIысхьэри, шэр къыпхапхъэ, шэр къыпхэзыпхъэри плъагъуркъым, зырыз-тIурытIурэ удаукIыхь псыхъуэ зэвым. Куэд дыдэ щIакъым апхуэдэ къазэрыщыщIрэ – Iущ ухъун хуейкъэ зэ: уи щхьэр я IэмыщIэ щIиплъхьэнур сыт?

Генералыр хэгупсысыхьащ.

– Псыжь дыкъызэпрыкIри шэрджэсхэм я лъахэм дыкъихьащ, къытпэувар хэдгуащ, зэбгрытхуащ. Зымахуэ лъандэрэ къытпэувыжаIакъым. Сыту пIэрэ ар къызыхахыр? Заущэхуауэ ара, дагъэбэлэрыгъын щхьэкIэ? Хъуагъэщагъэ къытхуекIуэрэ жызоIэ? – Давыдовыр офицерхэм яжьэхэплъыхьащ.

Зым и псалъэр адрейм Iэпичурэ, офицерхэр къызэрыгъэплъа нэужь, Марлинскэм и псалъи къахилъхьащ:

– Фэ сыти жыфIэ, топыращ зэрыдгъэшынэфынур. Шуудзэр ебутIыпщ хъунукъым шэрджэсхэм – пэлъэщынукъым, къызэтраупщIэнущ. Топыращ дазэрефIэкIыр. Топым дыщымыгугъмэ, нэгъуэщI дызыщыгугъын диIэкъым.

Поручик Головини акъылэгъу къыдэхъуащ Марлинскэм. Илъэс зыбжанэ хъуащ поручик Головин Марлинскэм къулыкъу зэрыдищIэрэ – ецIыху, зауэм щигъэунэхуащ, иджыпсту зэрызахуэми шэч къытрихьэркъым. Поручик Головин Украинэм щыщт, акъыли лIыгъи иIэт, зыкъыхимыгъэщыщэми.

– Бгырыс шуудзэм упэлъэщынукъым, ущIыпэувыни щыIэкъым, – жиIащ поручик Головин. – ТопкIэщ уазэрыпэлъэщынур.

Давыдовыр дыхьэшхыпцIащ:

– Топым Iэмал къыхуамыгъуэтыфын уи гугъэ шэрджэсхэм? Тыркухэм е инджылызхэм топ къратамэ-щэ? Тыркухэм кърамытми, инджылызхэм кърατынущ – абы шэч къытумыхьэ. Топ яIэмэ, дауэщ жыпIа зэрыхъунур?

Головинрэ Марлинскэмрэ зэплъыжащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Давыдовыр дзэлI къудейкъым, дунейм къыщыхъу-къыщыщIэми щыгъуазэщ. Езы тIум, зауэм хэт зэпытщи, дунейм хащIыкI щыIэкъым. Генералыр нэхъыбэм щыгъуазэщ – аращ щIэгенералыр...

Захарьиныр къыхэуащ абдежми: ари зыгуэрым зэрыщыгъуазэр къигъэлъэгъуэн хуейкъэ:

– Ди кхъухьхэр хы Iуфэм Iутщ, зиусхьэн генерал, тыркуи инджылызи къурагъэкIуалIэркъым – я лъэр яубыдащ.

«Сыту фIыт, ар пэжмэ», – жиIащ Давыдовым игукIэ. Капитаным пэрыуэн мурад иIакъым япэщIыкIэ – трырет абы, итIани, егупсысыжри пэжыр яжриIэмэ, нэхъ фIэтэмэмыжащ: бэлэрыгъынкъым, Iуэхум и пэжыпIэр ящIэмэ.

– Хы Iуфэм дыщIэкIуэр сыт фи гугъэ? Ди кхъухьхэр пэлъэщыркъым – тыркури инджылызхэри къаIэщIокI, Iэщи, гыни, топи къыхуашэ шэрджэсхэм. Хы Iуфэм Iут кхъухьхэм я закъуэкIэ зэфIэкIыну-

къым – хы Iуфэм быдапIэ IутщIыхьын хуейщ – аращ хы Iуфэм дыщIэкIуэр: инджылызхэмрэ тыркухэмрэ я лъэр дубыдын щхьэкIэщ.

Головин игу къэкIыххакъым ар – и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжащ игу къызэрымыкIам щхьэкIэ. Марлинскэм зэхимыхаIауэ фэ зытригъэуащ – арыншэми щыгъуазэ хъунт дзэр хы Iуфэм щIэкIуэм. Капитан Захарьинырат Iэжьэкъур изычыр: къытричырт, шэсын хьэзырт. Апхуэдэ хъунт генерал Давыдовыр иджыпсту нэхъ зыхуэныкъуэр: уштыгъуафIэщ, быуштмэ, мафIэм пэрыхьэнущ.

– Хы Iуфэр дгъэбыда нэужьщ ди мурадыр къыщыдэхъулIэнур: шэрджэсхэр къэдувыхьынурэ я пIэм идукIыхьынущ – аращ дэ дызэщэр, – жиIащ генерал Давыдовым, и щхьэр къиIэтри: «Ар щхьэ къывгурымыIуэрэ?» – жыхуиIэт.

Шэтырым адъютантыр къыщIыхьащ. Генералым и пащхьэ иувэри, адъютантым и пащIэкIэр пикъузыкIащ:

– Дзэр хьэзырщ, зи щIыхьыр ин. Уи унафэм поплъэ. Зрачын хьэзырщ.

– Хъунщ, Григорович. ЗыдгъэгувэжынукъымС. – Офицерхэм захуригъэзэкIыжащ генералым. – Дэтхэнэ полкыра быдапIэм къыдэднэнур?

БыдапIэм къыдэмынэмэ, нэхъ къиищтэнут капитан Захарьиным, и щхьэр быдапIэ ныкъуэщIым зэрыдихынт зыпылъыр.

– Ещанэ полкыр къыдэбнэмэ, нэхъ сфIэтэмэмщ, зиусхьэн генерал, – жиIащ Захарьиным, Марлинскэм хуеплъэкIыурэ. – ТопиплI къахуэбгъанэмэ, ари сфIэзахуэщ.

Марлинскэр коньякым хэфащ. БыдапIэм къыдэнэми, гъуэгу техьэми, и зэхуэдэт абы. КъыдэнэкIэ и жагъуэ хъунукъым: Абын щIыпIэ дахэщ, къыщобгъэрыкIуэнуIакъым, къыщобгъэрыкIуэIами, топиплI уиIэмэ, ущIэшынэн щыIэкъым.

– Дэгъуэщ, – жиIащ генералым. – Штабым хъыбар евгъащIэ... Сыт мы щIыпIэм зэреджэр?

Марлинскэм и закъуэт а щIыпIэм зэреджэр зыщIэр.

– Абын, зиусхьэн генерал, – жиIащ Марлинскэм.

– Абын... Тхьэразэ къыпхухъу – сигу къэбгъэкIыжащ. Абын къызэрыдубыдамкIэ хъыбар евгъащIэ штабым. ЦIыху къагъэIэпхъуэн зэрыхуейри зыщремыгъэгъупщэ. БыдапIэ хэтсащ, быдапIэр нэщIысауэ цIыху къегъэтIысэкIын хуейщ.

– ИкIэщIыпIэкIэ едгъэщIэнщ, зиусхьэн генерал.

Давыдовым картэм зыхуригъэзыхыжащ. Марлинскэм и щхьэм итыр нэгъуэщIт: быдапIэм и хъуреягъкIэ щIыр щызэтетхъуэн хуейщ, къэзакъхэмрэ нэгъуейхэмрэ ирагъэувэлIащ, уатеплъэкъукIмэ, зыщIрагъэхынущ, уакъыкIэрыкI хъунукъым, зыщIрагъэхмэ, я цыр яхуищынщ Марлинскэм... Метрищ и лъагагъын хуейщ щIытIым, шэрджэс къыщхьэпрыпщын дэнэ къэна, къыщхьэдэмыплъыхыфын щхьэкIэ. Банэ сэрейкIэ къащIыхьауэ аращ зэкIэ. Банэ сэрейм хэт къызэтригъэувыIэн, дзэр быдапIэм дэкIрэ гъуэгу техьэмэ? Шэрджэсым я закъуэкъым – кхъуэпIащэми къызэпхратхъыфынущ банэ сэрейр...

– Зиусхьэнхэ, дызэгурыIуа щIыкIэкъым иджыри: тафэ гъуэгукIэ дыкIуэрэ хьэмэ псыхъуэм дыдыхьэрэ? Дэтхэнэр нэхъ ффIэкъабыл? – щIэупщIащ генерал Давыдовыр.

Зыми къритакъым жэуап – икIуэтыжа хуэдэщ офицерхэр. Унафэ зыщIын хуейр езы генералыращ – ар щхьэ къыгурымыIуэрэ Давыдовым?

Офицерхэм жэуап къыщрамытым, генерал Давыдовым картэм зытришэщIэжащ.

– Хъунщ-тIэ. Гъуэгу кIэщIкIэ дыкIуэнщ. Гъуэгу кIэщIыр псыхъуэм докI. Зэрыхъур тлъагъунщ. Гъуэгум дыщетIысэхынукъым, пшапэр зэхэмыуэ щIыкIэ бгы щхьэдэхыпIэм дынэсын хуейщ. ГурыIуэгъуэкъэ?

Марлинскэм дежкIэ гурыIуэгъуэр зыщ: француз коньяк дэгъуэр къыхуэнэнущ, барщыбэр имыунэщIауэ зы Iуэхуи и ужь ихьэнкъым. Гъуэгум хуэпIащIэр ирешэс, къытричмэ.

* * *

Гъуэгу здытетым, къуажэ ирихьэлIэху, гъусэ къахуэхъуурэ, шууищэм нызэрыхьэсащ хасэм ежьахэр. Лонгворт и гуапэ хъунтэкъэ ар: хасэм нэхъыбэ екIуалIэмэ, и унафэми нэхъ къару игъуэтынущ. Алыдж щIалэри къызэрыкIащи, бэракъ удзыфэр иIэтауэ, шу гупым ядолъэхъу, я бзэр имыщIэми, гъуэгу ядытетщи, ар и гурыфIыгъуэщ: и нэгу къыщIыхьэжа хъунщ и лъэпкъэгъухэм щадэзэуа махуэхэр. Езыращ жыпIэнщ шу пашэр – шуудзэ зауэм Iуишэ фIэкIа пщIэнкъым бэракъ удзыфэр жьым щыхэхуарзэкIэ.

Шытх лъагэ ихьащ шу гупыр. Шытхым утетмэ, мэзым ущхьэпроплъри, тафэ бгъуфIэшхуэ къыпIэщIолъагъуэ, тафэм тес жылагъуэ цIыкIухэр щхъуантIагъэм къыхощ.

Гъуэгур егъэзыхыгъуэ хъужри, мэзым щIыхьащ. Мэзым щIэтурэ зыбжанэрэ кIуа нэужь, шухэр къэувыIащ. Лонгворт къыгурыIуакъым шухэр щIепсыхар: епсыхри, жыгей абрагъуэм екIуэлIащ, шыр IумпIэкIэ яубыдри, лъэгуажьэмыщхьэ защIащ. Шууищэри епсыхащ. Жыгей къудамэм къамэ, сэшхуэ, шабзэ фIэлъщ, уэшхымрэ уэсымрэ ягъэулъияуэ. Иужьым Лонгворт къыжраIащ ар зищIысыр: ТхьэжыгкIэ йоджэ, шэрджэсхэм я тхьэлъэIупIэщ, жыгейм и лъабжьэм пасэрей лIыхъужь гуэрым и хьэдэр щIэлъщ – абы и цIэ ирамыIуауэ, абдеж тхьэ щемылъэIуауэ, зы гъуэгурыкIуи блэкIынукъым...

Тхьэ елъэIури, шухэр гъуэгу техьэжащ. Зы теуэгъуэ хуэдэ якIуауэ, мэзым къыхэкIри шу гуп къаIущIащ – къапежьауэ арат. Шу гупыр къащыбгъэдэкIуатэм, Ислъам-Джэрий Лонгворт къыхуеплъэкIащ.

– Мансур-бей. Тхьэмадэщ, – жиIэри Ислъам-Джэрий шу гупым я пашэр къригъэцIыхуащ Лонгворт.

Езы Лонгворти гу лъитагъэнщ Мансур-бей зэрытхьэмадэм: и фэрэ и фащэкIэ нэхъ мыхъуми, пщIэнущ. ЛIышхуэкъым Мансур-бей, нэIуасэ зыхуэхъуа адрей шу пашэхэм хуэдэнкъым инагъкIэ. Лонгворт и нэм къыфIэнар нэгъуэщIщ: и пащхьэ пасэрей инджылыз лIыхъужь къиувауэ къыщыхъуащ... Лонгворт гу лъитащ Мансур-бей и лъакъуэ сэмэгур зэрыпхам: куэд щIагъэнукъым уIэгъэ зэрыхъурэ – лъы къызэрызыпхивар уолъагъу.

Мансур-бей Лонгворт къеплъащ: «Мыращ ди хьэщIэр, дауи?» Ислъам-Джэрий и щхьэр ищIащ, пыгуфIыкIри. Мансур-бей къыпидзыжар инджылыз корреспондентым къыгурыIуакъым.

– Хасэр нышэдибэ зэхэтIысхьащ, къыфпоплъэ. Фыкъеблагъэ, ичэзууэ фыкърихьэлIащи, ди нэщ, ди псэщ.

Ар жери, Мансур-бей шэсыжащ.

Тхуей мэзым щIэкIа нэужь, шухэм я пащхьэ жылэ къиихутащ, мэз лъапэм етIысылIауэ. Жылэм щыдыхьэм, зы шу къаIущIащ. Шур къащыбгъэдыхьэм, Лонгворт гу лъитащ ар зэрымышэрджэсым – и фэкIи,

и шы тесыкIэкIи къахэщырт: сырыхущ, и жьакIэ лъагуэр хуэгъуэплъыфэщ.

– Сыщымыуэмэ, мистер Беллщ, – жиIащ Лонгворт, зэхэзещхъуэн ищIауэ.

– Ущыуэркъым, – жэуап къритыжащ шум. – СыкъэпцIыхуащ.

Лонгворт къыцIыхужын и гугъагъэнкъым Белл: Кавказым къызэрихьэрэ и фэм зихъуэжащ, жьы нэхъ къыщIыхьауи къыщохъуж езым, адыгэм яхэсыхьащ, я фащэм еса къудейкъым, я хьэлми техьауэ пIэрэ жыпIэнщ, адыгэм щахэткIэ плъэгъуамэ. Илъэсым нэсащ шапсыгъхэм къазэрыхыхьэрэ, зырыинджылызыр умыщIэмэ, шапсыгъ гуэр урихьэлIауэ къыпфIэщIынущ, я бзэми хэгъуэзащ, хуэмыгъэшэрыуащэми.

Алсидэ-бей, Ислъам-Джэрий дэнэ къащыгурыIуэнт Лонгвортрэ Беллрэ я бзэр – яфIэгъэщIэгъуэнщ инджылызыбзэр. Екъуб-бей – арат шапсыгъхэр Джеймс Станислаус Белл зэреджэр – куэд щIащ и анэдэлъхубзэ зэрызэхимыхыжрэ: и гуапэ хъуащ и лъэпкъэгъу зэрырихьэлIар.

– МащIэ щIа ди анэдэлъхубзэ зэрызэхэзмыхыжрэ! – гуфIащ Белл. – Уи хъыбар зэхэсхати, сыкъытричырт: щхьэ къэмысрэ! Си фэтэрымкIэ унеблэгъэнщ япэщIыкIэ. ИтIанэ дахыхьэнщ хасэм. Хъункъэ, Мансур-бей?

– Сыт щIэмыхъунур? – жиIащ Мансур-бей. – Зывмыгъэгувэ закъуэ: хасэр къыфпэплъэнущ.

– Зыдгъэгувэнкъым, хасэри зыпэдгъэплъэнкъым, – жери Белл шу гупым Лонгворт яхишащ. Лонгворти и жагъуэтэкъым ар: гъуэгум зэхиукIати, зымащIэкIэ зигъэпсэхумэ, и гуапэ хъунут. Зэсабэуэни хуейщ: хасэм уахэлъадэ хъурэ, сабэм узэщIищтауэ? Хасэм яхыхьэн и пэ Лонгворт епсэлъылIэмэ, и жагъуэтэкъым Белл: зытепсэлъыхьын я мащIэкъым.

Беллрэ Лонгвортрэ алыдж щIалэри Талъустэни зыщIагъуащ. Талъустэн Белл и шу гъусэхэм ящыщщ, и щхьэхъумэкIэ уеджэми, ущыуэнукъым. Алыдж щIалэм еплъытмэ, Талъустэн домбейщ. Талъустэн и гуапэ хъуащ алыдж щIалэм адыгэ бэракъыр зэрыIэщIэлъыр. ЩIалэр зэпиплъыхьри, Талъустэн япэ зыкъригъэщащ:

– Уэ уинджылызкъым.

– Хьэуэ, сыинджылызкъым. Сэ сыалыджщ.

– Алыджщ жоIэ? Алыджхэм я хъыбар дыщыгъуазэщ дэ, алыдж сатуущIэ къытхыхьэрейуэ щытащ... Алыджхэри зауэм хэт зэпытщ, зэрысщIэмкIэ.

Георгиу игъэщIэгъуакъым Талъустэн абы зэрыщыгъуазэр: хы ФIыцIэращ алыджхэмрэ шэрджэсхэмрэ яку дэлъыр – я хъыбари зэлъоIэс. Кавказ къуршхэракъэ Прометей зраIулIар – абы щыгъуазэу пIэрэ Талъустэн? Абы щIэупщIэнкъым Георгиу иджыпсту: Лонгвортрэ Беллрэ зыкъыкIэрагъэху хъунукъым – шыр IумпIэкIэ яубыдри я ужь иуващи, тIури псалъэмакъыншэщ.

Лонгворт зрагъэтхьэщIащ. ЗрагъэтхьэщIыху, Iэнэ кърахьащ: хьэщIэм и закъуэкъым – бысымри хьэзыр хъунт. Iэнэм коньяк барщыбэ къытригъэуващ Белл. Шэрджэс фIэкIа пщIэн Белл: цейр йокIупс, хьэзыр Iупэхущ, ибг дыжьын къамэ ищIащ.

– Фадэ щIагъуэщ, – жиIащ Белл, коньякыр иригъахъуэри. – Сыхъуэхъуэнщ жыпIэмэ, нэхъ фадэфI уигъэлъыхъуэнщ. Еблагъэ! Укъызэрысар си гуапэ хъуащ бжесIэмэ, зыри бжезмыIа хуэдэщ.

Беллрэ Лонгвортрэ бжьэ зырыз зэдаIэтащ. Талъустэн яхуефакъым – фадэм зыдрагъэхьэх я хабзэкъым адыгэхэм. Iэнэми яхуэтIысакъым Талъустэн: Беллрэ Лонгвортрэ сыт щхьэкIэ якIэщIэдэIухьынт – я закъуэ пэрырес Iэнэм, зытепсэлъыхьын я мащIэ хъункъым.

– Шэрджэсым си нэ къызэрыхуикIрэ куэд щIащ, – жиIащ Лонгворт. – Зыми сыхигъэзыхьакъым, си нэ къыхуимыкIамэ, сыкъэкIуэнтэкъым. Хасэм сыкъызэрырихьэлIаращ псом нэхърэ нэхъ сызыщыгуфIыкIар.

Белл и щхьэр ищIащ:

– УкъыкIэрыху пэтащ. Тхьэмахуищ и пэкIэ укъызэрысар зэхэсхат – ущыбзэхарат сымыщIэр: сыгузэвэнтэкъэ! Хасэр яублащ, зауэми и гуащIэгъуэщ. Урысхэр Адлер деж къыщитIысыкIащ. Псыжь къыщежьауэ, хы Iуфэм дзэшхуэ зэрохь.

– Абы и хъыбар щызэхэтхащ гъуэгум... Хъыбар Iэджэ къыпхуэсхьащ. Хъыбарым нэхърэ нэхъ ущыгуфIыкIын си гугъэщ бдзапцIэмрэ гынымрэ – бдзапцIи гыни къыздэсшащ. Уигу хэзыгъэщIын хъыбари уезгъэдэIуэн хуей хъунущ: мистер Уркарт и къулыкъум трагъэкIащ. Лондон ираджэжащ, и Iуэху зэрыхъунур езыми ищIэркъым.

Ар шэуэ къытехуащ Белл: и щIыбагъ Дэвид Уркарт къыдэмытыжмэ, хэплъэгъуэ хъунущ Белл и Iуэхур: Инджылызым и щIыб шэрджэсхэм къахуигъэзэжауэ ара абы къикIыр? Ар пэжмэ, Беллкъым зи Iуэху хэплъэгъуэ хъунур – зауэм хадза шэрджэс Iэщэншэхэрщ...

– Истамбыл шэрджэс гуэр къикIыжащ иджыблагъэ. Аращ мистер Уркарт и хъыбар къэзыхьар. Мистер Уркарт къулыкъу зэримыIэжыр хасэм зэхахмэ, щыгуфIыкIын си гугъэкъым.

– КъызгуроIуэ, – жиIащ Белл. – Хасэми шэуэ къатехуэнущ а хъыбарыр. Хъыбарыр къэзыхьам и цIэр пщIэрэ?

АдыгэцIэхэм есатэкъыми, игу зэрыриубыдэф щыIэтэкъым Лонгворт: къыхуэгубзыгъыжакъым. Къыщыхуэмыгубзыгъыжым, Георгиу еджащ:

– Сигу къэгъэкIыжыт Истамбыл къикIыжам и цIэр.

– Нэгъуей Исмелщ.

– Пэжщ, Нэгъуей Исмелщ. ДяпэкIэ зыщызгъэгъупщэжынкъым, – жиIащ Лонгворт.

– Нэгъуей Исмел... – Апхуэдэм и цIэ зэхихауэ ищIэжыркъым Белл. – Талъустэн, Нэгъуей Исмел пцIыхурэ? – жери и шу гъусэм еджащ Белл.

– СоцIыху. Куэд щIакъым Истамбыл къызэрикIыжрэ. ТхылъымпIэ гуэрхэри къыздишауэ жаIэ. Хасэм къыщыпсэлъэнущ – ари зэхэсхащ, – жиIащ Талъустэн, къабгъэдэкIуатэри.

Беллрэ Лонгвортрэ хигъэплъащ Дэвид Уркарт и хъыбарым. КъызэрыщIэкIымкIэ, Дэвид Уркарт и хъыбарыр шэрджэсхэми къаIэрыхьащ – Нэгъуей Исмел къахуихьащ, хасэм я пащхьэ зэрырилъхьэнуми шэч хэлъкъым. Абы хуэныкъуэтэкъым Беллрэ Лонгвортрэ иджыпсту – арыншэми дзыхь къахуэзымыщIыр гъунэжщ. ПцIым лъакъуэ щIэткъым, лъакъуэ щIэмытми, зэ ежьамэ, дамэ къытокIэ – зэкъым, тIэукъым ар Белл зэригъэунэхуар.

– Хъыбар щIагъуэкъым: лей къытехьащ мистер Уркарт. Шэрджэсхэм къазэрыгурыбгъэIуэнуращ сымыщIэр... – и щхьэр къыфIэхуауэ зыбжанэрэ щысри, Белл зыкъиIэтыжащ. – Ди къэралыр шэрджэсхэм къадэIэпыкъункIэ угугъэ хъурэ? Сытым ущыгъуазэ, зэхэпхаIа?



4 Заказ №19

– Фэ зэресплъамкIэ, къыхуащIэнышхуэ щыIэкъым. Палмерстон укъигъэгугъэн фIэкIа, къыпыкIын щыIэкъым. АбыкIэ лIыфIщ – сыткIи укъигъэгугъэфынущ. Мистер Уркарт хэмылIыфIыхьмэ, нэгъуэщI узыщыгугъын слъагъуркъым, – ибзыщIакъым Лонгворт: сыт щхьэкIэ ибзыщIынт – уи щхьэр къэбгъэпцIэжын?

Белл зэхэуауэ бжьэр иригъэхъуащ. И лъыр къавэ хъунт Белл: пцIы защIэкIэ зэхэтщ шэрджэсхэр IэджэкIэ къэзыгъэгугъэ къэрал унафэщIхэр – я зы псалъи уи фIэщ пщIы хъунукъым. Хъуагъэщагъэ мащIэ щызэрахьэрэ шэрджэс гу пцIанэхэм я нэщIыбагъкIэ! Хъуагъэщагъэм и закъуэмэ, удэкIуэтэнт: утыкум къранэнущ шэрджэсхэр, бийм и хьэщхьэрыIуэдзэм Iурадзэнурэ езыхэм кIэбгъу защIыжынущ. Ара шэрджэсхэм яхуэфащэр? Хьэуэ, Белл и щхьэм къыхуигъэтIасэркъым ар: упсалъэмэ, зы жыбоIэ, уи щIыбагъ къэбгъэзэжамэ, блэжьыр нэгъуэщIщ...

– Хъунщ, Лонгворт, иужькIэ нэхъ дытепсэлъыхьынщ абы. Зыдгъэгувэ хъунукъым: хасэр къытпоплъэ.

Лонгворт къэтэджыжащ:

– СыкъызэрыкIуам сыхущIегъуэжын си гугъэкъым. Уэ сызэрыпхуэзари си гуапэщ.

Белли Лонгворти я пщэ далъхьэжар Iуэху джэгутэкъым. Уи къэралым и мурадым ущымыгъуазэмэ, тегушхуэгъуафIэ абы? Зи къарум къимыгъэгугъэр тегушхуэнукъым. Шэрджэсыр мафIэм хэтщ, псэзэпылъхьэпIэ IэнатIэ еувэлIащ. Езы тIум яхузэфIэкI къагъэнэнукъым – аращ апхуэдиз гъуэгуанэ къыщIызэпачар. Къэралым зэхимыщIыкIмэ-щэ? Утыкум кънранэнкIэ хъунукъэ шэрджэсхэр? Хэт нэгъуэщI зыщыгугъынур шэрджэсхэр? Инджылызым щогугъ – ар я плъапIэщ. Езы Инджылызым къыгурыIуэрэ ар, ил узрэ шэрджэсхэм щхьэкIэ? Аращ Лонгворти Белли зыгъэгумэщIыр. Инджылызым и щIыб къахуигъазэмэ, Шэрджэсыр ныджэм къытенащ. Тыркум сыт къахуищIэфын? Сыт къыхуащIэфын нэгъуэщIхэми? Я щхьэм и фейдэкъэ зылъыхъуэр псори? Иджыпсту къыдощI Шэрджэсым, къыхуащIэшхуэ щымыIэми, къыдэщIыфэ зытрагъауэ. Аракъэ шынагъуэр: шэрджэсхэр гу пцIанэщ, утыкум ирагъэлъадэрэ кIэбгъу защIыжмэ, унэхъуа жыхуаIэр аракъэ? Белли Лонгворти сыт яхузэфIэкIыжын итIанэ?.. Абы игъэгупсысэ хъунщ тIури – хэплъэгъуэщ я Iуэхур. Зыщ я гурыфIыгъуэр: шэрджэсхэм ядозауэ, IэщэкIэ ядоIэпыкъу, я щхьэр халъхьами, зи ужь ихьа Iуэхум епцIыжынукъым...

Белл щыгуфIыкIащ Лонгворт хуэдэ цIыху хьэрэмыгъэншэ зэрырихьэлIам: уи дзыхь ебгъэз хъунущ, укъигъэщIэхъуныфэ теткъым. КъащIэлъыр дэнэ щащIэн: я щхьэр халъхьауэ плъагъункIи мэхъу – зи ужь ихьар зэрымыIуэху джэгур къагуроIуэ тIуми. Шэрджэсхэм я Iуэхур къатекъутэжмэ, зи лажьэр езыхэракъым – а зымкIэ ягъэфI хъунущ ягу Беллрэ Лонгвортрэ. Зи лажьэр тхыдэм зэригъэзэхуэнщ...

* * *

Дзэр иришажьэри, генерал Давыдовыр гъуэгу техьащ. Захарьинымрэ Григоровичрэ здыщIигъуащ генералым, Марлинскэр быдапIэ ныкъуэщIым къыдинащ: убэлэрыгъ хъунукъым – быдапIэ ныкъуэщIым шэрджэсхэр къытеуэнкIэ шынагъуэщ, къытеуэмэ, Марлинскэм и полкыр къапэувынщ.

Плъырыр япэ иригъэувауэ, Давыдовым дзэр бгым ирешэ – бгым щхьэдэхмэ, хы Iуфэр жыжьэжкъым. Хы Iуфэм нэсыху, шэрджэсхэр къебгъэрыкIуэнкIэ мэшынэ генералыр: мэзым зыхаудыгъуауэ къещэнкIэ мэхъу – шэч хэлъкъым урысыдзэр гъуэгу зэрытехьам зэрыщыгъуазэм.

Плъырхэм ящыщ зы къыбгъэдыхьащ генералым.

– КъыфIэщIэлъэгъуаIа? – еупщIащ Давыдовыр плъырым, шыр къыжьэдикъуэри.

Генералыр къызэрытехьам гу лъитащ плъырым, пщIэнтIэпсри ирекъуэкI. ПщIэнтIэпс къекIуэнкъэ: нэхущым къришэжьащ дзэр – езыри епсыхакъым, сэлэтхэри иригъэтIысэхакъым. Гъуэгур мэзым щIокI, пщIащэр хъеймэ е чымпэ зэфIэщIыкIамэ, я псэр IуокI, къощтэри. Сэлэтхэм ящыщ зым псчэр къыхэхъыжьати, абыи зэгуигъэпащ генералыр: «ДыкъебгъэщIэнущ, емынэунэ хъун!» Псчэри псалъэмакъри пригъэчащ, ящIэкIиери.

– ЦIыхупсэ къытIэщIэлъэгъуакъым, зиусхьэн генерал! – жиIащ плъырым. – Бгы щхьэдэхыпIэм нэс зыщытплъыхьащ – зыми дрихьэлIакъым.

Генералым и фIэщ хъуакъым ар. Гъуэгу къызэрытехьэрэ къаIущIаIакъым – мэзым къытетIысхьэри заущэхуащ шэрджэсхэм, урысхэр зэрагъэбэлэрыгъынщ зэщэр, уатеплъэкъукIынкIэ Iэмал иIэкъым. УатеплъэкъукIакъэ – хьэщэхурыпхъуэм хуэдэщи, жыг къуагъым къыкъуэукIынущ, къыпхэлъэдэни тIэу еплъынукъым.

– Мэзым къыхэмытIысхьауэ пIэрэ? Гу лъыфтагъэнкъым, – еплъащ генералыр плъыр пащIацэм.

– Хьэуэ, зиусхьэн генерал. Мэзым къыхэтIысхьамэ, гу лъыттэнут. Зы мэз бжэн къытIэщIэлъэгъуащ, нэгъуэщI дрихьэлIакъым. Ди нэр жан дыдэщ – джэдум и нэм хуэдэщ.

Плъырым жиIэр пэжмэ, зиплъэфыхь хъунукъым – бгым щхьэдэхын хуейщ икIэщIыпIэкIэ. ИтIани тегушхуэркъым Давыдовыр – шэрджэсхэр къыщыппэтIысар дэнэ щыпщIэн: дзыхь яхуэпщI хъунукъым. Нышэдибэ лъандэм тетщ гъуэгу – дзэм гу къылъамыта уи гугъэ? Бзаджэщ шэрджэсхэр: къыппэтIысами, зыкъуагъэщIэнукъым – я щхьэр мэзым къыхагъэжурэ къаплъэ хъунщ иджыпсту. Щхьэ къатемыуэрэ, къапэтIысамэ? Щыбэлэрыгъыным пэплъэрэ? Ягъэбэлэрыгъынурэ къатеуэнущ – аращ зэщэр...

Давыдовыр и гъусэхэм яхуеплъэкIащ. Захарьиным и дамэр дрегъэуей. Головин зэхэуауэ исщ уанэгум. Григорович и нэр къож.

– Щхьэ фыумэзэха? Зыри жыфIэркъыми? Сытщ, жыфIа, шэрджэсхэм къытхуамурадыр? Бгы щхьэдэхыпIэм дыкъэблэгъащ – зыгуэр щхьэ къыттемыуарэ иджыри къэс?

Головин япэ зыкъригъэщащ:

– КъызгурыIуэркъым. Дэнэ деж къыщытпэтIысами, къытпэтIысауэ си гугъэщ. – Плъырым зыхуригъэзэкIащ Головин. – ФыкIуэ, иджыри зэ зыкъэфплъыхь. Нэ фыщIиIэр сыр? Гъуэгум фытекIуэти, зыфплъыхь. Зыгуэрым дыхэвгъэпкIэнщи, фи цыр фхуэтщынщ!

– Тхуэфщ, зиусхьэн! – жери къэзакъыр щIэпхъуэжащ.

Давыдовым и дзэр иришэжьэжащ. Топ шэрхъхэм я кIыргъ макъыр къуэ кIуэцIым дэтщ, сэлэтхэм ящыщ гуэр къыщепскIэ генералым и щIыфэр холъэт. Мывэ пхъэбгъухэр псыфыбзэщ, псы уэрым иуфэнщIауэ. Къуэ кIуэцIыр апхуэдизкIэ зэвщи, цIыхуитI щызэблэкIыфыркъым. Сэлэтхэм уащIэкIие мэхъу – уащIэкIиемэ, псчэри къепсри пебгъэчы-

фынущ. Шым уахэзэгъэн: мывэ лъэгур ягъэпсалъэ, щыцІантхъуэкІэ я налым хъуаскІэ къыщІолъэт. Къыр задэм удэплъеймэ, уи пыІэр пщхьэроху – къырым къыфІэмытІысхьауэ пІэрэ шэрджэсхэр? Урысхэр шытхым щихьэнум пэплъэрэ, бгыщхьэм къитІысхьауэ?

Дзэр шытхым нэсащ, щхьэдэхыпІэр къызэранэкІри ирагъэзыхащ. ТеплъэкъукІа хъункъым плъырхэр – къахуэзаІакъым, бгы щхьэдэхыпІэр къызэранэкІыху. Дэнэ деж атІэ шэрджэсхэр къащыпэтІысар? Урыс сэлэтхэр гъуэгум нэхъ щызэхиубэрэжьэнум пэплъэрэ шэрджэсхэр? Гъуэгуми зэхиубэрэжьащ Давыдовым и дзэр, шыхэри ешащи, я лъэр зэблахыжыф къудейщ: шэрджэсхэр къатеуэнумэ, игъуэ дыдэщ. КъащІытемыуэращ Давыдовым къыгурымыІуэр.

Бгым щхьэдэха нэужь, генералыр епсыхащ – дзэр гъэбэуэн хуейкъэ? И Іэлъэ хужьыбзэр зыІэрихри, Давыдовыр жыгей жьауэм хэтІысхьащ. Гъудэбадзэри етакъэ абы нэхъей – ІэлъэкІэ яхэуэ щхьэкІэ, кІэрыкІыркъым.

– ГъэщІэгъуэнщ... ГъэщІэгъуэнщ... Сыт къытхуагупсысар? Щхьэ заІэжьэрэ? – и щхьэм хуопсэлъэж генералыр, пщІэнтІэпсыр ирилъэщІэкІыурэ. Куэд зи нэгу щІэкІа цІыхущ Давыдовыр, мыпхуэдэ гъуэгуанэ Іэджэ зэпичащ. Шэрджэсхэр къащІытемыуэм щхьэусыгъуэ гуэр иІэщ, дауи, – абы шэч къытрихьэркъым генерал Давыдовым.

Захарьиным игу къихьэжа хуэдэщ, шэрджэсхэри къыфІэІуэхужкъым: щхьэдэхыпІэр къыщызэранэкІакІэ къэхъужын щыІэкъым. Зэрыдахащэ бгыщхьэр: Іэджэ щІауэ щІэхъуэпсырти, и нэкІэ илъэгъуащ Захарьиным. Шэрджэс щІыналъэр зэрыдахэр зэхихат нэхъапэми – уи нэкІэ плъэгъуам хуэдэ щыІэ!

– Ди топхэм къыщышынащ, аращ къыщІыдамыкуар, – и акъыл нэсащ Захарьиным. – Топышэр зищІысыр ящІэ хъунщ – Іэджэрэ ятеткІутащ.

Давыдовым пщІэнтІэпсыр ирилъэщІэкІри пыІэр зыщхьэрикъуэжащ.

– Сэ къызгурыІуэр зыщ: шэрджэсхэм къыттеуэн мурад яІамэ, къуэм дыкъыдагъэкІынтэкъым. Иджы сыт ящІэжын – кІасэ хъуащ: къыттеуэкІэ къытпэлъэщыжынукъым. Хэжеящ шэрджэсхэр – дызыІэщІагъэкІащ.

Захарьиныр акъылэгъу хъуащ абыкІэ:

– Я ней къытщыхуэ иджы! Гъуэгур егъэзыхыгъуэ хъуащ, хы Іуфэм дынэсыху, девмыгъэтІысэх. Къыттеуэрэ – я нэвагъуэр едгъэлъагъужынщ!

Давыдовым и гуапэ хъуащ Захарьиным и псалъэр. Офицер хахуэщ Захарьиныр – зыбжанэрэ игъэунэхуащ.

– Фытэдж-тІэ. Пшапэр зэхэмыуэ щІыкІэ дынэвгъэс хы Іуфэм. Хы Іуфэм дынэсмэ, дахуэгъэзащ!

Генералыр шэсыжащ, гъудэбадзэр къепщІэкІауэ.

Плъырхэр япэ ираутІыпщхьэри, дзэр ежьэжащ. Гъуэгури бгъуфІэ хъуащи, узэбгъурыувэмэ, нэхъ узэрыгъэгушхуэнущ. Псчэми къепсми ящІэкІиежыркъым генералыр, топ шэрхъри ирекІыргъ, шыхэри ирепырхъ – шэрджэсхэр ягъэщтэнщ.

* * *

Хасэр Адэгум дежщ щызэхыхьар. Жылагъуэхэм я лІыкІуэхэр гуп-гупурэ къокІуалІэ Адэгум, йопсыхри шыхэр яутІыпщ, езыхэм

жыг щIагъым зыщIагъэзагъэ. Псы Iуфэр хуэм-хуэмурэ яуфэбгъуащ лIыкIуэхэмрэ шу гъусэхэмрэ. Тхьэмадэхэр зэхэтIысхьа щIыкIэкъым – хасэм кърихьэлIэн хуей псори къэсакъым. ЩIалэхэм сыт хуаIуэху абы: лэгъупыIэмпIэ зэфIадзауэ мафIэм бгъэдэтщ. Куэдрэ зэхэсыну хасэр – ар зыми ищIэркъым: шы къызэдагъэжэнуми, нэщанэ зэдеуэнуми, хэтIэхэсэ зэдэджэгунуми, хущIыхьэгъуэ ягъуэтынущ щIалэхэм. Инджылыз корреспондентми ищIэн иIэщ: лъэныкъуэ зригъэзауэ зыгуэрхэр етх – илъагъур фIэгъэщIэгъуэнщ, шэрджэс хасэ и щыпэхыхьэщи. Ари сыт хуэдэ хасэ: адыгэ лъэпкъ псоми я лIыкIуэхэр кърихьэлIэнущ, Къэбэрдейм нэси къикIынущ лIыкIуэ. Хасэм и хъыбар нигъэсынщ Лондон – ар и пщэ дэлъщ Лонгворт.

Бжьамийм и джэ макъ зэхихащ Лонгворт. Хасэр щызэхэтIысхьэн хуей пIальэр къэсати, Лонгворт и тхылъымпIэхэр зэщIикъуэжащ, зэсэбауэри жыгей гуэрэнымкIэ кIуащ – жыгей гуэрэным и жьауэрат хасэр щызэхэтIысхьэнур. ЩIакIуэ хуаубгъури, тхьэмадэхэр етIысэхащ. Лонгворт шэнт щхьэгуэ къыхуагъэуващ. Ар и гуапэ хъуащ инджылыз корреспондентым: щIакIуэ хуаубгъуами, и жагъуэтэкъым, итIани, шэнтым утесмэ, къалэмыр нэхъ пхуэгъэIэрыхуэнущ. Лонгворт хасэм и хъыбар зэритхыжынур ящIэрт шэрджэсхэм – аращ тхьэмадэхэм щIыбгъуэрагъэтIысхьар; тэрмэши бгъэдагъэуващ инджылыз корреспондентым.

ЦIыху Iув къекIуэлIащ Адэгум. Жыгей гуэрэным и жьауэм псори щIэхуэнт: тхьэмадэхэм я щIыбагъ къыдэуващ – хэт шууэ, хэти шым къепсыхри шхуэмылакIэр иубыдыжауэ; нэхъыщIэхэм ящыщ гуэрхэри жыгыщхьэм къитIысхьащ.

Джеймс Беллрэ Лонгвортрэ зэбгъэдэсщ. Белл ецIыху тхьэмадэхэм я нэхъыбэр. Данил хьэжыр шапсыгъхэм я лIыкIуэщ, Чэрим-бей абэзэхэхэм я цIэкIэ хэтIысхьащ хасэм, Алсидэ-бей – бжьэдыгъухэм я цIэкIэ. Мансур-бей нэхъыжьщ, аращ хасэр зыублэнур. КIыхьлIыхь зищIакъым Мансур-бей:

– Инджылыз хьэщIэ диIэщ нобэ: Екъуб-бейрэ Алсидэ-бейрэ. ТIури Даут-бей и ныбжьэгъущ, Даут-бейщ къэзыгъэкIуар. ХъыбарыфI къытхуахьакIэ дащогугъ. Инджылызыращ дэ дызыщыгугъыр. Нэгъуэщ1 хэт дыщыгугъын?

Мансур-бей Белл зыхуигъэщхъащ:

– Уи ныбжьэгъум къытхуихьа хъыбарым поплъэ хасэр, Екъуб-бей. Хъыбарым щыгъуазэ дищIамэ, ди гуапэ хъунут.

Джеймс Белл адыгэбзэм хэгъуэзакIэт, хуэмыгъэшэрыуащэми. ХэукъуэнкIэ шынэурэ, къыдэплъеящ Белл:

– Узахуэщ, Мансур-бей. Аращ къыщIэкIуар Алсидэ-бей. Си ныбжьэгъум адыгэбзэ ищIэркъым. И псалъэр сэрэ Ислъам-Джэрийрэ къывгурыдгъэIуэнщ.

Мансур-бей арэзы хъуащ абыкIэ. Джеймс Белл Лонгворт хуеплъэкIащ:

– Псалъэ къыуатащ. УмыпIэщIащэ ущыпсалъэкIэ – уи псалъэр дэ ягурыдгъэIуэнщ. УкъэмытэджкIи емыкIу илъкъым.

Шэрджэс тхьэмадэхэм я нэр къыщытраубыдэм, Джон Лонгворт пщIэнтIэпс къекIуащ. Сыт яжриIэнур зи пащхьэ ит тхьэмадэхэм? Зыщымыгугъыпхъэм щыбгъэгугъ хъунукъым – ар ещIэ Лонгворт, апхуэдэ муради иIэкъым. Шэрджэсхэр къызэрыщыгугъри елъагъу: зыгуэркIэ къимыгъэгугъэнумэ, Инджылызым нэс къыщIикIар сыт?

– Зиусхьэнхэ! ПщӀэ зыхуэсщӀ тхьэмадэхэ! Псалъэ къызэрысхуэвгъэфэщам щхьэкӀэ фӀыщӀэ фхузощӀ, хъыбарыфӀ къыфхуэсхьын фӀэкӀа, нэгъуэщӀым сыхэтакъым. Фэри зэрыфщӀэщи, сэри Екъуб-беи Инджылыз къэралым дрилӀыкӀуэкъым, ди жэрдэмкӀэщ дыкъызэрыкӀуар...

Лонгворт и псалъэр зэпигъэури, Мансур-бей Ӏуплъащ: и гущӀэлъапсэм къиплъэ къыфӀэщӀащ шэрджэс тхьэмадэр. Псори утыку ирилъхьэфынукъым Лонгворт – абы щыгъуазэкъэ Мансур-бей, итӀани щхьэ къыжьэхэплъыхьрэ тхьэмадэхэр, я нэр къытраубыдауэ?

– Дэвид Уркарти – фэ Даут-бейкӀэ фызэджэращ жыхуэсӀэр – дэри зи ужь дитыр зыщ: инджылыз къэрал унафэщӀхэм фи Ӏуэху зэрахуэн хуейуэ я пщэ къызэрыдэхуэр зэхедгъэщӀыкӀмэ, ари мащӀэкъым. – Абы фӀигъэкӀ хъуну къыщӀэкӀынтэкъым Лонгворт асыхьэтым.

Мансур-бей зимыгъэхъейуэ щысщ, и Ӏэпхъуамбэм нэмэз щыгъэ фӀэдзауэ. И нэр къытрихыркъым Лонгворт, нэмэзщыгъэр игъажэми, къызэрыфӀэӀуэху щыӀэкъым. Тхьэмадэм, дауи, гу лъитагъэнущ Лонгворт и псалъэм зэрыхуэсакъым.

Тхьэмадэхэм зы псалъи къыпадзыжыркъым Лонгворт, псалъэм и кӀэм щиплъэнум йожьэри зэхэсщ.

Лонгворт нэхъ тегушхуащ, зыри къыщыпэрымыуэм:

– Фэ, дауи, зэхэфхагъэнщ «Виксен» кхъухьым и хъыбар. Кхъухьыр пщӀэкӀэ къищтэри, Екъуб-бей Ӏэщэ, гын, бдзапцӀэ къиишащ. Урысхэм яубыдащ кхъухьыр – абыи фыщыгъуазэщ. ЯмыунэщӀ щӀыкӀэ яубыдащ – хы Ӏуфэм урыс кхъухьхэр зэрыщызеуэр фощӀэ. Абы псалъэмакъ къригъэкӀын мурад иӀэщ Инджылыз къэралым. Псалъэмакъым къыщызэтенэн си гугъэкъым: урыс кхъухьхэм хы Ӏуфэр ябгынэн хуейуэ паубыдынущ. Шэрджэсыр хуиту бэуэжынущ итӀанэ, къэрал щхьэхуит хъуауэ аращи, Инджылызымрэ Шэрджэсымрэ зэувэлӀэнущ, я кум зыри къыдагъэхьэжынукъым...

Лонгворт и псалъэм арэзы техъуэ хуэдэщ тхьэмадэхэр – аращ езым къызэрыщыхъуар.

Шапсыгъ тхьэмадэхэм ящыщ зы, Шамыз-бей, къэтэджащ. ЛӀы гъур кӀыхьщ Шамыз-бей, и дамэм щӀакӀуэ едзэкӀащи, бгъэжь гуэр зыкъиӀэтауэ фӀэкӀа пщӀэнукъым. И инагъым хуэдэкъым и псалъэр – кӀэщӀщ, пыгъэщхъащ, зэхэпх къудейщ.

– Ди инджылыз ныбжьэгъум и псалъэр дахэщ, ауэ ӀупщӀкъым, – жиӀащ абы. – Дэ мафӀэм дыхэт зэпытщ, дыхэт щхьэкӀэ къыддэӀэпыкъуӀауэ слъагъуркъым. Псоми дыкъагъэгугъэ, къытхуащӀэӀакъым армыхъу. Мансур-бей, ди хьэщӀэм тхуелъэӀу: нэхъ белджылыуэ къыджиӀэфынуӀа? Псалъэ дыгъэлкӀэ зыдгъэнщӀащ дэ. Пэжыр къыджрыреӀэ: дыджми ӀэфӀми, пэжыр къыджиӀэмэ, нэхъ къытщхьэпэнущ.

Лонгвортрэ Беллрэ пщӀэнтӀэпсыр къапоху, я щхьэр къахуэӀэтыркъым: зи псалъэм темытыж къэралым урилӀыкӀуэныр тынш? Лонгворти Белли ящӀэ: шэрджэсхэм ягу хуэплъыркъым Инджылызым, пщӀэ хуащӀ, аращ я гугъапӀэр. Ягу къеуэр зы закъуэщ: къызэрагъэгугъэр нэхъыбэщ, къыхуащӀэм нэхърэ. Инджылыз къэралым и уэлиигъуэщ, къаруушхуэ иӀэщ, зыщӀрилъэфыхьращ шэрджэсхэм къагурымыӀуэр: хэт зыщышынэр е зыщыукӀытэр?

– Даут-бей къызэрыкӀуэ лъандэрэ Инджылыз къэралым фӀэкӀа гугъапӀэ диӀэкъым дэ, – къыщӀигъуащ Мансур-бей Шамыз-бей и псалъэм. – Илъэсищ дэкӀащ абы лъандэрэ. Лъы дымыгъэжауэ зы махуэ дэкӀакъым. Зы махуи дэкӀакъым Инджылызым дыщымыгугъауэ...

Псалъэмакъ гуэрхэр къызыпхадзащ адэ-мыдэкIэ – Мансур-бей яхуидакъым ар: и Iэр иIэтри игъэсабыращ. Мансур-бей и псалъэр нигъэсатэкъым:

– Даут-бей дызыщымыгугъын дыщигъэгугъакъым, хузэфIэмыкIынкIэ дыкъигъэгугъакъым – ар дощIэж дэ. Дигъэгушхуащ – ар пэжщ. ЩытхэкIыжым тхылъ тIихащ, адыгэ тхьэмадэхэм Iэ щIадзащ тхылъым. Тхылъым ди гукъеуэмрэ ди гугъапIэмрэ иттхащ. Инджылыз пащтыхьращ тхылъыр зыхуедгъэхьар, инджылыз пащтыхьым иратыжын хуеящ тхылъыр... Иратыжарэ ирамытыжарэ тщIэркъым.

Лонгворт плъыжь хъуащ, а псалъэр щызэхихым: и напэр сырт и къэралым щхьэкIэ. Пащтыхь пщIантIэм щызэрахъэ псом щыгъуазэкъым шэрджэсхэр, парламентым я зэхэтыкIэми щыгъуазэкъым, щыгъуазэ сщIынщ жыпIэми, къагурыбгъэIуэфынукъым – есакъым апхуэдэ хъуагъэщагъэ...

– Ди нэгу щIэкIамрэ ди фэм дэкIамрэ фыщыгъуазэщ, нэхъыбэжи тлъагъунущ дяпэкIэ. Аращ инджылызхэм дащIыщыгугъыр – зыкъытщIагъэкъуэнкIэ, дызэхащIыкIынкIэ дащогугъ, дэ нэгъуэщI плъапIэ диIэкъым. Ди гугъэр хэтхыжакъым.

Мансур-бей и нэр къытриубыдащ Лонгворт – гущIэлъапсэм нэплъыс къыщыхъуащ.

Жэуап белджылыщ шэрджэсхэр зыпэплъэр – ар къыгурыIуэртэкъэ Лонгворт: урысхэм я лъэр яубыдын мурад яIэ инджылызхэм, къагъэгугъэрэ абыкIэ хьэмэ пцIыкIэ кърашэкIрэ? Шэрджэсхэм шэч ящIкIэ емыкIу яIэкъым: къагъэгугъэ фIэкIа, къыхуащIэ щыIэкъым. «Шэрджэс комитетхэр» къыщызэрагъэпэщащ Инджылызым, ахъшэ гуэрхэр зэхадзэри зауэм и гуащIапIэм хэджэрэза шэрджэсхэм... тхылъ къыхурагъашэ – абы фIэкIыркъым. Шэрджэсхэр утыкум къызэринар ялъагъуркъэ – зэжьэр хэт? Урысейм кIуэ пэтми къажьэхекъуэзэ, щIыр зэрепхъуэ, цIыхум я щхьэр щIахьэным нэсащ. Ар къыфIэIуэхукъэ Инджылызым хьэмэрэ имылъагъуфэ зытригъауэрэ? Инджылызым фIэлIыкIамэ, Урысейр етэнтэкъым, щIэетар зыщышынэн щыIэкъыми, аращ. Шэрджэсым щхьэкIэ ил уз хъункъым Инджылызым, Iуэхум къыщыхэмыхьэкIэ, ил узамэ, къадэщIынт, IэщэкIэ закъыщIигъэкъуэнт – ар къагурымыIуэ уи гугъэ шэрджэсхэм?

ХрекIуадэ шэрджэсхэр, Инджылызым и пхъэр къикIмэ, – аракъэ инджылызхэр зэщэр? Къэрал щхьэхуещэхэм яку икIуэдэнущ Шэрджэсыр – ар къагурыIуэжрэ езыхэм? КъагурыIуэжмэ, зыщымыгугъыным щхьэ щыгугърэ?..

Псалъэ дыгъэл ебгъэдаIуэкIэ арэзы пхуэщIынукъым жыгей гуэрэным и жьауэм щызэхэтIысхьа тхьэмадэхэр. Мансур-беи едэIуэн мурад иIэкъым псалъэ дыгъэл – аракъым хасэр щIызэхыхьар.

– Дэ зыри пщыдбзыщIыркъым, ди Iуэху зытетыр уи нэкIэ плъэгъуащ. Уэри дыпщогугъ абыкIэ: пэжыр къыджеIэ. Дащыгугъ хъуну инджылызхэм? Дащыгугъ хъунумэ, дапщэщ гу къыщытлъатэнур, ял къыщытщIэузынур дапщэщ? Гъавэ тщIэ хъуркъым, ди Iуэху дыпэрыхьэжыфыркъым, ди щхьэр щIыдагъэхьащ. МафIэ къытщIадзащи, ди уни, ди лъапси хесхьэ, ди сабийм я нэпсыр гъуущыркъым. КIэ иIэнукъэ мыбы зэи? Дапщэщ «уэху» щыжытIэжынур? Ар пщIэмэ, къыджеIэ. АбыкIэ къыпщогугъ хасэр.

Лонгворт хасэм яхэплъащ: я нэр къытраубыдауэ, къоплъ псори. Щым хъуащ цIыхур, инджылыз хьэщIэм и псалъэм поплъэ тхьэ-

мадэхэр. Зи щхьэ къыфIэхуауэ хэплъэри мащIэкъым: я фIэщ хъуурэ къыщIэкIынтэкъым инджылызым и псалъэр.

– Алыхьым дыкъелъагъу. Алыхьым и пащхьэ дихьэжынущ псори, – жиIащ Мансур-бей. – Дигу уеуэнкIэ умышынэ: пэжыр къыджеIэ. Пэжым нэ ирещI жаIэ адыгэхэм. Пэжыр къыджепIэ щхьэкIэ дигу нобгъэнукъым. Абы нэхъ дыдж щымыIами, пэжыр къыджеIэ – а зыращ дызэрыпщыгугъыр.

Джон Лонгворт зэи тегушхуащ: «Захуэщ шэрджэсхэр, пэжыр яжесIэмэ, нэхъыфIщ. Пэжыр яжесIэмэ, яжесIэнуращ: Инджылызым къыфхуащIэн щыIэкъым, фащымыгугъ, фи щхьэр къэвмыгъэпцIэж, фи щхьэм фIэкIа фызыщыгугъын фиIэкъым...» Ар игу къихьэри, пэжыр утыку кърилъхьэн мурад ищIауэ, къызэфIэуващ Лонгворт. Абы гу лъитагъэнщ Джеймс Белл: Лонгворт и пэ зыкъригъэщри къэтэджащ, и ныбжьэгъум Iэ хуищIри. Белли гумащIэ къызэрыхъуам гу лъатащ тхьэмадэхэм.

– Фи деж сыкъэзыгъэкIуар Даут-бейщ, – жиIащ Белл. – СыкъыщыкIуэм, зызумысыжынщи, нэгъуэщI мурадщ сиIар. Фэри зэрыфщIэщи, сэ сысатуущIэщ, сату вдэсщIын фIэкIа, нэгъуэщI Iуэху сыпылъакъым – пцIыр сыткIэ щхьэпэ? – Белл, и псалъэр зэпигъэури, жьыр и бгъэм щыз ищIащ, Талъустэни хуеплъэкIащ: «Зы псалъэ думыгъэху, жысIэр ягурыгъаIуэ». – Сыкъыфхыхьэри слъэгъуащ мафIэм фызэрыхэтыр, хьэзаб тIуащIэ зэрыфтелъыр. Си нэгу щIэкIащ фи бийм къывищIэр. Слъагъури, си фIэщ хъуащ фэ фызэрызахуэр, лей къызэрыфлъысыр. Фи щхьэмрэ фи хэкумрэ я хуитыныгъэщ фэ фызыщIэзэур – ар хьэкъ сщыхъуащ сэ. Ар гурэ псэкIэ зыхыдощIэ дэ, инджылызхэм.

Лонгворт игукIэ акъылэгъу дохъу и лъэпкъэгъум, и щхьэр ещI Белл и псалъэм зэдеаIуэм. ЖыжьэIуэ хэмыхьауэ пIэрэ Джеймс Белл – аращ Лонгворт щIэгузавэр. Уигу илъ псор щыжыпIэ хъурэ мыбдеж – а псор зэхэзымыхыпхъэ гуэрхэри кърихьэлIагъэнкIэ мэхъу хасэм. КуууIуэ зебгъэщIмэ, псалъэ кIапэр зэщIэкъуэжыгъуафIэкъым...

– Псалъэ дыгъэл фезгъэдэIуэнкъым сэри, – пищащ Белл и псалъэм. – Фызыщымыгугъын фыщызгъэгугъынкъым. Фи гугъэр тхьэм къыфхуищIэ, фыщымыуауэ тхьэм къыщIигъэкI. ВжесIэнур зыщ: си лъэпкъэгъухэм фыкъагъэпэжынкIэ сащогугъ. Сащогугъ фызэхащIыкIынкIэ. Iэщэ къыфхурагъэшэнкIэ сащогугъ. Шэрджэсыр къэрал щхьэхуитщ – ар зэхащIыкIынкIэ сащыгугъынущ си лъэпкъэгъухэм.

Белл и псалъэр ягу ирихьащ тхьэмадэхэм.

– Абы шэч къытесхьэтэмэ, фи хэкум сыкъинэнтэкъым, – жиIащ Белл, и макъ нэхъ зригъэIэтри. – Ар си нэкIэ сымылъэгъуауэ, фи хэкум сикIыжынкъым. Си псэр пытыху, сывдэзэуэнщ, фи ужь зыкъизгъэнэнкъым, фяпэ симыщмэ.

АбыкIи акъылэгъу хъуащ тхьэмадэхэр.

– Абы щIызгъужынуращ, – жиIащ Белл, – мы си ныбжьэгъум къыздиша бдзапцIэмрэ гынымрэ фызот – бдзапцIэри гынри сысейщ, сщэн щхьэкIэт къыщIэсшар. Сщэнукъым – псори фызот.

Мансур-бей и щхьэр къызэримыIэтым гу лъитащ Лонгворт: Белл и псалъэм емыдаIуэ хуэдэщ, зэрешари, зыгуэрым зэригъэгумэщIри нэрылъагъущ – хьэмэрэ уIэгъэ зэрытелъыра? Сытми, и щхьэр и жагъуэщ Мансур-бей, и гур Белл и псалъэм IэфI къищIауи фэ теткъым.

Белл и псалъэр нигъэса нэужь, Мансур-бей и щхьэр къиIэтащ:

– Тхьэм уигъэпсэу бжыдоIэ: бдзапцIэри гынри къытщхьэпэнущ, абы нэхъ дызыхуэныкъуэ щыIэкъым иджыпсту. Ди хьэщIэ зауэм хэтшэ ди хабзэкъым дэ, хьэщIэр тхъумэн хуейуэ аращ ди пщэ дэлъыр. Iэджэ щIащ урысхэм зауэ къызэрыдащIылIэрэ: иджыри къэс дакъыпикIуэтакъым, дяпэкIи дакъыпикIуэтын ди мурадкъым. ДакъыпикIуэтынукъым, Iэщэри дгъэтIылъынукъым, инджылызхэр къыткъуэмыувэми. ЛIыфI Iэджэ хэкIуэдащ зауэм, зы хэкIуэдамэ, хэкIуэдам и пIэ тIу иувэфынущ – Iэщэ къэзыщтэфын ди мащIэкъым, тхьэм и шыкуркIэ.

Тхьэмадэхэм я щIыбагъ къыдэт щIалэ жанхэм яхоплъэри, Лонгворт шэч къытрихьэркъым Мансур-бей и псалъэр зэрыпэжым: я къамэ Iэпщэр якъузауэ, иувыкIащ адыгэ шууейхэр, «Фышэс!» щажепIа дакъикъэм хьэзырщ, зэдилъын къудейщ.

Мансур-бей зы псалъэ къыщIигъужащ:

– Гын уимыIэмэ, фочыр сытым и пэрмэн? Фочыр щыдиIэгъуэджэм сэшхуэм дризэуэнщ! Сэшхуэрэ къамэрэ диIэху, джаурхэм зеттынкъым!

Белл и псалъэм щIигъужаIакъым Лонгворт: и гум къишхыдыкIащ, абы нэхъыби нэхъыфIи пхужыIэн! Беллрэ Мансур-бейрэ я псалъэм къызэщIигъэплъащ тхьэмадэхэри, тхьэмадэхэм я щIыбагъ къыдэт щIалэхэри – нэхъыбэм къабыл ящIащ Беллрэ Мансур-бейрэ я псалъэр. Къабыл зымыщIаи яхэтщ, дауи, – абыи гу лъитащ Лонгворт. Къабыл зымыщIахэр, я нэщхъыр зэхалъхьауэ, къажьэхоплъэ Беллрэ Лонгвортрэ: псалъэ дахэ я щыпэзэхэхкъым, яфIэIэфIыжкъым псалъэ дахэмрэ псалъэ дыгъэлымрэ. Лонгворт къыздиша бдзапцIэмрэ гынымрэ зы тхьэмахуэщ узэрырикъунур – нэхъыбэ уигъэхьынукъым.

– Уи псалъэр ягу ирихьа хуэдэщ, – жиIащ Лонгворт, Белл зыхуригъэзэкIри. Зигу иримыхьаи яхэтщ – абы гу лъитэнтэкъэ Белл: гупгуп зэрыгъэхъужауэ, цIыхур зэхэтщ, зэдауэурэ къызэрыгъэплъи яхыболъагъуэ, абы фIэкIмэ, зэхэлъэдэжынри хэлъщ.

Инджылыз хьэщIэхэр хасэм яхишыжын мурад ищIагъэнт Мансурбей: нэмэз щыгъэр и жып ирилъхьэжащ. Лонгворт къыгурыIуакъым: щхьэ яхэмыпсэлъыхьрэ Мансур-бей – цIыхур къызэрыгъэплъыным нэсащ, Мансур-бей и псалъэ яхилъхьэмэ, я пIэ итIысхьэжынщ. Белл къыфIэIуэхуакъым ар: и щыпэлъагъу хъунтэкъым – зэсагъэжщ.

– НакIуэ, си ныбжьэгъу, – жиIащ Белл. – ДахэгъэкIи, лъэныкъуэ зедгъэгъэз, зэран дахуэхъункъым.

Белл и ныбжьэгъур хасэм къахишыжащ.

– Сынопсэлъэн хуейщ. НакIуэ, тIэкIу къэткIухьынщ. Модэ мо Iуащхьэм нэс – плъагъурэ? Нэхъ иужьыIуэкIэ дахыхьэжынщ...

Белл, и Iэр и щIыбкIэ щызэридзэри, IуащхьэмкIэ иунэтIащ. Белл и ужь иуващ Лонгворт. Iуащхьэ щыгум ихьэху, тIуми зы псалъэ жаIакъым. Iуащхьэм нэсри, жыгей жьауэм хэтIысхьащ Беллрэ Лонгвортрэ.

– Шэрджэсхэм уадэзэуащ уэ, – жиIащ Лонгворт. – Я зэуэкIэм ущыгъуазэщ. Сыт я зэуэкIэ? ЗылI унафэ еувалIэрэ, зыр зым едаIуэрэ, зыр зым фIэлIыкIрэ? Дзэм хабзэ гуэр хэлъын зэрыхуейм ущыгъуазэщ. Яхэлъ апхуэдэ хабзэ? – Нэхъ белджылыуэ жиIамэ, Лонгворт зыщIэупщIэр нэгъуэщIт: гугъапIэ яIэ шэрджэсхэм, я къарур пэлъэщыну урысыдзэм?

Белл пыдыхьэшхыкIащ.

– Уэ узыщIэупщIэм хуэдэ хабзэ яхэлъкъым шэрджэсхэм, дзэм хабзэ гуэрхэр щызекIуэуи ящIэркъым, я пщIыхьэпIэ къыхэхуэркъым. ЗэуапIэм ихьамэ, зыр зым едэIуэжыркъым, цIыхуитI зэрымылъагъуж

пэлъытэщ, щхьэж и щхьэр зэрыхихынщ зыхэтыр. Я пашэм едэIуэн зэрыхуейр ягу къэкIыжыххэркъым, зауэм Iухьамэ: щхьэж фIэзахуэр и гъуэгущ, щхьэж зэрыфIэтэмэмым пхутекIынукъым. УатекIиекIэ, ащIэгубжьэкIэ къикIыни къыпхуащIэни щыIэкъым: къодэIуэнукъым. Ар дзэ хъурэ? Дзэм хабзэ хэмылъмэ, Iэхъушэм хуэдэщ – ар уэри уощIэ...

– Нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ...

Лонгворт и псалъэр зэпиудащ Белл:

– Нэхъ белджылыуи бжесIэфынущ – уэ дэнэ сыпхьыжын? Сэ схуэмышэчыр сыт жыIэт: уи щхьэ-си щхьэ нэхъ, си щхьэ гуэр – аращ я зэхэтыкIэр. Зым и щхьэр адрейм хуигъэлъэхъшэнукъым, зыр зым хэзагъэркъым, зыр зым едаIуэркъым. Я унэ щисым деж я нэхъыжьри я нэхъыщIэри щхьэхуэщ, щхьэж и тIысыпIэрэ и увыпIэрэ ещIэж. Зауэм Iухьакъэ – ар ящогъупщэ, хабзэ яхэлъауи пщIэжынукъым. Нобэ хуэдэ щызэдауэр? Зы лIым и унафэ щеувалIэ махуэкъэ нобэ? Хьэуэ, ар къагурыIуэркъым, зым нэхърэ адрейр нэхъ лIыфIщ, нэхъ губзыгъэщ. Яхэплъэт мо хасэм: зэхэувэжауэ зодауэ, зэщыхьэжауэ плъагъункIи мэхъу. Ара иджыпсту зи чэзур? Урысхэр хуэм-хуэмурэ къокIуатэ, махуэ къэси къыжьэхакъуэзэ – ар ялъагъуркъэ? Ялъагъуркъым е ямылъагъуфэ зытрагъауэ. Урысхэр аращ зыхуейр: мохэр зодауэри зэхэтщ, зэхэувэжауэ, зым жиIэр адрейм зэхищIыкIыркъым, зэхищIыкIынуи хуейкъым, апщIондэху урысхэм зыхуейм я Iэр трагъахуэ... Зыми дзыхь хуэсщIакъым апхуэдэ псалъэ, уэращ япэ зыжесIэр. Си гугъэр хэсхыжыным сынэсащ. Абы тетмэ, куэд ирагъэкIунукъым шэрджэсхэм. ЛIыгъэ къудейкIэ къэпхьыжын щыIэкъым иджы, лIыгъэм хабзэмрэ акъылымрэ щIыгъун хуейщ – ар къагурыIуэркъым шэрджэсхэм. Аращ си жагъуэ хъур.



Щым хъужри, Белл зыбжанэрэ щысащ, хасэмкIэ плъэуэ.

– Мес, плъагъуркъэ я зэхэтыкIэр? – и Iэр ищIащ Белл, хасэмкIэ здэплъэм.

Iуащхьэм утесмэ, хасэм уахоплъэ: гуп-гупурэ зэхэувэжащи, я Iэ-я лъэр ящI, я сэшхуэхэр дыгъэм полыд, я цей къуащIэр я бгырыпхым даупщIауэ, зыр зым йодауэ. Хасэм зы шу къазэрыхыхьам гу лъатащ Беллрэ Лонгвортрэ. Шур епсыхри, тхьэмадэхэм яхэуващ, и Iэ-и лъэр ищIурэ зыгуэрхэр зэрыжиIэр уолъагъу. Тхьэмадэхэр къызэрелIалIэ щыIэкъым шум – абыи гу лъатащ Беллрэ Лонгвортрэ: нэхъыбэм Iуагъэзэзык Iыжащ, лъэныкъуэкIэ щызэхэтIысхьэжащи, щIыхэплъэр тхьэм ищIэнщ...

– ЛIыгъэ яхэлъщ, лIыгъэкIэ къикIуэтынукъым, – жиIащ Белл. – Нэхъ хахуэ бгъуэтынукъым. ЗэгурыIуэркъыми, аращ сигу къеуэр. ЦIыхур зэзыгъэдэIуэфын къахэкIыркъым.

Ар игъэщIэгъуащ Лонгворт:

– Мансур-бей, Чэрим-бей – сыт я лажьэ абыхэм? НэгъуэщI шу пашэхэри соцIыху. Абыхэми зрагъэдэIуэфынукъэ?

Белл и Iэр и лъэгуажьащхьэм щызэридзащ, заулрэ хэгупсысыхьри, и щхьэр къиIэтащ:

– НэгъуэщI хэку къыщалъхуатэмэ, Мансур-беи Чэрим-беи къэрал унафэщI е дзэпщышхуэ хъунри хэлът. Шэрджэсым щыхъунукъым. Жагъуэгъум ягъэкIуэнукъым. Я къарум къихьынукъым... ЦIыхур ирагъэувэлIэфынукъым я унафэм: зым нэхърэ зыр нэхъ губзыгъэщ, лIыфIыгъуэ зэригъахуэркъым – хэт къодэIуэн? – Белл хасэмкIэ плъащ. – Мес, уи нэгу щIэкIыркъэ: сыт и къару Мансур-бей? Дапщэри зэхрехьэ хасэр – зы унафэм траубыдэфынукъым. Аращ дапщэщи:

зэгурымыIуауэ зэбгрокIыж. ПщIэншэрыпсалъэ мэхъу нэхъыжьри нэхъыщIэри – зы унафэм еувалIэркъым.

Ар и жагъуэ хъуащ Лонгворт: апхуэдэ хъыбар дауэ тебдзэн «Таймс»-м? Тебдзэмэ, зэран хъун фIэкIа, сэбэп хъунукъым. Лонгворт къызыкIэлъыкIуар нэгъуэщI хъыбарщ...

– Зыгуэр тхухэщIыхьынкъэ жызоIэ Iуэхум? ЗэрытхузэфIэкIкIэ дыхэлIыфIыхьынщ – аракъэ Дэвид Уркарт ди пщэ къыдилъхьар? Дзэр зым и IэмыщIэ илъын хуейщ, зы унафэ емыдэIуауэ, дзэм хузэфIэкIын щыIэкъым – ар къагурыдгъэIуэфынкъэ?

Белл шэч къытрехьэ абы, и фIэщ хъуркъым шэрджэсхэр зы унафэм пхуегъэувэлIэну:

– Урысыдзэм къыхэкIуэсыкIыурэ шэрджэсхэм къахыхьэр мащIэкъым. Полякщ нэхъыбэр. СоцIыху, сарихьэлIащ. Ахэри ятеплъэ хъуркъым урысхэм, шэрджэсхэм ядозауэ, яхузэфIэкI щыIэкъым армыхъу: шэрджэсхэр зэкъуагъэувэфыркъым – аращ щIахузэфIэмыкIыр. Абы тетмэ, ягу зэщыуэнурэ, полякхэми я щхьэр щIахьэжынущ.

– Ди дзэр дапщэрэ къыщызэхакъута Индием: шэрджэсхэм хуэдэкъэ ди дзэр къызэхэзыкъутар? – игу къигъэкIыжащ Лонгворт.

– ЗэуапIэм къикIыжамэ, зэбгрыжыжыртэкъыми, аращ ди дзэм къыщIыпэщIэтыфар – Индием и гугъу пщIымэ. Шэрджэсхэр зэуапIэм къикIыжакъэ – щхьэж и унэ бжэн лъакъуэщ: хасэм и унафэкIэ зэхуэпшэсыжыху, я унэ исынущ, епсыхыжынурэ.

Лонгворт акъылэгъу хъуакъым абыкIэ:

– МащIэ щIауэ езауэрэ шэрджэсхэр урысыдзэм: щапхъэ къыхахын хуейкъэ? Урысыдзэм дэплъеинщи, езыхэми унафэ гуэр зэрахэлъын хуейр къагурыIуэнщ, зы лIым и IэмыщIэ илъ дзэ зэхашэнщ – и чэзу хъуакъэ, жызоIэ, абы? Лъэпкъ зыбжанэ мэхъу шэрджэсхэр, псори зэкъуэмыуvauэ я Iуэхум къикIынIакъым – ар къагурыIуэнкъэ? Дагъыстан лъэпкъхэм я акъылыр нэсащ абы, Щамил и бэракъым щIэуващ. Шэрджэсхэр щIэувэфынкъэ зы бэракъ? Сыт абы ямылейуэ хэлъыр?

Лонгворт пэрыуэн мурад иIагъэнщ Белл – хунэсакъым: Талъустэн къабгъэдыхьащ. Къабгъэдыхьэри, и псалъэр зэкIэлъигъэпIащIэурэ, зыгуэр къыжриIащ Белл.

– Сыт ар? – щIэупщIащ Лонгворт.

– НакIуэ, хасэм дахыхьэжынщ, – жери Белл къэтэджыжащ.

Беллрэ Лонгвортрэ Iуащхьэм къехыжащ.

– Нэгъуей Исмел къахыхьауэ хасэр егъэутхъуэ, пцIы къыттрелъхьэ, Дэвид Уркарти егъэкъуаншэ, – жиIащ Белл, жыгей гуэрэным нэблэгъэжауэ.

– СыткIэ зэригъэкъуаншэр?

– Урысхэм я бзэгузехьэщ, жи, Даут-бей. Къаумысати, аращ Истамбыл щIыдашыжар, жи. Уэрэ сэри драбзэгузехьэщ урысхэм – аращ Нэгъуей Исмел хасэм яжриIэр.

Лонгворт и жьэр Iурыхуащ: уигу фIы щыщIэнт, апхуэдэ зэхэпхауэ?

– Сэ си гугъар аратэкъыми... – Лонгворт Талъустэн и Iэблэр иубыдащ. – Сэфар-бей къитхам щыгъуазэкъэ хасэр?

– Сэфар-бей къитхари иIыгъщ, хасэр щыгъуазэ ищIакъым иджыри, – жиIащ Талъустэн, Лонгворт зэрыгузэвар илъагъури. – ФыщIэшынэн щыIэ си гугъэкъым.

Белл нэхъ хуэм зищIащ, жыгей гуэрэным щынэблэгъэжым. Ари зэрыгузавэм гу лъитащ Талъустэн.

– Талъустэн, япэ ищи, Мансур-бей тхужеIэ: пцIы ттезэгъэнукъым, хасэм дахыхьэжмэ, псалъэ къытлърегъэс. Къуаншэмрэ захуэмрэ хасэм зэхигъэкIынщ, псалъэ къытлъагъэсмэ. – Талъустэн ящхьэщыкIуэта нэужь, Белл и псалъэм къыщIигъуащ:

– Мансур-бей утыкум дыкъринэн си гугъэкъым. Псалъэ къытлъигъэсмэ, нэгъуэщI дыхуейкъым.

Лонгворт и плIэр зэхуишащ:

– Зыри къызгурыIуэжыркъым.

– Нэгъуей Исмел ди лъабжьэр къетI – абы къыбгурымыIуэн хэлъ? Апхуэдэ си щыпэлъагъукъым – узыгъэулъиин бгъуэтынкъэ? Хасэм и пащхьэ иувэрэ къавэмэ, ар нэхъыкIэщ. ТщIари длэжьари псыхэкIуадэ хъуащ, Нэгъуей Исмел и псалъэм цIыхур дишэхмэ. Ди щхьэр хыдагъэлъхьэнкIи мэхъу...

Белл пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIащ – пщIэнтIэпс къыпхихунтэкъэ апхуэдэпцIым! Напэ зимыIэм сытри къыуипэсыфынущ: пцIы къыщIыптрилъхьэр езым ещIэж – зыгуэр зэрехъэ, дауи. Зэрихъэр сыткIэ пщIэн? Урысым я бзэгузехьэ къаумысмэ, шэрджэсхэм зы унафэщ яIэр – уи гъащIэр бухащ. ПщIэнтIэпс къыпхэзыхунукъэ ар?..

– Дэвид Уркарт Лондон зэрыраджэжам фIы къытхудэкIуэнукъым дэ, си ныбжьэгъу. Ираджэжам къыщанэн уи гугъэ – зы къулыкъуи къыхуагъэнэнкъым. Лорд Понсоби къыдэщIын си гугъащ Дэвид – абыи къигъэщIэхъуащ, къызэрыщIэкIымкIэ.

Хасэм и пащхьэ иувэмэ, Беллрэ Лонгвортрэ я псалъэр я фIэщ хъунрэ мыхъунрэ хэт зыщIэр – хэплъэгъуэщ я Iуэхур. Дэвид Уркарт утыкум къранащ, утыкум къинэнкIэ хъункъэ езы тIури – абы имыгъэгупсысапIэр иIэтэкъым Белл. ЩIагъуэкъым Дэвид Уркарт и Iуэхур, езыхэр зыхэхуари нэхъ щIагъуэкъым.

– Дэвид Уркарт цIыху къабзэщ, и гум хьэрэмыгъэ илъкъым – аращ хуамыдар, – жиIащ Белл. – ХузэфIэкI яхуилэжьащ шэрджэсхэм – иригъэлеяуэ къащыхьуащ, куэдыIуэ трилъхьащ и щхьэм – ар къыпхуадэн? Ер вы бжьакъуэм къокI жаIэ шэрджэсхэм. Вы бжьакъуэм хуэдэкъэ «Виксен»? – аращ ер къызэрыкIар. Уркарт и IитI зэтридзэжын си гугъэкъым: парламентым псалъэмакъ къыщиIэтауэ плъагъунщ.

– Ар дэгъуэкъэ! И пхъэ кърагъэкI закъуэмэ... Хаутэфынущ: тIасхъэкъым пэщIэщIэгъу ищIар.

Белл и Iэблэр иубыдащ Лонгворт:

– Шэрджэсхэр куэдкIэ къэбгъэгугъащ, Белл. Къызэрыбгъэгугъа псор яхуумыщIэфкIэ узыгъэкъуэншэн щыIэкъым...

– Куэдрэ зыщыпIэжьэн уи мурад мыбы? – еупщIащ Белл и ныбжьэгъум, жэуап иритыным и пIэкIэ. – Ар сщIамэ, си гуапэт. СызэхэпщIыкI си гугъэщ.

Шынауэ фэ теткъым Белл – щIэгузэвэн къуэлъкъым: пцIым лъакъуэ зэрыщIэмытыр ещIэ Лонгворти. ЕщIэ Белл къикIуэтыжхэми зэращымыщыр. Лонгворт нэхъ къэрабгъэ? Утыкум къринэнкъым и ныбжьэгъур, езым и щхьэр хилъхьами. Аракъэ Шэрджэсым къыщIэкIуар! Хьэхэбасэ гуэрым пцIы къатрилъхьамэ, кIэбгъу зищIыжын хуей? Хьэуэ, ар Лонгворт и напэм езэгъынукъым, хузэфIэкIынукъым апхуэдэ. Хилъэфэнумэ, тIури хрырелъафэ: ныбжьэгъур утыкум къизынэм ящыщкъым Лонгворт...

– Си псалъэм сепцIыжыркъым. ЖысIам сытетщ: зыгуэр къыдэмыхъулIауэ, Шэрджэсым сикIыжынукъым. Парламентым и щIыб къытхуигъэзэн си гугъэкъым. Дэвид Уркарти тIысыжынукъым – ар

хьэкъщ сэркIэ. Лорд Палмерстон хуеймэ, Тыркур зауэм къыхишэфынущ. Тыркури зауэм къыхыхьэмэ, Урысейм дыпэщIэувэфынущ. ДыпэщIэувэфын къудейкъым – идгъэкIуэтыфынущ: Шэрджэсым и пхъэр къикIащ итIанэ! Дэ тхуэдэм хуэныкъуэщ Шэрджэсыр иджыпсту – дахэкIыж хъурэ! Шэрджэсым и лъэр увыжмэ, уи сатури зэфIэувэжынущ, Белл. Сэри хъыбар Iэджэ тездзэнкъэ «Таймс»-м!

Лонгворт щIихьэIуауэ къыщыхъуащ Белл, итIани пэрыуакъым:

– Сату зэрыпщIын я мащIэкъым шэрджэсхэми инджылызхэми...

Ислъам-Джэрий къапежьащ Беллрэ Лонгвортрэ: инджылыз хьэщIэхэр гузэвэгъуэ зэрыхэхуам щыгъуазэ хъунт ар.

– ФыщIэгузэвэн щыIэкъым, си къуэшхэ, – жиIащ Ислъам-Джэрий къабгъэдыхьэри. – Нэгъуей Исмел и пцIым лъакъуэ щIэткъым. ПцIы имыупсмэ, ишхыр и дзажэм дыхьэркъым Нэгъуей Исмел... Сэфар-бей къыфщотхьу тIуми, фи хъыбарыфI къахуитхащ хасэм. Мансур-бей сыкъыфпригъэжьащ: фыщIэгузэвэн щыIэкъым. Нэхъ къэфщтэнумэ, хьэщIэщым фихьэж хъунущ – хасэм фыныхэмыхьэжкIэ ягу къеуэнукъым.

Белл и гур къихьэжащ:

– Зыдгъэпсэхумэ, ди жагъуэкъым. Хасэр къытхуэмеймэ, хьэщIэщым дихьэжынт...

Ислъам-Джэрий хасэм яхыхьэжащ, Беллрэ Лонгвортрэ, ягу зэгъэжауэ, хьэщIэщым ихьэжащ.

* * *



Пшапэр зэхэуэху, зэхэкIакъым хасэр. Пщыхьэщхьэм хьэщIэхэм Iэнэ къыхуащтащ. Iэнэм здыпэрысым, Лонгвортрэ Ислъам-Джэрийрэ псэлъэгъу зэхуэхъуащ. Наполеон и хъыбар къигъэхъеящ Лонгворт. Дзэпщ цIэрыIуэм и хъыбарым дихьэхащ Ислъам-Джэрий. Ар гъэщIэгъуэн къыщыхъуакъым Лонгворт – шэрджэсхэм яфIэфIщ апхуэдэ хъыбар. Лонгворт игъэщIэгъуар нэгъуэщIщ: Ислъам-Джэрий зыбжанэрэ щIэупщIащ француз дзэпщым и зэуэкIэм, и хъуагъэщагъэхэм. Шэрджэс шу пашэр дэзыхьэхыпар топкIэ зэрызауэ щIыкIэрщ – француз дзэпщым абы пищI зэрыщымыIар фIэгъэщIэгъуэн хъуащ. Топым и мафIэм къыпэлъэщын зэрыщымыIэр нэрылъагъу ищIыфащ француз дзэпщым: дунейм и зэхуэдитIыр къиубыдыфамэ, аращ зи фIыгъэр. Шудзэр пэхъун топым и мафIэм – езы Ислъам-Джэрий игъэунэхуащ ар...

Пщэдджыжьым жыыуэ зиужьащ Лонгворт: азэн джэ макъым къигъэушри, пщIантIэм дыхьащ. Дыгъэр мэзым къыхэплъа къудейщ, цIыхубзхэм жэм яш, щIалэ цIыкIухэр уэрамыпэм щызэхэтщ, Iэхъуэр кIий-гуоуэ ипщэкIэ къох, шыхэр псафэ яху.

Лонгворт зитхьэщIри хьэщIэщым ихьэжащ: дыгъуасэ илъэгъуамрэ зэхихамрэ итхыжын хуейщ хасэр зэхэмыхьэж щIыкIэ.

Къулъшыкъушхуэм деж зэхыхьэжащ хасэр. Унафэ гуэр ящIын хуейщ нобэ – упсалъэкIи, узэдауэкIи, узэхуилъкIи Iуэхур зэфIэкIынукъым.

Беллрэ Лонгвортрэ я тIысыпIэ яубыдыжащ.

Тхьэмадэхэр я пIэ изэгъа нэужь, Мансур-бей и куэщIым илъ фэ чысэм тхылъымпIэ кърихащ.

– Сэфар-бей Истамбыл къритхыкIым щыгъуазэ фыхуэсщIынщ. Мыр Сэфар-бей и тхылъщ.

Тхылъыр тыркубзэкIэт Сэфар-бей къызэритхар. Тыркубзэм къеджэурэ, адыгэбзэкIэ зэредзэкI Мансур-бей.

Беллрэ Лонгвортрэ я тхьэкIумэр ягъэкIащ.

– Инджылыз лIыкIуэм хуэзащ Сэфар-бей. Хуэзэри ечэнджэщащ. Сэфар-бей къитхыращ. Япэрауэ, урыс инэралым деж лIыкIуэ дгъэкIуэн хуейщ. Урыс инэралым зауэр игъэувыIэмэ, итIанэ депсэлъэнущ. Зэ вгъакIуэрэ фыхэмызагъэмэ, тевгъаззэ, жи, тIэу вгъакIуэ, щэ вгъакIуэ, жи. Урыс инэралым зауэр игъэувыIэн идэмэ, дэри Iэщэр дгъэтIылъынущ. Дыщызэпсэлъэнур дзэр Псыжь зэпрашыжрэ ди лъахэм къращIыхьа быдапIэхэр якъутэжмэщ. ДызэгурыIуэху, зауэр дублэжынукъым дэри урысхэми. Ар етIуанэущ. Ещанэрауэ, инджылыз лIыкIуэм дыкъегъэгугъэ дяку къыдыхьэнкIэ: урысхэмрэ дэрэ дызэпсэлъэху, Iэжьэгъу хъунущ...

Зан и къуэ Сэфар-бей къахуитхам хасэр арэзы техъуауэ къафIэщIащ Белли Лонгворти – я нэгум къищырт ар, я псалъэмкIи къапщIэрт.

– Дэгъуэкъэ!.. ЛIыкIуэ дгъэкIуэн хуеймэ, дгъэкIуэнщ... Ди деж зыри къыщынэнукъым...

– Зэ фымыпIащIэт, – жери Мансур-бей и щхьэр къиIэтащ. – АдэкIи къитхыращ... ЛIыкIуэр щэнейрэ дгъакIуэрэ урыс инэралым дыхэмызагъэмэ, абыкIэ хъыбар едгъэщIэн хуейщ Истамбыл дэс инджылыз лIыкIуэм... Аращ Зан и къуэм къитхыр.

Мансур-бей, тхылъыр и куэщI ирилъхьэжри, Беллрэ Лонгвортрэ яхуеплъэкIащ, тхьэмадэхэми яхэплъащ. Тхьэмадэхэм Сэфар-бей и тхылъым тепсэлъыхьын щIадзакIэт.



– Лорд Понсоби хэлIыфIыхьауэ къысфIощI, – жиIащ Лонгворт, Белл зыхуригъэзэкIри. – Дауэ уеплърэ?

Белл и дамэр дригъэуеящ. Хэт хэлIыфIыхьами, Сэфар-бей къитхам щыгуфIыкIащ Белл – ари Iейкъым, нэхъыбэкIэ гугъами.

– ЛIыкIуэм и закъуэ акъылкъым ар, дауи. Лондон и Iизын хэмылъамэ, лIыкIуэр абы тегушхуэнтэкъым. Дэ щхьэ хъыбар къыдамыгъэщIарэ? ЛIыкIуэм и тхылъ къытIэрыхьэн хуеящ дэри...

– Сэфар-бей шэч хуэпщIрэ?

– Шэч хуэсщIри сыт... – къригъажьэри и псалъэр щIилъэфыжащ Белл.

– Сэфар-бей къитхыр лIыкIуэм къыбгъэдэкIамэ, телъыджэкъэ! Лондон Шэрджэсыр илъытауэ аращ абы къикIыр! Инджылызым и пщэ ар дилъхьэжамэ, Шэрджэсым и пхъэр къикIащ.

Белли Лонгворти я фIэщ хъуркъым я къэралым апхуэдэ лъэбакъуэ ичынкIэ. ФIэщ хъугъуейщ ар, хъыбарыфIыIуэщи. Апхуэдэ чэнджэщ шэрджэсхэм къарихьэлIэр пэжмэ, Инджылызыр зыщIэгупсысыжауэ аращ, мафIэ лыгъэм хэт бгырысхэм къакъуэувауэ плъытэ хъунущ. Тхьэм пэж ищI ар...

Тхьэмадэхэм ящыщ зы, Данил хьэжы, къэтэджри Iэдакъэжьауэ ищIащ:

– Мы слъагъур хэт? Тхьэ соIуэ КъазбэчкIэ!

Жыгей гуэрэным шууищ къызэрыхыхьар ялъэгъуащ Беллрэ Лонгвортрэ: зыр шы пцIэгъуэплъ тесщ, зыр уанэкъуапэ къыкъуэщыркъым, зыр щIалэ сырыхущ.

Шухэр кърагъэпсыхащ, пежьэри. Шы пцIэгъуэплъ теса лIыр тхьэмадэхэм яхыхьащ, щIалэ цIыкIумрэ щIалэ сырыхумрэ икIуэтыжри шхуэмылакIэр яубыдыжащ.

Лонгвортрэ Беллрэ ирагъэцIыхуащ Къазбэч.

– Даут-бей къигъэкIуащ тIури. Даут-бей и ныбжьэгъущ.

– Хъарзынэщ. – Абы къыфIигъэкIакъым Къазбэч, инджылыз хьэщIэхэм я Iэр иубыдри зэпиплъыхьащ. Белли Лонгворти я пIэм иткIухьын къафIэщIагъэнщ шууей цIэрыIуэр къащыIуплъэм: и щхьэкIэ ялъэгъуауэ ямыцIыхуми, и хъыбар куэд зэхахауэ ящIэрт Къазбэч зэрылIы пхъашэр. Зы шапсыгъ жыли дыхьагъэнкъым Беллрэ Лонгвортрэ къэбэрдей шу пашэм и хъыбар щызэхамыхауэ. «Аслъэным хуэдэщ» – арат дэни щызэхахыр. Апхуэдэ цIыхум и пащхьэ уиткIухьыныр зыхуэIуа щыIэкъым.

– Шууейщ, шыщхьэмыгъазэщ, пщIэ зиIэ цIыхущ! АпхуэдэлIи! АпхуэдэлIым уригъусэмэ, бгыр пхуэкъутэнущ!

Талъустэн щыгъуазэ хъунт абы: Къазбэч дэшэсащ куэдрэ, мафIэм зэдыхыхьащ.

– Къэбэрдейщ жоIэ? – еупщIащ Лонгворт Талъустэн, Къазбэч кIэлъыплъурэ.

– Къэбэрдей адыгэщ, Тэрчыпс ефащ, – жиIащ Талъустэн.

– Къэбэрдейхэри шэрджэс лъэпкъщ, – псалъэм къыщIигъуащ Белл. – Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ зэкIужащ, зыбжанэ щIащ Къэбэрдейр и пIэ зэритIысхьэжрэ...

– Фон Клапрот тетхыхьащ Къэбэрдейм, – игу къигъэкIыжащ Лонгворт. – Клапрот зэритхамкIэ, къэбэрдейхэр пщы унафэм щIэтщ, щIышхуи яIэщ, езыхэри цIыху лъэрызехьэщ, псоми къахощ, адрей бгырыс лъэпкъхэм елъытауэ, нэхъ заужьащ... Сигу къэкIыжащ: Истамбыл сыщрихьэлIащ къэбэрдей... – Ар игу къигъэкIыжри, Лонгворт Къазбэч хуеплъэкIащ. – ЛIы екIущ, щхьэ зэрыфIэтри нэрылъагъущ...

– Сэ срихьэлIакъым къэбэрдей, – жиIащ Белл. – Я хъыбар зэхэсхащ. Къазбэчи хъыбаркIэщ зэрысщIэр. Шапсыгъым илъэс зыбжанэкIэ щызэуащ. Къэбэрдейм игъэзэжауэ щытащ. Хасэм къызэрырагъэблэгъар сощIэ – и чэнджэщи къахилъхьэнщ жызоIэ...

– Дэри депсалъэмэ, си гуапэ хъунт, – жиIащ Лонгворт.

– Депсэлъэнкъэ: ар сигу илъщ сэри...

Сэфар-бей къахуитхам щыгъуазэ ящIащ Къазбэч.

IейкIи фIыкIи зы псалъэ жиIакъым Къазбэч – и псалъэр япэ щхьэ иригъэщын: хасэм жаIэр зэхихмэ, езыми зыгуэр яхилъхьэнщ, игъуэ нэсмэ...

Псалъэмакъыр яублэжащ: зыр акъылэгъу дохъу Зан и къуэм, зыр мэщэнауэ, зи тхьэкIумэ изымыгъэхьэххи яхэтщ. Абэзэхэ лIыкIуэхэм ящыщ къыщылъэтри сабэр дрипхъеящ: «УэIэли-уди! Джаурхэм дащIепсэлъэни дащIекIужыни щыIэкъым! Ди щхьэр сыт щIахуэдгъэлъэхъшэнур? Дэ зэуакIуэ дахуэкIуакъым, зэуакIуэ къытхуэкIуар езыхэращ. Ди щIым ирырекIыж! ИмыкIыжынумэ, дызэрыухыху дызэзэуэнущ!»

– Сыт абы жиIэр? – щIэупщIащ Лонгворт. Абэзэхэ лIыкIуэм жиIар гурагъэIуащ инджылыз корреспондентым.

Лонгворт, етIысэхыжауэ, абэзэхэ лIыкIуэм и псалъэр етх, шу пашэ зыщыплI къыщылъэтауэ зодауэ, псалъэр зым адрейм Iэпиудурэ къызэрыгъэплъащи, жаIэри зэхэпхыжыркъым. Беллрэ Лонгвортрэ лъэныкъуэкIэ щысщи, хасэм яхоплъэ, къагурыIуэжи щыIэ хъункъым, я тхьэкIумэ тегъэхуауэ даIуэ щхьэкIэ...

Шэджагъуэ нэужь хъуху, ужьыхакъым дауэмрэ псалъэмакъымрэ. Шэджагъуэ нэужь хъуауэ, хасэм унафэ ищIащ: куэдщ ар нобэкIэ. Абы

нэхъ унафэ тэмэм ящIынтэкъым а махуэм: зэдауэурэ къызэрыгъэплъащи, къыщичыни къахэкIынкIэ мэхъу...

Тхьэмадэхэр къэтэджыжащ, зырыз-тIурытIурэ зэбгрокIыж, хэти шыр и Iэдэжу...

Ежи къыбгъэдыхьащ Къазбэч.

– Инджылыз хьэщIэхэм къыпхуэзэн я гуапэщ.

Беллрэ Лонгвортрэ гъусэ яхуэхъуащ Къазбэч. Щыри Белл и хьэщIэщым ихьащ.

Нахъуэ, щхьэнтэ плъыжьыбзэм зытригъэзэгъауэ, инджылызхэр зэпеплъыхь, и нэр къатригъэкIыркъым: игъащIэм хэт илъэгъуа инджылыз! Адыгэ фащэ зыщыгъ лIы сырыхум итхыр сыт апхуэдизрэ – щIэчэ иIэкъым: тхэ зэпытщ. ЦIыху угъурлы гуэр хъунщ лIы сырыхур, фэуэ тетщ зэрыугъурлыр. Нахъуэ имыщIэр лIы сырыхум апхуэдизрэ итхыращ – и щхьэр къиIэт хъунукъэ зэ... Адрейр лIы къуапцIэщ, адыгафэщ. Хьэмэ адыгэбзэ зэрищIэра адыгафэ щIриплъар? Дэни щызригъэщIа инджылызым адыгэбзэ – ари къыгурыIуэркъым Нахъуэ...

Къэбэрдейм и хъыбар щIигъэдэIуащ Къазбэч Беллрэ Лонгвортрэ. Ермоловым и зэман лъандэрэ къэбэрдейхэр зауэ зэрыхэмытыжари къэзакъхэмрэ къэбэрдейхэмрэ, зэзэмызэ зэщыхьэми, зэрызэгурыIуэри яжриIащ.

– Къэбэрдейр вакъэ зэвым зэрырагъэувар пэжкъэ? – щIэупщIащ Белл. – Фи щIыр зэрапхъуащ, фи щхьэм къыдэкIуеящ. Ар фигу дауэ техуэрэ?

Къазбэч и нэгур зэхэуащ, заулрэ щымри, Белл еплъащ:

– Узахуэщ. Ди щIыр зэрапхъуащ, мащIэщ къытхуэнар. МащIэ фIэкIа къытхуэмынами, ди щхьэ псэущи, а зыр ди гурыфIыгъуэщ. Узыпэмылъэщынум зыпыпшэмэ, уи щхьэр хэплъхьэнущ. Я пIэ исыжмэ, нэхъ яфIэтэмэмщ къэбэрдейхэм.

Лонгворт и щхьэр къиIэтащ:

– Тэрч Iуфэ быдапIэр Iуз къащIащ урысхэм. Къэбэрдей щIыналъэкъэ быдапIэ зращIыхьар? ЕупщIыт абыкIэ.

Лонгворт зыщIэупщIар Къазбэч къыгуригъэIуащ Белл.

Къазбэч пэплъа хъунт апхуэдэ упщIэм:

– Тэрч Iуфэ быдапIэ къыIуащIыхьащ урысхэм – абыкIэ узахуэщ, – жиIащ Къазбэч. – Къэбэрдейми къохьэ урысхэр – абыкIи зэгурыIуащ пщыхэмрэ урысхэмрэ. Пщыхэр хэкIуадэркъым абы. ЦIыхум я фейдэи хэлъщ: хьэкъ ятыркъым.

Лонгворт и щхьэр ищIащ: «КъызгурыIуащ». КъыгурыIуарат:

– ЗэрыжыпIэмкIэ, узэзауэ нэхъррэ узэгурыIуэмэ, нэхъ яфIэтэмэмщ къэбэрдейхэм. Акъыл хэлъщ абыи. Си гугъакъым къэбэрдейхэр абы нэгупсысауэ... Къэбэрдейхэр нэхъ сцIыхуамэ, си гуапэ хъунут. Iэмал згъуэтмэ, сахыхьэнщ...

ЩIалэ цIыкIум и нэр зэрытримыхым гу лъитащ Лонгворт: лIыжь цIыкIу хуэдэ зэфIэсщ, и нэр къытриубыдауэ – тхьэм ищIэнщ фIэгъэщIэгъуэн хъуар. Джэду хуэдэ, и нэр къоцIыщхъукI, щхьэнтэм зэрытетIысхьэ лъандэрэ зигъэхъеяуэ пщIэнкъым.

Лонгворт, и щхьэр тхылъымпIэм къытричри, Белл зыхуригъэзэкIащ:

– ЕупщIыт хьэжым: щIалэ цIыкIур щхьэ къыздришэжьа? Апхуэдэ гъуэгуанэ тепшэ хъурэ афIэкIа ныбжь зимыIэ сабийр?

Къазбэч жэуап къритыжащ: щIалэ цIыкIур и къуэрылъхущ, и адэр къэзакъхэм къаукIащ, атэлыкъ къалэныр езым и пщэ дилъхьэжащ.

Къазбэч гу лъитащ инджылыз хьэщIэм а хъыбарыр игу зэрыщIыхьам. Атэлыкъыр зищIысми щIэупщIащ Лонгворт.

– Атэлыкъыр зищIысыр инджылызым къыгурыIуэнукъым, – жэуап къитыжащ Къазбэч. – Къытхэсмэ, ди хабзэми хэгъуэзэнщ.

Iэнэм шей къытрагъэувати, псалъэмакъыр зэпыури, зыбжанэрэ щымащ Къазбэчи, Белли, Лонгворти. Къазбэч и гуапэ хъуагъэнщ инджылыз хьэщIэр адыгэ хабзэм  зэрыщIэупщIэр. Адыгэ хабзэм Iэджэ пыщIащ, зехьэгъуафIэкъым – инджылыз хьэщIэми къыгурыIуа хъунщ ар.

Нахъуэ и адэшхуэм и Iэблэм къекъуащ. Къазбэч къыгурыIуащ щIалэ цIыкIур зыхуейр: и адэшхуэр къыщыпыгуфIыкIым, Нахъуэ бгъэдэкIуэтащ тхэн фIэкIа Iуэху зимыIэ инджылыз хьэщIэм. Лонгворт кхъухь сурэт ищIри, тхылъымпIэр щIалэ цIыкIум къыхуишиящ. Нахъуэ игъащIэм илъэгъуатэкъым кхъухь: и нэр къригъэжри и дамэр дригъэуеящ.

– Кхъухьыр зищIысыр ищIэркъым щIалэ цIыкIум, Лонгворт. Зыщыгъуазэ гуэрым и сурэт хуэщI, – дыхьэшхащ Белл. – Хьэрфхэр ебгъэцIыхумэ, нэхъыфIыжщ.

Ар игу щхьэ къэмыкIарэ Лонгворт! Зы хьэрф къритхъащ – А. НэгъуэщI зы хьэрфи щIигъужащ абы – В. ХъумпIэцIэдж сурэтрэ бжьэ сурэтрэ трищIыхьащ тхылъымпIэ напэм – щIалэ цIыкIум и нэIуасэщ тIури. Зыбжанэрэ зэпиплъыхьри, Нахъуэ тхылъымпIэр зэкIуэцIиуплIэнщIащ, и жыпым ирилъхьэри Лонгворт бгъэдэувэжащ. Абы нэсауэ, Талъустэн хьэщIэщым къихьащ.

– ЛIыкIуэхэм къагъэзэжащ, – жиIащ Талъустэн. – Мансур-бей къыводжэ.

– Нэса си гугъакъым, уэ «къагъэзэжащ» жыбоIэ, – игъэщIэгъуащ Къазбэч.

– Къагъэзэжащ, жэуапи къахьыжащ, – жиIащ Талъустэн. – Аращ Мансур-бей къыщIывэджэр: урысхэм я жэуапым щыгъуазэ фыхуищIынущ.

Белл и ныбжьэгъум еплъащ:

– ПщIэншэрыкIуэ мыхъуауэ пIэрэ жызоIэ.

Ар игу къэкIащ Лонгворти: и фIэщ хъуркъым урысхэм уахэзэгъэнкIэ. Урысхэм яхэмызагъэмэ, шэрджэсхэм Британием нэхъ благъэ зыхуащIын хуей хъунущ – арат Лонгворт зыщыгугъыр.

Хасэр щIэх дыдэ зэхыхьэжащ. Мансур-бей тхылъымпIэ напэр къищтэри хасэм я пащхьэ иуващ. Зэрешар фэуэ тетщ Мансур-бей, и уIэгъэм къызэрыхигъэзыхьри нэрылъагъущ. Тхьэмадэм и Iэ лъэныкъуэр зэрыкIэзызми гу лъитащ Лонгворт – губжьауэ ара хьэмэ уIэгъэм къыхэкIрэ?

– Мис урысхэм я жэуапыр, – тхылъымпIэ напэр къаригъэлъэгъуащ Мансур-бей. – ТыркубзэкIэ тхащ. Уи гум темыхуэнщ къатхыр – цIапIагъэрэ псалъэ фIейрэщ. Къыщатхар гъатхэкIэ мазэм и тIощIрэ бгъу махуэращ, мы гъэм – минрэ щийрэ щэщIрэ блы гъэм. Iэ щIэзыдзар инэрал Давыдовыращ. Инэралым къетх: «Фэ, шэрджэсхэм, псэупIэ къыдэфтыркъым, фыкъыттоуэри дывохъунщIэ. ДызэвгъэкIужынумэ, фхъунщIар къыдэфтыж япэщIыкIэ. Ди дзэм ныхэкIуэсыкIамрэ кIэс фщIамри къыдэфтыж. Ди пащтыхьым ныфхуигъакIуэ пщым и унафэм федэIуэн хуейщ...»



5 Заказ №19

ЦӀыхур зэрызехьэ хъуащ абдежым, псалъэмакъым зиӀэтащ. Мансур-бей и Ӏэр ищӀащ:

– Зэ фымыпӀащӀэ. И кӀэм сынэвгъэс... НэхъыкӀэжыр адэкӀэщ. ФедаӀуэ: «Фэ къыфхэужьгъа инджылызхэр хьэгъапхъэщ. Инджылызым фащымыгугъ, нэгъуэщӀ къэралхэми закӀэрывмыщӀэ. Урыс пащтыхьым и ӀэмыщӀэращ зызэрыфлъхьэнур – ар фӀэкӀыпӀэ зимыӀэщ. Арыншауэ дызэкӀужынукъым, зауэри дгъэувыӀэнукъым...»

Ар уигу техуэнт – нэхъри къызэрыкӀащ цӀыхур.

– Фысабырыт. И кӀэм нэзвгъэгъэс! – Мансур-бей хасэм яхэплъащ. ЯщӀэгубжьи ящӀэкӀии хъунукъым – апхуэдэкӀэ уахэзэгъэнукъым шу пашэхэми лӀыкӀуэхэми: урыс инэралым и жэуапым къигъэгубжьащ псори – гъэсабырыжыгъуафӀэ!

Мансур-бей тхылъымпӀэ напэр ӀитӀкӀэ иӀыгъщи, зэфӀитхъын къыпщохъу:

– Мыри къатх: «Зауэ фыхуэмеймэ, зэхэфщӀыкӀ: урыс пащтыхьым къыфӀэмылӀыкӀрэ къыщымышынэрэ дунейм теткъым, фэ физыщыгугъыр сыт? Урыс пащтыхьым и ӀэмыщӀэм зифлъхьэмэ, мамыру фыпсэунщ...»

Мансур-бей тхылъымпӀэр хыфӀихуэри хасэм яхэплъащ:

– Аращ я жэуапыр. ФӀеягъэ Ӏэджи итщ мы тхылъымпӀэ напэм – а псом сыкъемыджэкӀэ къуэдыкъым.

Джеймс Беллрэ Лонгвортрэ екӀи фӀыкӀи зы псалъэ жаӀакъым: хасэм хоплъэри щысщ тӀури. Лонгворт зыгуэрхэр етх, цӀыхум я кӀий-гуо макъыр нэхъ кӀащхъэ щыхъум деж.

– Фыщыхьэтщ, – яжриӀащ Мансур-бей, Беллрэ Лонгвортрэ захуригъэзэкӀри. – Урысхэм я жэуапым щыгъуазэ фыхъуащ. НэгъуэщӀ къатхынкӀэ сащыгугъакъым.

ЦӀыхур зэтесабырэжащи, Беллрэ Лонгвортрэ я псалъэм поплъэ. Инджылызхэм япэ зыкъригъэщри, Мансур-бей къызэфӀэуващ.

– Сэфар-бей къитхар фощӀэ: лӀыкӀуэр щэнейрэ дгъэкӀуэн хуейщ урысхэм я деж. Сэфар-бей апхуэдэ чэнджэщ къезыхьэлӀар инджылыз лӀыкӀуэращ. Урыс инэралыр лъым лъакъуащхьэкӀэ хэтщ, игури и щхьэри фӀейщ, итӀани иджыри зэ дгъэкӀуэнщ лӀыкӀуэ. Фыарэзы?

Нэхъыбэр арэзы зэрымыхъуам гу лъатащ Беллрэ Лонгвортрэ: къикӀынӀауэ ялъытагъэнкъым – пщӀэншэрыкӀуэ хъунущ лӀыкӀуэр. Шамыз-бей къэтэджащ. Дыгъуасэтэкъэ Шамыз-бей сабэр щыдрипхъеяр – нобэ нэхъ упщӀыӀуауэ пӀэрэ? Нэхъ упщӀыӀуауэ къыпфӀэщӀынут, и псалъэр зэхэпхамэ:

– Уэ пфӀэзахуэр дэри тфӀэзахуэщ, Мансур-бей. Сэфар-бей и хьэтыр дывгъэлъагъу – дывгъэгъакӀуэ лӀыкӀуэ. Зэ дгъэкӀуащ. ТӀэу жыфӀэрэ – дгъэкӀуэнщ. Щэ жыфӀэрэ дгъэкӀуэнщ. Ауэ ди щхьэр дывмыгъэгъэлъахъшэ. Урыс инэралым дыщышынэркъым дэ! ДыщӀыщышынэн щыӀэкъым! ЛӀыкӀуэр щӀэдгъакӀуэр дышынауэ аракъым – ар зэхащӀыкӀрэ джаурхэм? ЛӀыкӀуэ щӀэдгъакӀуэр инджылыз пащтыхьым апхуэдэ чэнджэщ къыдихьэлӀащи аращ – ар къагурыдвгъэгъаӀуэ урысхэм.

Шамыз-бей и псалъэр щынигъэсым, нэхъыщӀэӀуэхэм ящыщ зы утыкум къилъэдащ. Утыкум къилъэдащи, щӀопщыр егъэдалъэ:

– Дыпсалъэурэ зэманыр догъэкӀуэд! Ди псалъэм кӀэ щиӀэнум пэплъэ фи гугъэ урысхэр? Ди щӀыр зэрапхъуэ, ди жылэхэм дыкъыдахури къэзакъхэр къыдагъэтӀысхьэ! Абын зэраубыдар къызжаӀащ иджыпсту.

Урыс сэлэтхэм шырыкъу фӀейкӀэ ди лъахэр яутэ – я занщӀэр я гъуэгущ! Дэ ди ӀитӀ зэтедзауэ дыщысщ! Дызэхэувэжауэ дызодауэри дызэхэтщ!

ЩӀалэр Талъустэн къригъэцӀыхуащ Белл: бжьэдыгъу зауэлӀхэм ящыщщ, Аслъэнджэрийщ и цӀэр. ЗауэлӀ хахуэщ, щхьэмыгъазэщ, Талъустэн зэрыжиӀэмкӀэ. Зы шу фӀэкӀа щӀымыгъуми, къэзакъ шуудзэм ирикунущ, ирику дэнэ къэна, Ӏисрафыр яхилъхьэфынущ. Уни жьэгуи иӀэкъым, и щхьэ закъуэ-и лъакъуитӀщ, зэуэн фӀэкӀа, нэгъуэщӀ Ӏуэху зэрихуэркъым – аращ къызыхуигъэщӀар. Бжьэдыгъу шууей куэд дошэс Аслъэнджэрий, ар я пашэмэ, бжьэдыгъу шухэр мафӀэм хыхьэнущ. Шэрджэсхэм яхуэмыгъуэтыр апхуэдэ шу пашэщ – апхуэдэ шу пашэм пащӀ щыӀэкъым.

Аслъэнджэрий утыкум икӀыжын мурад иӀэтэкъым:

– Дывмыгъэщхьэрыуэ! Дызэхэувэжауэ дызэхэтщ, зыр зым додауэри. Аракъым иджыпсту нэхъапэр! Ди щӀалэхэм зрачын хьэзырщ – фэращ зыпэплъэр. Сыт фызэжьэр? Урысхэм фагурыӀуэн фи гугъэмэ, фыкъуопцӀэ – зэхэфхакъэ я жэуапыр? Дапщэрэ фыхуейми вгъакӀуэ лӀыкӀуэ – нэгъуэщӀ жэуап къыватынукъым!

Аслъэнджэрий и псалъэм къызэщӀигъэплъэжащ цӀыхур. Хасэм, хуэм-хуэмурэ, тӀу зращӀыкӀащ. Иныкъуэм жаӀэ: лӀыкӀуэ гъэкӀуэн хуейщ иджыри – апхуэдэ чэнджэщ къарихьэлӀащ Истамбыл дэс инджылыз лӀыкӀуэм. АбыкӀэ акъылэгъу хъуркъым иныкъуэр: Ӏэщэ къэщтауэ, бийм ебгъэрыкӀуэн хуейщ – нэгъуэщӀкӀэ узэхащӀыкӀынукъым урысхэм.

Тхьэмадэхэм ящыщ зы къихьащ утыкум. Цей хужьыбзэ щыгъщ утыкум къихьа тхьэмадэм. ЦӀыхур сабырыжащ, тхьэмадэ жьакӀэхур утыкум къыщихьэм. Абэзэхэхэм я лӀыкӀуэ Хьэжы-Алийт цей хужьыбзэ зыщыгъ тхьэмадэр. Псалъэм хэщыпыхь хуэдэ, хуэм дыдэурэ къыщӀидзащ Хьэжы-Алий:

– ДызыхущӀегъуэжын дывмыгъэлэжь. Нэ зиӀэм елъагъу ди Ӏуэхур зэрыхэплъэгъуэр. Демыгупсысауэ зы лъэбакъуи тчы хъунукъым нобэ. Унафэ зэрытщӀам дытевгъэт. Ди унафэр ткъутэжмэ, инджылызхэм я щӀыб къытхуагъэзэжынщи, къыддэӀэпыкъужыни щыӀэкъым... – Хьэжы-Алий Къазбэч хуеплъэкӀащ. – Къазбэч Къэбэрдейм нэс къикӀауэ къыддозауэ. Къазбэч и псалъи девгъэдаӀуэ – ди дзэ Ӏуиудынкъым: акъыл зиӀэ, куэд зылъэгъуа лӀыщ.

Тэрч къызэрыщежьэ лъандэрэ, гъуэгу тетыху, Къазбэч зэгупсысар аращ: сыт яхилъхьэнур хасэм, сыт хуэдэ чэнджэщ ярихьэлӀэнур? МащӀэрэ трикъутакъым абы и щхьэр: Ӏуэху джэгукъым хасэм къыпэщылъыр – нобэ къащтэ унафэм куэд елъытащ...

– Жьыщхьэ махуэ ухъу, Хьэжы-Алий. Фэр нэхъыби сщӀэркъым сэ, си псалъи нэхъ захуэщ жысӀэркъым. Сэ сыкъыщӀыфхыхьар фи Ӏуэхур зэрызахуэр сщӀэрти, аращ. МафӀэм фызэрыхэтыр слъагъурти, аращ. Зауэм зи нэ къыхуикӀ зы адыги дунейм тет хъункъым. Ди пӀэ драгъэсмэ, мафӀэ къытщӀамыдзэмэ, нэгъуэщӀ дыхуейкъым адыгэр. Зыми деныкъуэкъуркъым, зым и Ӏыхьи денэцӀыркъым. Дэракъым зауэр зыублар. Ди ужь екӀэ къихьам игу фӀы къытхуилъкъым – ар псоми дощӀэ, ди нэгу щӀокӀ махуэ къэси. ДымыщӀэр хэкӀыпӀэ тхуэхъунуращ...

Къазбэч и псалъэм хигъэплъащ цӀыхур. Нобэкъым, ныжэбэкъым Къазбэч щацӀыхур: и къуэр къэзакъхэм зэраукӀ лъандэрэ шапсыгъхэм къахыхьауэ ядозауэ.. ЩӀыхум ягу фӀы яхуищӀын щхьэкӀэкъым Къазбэч хасэм щӀахыхьар: елъагъу адыгэхэр псэзэпылъхьэпӀэ ӀэнатӀэ

зэреувэлIари, нобэ щыуагъэ яIэщIэкIмэ, я щхьэр халъхьэнкIэ зэрыхъунури.

– Адыгэр дылъэпкъышхуэщ. Дылъэпкъышхуэ щхьэкIэ, дызэгурыIуэркъым – аращ ди мыгъуагъэ псори къызыхэкIыр, – пищащ Къазбэч и псалъэм. – МафIэр кIуэ пэтми зэщIоплъэ, зыр абы хисхьэнущ, зым, мафIэм къелми, пщылIыпIэращ IэнатIэ хуэхъунур. Аращ урысыр ди ужь къыщIихьар, къыдащIэнури аращ, я лъэгу дыщIэхуэмэ. Ди ИтI зэтедзауэ дыщыс зэрымыхъунур пэжщ. Зыр зым дыщыгугъыжурэ дызэхэсмэ, бийр ди гущIыIу къихьэнурэ, лъэпкъкIуэдыр къытхуэкIуэнущ...

Мансур-бей дежкIэ плъащ Къазбэч. Нэмэз щыгъэ зэрыIэщIэлъри щыгъупщэжауэ, щысщ Мансур-бей, хэгупсысыхьауэ. И щхьэр зэзэмызэ къеIэтри, Мансур-бей хасэм хоплъэ: дауэ къащыхъурэ Къазбэч и псалъэр? Тхьэмадэхэри щымщ, тхьэмадэхэм я щIыбагъ къыдэт зауэлIхэри псалъэмакъыншэщ: дакъикъэ и пэкIэ зэдэуауэ пщIэжынукъым – Къазбэч и псалъэм хигъэплъащ тхьэмадэхэри зауэлIхэри.

– Иджыпсту занщIэу щхьэ зидмычрэ вжесIэфынукъым сэ. Фэ зэрынэхъ ффIэзахуэм фытет. Нобэрей унафэм куэд елъытащ – фи лъахэми, фи унагъуэхэми я натIэ хъунур елъытащ абы. «Дызэуэнущ» жыфIэрэ – аращ сэ мыбы сыкъыщIэкIуар: сывдэшэсынщ, си псэр пытыху, сывдэзэуэнщ. «Дызэуэнукъым, Iэщэр дгъэтIылъынущ» жыфIэрэ – сэри си унэ секIуэлIэжынщ.

Ар жери, Къазбэч заулрэ яхэплъащ цIыхум, итIанэ мыри къыщIигъужащ:



– Сыт хуэдэ унафэ къафщтэми, сывигъусэщ, фи унафэм сеувэлIэнщ. Щымыуэным ящыщ тхьэм дищI!

Шамыз-бей куэд щIауэ ецIыху Къазбэч. Къыбгъэдыхьэри и Iэр къиубыдащ, фIыщIэ къыхуищIащ, иужьым къеупщIащ:

– Дызэуэнущ жытIэмэ, къэбэрдейхэр къыткъуэувэнкъэ, Къазбэч? АбыкIэ дащыгугъ хъункъэ къэбэрдейхэм?

Къазбэч игъэгупсысащ Шамыз-бей и упщIэм: къэбэрдейхэм я цIэкIэ жэуап хуэтын Къазбэч? Ар и щхьэм трилъхьэфынукъым. Къэбэрдейхэри IэнатIэ тынш Iуткъым. Зауэм къахуихьар ялъэгъуащ – я щхьэр халъхьэ пэтащ, я щIым и нэхъыбэр яфIэкIуэдащ. Iэщэ къащтэрэ ежажьэмэ, унэхъупэнущ. Ар ещIэ Къазбэч. ИмыщIэр Шамыз-бей иритыну жэуапырщ.

Мансур-бей япэ зыкъригъэщащ:

– Къэбэрдейхэр гъусэ къытхуэхъуамэ, зи мыгуапэ щыIэт! Адыгэр дызэшщ, дызэрыIыгъыни хуейщ. ИтIани къэбэрдейхэм я деж дынэвмыгъэсыт зэкIэ. Псыжь ис адыгэхэр дызэгурыIуэжыркъым – къэбэрдейхэм захуэдгъэгусэ хъурэ? Зыбжанэ щIащ къэбэрдейхэм Iэщэр зэрагъэтIылъыжрэ, я дунейр мамырщ иджыпстукIэ. Дауэ зэражетIэнур: «Фи уни, фи жьэгуи хыфIэвдзи, мафIэм фыкъыхыхьэ»? Ар хъункъым. Дэ дызэкъуэмыуvауэ, нэгъуэщIым дыщывмыгъэгугъ. Ди щхьэм хуэдмыщIэжыфыр хэт къытхуэзыщIэнур?

Шамыз-бей арэзы хъуа хуэдэщ Мансур-бей жиIамкIэ.

– ДытохьэулеикI, – ягу къигъэкIыжащ Мансур-бей. – Урыс инэралым деж лIыкIуэ дгъэкIуэн хуейщ иджыри. Зэ дгъакIуэкIэ дытIысыж зэрымыхъунур фощIэ – аращ Сэфар-бей къитхар.

Тхьэмадэхэм я нэхъыбэр акъылэгъу хъуащ абыкIэ. Тхьэмадэхэм я нэхъыбэр акъылэгъу щыхъум, Шамыз-бей икIуэтыжащ: «Деплъынщ къикIым». КъимыкIIами, лIыкIуэм я кIэр пачынкъым.

Я кIэр пачынкъым – ар пэжщ. Пэжщ урыс инэралым узэрыхэмызэгъэнури. Зиущэхужами, абы шэч къытрихьэркъым Шамыз-бей: гуващIэхами, зауэр яублэжынущ.

Джон Лонгворти шэч къытрихьэ хъунтэкъым урысхэм уазэрыхэмызэгъэнуми, зауэр зэраублэжынуми. Инджылызхэми куэдкIэ уащыгугъ хъунукъым, я щхьэм фIэкIа, нэгъуэщI зыщыгугъыныгъыхуэ яIэкъым шэрджэсхэм. Ар Мансур-бей иджыри зэ жриIэн мурад ищIат Лонгворт, Белл япэ къимыщамэ. Япэ къищри, Белл къэтэджащ:

– Сату вдэсщIын щхьэкIэт сэ фи хэкум сыкъыщIэкIуар. Сатур къызэхъулIакъым, зауэм сыхэхутэри. Си сатур къызэмыхъулIами, сыкъызэрыкIуам сыхущIегъуэжыркъым. Зауэр фублэжрэ нобэ – гъусэ сыфхуэхъунурэ сывдэзэуэнущ. СхузэфIэкIыр фхуэсщIэнущ, си гуащIи, си гъащIи себлэжынукъым! Ар фщIэмэ, си гуапэщ.

Белл и псалъэм еувэлIащ хасэм къэрихьэлIахэм я нэхъыбэр – я гум къишхыдыкIауэ ялъытащ. АбыкIэ акъылэгъу мыхъуахэр шэсыжащ – хасэр и кIэм нэблэгъат.

* * *

Башым зытригъащIэурэ мэбакъуэ Данил хьэжыр, и плIэм илъ къэпри къытохьэлъэ. И щхьэгъусэм, Мариам, и лъэр зэблихыф къудейщ, гъуэгум зэхиукIащи, Аслъэн зытримыгъащIэмэ, лъэбакъуи хуэчыжынукъым. Къэзакъыр я ужь итщи, ирагъэтIысэхыркъым цIыхур. Сабий мэжэщIалIэхэр зэщIогъуагэ...

ЛIэрэ зэгъэжамэ, дыщэм хуэдэт: шапсыгъхэм я щхьэр щIрагъэхьащ, я уни, я лъапси хыфIрагъадзэри хы Iуфэм Iуахуэ, къэзакъымрэ сэлэтымрэ фоч пащIэкIэ къаувыхьауэ. Абэзэхи, натхъуэджи, бжьэдыгъуи – хэкум зы адыги къринэн мурад иIэкъым генерал Евдокимовым. Адыгэм къызэранэкI лъапсэр къэзакъымрэ сэлэтымрэ зэрапхъуэ...

Щамил зэраубыдрэ нэхъри етащ урыс пащтыхьым и дзэр: адыгэращ къахуэнари, дзэ фIыцIэр кърау тIыпщауэ зэтраIущIэ: куэдщ къызэрелIэлIар – кIэ етыпхъэкъэ бгырыс Iэлхэм! МафIэ ирадзурэ, я уни, я лъапси зэтрагъасхьэ, топышэмрэ сэлэт мыжурэмрэ къелар шыбгъэкIэ зэщIакъуэри, гъуэгу мыгъуэм трахуэ, хы Iуфэм нахусмэ, кхъухьым иракIутэнщи, кIэ ягъуэтащ адыгэм...

– Хьэдэр фымыгъэй! – залIэж къэзакъ шухэм, щIопщыр ягъаджэ, щIопщ джэ макъым сабийр къыдоскIэ.

Бгы щхьэдэхыпIэм нэблэгъауэ, Данил къэувыIащ: абэзэхэ къуажэ ирихьэлIат. КъуажэкIи уеджэж хъурэ: зы цIыхуи къыданакъым – зэщIакъуэри хы Iуфэм яхуащ. Данил Iэджэрэ щепсыхыгъащ абэзэхэ къуажэм, и нэгу къыщIохьэж абэзэхэ тхьэмадэм и хьэщIэщыр, абэзэхэ шухэм щадэзэуа махуэхэр. МащIэ щIа абы лъандэрэ: Данил жьы хъури епсыхыжат, Iэщэ хуэгъэбзэжынутэкъыми, и унэ итIысхьэжауэ зауэм кIэ щигъуэтынум пэплъэрт. Иджы иплъа хуэдэщ зауэм и кIэм: адыгэр яухащ, шууейхэм я щхьэр халъхьэри, къелар зэщIакъуауэ хы Iуфэм яху...

– ЖьэкIэ щхьэ уплъэрэ, лIыжь? Пшапэр зэхэмыуэ щIыкIэ бгым дыщхьэдэмыхмэ, Нищым ди цыр тхуищынущ. Аращ и унафэр. ЦIыхур зэтебгъэувыIауэ умыIыгъ! – къыщIэкIиящ хьэжым къэзакъ шур.

Бгырысхэр НищкIэ зэджэр генерал Евдокимовырат: Дагъыстаным щызауэу, генералым и натIэгур къыхутрагъэбэгат Щамил и муридхэм, абы лъандэрэ «Нищ» дзыр теIукIат генерал хьэщхьэрыIуэм. Дагъыстаным кIэ иратащ: Щамил 1859 гъэм августым и 25-м граф Барятинскэм и

IэмыщIэ зрилъхьащ. Адыгэращ къахуэнари, пащтыхь генералхэр лъым лъакъуащхьэкIэ хэтщ, Евдокимовыращ хъийм икIыпар: зы адыгэ кърынэн мурад иIэкъым Кавказым...

Шапсыгъхэр блокI къуажэ ныкъуэсхэм. Къуажэхэм Iугъуэр ящхьэщытщ иджыри; шы лъабжьэкIэ яута нартыху хьэсэхэр, уэрамым дэлъ Iэщ узджынтахэр, пщIантIэ нэщIхэм щызеджадэ хьэ ныбаджэхэр щилъагъукIэ, Данил хьэжым и гущIэм зыкъызэредзэкI, и нэпсыр щIелъэщIыкI, и тэмакъыщIэр щиубыдыкIауэ...

Шапсыгъхэр, абэзэхэхэр, натхъуэджхэр, бжьэдыгъухэр зыдахуа жылагъуэхэм Урысей пхащIэм къикIа унагъуэхэр къыдэужьгъэ хъуакIэщ: унэ ныкъуэсхэм кIэгъуасэр кIэрагъэкъэбзыкI, сабий джэхухэр уэрамыщхьэм къытеуvауэ хы Iуфэм яху шэрджэс насыпыншэхэм жьэкIэ къоплъ...

Дагъыстаным я щIым и нэхъыбэр мывалъэрэ къурш пцIанэрэщ. Бгым къыщIипхун щыIэкъым дагъыстанхэр: Щамил зитащи, я пIэ ирырес бгым къинар – дэуэгъуи ныкъуэкъуэгъуи яIэжынукъым. Адыгэ щIыналъэращ урысым я дзэр зыхуалъыр: адыгэр ипхумэ, нэхъ щIы дахэрэ нэхъ щIыпIэ зэгърэ дэнэ къипхын! Апхуэдэ лъахэм къибнэ хъурэ адыгэ: урыс пащтыхьым цIыху и куэдщ – адыгэр ирихумэ, и цIыхур кърикIутэнщи, унащ Арысейр... Адыгэм ялъ зыгъажэ къэзакъымрэ сэлэтымрэ къахуэнакъэ итIанэ адыгэ щIыналъэр – Псыжьи хы Iуфэри?..

Пшапэ зэхэуэгъуэ хъуауэ, бгы щхьэдэхыпIэм нахусащ шапсыгъхэр. Зы сыхьэт дэкIмэ, нэм къыщIэIэбэр плъагъужынукъым – къэзакъри сэлэтри кIыфIым щощтэ.

– Мыбдей нэху щыдгъэщынщ! – епсыхащ къэзакъ шу пашэр.

Данил етIысэхащ, гъуэгум текIуэтри. Мариами зэфIэщэхащ.

– СылIэ мыгъуэрэ сызэгъэжамэ, си насыпти!..

И къуэм зытригъэщIауэ, гъуэгунапщIэ удзым хэсщ фызыжьыр, и щхьэр фIеудыжри.

Псынэ цIыкIу щоIущащэ ябгъукIэ, зиущэхуауэ къащIодэIу жыпIэнщ шапсыгъ насыпыншэхэм. Сабийхэр гъыурэ я напIащхьэр къытебэгауэ я анэхэм я куэщIым исщ, нэпси яIэжкъым, сабийрэ пэт...

ЛIыжьи, фызыжьи, сабии зэхахуэри, сэлэтымрэ къэзакъымрэ къащхьэщыувэжащ.

– Ныжэби зэ еплъыж: къэзакъыр щхьэукъуэмэ, зыш къакIэщIэбгъэкIуэсыкIыфынущ. Къэбэрдейм унэсмэ, Къазбэч ущIэупщIэурэ къэбгъуэтынщ. ХьэпцIейщ я жылэм зэреджэр. УщIэупщIэмэ, бгъуэтынущ. Ди щхьэм кърикIуар жепIэнщ...

Аслъэн и щхьэр къыхуэIэтыркъым:

– Къазбэчи сыт къытхуищIэжын, ди адэ? Сэ сыфщIымыгъумэ, фэ дауэ фызэрыхъунур?

– Тхьэм жиIар хъунщ, – идакъым Данил. – Бгым дыщхьэдэхмэ, пхузэфIэкIыжынукъым.

Зэадэзэкъуэм я псалъэри зэхыхижыркъым Мариам: и бгыр IэлъэщIкIэ щIипхыкIауэ, удзым хэсщ, и нэпсыр щIелъэщIыкIри...

Къэзакъымрэ сэлэтымрэ къахэлъэдащ нэхущым:

– Фытэдж! Хьэдэр вгъейрэ: фытэдж!

ЦIыху тIощIым я хьэдэ къыщанащ псынащхьэм – лIауэ нэху къекIащ. Я насыпщ псынащхьэм зи хьэдэ къыщызынахэм: я хэкум илIыхьыжащ.

*ЗэзыдзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**

*ТхакIуэ, тхыдэдж Бейтыгъуэн Сэфарбий*
*илъэс 75-рэ ирокъу*





# ЗЫКЪЭЗЫГЪЭЩIАМ КЪИГЪЭЩIАХЭР

Бейтыгъуэн Сэфарбий 1996 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдигъэкIат жыIэгъуэхэр е псалъэ шэрыуэхэр щызэхуэхьэса «Зыкъызогъэщl» тхылъыр. Абы и пэкIэ, 1986 гъэм, дунейм къытехьащ «Псалъэ псэу» зыфIищар.

«ЗыкъызогъэщIыр» япэ щIизгъэщар а псалъэм купщIэшхуэ зэрыхэлъырщ. ЦIыхум къыдалъху хьэл-щэнхэм язщ щхьэхынагъыр. Ар зытумыгъакIуэу дунейм утетыныр, «уэ зыптыну» ущыхьэзырми аргуэру къару къызыкъуэпхыжу, уи лэжьыгъэм, уи щIэныгъэм, уи цIыхугъэм хэбгъэхъуэныр, зэрызыбужьын Iуэху зепхуэныр тыншкъым, уеблэмэ хьэлъэ дыдэщ. Адрейхэм нэхърэ нэхъ гугъу зезыгъэхьращ псоми къахэзыгъэщ ехъулIэныгъэ зиIэри. А гупсысэрауэ къысщохъу «ЗыкъызогъэщI» жызыIа Бейтыгъуэным зытригъэщIар.

ЕхъулIэныгъэ егъэлея уимыIэми, цIыхуу дунейм утетын, быну, адэанэу, щхьэгъусэу, Iыхьлыуэ, гъунэгъуу, лэжьакIуэу ущытын, уи псэм и къарур а псоми яхурибгъэкъун щхьэкIэ, пщэдджыжь къэс щIэрыщIэу

зыкъэбгъэщIын хуей мэхъу. Уи псэм щыщIэр зыщIэр уэращ, ауэ уи гур мамырщ, къалэн къыптемынамэ.

Бейтыгъуэн Сэфарбий къалэн къытена хуэдэкъым: унагъуэми, жылагъуэми, къэралми яфI зэрихуэу къогъуэгурыкIуэ. Ауэ а псом зыкIи къыкIэрымыхуу къызолъытэ езым и щхьэм и щIыхуэ къызэрытемынар. Зырызу къедбжэкIыфынущ лъэпкъыр куэдкIэ зыщыгугъа, ауэ фадэм ирищIыкIахэм я цIэхэр. Зэшым, бампIэм, къэралым интеллигенцэр хуэлIыщIэн хуейуэ (абы щыгъуэми мылIэIускIэ) зэрагъэувам гукIи псэкIи еныкъуэкъуахэм е я щхьэр фIыуэ ялъагъуным теухуауэ къызэрыгуэкI жэуаплыныгъэ зыхуримыкъуахэм я гъащIэр зэраухам дыщыгъуазэщ. Ауэ, нэгъуэщIым хузэфIэмыкIын уэ пхэлъу укъигъэщIауэ, щхьэусыгъуэ къэплъыхъуэ хъуну къыщIэкIынукъым, «талант» жыхуаIэр гъэщIэгъуэныщэщи, абы утеплъэкъукIыным гуэныхь гуэр хэлъу къысщохъу, уэ къыпщыгугъ адэ-анэм, быным, псы зыщIэпкIэ жыгым, нэгъуэщIхэми уатеплъэкъукI зэрымыхъунум хуэдабзэу.

Сэфарбий хузэфIэкIащ езыр зэрыщыт дыдэмрэ къызэралъытэмрэ («Зэрыщытымрэ зэралъытэмрэ. Изнутри и извне» тхылъым фIищар тIэкIу зэхьэкIауэ къэзгъэсэбэпынщи) зэпэгъунэгъу ищIыну. ЗэрищIари щIэныгъэм и IэмалкIэщ: езым гъащIэм нэхъыщхьэу щиIар тхылъращи, цIыхумрэ лъэпкъымрэ, дуней псом аращ зэрахуэупсари (афоризмхэр, «Пионеры всемирной истории», «Мир острой критики» щIэнгъуазэхэр дуней псом щафIэгъэщIэгъуэнынутэкъэ, нэгъуэщIыбзэхэмкIэ зэрадзэкIатэмэ. Дунейм тету къыщIэкIынукъым а энциклопедитIым хуэдэ. Псалъэм папщIэ, иужьрейм «щызэригъэдэуа» политикхэм, тхакIуэхэм, усакIуэхэм, дуней псом щыцIэрыIуэ дыдэхэм я гупсысэхэр къызыхиха тхылъхэр къигъэлъэгъуэн къудейм напэкIуэцI 70 ихьащ! Гиннесс и тхылъым иратхэну хуэфащэу си гугъэщ).

Апхуэдиз лэжьыгъэ зи гуащIэ къихьам зэрыщыт дыдэмрэ къызэралъытэмрэ зыгуэркIэ зэтемыхуэми, езыр сыткIэ игъэгузэвэну – абы Псалъэр фэеплъу зыхуигъэувыжащ. «Еджэ, си лъэпкъэгъу, щIэныгъэм къытекIуа щыIэкъым, адыгэбзэм и IэфI зыхэпщIэну, бзэм я нэхъ дахэрэ бейрэ дызэриIэр хьэкъыу ппхыкIыну ухуеймэ», – жиIэ хуэдэщ.

Сэ згъэщIагъуэу хэлъщ Сэфарбий нэгъуэщI зыгуэри. ЦIыхум нэхъыбэ ищIэхукIэ, и гур зыгъэпIейтеймрэ щIэгузавэмрэ хохъуэ, гупсысакIуэ, гупсысалэ мэхъу (Заратустрэ «познание» – «скорбь» псалъэхэр зэрызэрипхам тещIыхьауэ жыпIэмэ). Сэфарбий зихъумэфащ. Дунейр къигъэщIри, адрей псори къыкIэлъигъэщIыжащи, «а псом» уигу иримыхьын хэлъщ, щIэныгъэми, акъылми, цIыхугъэми зыкIи емызэгъыу, ауэ зы напIэ дэхьеигъуэ хуэдизкIэ къыплъыса дунейм щыпщIэфынум зи акъылыр теухуа хъуа цIыхум щIэныгъэ игуэшыныр и хъуэпсапIэщ. Абы щыгъуэми жеIэ, щIэныгъэм цIыхур дунейм трихужыну, акъылым и унафэм щIэкIмэ. Дунейм щекIуэкIым еплъи, плъэкIмэ, арэзы умыхъу.

Сэфарбий тхылъхэмрэ гъащIэмрэ къыхиха щIэныгъэмрэ гупсысэмрэ хьэпIацIэщыгъэу къызэролъэлъ, «къафщтэ» жыхуиIэ щIыкIэу. Абы и гупсысэ къызэщIэкъуэкIэр апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэнщ, къыхэкъузыкIащи, мыр псалъэжь жыпхъэм нигъэсыфакъэ, щыжыпIэр мащIэкъым. Щапхъэ. «Бзаджэм и лъэр бгъэувмэ, хеящIэу увынущ», «Дыгъуасэр зи нобэм пщэдей иIэкъым», «Гумызагъэр гугъэзагъэщ».

Мыбыхэм Iущыгъэ, ущие зэрахэлъым къинэмыщIауэ, езыхэр уи гум ибубыдэну тыншщ, аллитерацие жыхуаIэр (хьэрф дэкIуашэхэм я макъ зэщIэжьыуэр) къызэригъэсэбэпым и фIыщIэкIэ. «Къэзгъэсэбэпынщ»

жыпIэкIэ пхузэфIэкIынукъым – ар уи бзэр зэрыбейм, нэхъыжьхэм яIа псэлъэкIэр уи тхьэкIумэм къызэринам я щыхьэту къыщIэкIынщ.

Щхьэхуэу къытеувыIапхъэщ 2016 гъэм абы къыдигъэкIа тхылъитIым: «Время творец сущего. Эссе, миниатюры, афоризмы», «Кавказская война и адыги: история и политика. Думы в контексте Гете» – аращ а тхылъхэм яфIищар.

КIыщокъуэ Алимрэ Бейтыгъуэн Сэфарбийрэщ псалъэмакъышхуэ зращIэкIа тхыгъэ зиIэу си щхьэкIэ сызыщыгъуазэр – «Нал къута» романымрэ «Кабарда и Ермолов» тхыдэ очеркхэмрэ. КIыщокъуэм и романыр ябзу ядыжа совет пропагандэм темыхуэу къыщIэкIат. «Кабарда и Ермолов» тхылъраща, мы зауэм зи лъапсэр игъэгъущыпэ пэта адыгэхэр пхуегъэувэлIэнукъым Ермоловыр зэгуэр Пушкин, Грибоедов, Рылеев сымэ, нэгъуэщIхэми я щытхъукIэ щIагъэнауэ зэрыщытам. А щытхъур зыхуэдам «Проконсул Кавказа глазами соотечественников» Iыхьэмкiэ дыщегъэгъуазэ Сэфарбий.

Иджыблагъэ телевизорымкIэ къагъэлъэгъуащ бзылъхугъэ 80-м щIигъу зыукIа щIэпхъаджащIэр къызэрыщIагъэщам теухуа нэтын. Абы и щхьэгъусэм жиIэрт ар цIыху щабэу, гушыIэ хэлъу, унагъуэм теубгъуауэ щытауэ. Ермоловым щхьэкIи апхуэдэ гуэр пхужыIэнущ: ар Урысейм и дежкIэ лIыхъужьщ, Къэбэрдейм дежкIэ – лIыукIщ. Абы щхьэкIэ узэдауэкIэ къикIын щыIэкъым. Ауэ зи тетыгъуэхэм лъэпкъымрэ Хэкумрэ зэрахъумэн акъыл яIэн, жыжьаплъэу щытын зэрыхуейращ Бейтыгъуэным зытригъащIэр. Абы арэзы темыхъуэн къэгъуэтыгъуейщ, ауэ, блэкIам дризэдауэ щхьэкIэ, нобэми тлъагъуркъым, зэрыжаIэу, зи щхьэм бадзэ тезыхужыфхэр лъэпкъым егупсысу, «щIэблэ-бзэ-хабзэ-щIыналъэ-псэукIэ» жыхуэтIэм хуэдэхэмкIэ Iуэху убзыхуа яIэу.

Иджы тхылъыщIэхэм я дежкIэ згъэзэжынщ.

«Кавказская война и адыги: история и политика» зыфIищамкIэ Сэфарбий жэуап иритыжу аращ Епифанцев А. А. къыдигъэкIа «Неизвестная Кавказская война. Был ли геноцид адыгов?» тхылъым.

Кавказ зауэми ар зи щхьэ ирикIуа лъэпкъхэм я дунейми хищIыкIыр зэрымащIэр нэрылъагъуу, пцIы иупсу, пагагъ хэлъу «къытхуеплъыхыу» тха Епифанцевым тегъэщIапIэ ищIыну хэтщ Бейтыгъуэн Сэфарбий («Кабарда: история и фамилии»), Щоджэн Iэсхьэд («Земля адыгов») сымэ я тхылъхэр.

Бейтыгъуэным и тхыгъэ тегъэщIапIэ имыщIами, Епифанцевыр абы жэуапыншэу къыхуэгъэнэну къыщIэкIынтэкъым, Сэфарбий щIэныгъэншагъэр игу зэрытемыхуэм тызощIыхьри.

ТхылъитIми седжащи, щIэныгъэлIхэм я гупсысэм и кууагъыр зыхэсщIэфар пэжмэ, Бейтыгъуэныр куэдкIэ йофIэкI «щIакIуэ кIапэм» тезышам. Ар езы Епифанцевым нэрылъагъу щыхъун щхьэкIэ, сыту фIыт Урысейм и телеканалхэм ирагъэкIуэкI «политикэ рингхэм» хуэдэ гуэрым щызэIубгъэщIэну.

Зызыпыпшэм и шыфэлIыфэм ущыщымыгъуазэм деж къыпщыщIынур Сэфарбий абы гуригъэIуэжауэ къэплъытэ хъунущ и тхылъымкIэ.

Дэ едгъэлейуэ нэгъуэщIхэм дакъыщыхъунри хэлъщ, ауэ 1950 гъэхэм къыщыщIэдзауэ ди лъэпкъым иIэ хъуа интеллигенцэм хуэдэ зимыIэ лъэпкъышхуэ куэд щыIэщ. ДиIэщ къытхыхьэхэм е дызыхыхьэхэм яхуэдгъэлъэгъуэн лэжьыгъэшхуэ зи гуащIэм къихьа щIэныгъэлIхэр, композиторхэр, сурэтыщIхэр, тхакIуэхэр. А плеядэм хэтщ зы философ, мы щIэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм «ядэуэршэрыфу», уеблэмэ я щыуагъэр «ягуригъэIуэжыфу» е я гупсысэм пищэу.

Сэфарбий и гупсысэкIэм узыIэпешэ, макъамэ дахэм хуэдабзэу. Дэ «клише» псалъэм къызэщIедгъэубыдэ гупсысэкIэм, псэлъэкIэм Сэфарбий пхуегъэувэлIэнукъым. Ар хьэкъ пщащI «Время творец сущего» тхылъым ит эссехэм, миниатюрэхэм, жыIэгъуэхэм.

Сэ абыхэм сагъэгушхуэ, сыт хуэдэ утыкуи ибгъэхьэ хъун философ, тхыдэтх, публицист дызэриIэр зыхызощIэри.

Мы зэманым зыгуэрым зыгуэр ебгъэгъэщIэгъуэну гугъущ, тхылъ еджэным теухуауэ жыпIэмэ. ТелефонкIэ зэпсэлъэнымрэ сурэт гъэщIэгъуэнхэр зэхуегъэхьынымрэ зи гъащIэр теухуар нэхъыбэщ. ЦIыху губзыгъэм итхам еджэныр къатохьэлъэ: е хущIэмыхьэжхэрэ е сыт и лъэныкъуэкIи ткIий хъуа дунейм «лирикэ» къыщызылъыхъуэр мащIэ?

Мы Iуэхум узыгъэгупсысэ хэлъми (лъэхъэнэ къэс езым и нэщэнэхэр иIэжщ), аракъым нэхъыщхьэу къэслъытэр, атIэ а щIэныгъэ лIэужьыгъуэр дэри дызэриIэрщ.

И жыIэгъуэхэм (афоризмхэм) ящыщ зы щапхъэу къэсхьынут, урысыбзэкIэ зэритхам хуэдэу. «Представители мировой культуры, независимо от их конкретной национальной принадлежности, состоят в духовном родстве, по сути образуя единую наднациональную прослойку без кастовых предрассудов». Адыгэ псалъэжь щыIи: «Удын зэхэдзэ нэхърэ – акъыл зэхэдзэ», – жиIэу. Сэфарбий зи гугъу ищIыр акъыл зэхэдзэращ, дыкIэрыщIауэ дунейр удын зэхэдзэм хуагъакIуэ щхьэкIэ.

Мы тхылъыр пхуэгъэтIылъкъым, унэджысыну ухуейщ. Ауэ тхакIуэр къобзэджэкI: зы тхыгъэ гуэрым е усэм я гугъу здищIым, а тхылъми ар зи IэдакъэщIэкIми уегъэлъыхъуэ икIи къыбгуроIуэ и гупсысэхэм тыншу узэрылъэщIэмыхьэнур. Зы щапхъэ, и эссехэм ящыщу.



**Исторические параллели.** Великий композитор Людвиг ван Бетховен (1770 - 1827) был близко знаком с князем, венским аристократом Карлом Лихновским (1756 - 1814), который был его поклонником. Выходец из «третьего сословия», Бетховен держался с большим чувством собственного достоинства. Как-то он сказал Лихновскому: «Тем, чем вы являетесь, вы обязаны случайности своего рождения. Тем, чем я являюсь, я обязан самому себе. Князей существует и будет существовать тысячи. Бетховен – только один».

Аналогичную мысль высказал и выдающийся кабардинский поэт-импровизатор Ляша Агноков (1851 - 1918). По своему сословному положению он относился к узденям третьей степени, т.е. был мелким дворянином. Однажды ему понадобилось переправиться через бурную реку, но он на минуту остановился в нерешительности. Тут подвернулся человек из первостепенной кабардинской дворянской фамилии Коголкиных, который и вызвался переправить Агнокова. В завязавшемся диалоге Ляша Османович в свое оправдание сказал, намекая на сословное различие:

Уэ зыр уитхьэлэми, бэлыхьтэкъым,
Къэбэрдейр зэрыуэркъ минт.
Сэ ситхьэлэмэ, арат бэлыхьыр –
ДжэгуакIуэншэу фыкъызэхэнат!
(Нало Заур. Лъабжьэмрэ щхьэкIэмрэ. Налшык. 1991.101-нэ н.)

В обоих случаях речь шла об уникальной творческой личности. В этом они идентичны. Конечно, есть и различие: Агноков сравнительно недавно извлечен из мрака забвения и, кроме как на родине, мало кому

известен, а Бетховена знает весь цивилизованний мир; каковы судьбы – такова и степень известности необыкновенно одаренных людей.

Сильное впетчатление оставляет другое высказывание Агнокова. На одной заупокойный молитве эфенди отозвался уничижительно о женщине, утверждая, что она неугодна Аллаху. Возражая ему, Агноков разразился стихами, которые заканчиваются так:

ЦӀыхубзым и нэфӀымрэ

ТхьэфӀым и гущӀэгъумрэ сыхыумыгъадэ!

Пожалуй, это – самая возвышенная оценка, которую когда-либо давали женщине не только мужчины, но и носители прекрасной половины самим себе: ставится знак равенства между Творцом и его созданием. К ней приблизился, и то выборочно, лишь Ницше: «Совершенная женщина есть более высокий тип человека, чем совершенный мужчина, но и нечто гораздо более редкое».

Адрей псом я гугъу сщӀынкъыми, Агънокъуэ Лашэ и щӀэинхэр зэрыт тхылъым уигъэлъыхъуэнукъэ мы эссем?!

Бейтыгъуэным и тхыгъэ кӀэщӀхэмкӀэ ущегъэгъуазэ «дунейр щымыджэмыпцӀэ» лъандэрэ цӀыхуцӀэ зиӀэм и нэгу щӀэкӀамрэ ахэм ятеухуауэ цӀыху Ӏущхэм жаӀамрэ. Абы уи зэхэщӀыкӀым зрегъэужь, мыхьэнэ зэтыпхъэмрэ уи нэр зыхуэбуфӀыцӀын хуеймрэ зэхэбгъэкӀыфын хуэдэу уеущий, ар дунейм нэхъ тыншу утезыгъэтын хьэл-щэным хуэбгъэкӀуэфынущ, щӀэныгъэрэ акъылрэ къыхэпхыфынущ, ухуеймэ.

ЩӀэныгъэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр щхьэхуит узэрищӀращ. Сэфарбий зэрыжиӀауэ: «ЛъакъуитӀкӀэ щымытыфыр хьэлӀакъуиплӀу тыншу мэув?!» Апхуэдэхэм зэи ящыщ ухъунукъым, щӀэныгъэ уиӀэмэ.

Езы Сэфарбий зэрыжиӀэмкӀэ, и жыӀэгъуэхэр тхыдэ-философие, художественно-философие тхыгъэхэщ. Аращ зэрыщытри.

Афоризмхэр щызэхуэхьэсауэ тхылъ куэд дунейм тетщ. Апхуэдэхэр тхылъ тедзапӀэхэм къызэрымыкӀуэу ягъэщӀэращӀэ, абыкӀэ зыгуэрым ухуэупсэ зэрыхъунум тращӀыхьу. Акъылымрэ псэмрэ къагъэщӀар лъапӀэкъэ! «Энциклопедиция мудрости», «Золотая энциклопедия мудрости» – апхуэдэ фӀэщыгъэцӀэщ хуагъэфащэр а тхылъхэм. Дэри иджы диӀэщ, зыгуэр къыщӀэупщӀэххэ хъумэ, яхуэдгъэлъэгъуэн философ. Уеблэмэ зи афоризмкӀэ цӀэрыӀуэхэм яхэткъым Бейтыгъуэным и Ӏэдакъэм къыщӀэкӀам хуэдиз зиӀэ. Ахэр зэфэзэщу фӀы защӀэщ пхужыӀэнукъым, уеблэмэ Пушкини къехъулӀакъым гъуэзэджэ защӀэ къызэринэкӀын. «ФӀыр мащӀэщ, мащӀэр фӀыкъым», – жеӀэ Сэфарбий. Фегупсысыт мыбы къызэщӀиубыдам!

Бейтыгъуэныр зыцӀыхум абы и гушыӀэкӀэр ящӀэ. Уи акъылыр псынщӀэу умыгъэлажьэмэ, жиӀэр къыпхуэмыубыдынри хэлъщ. И афоризмхэм, сыкъыщыпыгуфӀыкӀ къысхуихуэу, сыщеджэкӀэ, си псэм зегъэпсэху. Феджэт.

**Хьэл ӀуэнтӀам къыщохъу езым хуэдэу захуэ щымыӀэу.**

**Удэфа гуп слъагъумэ, ержыбыжьу жыжьауэр сигу къокӀ.**

**Хуэмыхьын зытеплъхьэм и лъэр щӀощӀэри, ари зехьэным къыхохъуэ.**

**Къызэрабжым хуэдэу дунейм цӀыху куэд теткъым – нэхъыбэр гуэтщ, бгъурытщ, телъщ.**

Сэфарбий тхэуэ щысу, жыжьэу жылэм къахэплъэ цӀыхукъым. Ар зэӀущӀэ куэдым ирагъэблагъэ, ныбжь зиӀэхэми нэхъ щӀалэӀуэхэми хуагъазэ, и тхылъхэм зэӀущӀэхэр иращӀэкӀ. Апхуэдэхэм ящыщ зым сыщӀэсати, згъэщӀэгъуат зи ныбжькӀэ щӀалэхэм Бейтыгъуэным и

тхылъхэр зэрызыхащIар, философым къызэреупщIынур кууэ къызэрыщIагъэлъэфыр. ЦIыхум сыт нэхъыфIу хуэпщIэфын, и акъылыр игъэлэжьэну Iэмал зэрептым ефIэкIыу?! Сэфарбий и тхыгъэ кIэщIхэм ущрохьэлIэ публицистикэ тхыгъэшхуэм пэувыфын гупсысэ зыхэлъи, ауани, гушыIи, н.къ. **«ЦIыхур зауэм хремыхьэ, фIым щIэбэныным хремыкI», «Бгъэшынэ зэпытыр шынагъуэщ: езым шынэ уз къещтэ, е, игу къызэрыгъуэтыжмэ, узэщегуэ», «Зи къару илъыгъуэм зигъэхъеин мэщхьэх, зи лъэр щIэхуам дэнэкIи нэсыну и гур мэпабгъэ», «Жьыр къыздепщэр зымыщIэм, борэн къытехъуэнущ», «Гъатхэм пэплъэурэ щIымахуэр ирахри, иджы дыбэуэнщ щыжаIэм, жьыр къапиубыду щIедзэ», «Зыри зымыщIэр хьэдрыхэ ямыгъакIуэу жаIэ: мы вымпIу къомыр здэкIуэр дэнэ!», «Губгъуэжыхапхъэри (амброзиер) зэгуэуду мэгъагъэ, мэ гуакIуэ къыпих и гугъэу»** – ди дунейм и теплъэгъуэ куэд къызэщIиубыдакъэ, дигъэгупсысэ, дигъэдыхьэшх, ауан дыкъищI хуэдэурэ!

Бейтыгъуэныр гупсысакIуэщи, ар гъусэ хуейкъым (ауэ езыр игъэшынэжу закъуэныгъэр къыщытехьэлъэ къызэрыхуихуэм шэч хэлъкъым), итIани, жылэм ухэмыту, зи чэзу къэса Iуэхум теухуа псалъэ жумыIэу упсэуфыну? Упсэумэ, «интеллигенцэр лъэпкъым и напэщ», щIыжаIэн хуейр сыт? 1998 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м «Адыгэ псалъэ» газетым къытохуэ Бейтыгъуэным КъБР-м и Президентым, Парламентымрэ Правительствэмрэ зэрызахуигъазэ жэрдэм. Абы къыхелъхьэ Къэбэрдейм и пщы уэлийуэ щыта Жанхъуэт Кушыку и фэеплъ гъэувын хуейуэ: япэрауэ, къэбэрдей лIакъуэм и жылакIэр зэрихъумам щхьэкIэ, си къуэ закъуэм илъ сщIэжынущ жиIэу лъэпкъыр абы тримыгъэкIуадэу; етIуанэрауэ, 1809 гъэм Налшык политико-административнэ центрыр къызэрызэригъэпэщам (абы и пIэм Налшык быдапIэр щаухуауэ щытащ) папщIэ.

Жэрдэмым и етIуанэ Iыхьэр ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIэхъущыкъуэ и цIэр Налшык паркым фIэщыжыным, Зеикъуэ къуажэм щыIэ пщыкхъэм дэт и сыныр абы (паркым) щыгъэувыным теухуат.

Иджы дощIэ ХьэтIохъущокъуэм и цIэр а паркым зэрыфIащыжар (XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм пщIондэ ХьэтIохъущокъуэм и хадэкIэ еджэу щытат абы) зи фIыщIэр хэтми. МыгурыIуэгъуэр Жанхъуэт Кушыку и фэеплъ щыIэн Iуэхум илъэс 20-м нэсауэ щIыхэмыплъэфырщ.

Бейтыгъуэным хузэфIэкIар апхуэдизкIэ зэтопщIыпщIыкIри, зы тхыгъэкIэ къызэщIэпкъуэн щхьэкIэ езым хуэдэу кIэщIрэ купщIафIэу зэдэбгъэлэжьэфын хуейщ уи щхьэмрэ уи къалэмымрэ. «Щытхъупсыр псынщIэу мэгъуж», – жиIащ Сэфарбий. Упсэууэ илъэс 75-рэ ущрикъуакIэ, тхылъ 20-м щIигъу щыптхакIэ, иджыри щыптхкIэ, дыпщытхъун хуейуэ къыщIэкIынущ. Си фIэщу зы закъуэщ мыбы хэслъхьэжыр. ЦIыхум зезгъэузэщIарэт, зезгъэужьарэт, щIэныгъэхуэлIэу къэзгъэнарэт жызыIэ, абы теухуауэ хузэфIэкI зыщIэ дэтхэнэми лъэпкъым и фIыщIэ къудейкъым, атIэ цIыхуцIэ зиIэм я фIыщIэ къелэжь, залым дызыщIыну яужь итхэм псалъэкIэ зэрапэщIэтым папщIэ (цIыхум уи гугъэ яхыумыхыжауэ щытын хуейкъэ!).

**ШИРДИЙ Маринэ,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист*

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий

# ЖЫӀЭГЪУЭХЭР

Адыгагъэр псэкӀэ зепхьэмэ, щӀым нэмысу укърихьэкӀынущ.

* * *

Акъылым гъуэгур къигъэнэхуу щыхуежьэр лъэр щӀэщӀэу щӀидзэмэщ.

* * *

Адыгэ хабзэр зи мыбзыпхъэ адыгэбзэр зеиншэ къабзэщ.

* * *

Адыгагъэр Ӏуэхутхьэбзэм хуэзыгъадэр адыгагъэм щыгъуазэкъым: Ӏуэхутхьэбзэр зэхуэщӀэщ, адыгагъэр – хуэщӀэщ.

* * *

Бгым удэкӀыну къохьэлъэкӀмэ, щыхупӀэмкӀэ зэплъэкӀ.

* * *

ГъащӀэр кӀэщӀми кӀыхьми уэ жыӀэ: цӀыхушхуэ хъунум ирокъу, мыхъумыщӀэу псэунум къомэщӀэкӀ.

* * *

ГъащӀэр сыт? Зинэуэ щӀасэщ: нобэ уи гупэ хэлъщ, пщэдей нэгъуэщӀым поплъэ.

* * *

ГукъэкӀыжыр сыт щыгъуи гущыщӀэщ: фӀымэ – зэрыблэкӀар, Ӏеймэ – уи нэгу зэрыщӀэкӀар.

* * *

Губзыгъэр щхьэдыкъ ящӀ хабзэщ – абыкӀэ ӀэщӀагъэ зиӀэр мащӀэкъым, ауэ делэр, сыт ямыщӀэми, зэрыделэу къонэж.

* * *

Гъуэмбым имыхуэжыр зэщагуэри – хуэбыхъуу йозэгъэж.

* * *

ДыкъыздикIам хэтщIыкIыр дызыхуэкIуэм хэтлъагъуэм хуэдизщ – лъэныкъуитIымкIи кIыфIщ.

* * *

Делэм уфIэкIыурэ губзыгъэр къыпфIэкIыу уохъу.

* * *

Делэм жиIэр фIэмащIэщ, губзыгъэм – фIэкуэдщ.

* * *

Дыгъужьым и гъунэгъуу хьэмаскIэ щхьэхуит дунейм теткъым.

* * *

ЖыIэмыдаIуэм унафэр Iэрыхьэмэ, ущиякIуэу мэув.

* * *



ПщылI мелуанырыбжэ нэхърэ, факъырэ бжакIуэ щхьэхуит.

* * *

Зым зэуэ уафэмкIэ къыхурадзых, адрейм псэуху щIым къыщIех.

* * *

Кавказ къурш псынэр къумым къыщыхутэмэ, занщIэу зыщIифынущ: апхуэдэщ Кавказым и цIыхухэри – хамэщIым щохъур нэгъуэщI.

* * *

Куэд ухуеймэ, уиIэр мащIэщ, мащIэр зрибгъэкъумэ, куэд уиIэщ.

* * *

КъулыкъущIэм уахэзагъэмэ, бэм уи щIыб яхуэбгъэзащ.

* * *

Кхъуэр щыкIмэ, Iуащхьэм зэрыдэкIыр фIыщ – кIэ ептыну щхьэусыгъуэ уогъуэт.

* * *

ЕтIысэхыпIэ зрамытым Iэрызехьэр ехъуэпсащ.

* * *

Лъэпкъым и кхъэм и щытыкIэр и дуней тетыкIэщ.

* * *

Лъагъуныгъэм и махуитI: утелIэу къыщIедзэри уIурылIыкIыу еух.

* * *

Фызрэ лIырэ: гурэ щхьэрэ.

* * *

Македонскэр лIэри, и къэралыгъуэри лъэлъэжащ, Диоген и бочкэр зэхэщэщэжри, езыр къэнащ.

* * *

Муслъымэныгъэр тыншщ – зепхьэну, адыгагъэр гугъущ – пхэлъыну: гуэныхьыр къэзыхьыр ахърэткIэ мэпшынэ, адыгагъэм ебакъуэм дунеягъэкIэ егъэв.



* * *

Ныбжьым фIэкIа узэмысэж щыIэкъым.

* * *

Бейр насыпыфIэу, факъырэр насыпыншэу щыткъым: зи гур къыгуфIыкIым и насыпщ.

* * *

Удэфар ныбэиз щылъхущ, къилъхужынури езым хуэдэщ.

* * *

Ныбжьэгъуми жагъуэгъуми дагъей: япэм – дунейм дызэрехыжынур, етIуанэм – дызэрытетыр.

* * *

НысэкIэ фIа гуащэр хэткIи фIащ.

* * *

Псэ зыхэтым и теплъэри дахэщ.

* * *

Псалъэжьыр губзыгъэм игу къокI, делэм игу къокIыж: япэм – щищIэнуIам, етIуанэм – къыIэщIэщIэIамэ.

* * *

Тету хахыну зыкъэзыгъэлъагъуэм я Iуэхур пхыкIрэ псэукIэр екIакIуэмэ, жэуап яхьыпхъэу Конституцэм итхамэ, ар игъэдэхэнт.

* * *

Сабий сымаджэр ягъафIэурэ, узыр зэ кIэрохужри, хьэл мыхъумыщIэ къещтэ – ныбжькIэ хэлъыну.

* * *

Сымаджэр мэщэIу, узыншэр мэгурым.

* * *

Сэ сыщыIэу уэ жумыIэт, ирикъуа щымыIэу!



* * *

Тхыдэр – еджапIэщ, ауэ къекIуалIэр егъэджакIуэхэщ, еджакIуэ хуэщкъым.

* * *

Тенджызым и къару мыкIуэщIыр и Iуфэлъафэхэм нэхъ щызыхыбощIэ: толъкъун абрагъуэ губжьахэр, зым адрейр ириудурэ, къыр дзакIэхэм къызэрогулI, зэ мэгъуэхъуэжхэри, я дунейр яхъуэж; атIэми абы и лъэщагъыр здэщыIэр и курыкупсэрщ. Апхуэдэщ цIыхухэри: кIий-гуохэр къаруушэщ, къаруфIэхэр зэпIэзэрытщ.

* * *

ТхьэкIумитIри мащIэщ, удэIуэнумэ, ауэ зы жьэри урикъунщ, зэтеппIэнумэ.

* * *

Тхыдэ: блэкIам и гъуджэщ, къэкIуэнур къыщу.

* * *

Тхыдэ: зэманым и Iыхьэ блэкIащ, хэпхIами щIыбгъужIами ит зэман мэхъуж.

* * *

Угие хьисэпу фIы блэжьмэ, хьэрэмщ.

* * *

УсакIуэр Тхьэм къегъэщI, «народнэ усакIуэр» къулыкъущIэ IэщIагъэщ.

* * *

Усакъым, усакъым, усакъыурэ – утоплъэкъукI.

* * *

Узыншагъэ фIэкIа уимыIэмэ, ари узу урикъункъэ?

* * *

Уи напэм Iэ къыдалъауэ фIэкIа хыумыщIыкIыу къэрахулэкIауэ къыщIэкIынкIэ мэхъу.

* * *



УкъызыгурыIуэ дунейм темытмэ, ахърэтым ущыIэщ.

* * *

Уи нэгу щIэкIыу укъызэлыр пщIыхьэпIэу плъагъумэ, уилIыкIауэ нэху укъекIынкIэ тIэу еплъынукъым.

* * *

УкIытэр зытекIуэм и напэр текIуащ.

* * *

УафIэкIым, уафIэкIым, уафIэкIыурэ – уагуокIэ.

* * *

УсакIуэм псэр нэхъ хэту, тхыдэтхым щхьэр нэхъ фIэту щытыпхъэщ.

* * *

Фадэм зыпыIузыдзым Тхьэм уиузэщI жызоIэ, итхьэкъуам Тхьэм гущIэгъу къыхуищI – абы псалъэр и тхьэкIумэм ихьэжынукъым.

* * *

ФIы зыщIар щIегъуэжамэ, зэIищIэжащ.

* * *

Хабзэ къекIуэкIым къемызэгъ Iуэхугъуэм залымыгъэкIэ ирахулIэр и акъылым икIынкIэ мэхъу.

* * *

ЦIыхугур кIыфIщ, куущ, гъуни нэзи зимыIэщ: нэгъуэщIыр абы и лъащIэм нэсын дэнэ къэна, зей дыдэми ирилъагъуэр мащIэщ.

* * *

ЦIыхур фIырыфIкIэ Iущ хъу псэущхьэкъым.

* * *

Нэхъыбэм къагурымыIуэ гупсысэр куущ.



* * *

ЦIыхур факъырэ ящIри, псапэ хуэщIэу мылIэIус хуашииж.

* * *

ЦIыхухъу псэ хьэлэлыр цIыхубзкIэ делэщ, цIыхубз делэр цIыхухъукIэ хьэлэлщ.

* * *

ЦIыхубзыр цIыхухъу акъылмэ – дахэщ, цIыхухъу хьэлмэ – хьэлэчщ.

* * *

ЦIыхум хуэфащэр жепIэнщи, пхуэмыфащэр зэхыуигъэхынщ.

* * *

ЦIыхугъэ пхэлъу узекIуэмэ, укъыздикIами уздэкIуэми сыщIэупщIэркъым.

* * *

ЦIыхум уигу щыкIынумэ куэдрэ – щэху дзыхь хуэщI.

* * *

Щхьэр зыхуеймрэ псэм и щIасэмрэ зэрыIуэтрэ щхьэр химылъафэмэ – мис ар нэмысщ.

* * *

Щхьэщэ пхуэщIмэ, зыхуэпщIыр ууейщ, уи тхыр бгъэшмэ, зыхуэбгъэшым урейщ.

* * *

И адэм япэ дунейм къытехьауэ къызыфIэщIыж щыIэщ.

* * *

Я гум укъипсэлъыкIыу птхар уиIэбэу къипхауэ къащохъу, ауэ абы къикIыр нэгъуэщIщ: псэхэр зэIыхьлыщ, зыхэтхэр зэхуэхамэу щытми.

* * *

Iэпкълъэпкъыр зэфIэсу есэмэ, узу къызэщIотаджэ.

* * *

Iейр уемыджауи къос, фIыр укIэлъыджэурэ пфIокIуэ.

* * *

Iэщым лъакъуапIэ къызэренэкI, цIыхум лъэужь къегъанэ.

* * *

Iуэхум хэлъым гу лъызымытэм хэмылъыр хилъэгъуэнущ.

* * *

Iуащхьэ щхъуантIэм лъагэу зиIэтмэ, и щыгур мэтхъу.

* * *

Адыгагъэр кIуэдыжу лъэпкъыр зытегузэвыхь адыгэбзэр зеиншэу къэнэнкIэ шынагъуэщ.

* * *

Зыдэплъеипхъэм хуеплъыхыр нэфщ, зыхуеплъыхыпхъэм дэплъейр набгъэщ.

* * *

ПцIым удихьэхмэ, утыкум урехьэри укъренэ.

* * *

Анэгу нэхъ тхьэмыщкIэ сыт щыIэ, итIани аращ абы и насыпыр здэщыIэр.

* * *

Бынып ди пщэдейуэ жаIэ – ди дыгъуасэм нэхъ ещхьщ.

* * *

Бынып гъэса хъуамэ, гу лъытэгъуейкъым: зыпIар ипIыжу плъагъунущ.

* * *

ДэIуэн фIэкIа къызыхуамыгъэнэжам дэгу зещI, захуагъэуи ещIэ.

* * *

Къуэ пцIыупс зиIэ и анэ гуфIэ щимыгъащIэр пэжынущ – адэм и Iуэхуращ хэплъэгъуэр.



* * *

ЦIыкIухэм балигъыбзэр я нэщ, я псэщ, жьыкIэфэкIэм сабиибзэр яфIэIэфIщ.

* * *

Чыр цIынэщ жыпIэу къэгъэшынкIэ умыерыщ, бжэгъукIэ ущыгугъмэ.

* * *

Укъызытенэжынур гъуазэщ.

* * *

Хабзэ къемыжьам упемыжажьэ, къэсар къегъэблагъэ, блэкIам укIэлъымыжэ.

* * *

Хабзэжь зизылъэфыхьым щыгъупщэжащ езым и щIалэгъуэм гъуэгу кърамыту зэрыщытар.

* * *

ХабзэщIэм пэрыуэу хабзэщ, хабзэжьым щIэрыIэу хабзэщ.

* * *

Хабзэм и къежьэгъуэм зыпыӀуадз, и кӀуэдыжыгъуэм зыкӀэращӀэ.

* * *

Хабзэншэм хабзэжьыр нэщанэуапӀэ ещӀ.

* * *

Хабзэр зэхэзехуэн ящӀмэ, ар къызыфӀэмыӀуэхуу щытахэри и телъхьэ мэхъуж.

* * *

ХабзэфӀыр къегъэжьэгъуей хэгъэкӀуэдэжыгъуафӀэщ.

* * *

Щыуагъэр занщӀэу мэпӀий, къуаншагъэр щэхуцӀыкӀуу зэрахьэ.

* * *

Адыгагъэ мыщӀэ адыгэбзэ щӀэкъуащ.



* * *

Адыгагъэр къалэнщ, армыхъумэ Ӏуэхутхьэбзэкъым.

* * *

Адыгэм и хэкум пщӀэ щиӀэнущ, хамэм гу къылъитэмэ.

* * *

Гъуэгущхьищыр щызэхэкӀым тетхащ: лӀыгъэ, цӀыхугъэ, щӀэныгъэ – щыми зэдрикӀуэн хуейщ, ар цӀыху нэсымкӀэ зы гъуэгущ.

* * *

Ей, адыгэ, – жаӀэмэ зэӀыбощӀэӀа, уадыгэкъэ уэ – жаӀэмэ, иджыри къыпщогугъ.

* * *

Лъэпкъым и бын пажэм езым и гуращэ нэхъыфӀхэр делъагъуж.

* * *

Напэ зимыӀэжым иӀари узот.

* * *

Напэр зэ ящэху, итIанэ иросондэджэр.

* * *

Ажалымрэ делэмрэ зыкIэ зэщхьщ: тIури чэнджащэркъым.

* * *

Акъылыр бзаджагъэм хуэныкъуэкъым.

* * *

АкъылыфIэм сыт щыгъуи и зэманыгъуэщ.

* * *

АкъылыфIэр гъуэмбырэщми йозагъэ, акъыл ныкъуэр дунейм тезагъэркъым.

* * *



Делагъэм уесэжмэ, губзыгъагъэу къыпщыхъужыныр бетэмалщ.

* * *

Делагъэр акъыл щызынэжащ.

* * *

Лъэпкъым къыхэжаныкIымрэ къыхэпIэнкIыкIымрэ: япэм ипэкIэ уешэ, етIуанэм и ужьым уиту укърешэкI.

* * *

Пашэр щхьэзэмэ, щхьэж и занщIэр и гъуэгущ.

* * *

Тхьэхуэлажьэр цIыхугъэм и щхьэузыхьщ, щхьэхуещэр – и щхьэгъэузщ.

* * *

Ахъшэм игъэделам къэгъазэ иIэкъым.

* * *

Ерыскъы щхьэкIэ лIам нэхъыбэ ныбэизыгъэм текIуэдащ.

* * *

Къулейр яуфэкъмэ, факъырэм зы къыхохъуэ.

* * *

Мывэ къызэрыгуэкIыр дыщэм куэдкIэ йофIэкI – зэригъэукIIаркъым.

* * *

Мылъкур насып пщалъэу щытамэ, дыхьэшх макъ дунейм щызекIуэнтэкъым.

* * *

Мылъкум ныбжьэгъу хуэщкъым: е тепщэщ, е пщылIщ.

* * *

Узыхуей псор умыгъуэтми, укъол, ауэ уи нэм къыфIэнэ псом уитхьэкъумэ, кIуэдыр къыпхуокIуэ.

* * *

Лажьэ зимыIэ дзэр Iуохури – бзэгур къонэ.



* * *

Зэман блэкIар ущие хуеижкъым, ауэ езым чэнджэщ къыуитынущ – къыпхуеIыхмэ.

* * *

Лъэужь хэпшар пэжщ, лIэужьыр ирикIуэмэ.

* * *

Хьэдрыхэм псори зырызэ макIуэ – зи закъуэ пIийуэ дунейм къытенар – тIэу.

* * *

Зэм дунейр тхурикъуркъым, зэми зыри дыхуеижкъым.

* * *

БлэкIа зэманыр хъыбарегъащIэщ.

* * *

Зэманым и архъуанэм псори ирелъафэ: зым гъащIэм гу щимыхуакIэу, адрейм фIэмыIэфIыжу.

* * *

Зи тхыдэр щхьэхуит лъэпкъыр щхьэхуитщ.

* * *

Зи чэзур блэбгъэкIмэ, зимычэзу къешэ.

* * *

КъэкIуэнур къэкIуэнум и дунейщ: аращ зи гъащIэр кIуам и уэрэдыр щIэнэщхъейр.

* * *

ЛIар сыт хуэдэу дунейм темытами и хьэдэр пуд хъуркъым, къыщIэнахэри езым ещхь мыхъужамэ.

* * *

Нэгум къыщIыхьэж зэпытыр блэкIам щыщкъым.

* * *



Нэгум щIэкIар гъунэгъуу уолъагъуж, щIэлъым гу лъыптэркъым.

* * *

ЩIэхыу зэхэкIыжыну мафIэм къэлыд хуэдэу зещI, гуащIэу блэнур тIэкIу-тIэкIуурэ зэщIонэ.

* * *

Хэкум щIэбэным зэ лъы егъажэ, зыбгынэм щIэмычэу нэпсыр щIегъэкI.

* * *

ЦIыхур зыхуэкIуэнур и кIуэкIэм къыбжеIэ.

* * *

ЦIыхушхуэм и ужьым жьгъейр ищIащ: арации, абы и Iэужьым зэкIэ пызыщэфын къыщIэныркъым.

* * *

Уигу ибгъэхуну узыхэт гущыщIэр зэман-зэманкIэрэ къоукъубей.

* * *

НысащIэ мыхъумыщIэм унагъуэ хейр зэIещIэ.

* * *

Гуащэр нысэм и тхьэкIумэм икIиеу и пхъум хузэхегъэщIыкIащэрэт.

* * *

Унагъуэр хьэргъэшыргъэмэ, нысэ псэ хейри фIэгъэнапIэ ящI.

* * *

ГъащIэр зищIысыр къыбгурыIуэжамэ, къыумыгъащIэ щIыкIэ пIэщIэкIауэ аращ.

* * *

ГъащIэр къызэмыхъулIам гукъэкIыжхэмкIэ игу егъэзагъэ.

* * *

ГъащIэри кIуащ, лIэныгъэми дыщощтэ.

* * *

ГъащIэр щыдэгъэзеигъуэр егъэзыхыгъуэ хъууэ хуежьамэщ.



* * *

ГъащIэр Iущ ухъухущ.

* * *

Дунейм зэрыхуейуэ темытыфар зэрехыжынум щIригузэвэни щыIэкъым.

* * *

ЗызыщIэжым зилIэжыркъым.

* * *

Узэрыгугъэу умыхъумэ, зумыпэсами ухокIыж.

* * *

ЩIыр яхузэрымыгъэгуэшурэ зэрытохыжри, щхьэж и Iыхьэри къылъосыж.

* * *

ЩIыхьым ар къэзылэжьыр къилъыхъуэ зэпытщ, ауэ нэхъыбэм къыщигъуэтыр кхъэращ.

* * *

Быным я лъэр бгъэуврэ уэри лъэрытету укъызэтенэмэ, яхуэпщIэну псор яхуэпщIат.

* * *

Псэ зыIут псори зэрылъхузэрыпIщ, къэзыгъэщIар зы тхьэщ – щIылъэ-анэрщ.

* * *

Дыхуеижынущ жаIэурэ, лейр зэхуалъэфэс, сыту тщIыжын жаIэурэ къахуэщхьэпэнур хыфIадзэж.

* * *

Дыщэдзэм и зэран жьафэм йокI: зэтешауэ къегъанэ.

* * *

Жьы ухъури делэ ухъужащ, жаIэми, ухилъэфа хуэдэкъым: ущыгуб-зыгъаи щыIэщ!



* * *

КIий-гуоуным цIыхухэр игъэдахэтэмэ, зэрыдунейуэ тхьэIухудт!

* * *

ЛIыр зы бжьэ «еуэмэ», фызым и щхьэм доуей.

* * *

Нэрыплъэ зыIулъ жьэрыплъэм схуIуплъэт.

* * *

Зэманыр зэрыщымыту зытхыжыр тхыдэтхкъым – зэхэтхыхьакIуэщ!

* * *

Псалъэ пэжыр бгъэнысщкIумэ, псалъэмакъ къокI.

* * *

КъэкIуэнщ зэман, ныкъуэкъуэгъу зимыIэм имыIэ щымыIэу.

* * *

Лъы ужьыр бжьиблым доужьых.

* * *

ЩIыхур зауэм хремыхьэ, фIым щIэбэныным хремыкI.

* * *

Щхьэхуимыту щытамкIэ хуитыныгъэр Iэщэ шынагъуэщ: и пщэм дэлъа бжьыр нэгъуэщIым пщIэхилъхьэнкIэ мэхъури, псори зэрыщытауэ къонэж.

* * *

ЩIэблэм щIэину лъабжьэфI къахуэнэмэ, щхьэкIэр езым ящIыжынщ.

* * *

ЩIэр къащтэмэ, къэкIуэнум йогупсыс, жьым щытхъумэ, блэкIар фIыкIэ ягу къокIыж.

* * *

Жэнэтым хуэшхыдэри, жыхьэнмэм къулыкъу къыщыдихащ.

* * *

ЗэзымыпэсыжIауэ къэна къулыкъущIэм куэд ихьыжыркъым.

* * *

Зым къулыкъу зэрехьэ, адрейр къулыкъум кърехьэкI.

* * *

Дунейр гугъу хъуамэ, лIыгъэ зиIэм и дунейщ.

* * *

Унэр гугъуехьыр пыщIауэ ящIри, гуэщIыхьхэм хьэзабыр щашэч.

* * *

ЖыIэкIэмыщIэм гупсысэ дахэри фаджэ щIохъукI.

* * *

И чэзум жыпIа псалъэм лъэщагъкIэ пэхъуну щыIэр зыщ: игъуэу епкъухар.

* * *

КIэщIу жыпIэфынур умыгъэныщкIу: гупсысэр зэпылъэфамэ, псалъэ зэхуакухэм докIуэдэж.

* * *

Мыгупсысэу псалъэр гупсысэ хохуэ.

* * *

Псалъэм пщIэ щIамыту жызыIэм сату жыхуаIэм хъыц хищIыкIыркъым.

* * *

ПсалъэкIэ зэIыпщIар IуэхукIэ зэрыпхузэIыхыжщ.

* * *

Псалъэр жьы хъумэ, уахътыншэщ.

* * *

НобэкIэ узэджэнур пщэдей махуэращ, езы нобэм и щIэдзапIэр дыгъуасэм щыIэщ.

* * *



Зэман къакIуэм дэ куэдкIэ дыщогугъ, ауэ фIэкIыпIэ имыIэу къытпэплъэр зыщ – ныкъусаныгъэу тхэлъымрэ щыуагъэу тIэщIэкIамрэ.

* * *

Лъабжьэмрэ щхьэкIэмрэ зэблэдзамэ, тIури мэгъу.

* * *

БлэкIам щIыбгъуIаи кIэрыбгъэхуIаи хъуркъым, ауэ мычэму щIагъу икIи кIэрагъэху.

* * *

Ахърэтым щыIэ жэнэтым ущыгугъыурэ дуней жэнэтым зыхыумыгъэкIыж.

* * *

Адыгэм и хабзэр и хэкущ.

КIЭБЫШЭ *Лилэ*

# НАСЫП КIАПЭ

*Рассказ*



Школым щыщIэса зэманым щегъэжьауэ, Сэлимэрэ СуIэдинрэ фIыуэ зэрылъагъуурт. Ахэр зы партэ здыдэсат, япэ классым щыщIэдзауэ еджапIэр къаухыху. СуIэдин фIыуэ еджэрт, Сэлимэ нэхъ къыкIэрыхурти, щIалэр сыт щыгъуи абы дэIэпыкъуурт. Зым и анэм IэфIыкIэ гуэр къритамэ, Iэмал имыIэу зэхуэдитI иращIыкIырт, ахъшэ жьгъей тIэкIу къапэщIэхуамэ, зэхуахьэсырти, зэгъусэу зыгуэр къащэхурт.

Школ нэужьым я Iуэху зэрыхъунум егупсысын хуей щыхъум, Сэлимэ сыт щыгъуи зэхъуапсэ дэрбзэр IэщIагъэр къыхихащ, СуIэдин агроном хъуным триухуащ. Хъыджэбзым и еджэныр нэхъ щIэх къиухри дэрбзэр фабрикэм увати, зы пщыхьэщхьэ къэмынэу СуIэдин кIуэрт ар зыщIэс общежитым. Сэлими ар къыщысыну зэманым ирихьэлIэу ипщэфIырт щIалэм нэхъыфIу илъагъу шхыныгъуэхэр. ИужькIэ зэгъусэу къыдэкIырти, паркым къыщакIухьырт, кином щыкIуэри мащIэтэкъым, псом хуэмыдэу цIыхухэр зыщытхъу гуэр ягъэлъагъуэмэ.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, кинотеатрым къыздикIыжым, Сэлимэ щIалэм зыхуегъэзэ:

– СуIэдин, зыгуэркIэ сыноупщIынущи, пэжыр къызжепIэн?

– Пэж фIэкIа, игъащIэм пцIы бжесIакъым, Сэлимэ. Сытыт укъызэрызэупщIынур?

– Мы кинохэм хэт цIыхубз дахэхэр плъэгъуа нэужь, сэ Iей дыдэу сыкъыпщыхъукъэ? – нэщхъей къэхъуауэ жеIэ Сэлимэ, икIи, щIалэм и жэуапым пэмыплъэу, адэкIэ пещэ: – Сэ сызэрымыдахэр сощIэж. Сыгъурщ, сылъакъуэ кIэщIщ. ТIэкIу сынэхъ щхьэпэлъагэу щытами аратэкъэ... Сигу иримыхьыххэр си пэращ...

Абы и псалъэхэр гъэщIэгъуэн зыщыхъуа щIалэм, мащIэу къыпыгуфIыкIри, жиIащ:

– Сыт мы делагъэ жыпIэхэр, си тхьэIухуд цIыкIу? Апхуэдэ уигу къыумыгъэкIыххэ. Мы дунейм теткъым сэ уэ узыпэсщIын.

А дакъикъэм фIылъагъуныгъэу СуIэдин и нэгум къищар псалъэкIэ пхужымыIэнт...

ЩIалэм апхуэдэу еупщIын хуей щIэхъуар езы Сэлимэ ищIэжырт. Пэшым къыдыщIэс хъыджэбз цIыкIухэм СуIэдин ягу зэрырихьым куэд щIат абы гу зэрылъитэрэ. Пэжу, щIалэр дахэт:

щхьэпэлъагэт, плIабгъуэт, зэIэщIэлът. Нэхъри лъагъугъуафIэ ищIу, ар нэфIэгуфIэт, гушыIэ дахи хэлът. Сэлимэ куэдрэ зэхихыжырт езыр СуIэдин зэрыхуамыгъэфащэр, «Сыту пIэрэ мыбы кIэрилъэгъуар? Мы цIыхухъухэр здэплъэр дэнэ?» – зэрыжаIэр.

Апхуэдэурэ здекIуэкIым, зы махуэ гуэрым Сэлимэ и ныбжьэгъухэм ящыщ зым куэзыр хутридзэурэ къыжреIэ: «Трамэ хъыджэбзым уи щIалэм нэ кърищащи, умыбэлэрыгъ. Абы унагъуэ хъарзынэ зэтрикъутэри, иужькIэ щIалэми хуэмеижу хыфIидзэжащ. Иджы уи дежкIэ зынигъэзэну хэтщ». Сэлимэ абы къыжриIахэр и жагъуэ хъуат, ауэ «Сэ сыкъигъанэу, ар зэи нэгъуэщIым пхуемыплъынурат», жиIэри къыфIэмыIуэхуфэ зытригъэуащ.

Сэлимэ и отпускти, си анэм деж тIэкIурэ сыщыIэнщ, жери къуажэм кIуэжауэ щыIэт. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым я гъунэгъу фызыр уэршэракIуэ къекIуэкIауэ, псалъэм къыдэкIуэу мыр къажреIэ: «СуIэдин фыз къишауэ ягъэхъыбар. Фэ зыгуэр хэфщIыкIрэ а Iуэхум?» Сэлимэ и фэр шэхум хуэдэу пыкIащи, зы псалъи хужыIэркъым. Анэри гужьеяуэ и пхъум йоплъ.

– Къысхуэгъэгъу, Сэлимэ, уи жагъуэ сщIыну сыхуеякъым, – жи гъунэгъу фызым. – Ауэ, уэ ар дапщэщ зэхэпхми, зэхэпхынут. Абы фIэкIа пэжынагъ зыхэмылъ щIалэр пэщIэщIэгъу зэрыпхуэмыхъуар, хэт ищIэрэ, нэхъыфIынкIи хъунщ.



«Мамэ!» жиIэу Сэлимэ зэуэ къыхэкIиикIри, гъуэгыу и анэм зридзащ. Зи нэпсыр псыхьэлыгъуэу къежэх зэанэзэпхъум гу лъатакъым хъыбар жагъуэр къахуэзыхьа я гъунэгъур дапщэщ щIэкIыжами...

Пшапэр зэрызэхэуэу, СуIэдин Сэлимэхэ я деж къэкIуащ.

– УмыукIытэу, ди куэбжэпэ дауэ укъыIухьа? Уи насыпри си хъыджэбзым и насыпри уи IэкIэ пкъутэжащ. Сыт иджы узыхуейр?.. Мыбдеж укъыIухьауэ афIэкIа сумыгъэлъагъу! – жиIэри куэбжэр иридзылIэжащ Сэлимэ и анэм.

– КхъыIэ, Сэлимэ сыхуэгъазэ. Сэ сощIэ абы сыкъызэрыгурыIуэнур, Iэмал имыIэу сыкъыгурыIуэнущ... – жиIэурэ лъаIуэу СуIэдин куэбжэпэм деж щытащ, жэщыбг хъуху.

ЕтIуанэ пщыхьэщхьэми къэкIуащ, ауэ дагъэхьакъым. Ещанэ жэщми къэкIуащ. Пшагъуэт, уэшх щIыIэри зэпыу имыIэу къешхырт, ауэ СуIэдин яхуIумыкIыжу щытт. ЩIыIэм иубыдарэ зэщIэкIэзызэу ар лъаIуэрт:

– Сэлимэ, кхъыIэ, дызэгъэпсалъэ. Сэ уэрыншэу сыпсэуфынукъым. Псори къыбгурызгъэIуэнщ... Ныжэбэрей жэщым хуэдэщ иджы сэ си гъащIэр...

Сэлимэ хуабэ гуэр зытриубгъуэри къыщIэкIащ. Куэбжэр Iуихрэ дэплъмэ, псыф хъужарэ зэщIэкIэзызэу СуIэдин щытщ. Абы зэрыIуплъэу, хъыджэбзым и гур къыхэузыкIащ. ФIэгуэныхь хъури, зы псалъэ жимыIэу къыдигъэхьащ, пщэфIапIэмкIэ щIишэри шей пщтыр къыхуищIащ.

СуIэдин, шейми емыIусэу, щытт зыри жимыIэу. ФIыуэ илъагъум и нэгум иплъэну хуейт ар, ауэ и напIэр къыхуэIэтыртэкъым.

– Сэлимэ, сэ псори бжесIэжыну сыхуейщи, кхъыIэ, къыззедаIуэ, – къригъэжьащ абы ерагъыу.

– СынодэIуэнщ, ауэ япэщIыкIэ тIыси шей пщтырым ефэ. ТIэкIу укъэхуэбэжмэ, псори къызжепIэжынщ.

– Хьэуэ, сыхуейкъым шейми, – идакъым СуIэдин. – Абы нэхърэ къыззедаIуи нэхъыфIщ... «Сыкъыщалъхуа махуэр згъэлъэпIэну мурад сщIащи, кхъыIэ, си гъусэу накIуэ. ЩыIэнури си ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIу зытIущщ», жиIэу Ленэ къыщызэлъэIум, и жагъуэ схуэщIакъым. СыкIуащ, жиIэр си фIэщ хъури... Тхьэи сыкIуат?.. КъыскIэрыхъыжьэурэ сызэригъэбампIэр сщIэжыртэкъэ?! Сытми, дынэсри, Iэнэ ухуам дыбгъэдагъэтIысхьащ, щIалэшхуитIи сибгъу зырызымкIэ къагъэтIысащ, «мыхэр Ленэ и дэлъхущ», жари. Абыхэм чэзууэ къысхурагъахъуэм, сыхагъэзыхьу срагъафэурэ, чэф сыхъуащ. Уэ уощIэ сэ сызэремыфэри фадэ зэрысхуэмыхьри...

Нэху щыцам, си щхьэм и мызакъуэу си Iэпкълъэпкъ псор узырт. СыздэщыIэр къызгурымыIуэжу зысплъыхьмэ, а уэ пщIэ Ленэр къызбгъурылът. Асыхьэту, къыздикIари къыздихуари сымыщIэу, жэщ кIуам къызбгъурыса щIалитIыр къысщхьэщыуващ. «Ди шыпхъур бгъэулъиящи, къэпшэжынущ. «Хьэуэ» жыпIэрэ, тутнакъэщым укъыщыщIедгъэдзынщ», – къызжаIэ ткIийуэ. Зыгуэр япэздзыжыным сыхунамыгъэсу, псынщIэу сыкъыщIашри машинэм срагуащ... СагъэтIысынщ, жысIэу сыгузавэртэкъым сэ. Схузэмыгъэзахуэр мы щIэщхъу къысщыщIар уэ зэрыбжесIэну щIыкIэрат... Си щхьэр фIызоудыж апхуэдэ делагъэ къызэрысIэщIэщIамрэ ди насып къэкIуэнур зэрыскъутамрэ щхьэкIэ. Сэлимэ, плъэкIыну щытмэ, кхъыIэ, къысхуэгъэгъу. ГурыщIэ дахэ зэхудиIэм и хьэтыркIэ сынолъэIу жысIэр уи фIэщ пщIыну...

– Умыгузавэ, сэ псори пхуэзгъэгъуащ. Ауэ а къэхъуам и ужькIэ уэ къыбгурыIуэн хуейщ уэрэ сэрэ ди насып зэрызэхэмылъыжыр. Ди къэкIуэну гъащIэ дахэр зэхэпкъутащ... – къыдришеящ щэху дыдэу Сэлимэ. – ГурыщIэ дахэу зэхудиIари, зэман дэкIынщи, кIуэдыжынщ...

СуIэдин Сэлимэхэ я деж къыщикIыжа пщыхьэщхьэм къыгурыIуэжат фIыуэ илъагъу хъыджэбзым игъащIэкIэ зэрыпыкIар. ЗэрыкIуэжари зэрынэсыжари имыщIэу, дыхьэжат ар пщIантIэм.

– Мыр сыт, си щIалэ, щхьэ ди напэр тепхрэ? Апхуэдэ хабзэ щыIэ, на-а? ЦIыхубзыр къапшэри уи лэгъунэм къыщIэбгъэтIысхьауэ, уэ езым къыбокIухьри удэтщ, – къыжреIэ и анэм, гузавэм къыхэкIыу, зэрыцIыкIум нэхърэ нэхъ цIыкIуж хъуауэ.

СуIэдин, и анэм жэуап гуэри иримытыжу, и лэгъунэм щIохьэжри, къехьэкI-нехьэкI хэмылъу, нысащIэм жреIэ:

– Сэ сыпхуейуэ укъэсшакъым. Ди Iуэхур къызэрекIуэкIам сэ нэхърэ мынэхъ Iейуэ уэри ущыгъуазэщ... УщIэкIыжынумэ, зыри къыппэувынукъым.

АрщхьэкIэ, Ленэ къикIуэтхэм ящыщтэкъыми, мыукIытэу жэуап къетыж:

– «Сышэ» жысIэу сынолъэIуакъым, псори зэхэзыщIыхьар уэращ. ИтIанэ, къызэплъыт мыдэ, а сырыхум нэхърэ сэ сыткIэ сынэхъ Iей? Сынэхъ Iейр къызогъанэри, зэи къыслъэщIэмыхьэну арат ар!.. Сэ нэхъ щхьэгъусэфI сыхъунуми пщIэркъыми...

Пэжу, Ленэ цIыхубз лъагэ зэкIужт, ауэ щIыIагърэ пагагъыу и нэгум кърихым и теплъэ дахэр ягъэкIуэдыжырт. ЩIалэр къызэрыдимыхьэхыфынур къыщыгурыIуэм, нысащIэр кIуэри гъуэлъыпIэм итIысхьащ. И лъакъуэхэр зэтридзэщ, и нэщхъыр СуIэдин къыхузэхиукIэри, ткIийуэ жиIащ: «СлIожь, тутнакъэщыр къыхэпхыу арамэ, уэ пхуэдэхэм папщIэ абы и бжэр сыт щыгъуи зэIухащ!»

– Абы исхэри цIыхущ, – жиIэри СуIэдин лэгъунэм къыщIэкIыжащ.

Нысэмрэ къуэмрэ пэш зырыз зэрыщIэлъым анэр Iейуэ тегузэвыхьырт.



– Къуэрылъху сыщIэхъуэпсурэ дунейм сехыжынущ. Мыр дауэ Iуэху, си щIалэ? Мыпхуэдэу куэдрэ фекIуэкIыну?.. Сэлимэ дэкIуащ, абы ущыгугъыу куэдрэ ущысыну? Нобэ дунейм сехыжми, гукъеуэу сиIэр уэращ. Ленэ удэмыпсэуфынумэ, щхьэ щIумыгъэкIыжрэ? Абыи насып гуэр къигъуэтыжынщ, – къыжриIат зэгуэрым.

– Куэдщ иджы, мыпхуэдизрэ мы си Iуэхум утемыпсэлъыхь! Езыр хуэмеймэ, Ленэ зэи мы унэм пхущIэкIыжынукъым. ФIыуэ зэрызмылъагъур, сызэрыдэмыпсэунур ищIэ пэтми, итIани зигъэхъейркъым. СщIэркъым есщIэнур... – къэтэмакъкIэщIащ СуIэдини.

– Уи Iуэхур щIагъуэкъыми, си гур песыкI... Уэр щхьэкIэ сыгузэвэну сыхуимыту ара сэ иджы? Пщымыгъупщэжамэ, сэ сурианэщ. Ар жысIэ щхьэкIэ, иджы анэм едаIуэ бын щыIэж? ЩыцIыкIум деж бынхэр зэбгъэдэIуэфми, ин хъуа нэужь, езыхэм уедэIуэн хуейуэ къалъытэ.

СуIэдин и анэр куэд мыщIэу дунейм ехыжащ, и къуэр зэрынасыпыншэр гукъеуэшхуэу иIэу. Езыри унэм къыщIэнащ, фIыуэ имылъагъу цIыхубзым бгъэдэсу.

Ленэ есэжа хуэдэт апхуэдэ гъащIэм. Зыкърихыу зихуапэрти, пщэдджыжьым жьыуэ лэжьапIэ кIуэрт. ПщыхьэщхьэкIэрэ ерыскъы гуэрхэр иIыгъыу гувауэ къэкIуэжырт. Унэми зыкърихыут зэрыщIэсыр. Халат лъапIэ зыщитIагъэрти, пщафIэрт. «Си щхьэгъусэ хуэдэу щытыр къакIуи шхэ», къыщыжриIэкIэ, СуIэдин «хьэуэ» къыхимыгъэкIыу, стIолым пэрытIысхьэрт.

Хъыбар гуэрхэр зэхуаIуатэу щызэдэуэршэри къэхъурт, ауэ абы къыфIагъэкIыртэкъым.

Апхуэдэурэ илъэс зыбжанэкIэ зэдэпсэуащ ахэр. Зэгуэрым, жэщри фIыуэ хэкIуэтауэ, Сэфудин хъыбар къырагъэщIащ: «Уи щхьэгъусэм машинэ къыжьэхэуауэ сымаджэщым щIэлъщ. Хьэлъэщ...»

СуIэдин псынщIэу зигъэхьэзырри кIуащ сымаджэщым. Ленэ абы фIыуэ имылъагъуми, бинт хужькIэ зэщIэпхауэ пIэм илъу щилъагъум, и гур къыхэузыкIащ. «Дауэ ущыт, Ленэ?» – щабэу жиIащ СуIэдин. Апхуэдиз фэбжь телъ пэтми, и щхьэгъусэм хуэмурэ къыхуеплъэкIри, Ленэ пхъашэу жиIащ: «Уигу гъэзагъэ иджы... Сырыхур къэпшэжынщ, угуфIэжу... Ауэ зэгъащIэ: пудыныгъэу къызэпхар къыпхуэгъунукъым. Сэр нэхърэ сыткIэ нэхъыфIт ар?!»

Махуэ зытIущкIэ хьэлъэу щытащ Ленэ, ещанэ махуэм укъимыщIэ хъуащ, еплIанэ махуэм и пщыхьэщхьэм и псэр хэкIащ. Дахэ-дахэу щызэдэмыпсэуакIэ, жаIэри, и дэлъхухэм ар яшэжри я къуажэ щыщIалъхьэжащ.

СуIэдин и щхьэ закъуэ-и лъакъуитIу унэм къыщIэнэри, и гъащIэр ихьащ щхьэгъусэншэу. ЦIыхухэм пщIэ къыхуащIу, псэемыблэжу лэжьащ ар илъэс куэдкIэ. Ауэ и нэр зэIыхьэу щыхуежьэм, унэм дэтIысхьэжащ. ИужькIэ, и закъуэу дэс нэхърэ нэхъ къищтэу, абы зришэлIэжащ я унэкъуэщ щIалэ. Ар унагъуэу зэрытIысыжрэ куэд щIатэкъым. Езыри цIыху хъарзынэт, и нысащIэ цIыкIури гущIэгъу зиIэ гуэрти, ахэр къыкIэлъыплъурэ СуIэдин зыхуей хуэмыныкъуэу псэурт.

Зыми яхудэмыкIуэу зыкъомрэ дэса нэужь, Сэлими унагъуэ ихьат, хьэгъуэлIыгъуэ кIуауэ абы щIалэ гуэр щызригъэцIыхури. ДэкIуэмэ, СуIэдин щыгъупщэн и гугъами, ар щыуат. Иджыт абы и лъагъуныгъэр нэхъ кууужу къыщыпкърыхьэр. «Сыщыдэсым, иджыри сыгугъэрт, ауэ иджы сыт?.. СуIэдин сыпыкIыпауэ, си гугъэ хэсхыжыпауэ аракъэ?» – и щхьэ хужиIэжырт абы.

Сэлимэ щхьэгъусэ хуэхъуар цIыху тыншт, ауэ и гуащэр бзаджэйти, нысэр дунейм трилъагъуэ хъуртэкъым. Сыт хуэдэу фIыуэ Сэлимэ абы хущымытами, зэи гунэс щыхъуакъым. «Уэ пхуэдэт сэ си къуэм къезгъэшэнур?! Ар егъэджакIуэщ, уэ-щэ? «Содэ, собзэ», жыбоIэри ущысщ махуэ псом. Хэт абы хуейр? Сэ си къуэм дохутырт къезгъэшэнур. Уэ укъыздикIаращ сэ сымыщIэр! Сыту Iей мыгъуэу укъыхуэузэт си къуэм! Зы дахагъ гуэр ббгъэдэлъу щытами, сыт хъунт?» – къыщыжриIэкIэ, Сэлимэ и жагъуэ хъурти, зыри пимыдзыжу къэтэджырти щIэкIырт. И лэгъунэм щIыхьэжырти, игурэ и щхьэрэ зэбгъэжауэ, зыкъомрэ щыст, и нэпсыр къежэхыу.

Сэлимэ зы къуэрэ зыпхъурэ игъуэтати, ахэр анэшхуэм зэрыхуейуэ ипIырт. Игъасэрт я анэм пщIэ хуамыщIу, щIыIэ-щIыIэу хущыту, зыпыIуадзу.



7 Заказ №19

«Уи анэм сабийхэр Iей къысхуещI, зыкIи сакъыфIэIуэхукъым», жиIэу Сэлимэ и щхьэгъусэм щыхуэтхьэусыхэкIэ, мырат жэуапу зэхихыр: «Си анэм пцIы теплъхьэну ухэмыт! ЛIы жагъуэ хуашам хуэдэу, мы унэм узэрыщIэсым гу лъызмытэ уи гугъэрэ? Зы махуэ уи гур щыбгъэтIылъакъым уэ мы унагъуэм. Дапщэщ уэ дэ дыкъыщыпфIэIуэхуар? Ди бынхэр зыпIари зыхуей хуэзыгъазэри си анэращ. Ахэр уи гулъытэ, уи гу хуабагъ хуэныкъуэу къэхъуащи, аращ щIыIэ-щIыIэу къыщIыпхущытыр. Ахэр сыт хуейми зэжалIэу щытар си анэращи, дауи, ар нэхъыфIу ялъагъу. Уэ езым къэблэжьыжащ бынхэм фIыуэ укъызэрамылъагъур. Си анэм и къуаншагъэ хэлъкъым абы».

Апхуэдэурэ илъэсхэр кIуащ, бынхэри къыдэкIуэтейри хэти яшащ, хэти къиишащ. Сэлимэ зэи арэзы хуэмыщIа и гуащэри дунейм ехыжащ. И щхьэгъусэр пенсэ нэужьым мылажьэу тIысыжри, бжьэ гъэхъуным зритати, къемыкIуалIэу губгъуэм итт нэхъыбэм.

Сэлимэ, и псэукIэр хуэмыхьыжыххэ щыхъум, мурад ищIащ къыхуэнэжа и гъащIэр, ар кIэщIми кIыхьми, езыр зэрыхуейм хуэдэу иухуэжыну. Куэдрэ тегушхуакъым и щхьэгъусэм епсэлъылIэну, ауэ зы пщыхьэщхьэ гуэрым лIыгъэ зыхилъхьэри зыхуигъэзащ мыпхуэдэу:



– Сэ куэди къысхуегъэкIуэкIынукъым... Нэхъ кIэщIу жысIэнщи, афIэкIа мыпхуэдэу сыпсэужыфынукъым. Ирикъунщ сшэчари, си псэр бэлыхьу зыхэтари... ДызэбгъэдэкIыжмэ, нэхъыфIщ... НысащIэ цIыкIур хъарзынэу къыпхущытщ, Тхьэм и фIыщIэкIэ, къуэфIи бгъэсащи, абыхэм уи закъуэу укъагъэнэнкъым. Хъыджэбзри щIэх-щIэхыурэ къокIуэж... Сэ зыри фыкъысхуэныкъуэжкъым иджы...

И щхьэгъусэр шхэуэ щысти, гуахъуэ иIыгъыр зэуэ IэщIэхури къэпсэлъащ:

– Сыт, зэи уигу имыхуа уи лъагъуныгъэжьым деж укIуэжыну ара?..

– Пэжщ, сэ ар зы махуи, зы дакъикъи си гум ихуакъым. Си пщIыхьым къыхэхуэмэ, ар си гурыфIыгъуэу сыпсэуащ иджыри къэс. Уэ фIыуэ сыкъызэрыплъагъум хуэдэ дыдэу, сэри ар фIыуэ солъагъу.

Гуахъуэ IэщIэхуар къиищтэжри, ар игъэджэрэзу зытэлайкIэ щыса нэужь, лIыр и щхьэгъусэм къыхущIэплъащ:

– А жыпIэ емыкIур сыт, уи ныбжьыр здынэсам? Уи бынхэми сэри ди напэр тепхыу, апхуэдэ делагъэ уэ, дауи, пщIэнкъым. Мы дунейм хуиту утезымыгъэтыр сыт хуэдэ лъагъуныгъэ узыфэ? Уи жьыщхьэ делэ ухъужауэ ара?!

И макъым зримыгъэIэту и лIыр къызэрепсалъэр Сэлимэ зыпэмыплъат. И гугъакъым мы псалъэмакъыр апхуэдэу тыншу екIуэкIыну.

– АрагъэнкIи хъунщ... Си гъащIэм къриубыдэу зэ мурад

сщIащ, нэгъуэщIхэм семыгупсысу, си щхьэ Iуэху зесхуэжыну. СынолъэIу, укъыспэрымыуэ... Укъыспэрыуэк Iи, абы къикIын щыIэкъым...

– Уи ныбжьымрэ а жыпIэ делагъэмрэ дауэ зэрызэпхьэлIэнур? Уи акъылым уикIауэ ара уэ?

Сэлимэ мащIэу къыпыгуфIыкIащ:

– ПщIэну щыткъым...

Ар и зэбгъэдэкIыкIэу зэбгъэдэкIыжат Сэлимэрэ и щхьэгъусэмрэ.

Илъэс плIыщIым нэблэгъат СуIэдинрэ Сэлимэрэ зэпэIэщIэ зэрыхъурэ, ауэ тIуми яхъумат я щIалэгъуэм щыгъуэ я гум къыщыуша лъагъуныгъэ къабзэр...

СуIэдин жэщкIэ жейм езэгъыртэкъыми, пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджырти хуэмурэ къыщIэкIырт. ПщIантIэм дэт тетIысхьэпIэм тетIысхьэрти, и гъащIэ блэкIам егупсысу щыст. Ауэ нышэдибэ, имыхабзэххэу, ар хэжеящ, икIи, абы ириукIытэж хуэдэ, зэрыхузэфIэкIкIэ псынщIэу зихуапэри, Iэбэрабэурэ къыщIэкIащ унэм. ТетIысхьэпIэр здэщытым нэс гурыгъуазэкIэ кIуэри, абдеж щетIысэхащ. Ауэ, адрей пщэдджыжьхэм хуэдэу, ар иджы нэщхъейтэкъым, атIэ къыпогуфIыкI. Нэрылъагъущ ар нобэ гупсысэ хьэлъэхэм къызэрыхамыгъащIэр. «Ныжэбэ хуэдэу IэфIу сыщыжея къэхъуауэ сщIэжыркъым, – хуопсэлъэж лIыжьыр и щхьэ. – Хьэлэмэтракъэ, сигури къогуфIыкI, си псэри зыгуэрым догуфIэ. Си щIалэгъуэ лъандэрэ мыпхуэдэ щытыкIэ сихуауэ къысхуэщIэжыркъым. Гукъыдэжыр зищIысыр сщыгъупщэжауэ сопсэу куэд щIауэ, ауэ иджы сызыщыгуфIыкIыр къысхуэмыщIэу согуфIэ... Ярэби, сыту пIэрэ мы зыхэсщIэ хьэлэмэтыр зищIысыр?..»

Абы хэту, ин дыди зримыгъэщIу, куэбжэм зыгуэр къытеуIуащ. Зытэлай дэкIри, аргуэру къытеуIуащ.

– Iэгъу, зиунагъуэрэ, куэбжэр щхьэ Iувмыхрэ, зэхэфхыркъэ зыгуэр къызэреуэр? – зригъэIэтащ СуIэдин и макъым.

– Хадэм ситти, зэхэзмыхауэ аращ, дадэ, – жиIэурэ нысащIэм куэбжэмкIэ игъэзащ. Нэсрэ Iуихмэ, куэбжэпэм деж щытщ цIыхубз нащхъуэ лъагъугъуафIэ гуэр.

– СуIэдин сыхуейуэ арат, – жи абы, мащIэу щтэIэщтаблэу.

А цIыхубзым и макъыр зэрызэхихыу, абы пэплъэу щыса фIэкIа умыщIэну, лIыжьыр занщIэу къызэфIэуващ. А макъыр зыхигъэгъуэщэн щыIэтэкъым абы!.. Дунейм тетрэ пщIыхьэпIэм хэтрэ къыгурымыIуэжу, лIыжьыр къопсалъэ: «Ар си деж къэкIуауэ аращ, нысащIэ...»

ПщIантIэм къызэрыдыхьэу, а цIыхубзым СуIэдин дежкIэ игъэзащ. Зи нэхэм зыри ямылъагъуж лIыжьри къэтэджащи, гурыгъуазэкIэ абы къыхуокIуэ. КъыхуокIуэ, и щIалэгъуэм хуэдэу и гур къилъэтрэ и лъэри нэхъ жан хъуауэ.

– Дауэ ущыт, СуIэдин? – щабэу зыкъыхуегъазэ абы а цIыхубз къыдыхьам.

– Сэлимэ, си тхьэIухуд, уэра ар? Сыту фIыт укъызэрыкIуар!.. Сэ сытым хуэдэу сигу укъэкIат!.. Сытым хуэдэу сыпхуэзэшат!.. Сыхэзэшыхьат уэрыншэ гъащIэм. Апхуэдизрэ щхьэ сыбгъэпсэуа си закъуэу? Си псэм хьэзаб зэрытелъыр умыщIэу арат?.. – и Iэ гъур кIэзызхэмкIэ цIыхубзым и IитIыр быдэу иубыдауэ иIыгъщ СуIэдин. – Сыту куэдрэ сыныппэплъа... Сыгузавэрт, узмылъагъужу мы дунейм сытекIыжынкIэ, – жиIэурэ зыхуэмыIыгъыжу зэщыджэрт лIыжьыр.

– Мыр сыту гумащIэ укъэхъуа? Уэ къокIуркъым ар, – жиIэрт Сэлимэ, езым ерагъыу зызэтриIыгъэу.

Сэлимэрэ СуIэдинрэ я гъащIэр къызэрекIуэкIамрэ мыбыхэм яку лъагъуныгъэшхуэ зэрыдэлъамрэ зыщIэ нысащIэр а тIум еплъу щытт, жиIэнури ищIэнури къыхуэмыщIэу. ИтIанэ, ар хэкIыпIэу къигъуэтри, пщэфIапIэмкIэ кIуащ, сэ иджыпсту пщэддджыжьышхэ згъэхьэзырынкъэ, жиIэри.

Ар зэрыIукIыжу, СуIэдин и бзэр нэхъ къиутIыпщащ:

– ЗыпщызмыгъэнщIу сыноплъыну сыхуейт, си тхьэIухуд, ауэ плъагъуркъэ, си нитIыр Алыхьым сIихащи, зэи укъысхуэлъагъунукъым. Уэ иджыри узэрыдахэ хъунщ, дауи...

Сэлимэ мащIэу къыпыгуфIыкIащ:

– Тхьэ, жиIэнмэ иджы... Дапщэщ, на-а, сэ дахэу сыщыщытар? Уэр фIэкIа ар игъащIэм зыми къызжиIакъым.

– ЦIыхум дахагъэу бгъэдэлъ псор къэзылъагъуфыр закъуэтIакъуэххэщ, – жиIэурэ СуIэдин Сэлимэ и напэм хуэмурэ Iэ дилъащ. – Узэрыщытащ, зыкIи зыпхъуэжакъым...

А дакъикъэм абыхэм къащыхъужат мы дуней псор езыхэм яйуэ. Ящыгъупщэжат я гъащIэ гъуэгур зырызу къызэракIуари, я ныбжьыр зэрыхэкIуэтари... Я щIалэгъуэм къигъэзэжа фIэкIа умыщIэну, абыхэм я гур къигуфIыкIырт, ауэ тIури щтэIэщтаблэт. Зытэлай дэкIри, Сэлимэ япэу зыкъищIэжащ:

– Зэманыр гущIэгъуншэщи, псори дызэрыщымыта дещI. Сэри фIыуэ зысхъуэжащ, СуIэдин...

– Сэ си дежкIэ уэ узэры-Сэлимэ дахэщ. Апхуэдэуи щытынущ, сыпсэуху, – жеIэ лIыжьым.

– Ди щIалэгъуэм ди насып зэхэмыхуами, иджы Iэмал диIэщ къытхуэнэжа гъащIэ Iыхьэм насыпыфIэу дызэдэпсэуну.

– Ар дауэ, Сэлимэ? Уэ щхьэгъусэ уиIэщ...

– СиIэкъым. Апхуэдэ гъащIэр афIэкIа схуэхьыжтэкъыми, сыкъыбгъэдэкIыжащ. Куэдкъэ си псэм хьэзаб телъу сызэрыпсэуар? Сабийхэм щхьэкIэ сытри сшэчащ, иджы ахэри балигъ хъуащи, я щхьэ Iуэху хъарзынэу зэрахуэж.

– АтIэ, си деж ущыпсэуну уарэзы дяпэкIэ? – темыгушхуащэурэ жеIэ СуIэдин.

– Сыарэзыщ, СуIэдин. Мы дунейм фIыуэ щыслъэгъуар уэ зыращи, къысхуэнэжа си гъащIэм узбгынэнукъым. СыпщIыгъунущ, сыткIи зыпщIэзгъакъуэу. ДяпэкIэ сэращ къыпкIэлъыплъынури пхуэпщэфIэнури. ПщIэжыркъэ ди щIалэгъуэм щыгъуэ, общежитие дыщIэс пэтми, фIыуэ плъагъу шхыныгъуэхэр пхуэспщэфIу зэрыщытар?

– Апхуэдиз илъэсым пщымыгъупщэжауэ, ахэр зэрыпщIэжыр сфIэхьэлэмэтщ. Абы щыгъуэ сыбгъэшхахэра си гугъэщ нобэми сызыIыгъыр. Сытым хуэдэу IэфIу упщафIэрэт уэ!

– ЖиIэнщ иджы... Абы щыгъуэ уи щIалэгъуэти, сэ сщIы псори IэфIу къыпщыхъуу арат, – жи Сэлимэ. – НакIуэ, унэм дыщIэгъэхьэж. Сэ  шхын  гуэрхэр къыпхуэсхьащи, дызэгъусэу пщэдджыжьышхэ тщIынщ.

Сэлимэ къыдэIэпыкъуурэ, СуIэдин хуэмурэ къотэджри, тIури зэгъусэу унэм щIохьэж.

Сэлимэ къыздихьа ерыскъыхэр сумкэм кърехри, стIолым къытрегъэувэ. Абы хэту, бжэм зыгуэр къытоуIуэри, нысащIэм шхын къыщIехьэ.

– ЗэкIэ хьэзыру сиIэр мыращ, иужькIэ нэхъ тэмэму сыфхуэпщэфIэнщ, – жи абы.

– Умыгузавэ, си хъыджэбз цIыкIу, сэ абы хуэспщэфIри къыхуэсхьащ фIыуэ илъагъу шхыныгъуэхэм ящыщ. Уи жагъуэ мыхъунумэ, дяпэкIэ  сэ СуIэдин сыхуэпщэфIэнт, сыкIэлъыплъынт. Уэри унагъуэ IуэхухэмкIэ сыбдэIэпыкъуфынущ.

– Тхьэ, ари хъарзынэмэ, ауэ сэ дадэ зыкIи къыстехьэлъэркъым. Ар апхуэдизкIэ цIыхуфIщи, хуэсщIэр сфIэмащIэщ. И нэм имылъагъужми,  езыри мыIейуэ зыкIэлъоплъыжыф.

НысащIэр зэрыщIэкIыжу, СуIэдин аргуэру къэпIейтеящ:

– Сэлимэ, зыгуэркIэ сыноупщIынут...

– «Сыт хуэдизрэ ущыIэну?» жыпIэну ара аргуэру? Сэ бжесIаи: «Тхьэшхуэм къытхуиухам хуэдизрэ сыщыIэнущ».

– Пэжуи? Ар дауэ? Апхуэдэ къэхъурэ?.. Си щхьэр Iейуэ къэунэзащ, тIэкIу зызгъэукIуриямэ арат.

Сэлимэ къэгузавэри, псынщIэу СуIэдин бгъэдыхьащ, дэIэпыкъуурэ игъэгъуэлъыну. ФIыуэ илъагъу цIыхубзыр гъунэгъу къыщыхуэхъум, СуIэдин къопсалъэ:

– Умыгузавэ, си тхьэIухуд цIыкIу, иджыпсту сщхьэщыкIынущ. Апхуэдиз зэманкIэ узыпэплъа насыпыр ущымыгугъыжу къыщоуалIэкIэ, уи щхьэри унэзэнкIэ хъуни... НэхъыфI сыкъэхъужынщ, Тхьэм жиIэмэ, умыгузавэ!

СуIэдин и псалъэхэр зэпигъэури, зытэлайкIэ хэлъащ гупсысэу, иужькIэ къригъэжьэжащ:

– Си нэхэм зэрамылъагъужрэ куэд щIащ. Дохутырми сашащ, ауэ нэ къуэпсхэр гъуащ жари, зыри сэбэп къысхуэхъуакъым. ПщIэрэ, сэ си нэхэр зэтеспIэрти, куэдрэ къызыщызгъэхъурт: «Уи нэр къэзгъэплъэжмэ нэхъыфI, хьэмэрэ Сэлимэ ухуэзгъазэмэ

нэхъыфI?» – жиIэу ди Тхьэшхуэр къызэупщI хуэдэу. – Къыхэсхыр пщIэрэт? Уэрат...

СуIэдинрэ Сэлимэрэ икIэм-икIэжым насыпыфIэ хъуати, зы дакъикъэри яфIэлъапIэу, зэдэпсэурт мазэм щIигъуауэ.

– Уэлэхьи, ныжэбэ жейм уемызэгъа, си тхьэIухуд, зыгуэр къоузу ара? – зы пщэдджыжь гуэрым СуIэдин еупщIащ Сэлимэ.

– Ди ныбжьым иту зыгуэр къызэмыуз щыIэ? Умыгузавэ, си гум тIэкIу зыкъызигъащIэу аращ.

– Уэлэхьи, ар мыхъун, дохутыр къэдджэнщ.

– Хьэуэ, дыхуейкъым дохутыри. Куэд щIащ си гур зэрыузрэ. Умыгузавэ, сэ сесэжащ абы. Уэ уузыншэмэ, аращ сэ сызыхуейр.

– Уэлэхьи, сэ, тхьэм и фIыщIэкIэ, къызэузышхуэ щымыIэ, ауэ зыр узыншэкIэ дызэфIэкIыну?!

СуIэдин, сыт щыгъуи хуэдэу, нышэдиби къызэщыуат жьы дыдэу, ауэ къэтэджыну тегушхуакъым, сыIэуэлъауэрэ Сэлимэ къэзгъэушмэ, жери. Сыхьэт ныкъуэ хуэдиз дигъэкIри, Сэлимэ къыщымыушым, еджащ: «Сэлимэ, си тхьэIухуд, уи пщэдджыжь нэмэзыр блыбогъэкI», – жери. Iэуэлъауи макъи къыщымыIум, ерагъыу къэтэджри бгъэдыхьащ. КъиIэбэрэбыхьурэ и напэм еIусэри – щIыIэт, и натIэри – арат.

– Сэлимэ, зыри щхьэ жумыIэрэ? Къэпсалъэт, зыгуэр къызжеIэт, – зэщIэкIэзызэу лъаIуэрт СуIэдин.

Къэхъуар къыщыгурыIуэм, лIыжьым и нэпсыр къыфIыщIэжащ.

– Ди Тхьэ, си фIэщ умыхъуу щытамэ, уигу къыщIызэбгъэн псалъэ жысIэнкIи хъунт... Ди Тхьэ, фIыщIэшхуэ пхузощI дызэрызэхуэбгъэзэжам щхьэкIэ, ауэ ди насыпыр апхуэдизу щхьэ кIэщIт?.. – гуIэрт лIыжьыр.

СуIэдин афIэкIа зэфIэмытыжыфу игъэзэжри къызыхэкIа и пIэм иукIуриежащ...

Зытэлай дэкIауэ, бжэм къытеуIуэри нысащIэр къыщIыхьащ.

– Сыту куэдрэ фыжейрэ...

Абы и макъыр щызэхихым, СуIэдин ерагъыу къыдришейри щIэупщIащ:

– Уэра ар, нысащIэ?

– Сэращ, дадэ. Тхьэ фыкъэмытэджрэ? Фысымаджэ?

– Мыдэ къэдаIуэ, си хъыджэбз цIыкIу! КъедаIуэ си уэсятым: «Сэлими сэри зэгъусэу дыдевгъэх...» – жиIащ СуIэдин, и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ.

– Дадэ, сыт къэхъуар? Сыт апхуэдэу щIыжыпIэр? Фэ фыпсэущ...

– Сэращ псэур, си хъыджэбз цIыкIу... Сэри куэд къысхуэнэжакъым. Сэлимэ зытемытыж дунейм сэ щысщIэжын щыIэкъым...

Шэджагъуи хъуатэкъым СуIэдин дунейм зэрехыжамкIэ хъыбарегъащIэр къуажэм щыхагъэхьам.



*Ольмезов Мурадин балъкъэр усакIуэщ, драматургщ, зэдзэкIакIуэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреатщ (2000). Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхылъ 19. И тхыгъэхэр бзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ. БалъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ къыдэкIахэм нэмыщI, французыбзэкIи и тхылъ дунейм къытехьащ.*

*Мурадин балъкъэрыбзэм Iэзэу къригъэтIэсащ Омар Хайям и рубаихэр икIи ахэр тхылъ щхьэхуэу Налшык къыщыдигъэкIащ.*

*Ольмезовым и Iэдакъэ къыщIэкIащ драматическэ тхыгъэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ «ТIэхьиррэ Зухрарэ», «Унэ лъапIэм и щэхухэр» пьесэхэр. Япэрейр Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ театрхэм я етIуанэ фестивалым (Владикавказ, 2002) нэхъыфIу къыщалъытащ. «Унэ лъапIэм и щэхухэр» жыхуиIэр ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмтеатрым ехъулIэныгъэшхуэ иIэу щагъэлъагъуэ.*



ОЛЬМЕЗОВ Мурадин

# УНЭ ЛЪАПIЭМ И ЩЭХУХЭР

*Едзыгъуиплlу зэхэлъ драмэ*

## ХЭТХЭР:

А ч а н — жьакIэ тегъэщхьа дахэ зытет лIыжь угъурлыщ.
Н а з и ф а — Ачан и щхьэгъусэщ; фызыжь къабзэлъабзэщ.
Т е б о — абыхэм я къуэщ; зыкъызыфIэщIыжа щIалэ дахэщ.
М а р о — абыхэм япхъущ; гужьгъэжь зи щIасэ хьэрычэтыщIэ цIыхубзщ.
А с л ъ э н — абыхэм я малъхъэщ; цIыху гуапэщ.
К ъ е с а м — я гъунэгъущ; гъащIэ гугъу къэзыгъэщIа фызыжьщ.
К ъ ы л ы п — Къесам и къуэщ; фадэм дихьэха цIыхущ.
Ш а м с а — Тебо и щхьэгъусэщ; щхьэхуэфI цIыхубз ерыщщ.
А х ы л — Тебо и къуэщ; студентщ.
К ъ ы д е н — къуажэдэс делэ цIыкIущ.
А й г у л — Маро ипхъущ; 11-нэ классым щIэс еджакIуэщ.
И н е с с э — къуажэдэсщ; 11-нэ классым щIэс еджакIуэщ.

Iуэхур щекIуэкIыр ди зэманырщ, бгырыс къуажэхэм ящыщ зыщ.

# ЯПЭ ЕДЗЫГЪУЭ
## ЯПЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэр зэIуах.

Къуажэ пщIантIэшхуэщ. Абы дэтщ унэ зэгъэпэща, гуэщ щIэрыпс, гъэмахуэ пщэфIапIэ.

Н а з и ф а шэнт щхьэгуэм тесу пщIантIэм дэсщ, цы еджри. А ч а н шху зэрагъапцIэ гуэгуэныр зэрегъэпэщыж. Кърухэм я джэ макъ къоIу, ар кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къохъу.

А ч а н *(и лэжьыгъэр зэпигъэуауэ, уафэмкIэ дэплъейурэ)*. Кърухэр пасэу къэлъэтэжащ, гъэр фIы хъуну къыщIэкIынщ.

Н а з и ф а. Алыхьым жиIэ, Алыхьым жиIэ. *(ТIэкIурэ мэщымри.)* Кърухэм я джэ макъ щызэхэсхым деж си псэм гурыфIыгъуэ гуэрхэр егъуэт, абыхэм хъыбарыфI къытхуахьу къысщохъури. Мы дунейм афIэкIа гуауэ темытыжыну, ди хъуэпсапIэхэр къыдэхъулIэну гугъэ сегъэщI.

А ч а н *(пыгуфIыкIыурэ)*. ХъуэпсапIэхэр жыпIа? Фыкъысхуеплъыт мыбы! Илъэс пщыкIуийм ит хъыджэбзыжь цIыкIуу зыкъыпщыхъужу ара?

Н а з и ф а. Сыт-тIэ, жьыкIэфэкIэр хъуапсэ мыхъужыну ара?

А ч а н. ЖьыкIэфэкIэм я хъуапсэр пщIыхьым хуэдэщ: напIэ Iэтыгъуэм псори мэкIуэдыж.

Н а з и ф а. Сэ куэд дыди сыхуейкъым. Мис иджыпсту сызыщIэхъуэпсыр ди къуэрылъху-пхъурылъхухэр слъагъунырщ, мы пщIантIэм ахэр къыдэлъэдэнырщ.

А ч а н. Тхьэ сыгъаIуэ, сэри икъукIэ сахуэзэшакIэ абыхэм. ГъэщIэгъуэнракъэ, уи быным нэхърэ нэхъ уахуозэш къуэрылъху-пхъурылъхухэм.

Н а з и ф а. «Уи быным и быныр фом нэхърэ нэхъ IэфIщ» щIыжаIэри аращ.

А ч а н. Ахыл лIы хъуакIэщ, Алыхьым жиIэмэ, ди жьэгу мафIэр ужьыхынкъым.

Н а з и ф а. Айгули псыпцIэкъамылу дэжеящ, Алыхьым Iейм щихъумэ! Сытуи ещхьыщэ и адэм! Пхъур адэм ещхьмэ, насыпыфIэ хъууэ жаIэ.

А ч а н. Ауэ Ахыл дэ нэхъ дэщхьщ.

Н а з и ф а. Алыхьым къытхуихъумэхэ, тIури сабий гъуэзэджэхэщ. ДыкъагъэукIытэнкъым.

К ъ ы д е н пщIантIэм къыдолъадэ.

К ъ ы д е н. Ача, Ача, сыт ущIыщысыр? Уи унэр мафIэм зэрисыр умылъагъуу ара?! Еплъыт, уи унащхьэм благъуэ фIыцIэмрэ плъыжьымрэ щызозауэ!

А ч а н *(къыфIэмыIуэхуу)*. Зрырезауэ, Къыден, ешхэмэ, увыIэжынщ.

Н а з и ф а. Апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ, Къыден? «Узэджэр къокIуэ», жаIэ! Тобэ-тобэ!

К ъ ы д е н. Ушш, ушш, бгъэхэм яшхыжынхэ! Ушш! *(ГуфIэу.)* Ача! Ача! Еплъыт! Мэлъэтэжхэ! Мэлъэтэжхэ!

А ч а н. Флъэгъуа щIалэфI! Уэр мыхъуамэ, ди унэр мафIэм исат!

Н а з и ф а *(Къыден кIэнфет ирет)*. Къыден, си хъарып цIыкIу, мэ, кIэнфет шхы.

К ъ ы д е н. Сэ кIэнфет сфIэфIщ, Назий!

Н а з и ф а. Сэри сфIэфIщ кIэнфет уэстыну. Шхы, си тхьэмыщкIэ цIыкIу.

К ъ ы д е н гуфIэжу йокIыж. Машинэхэм я къыIулъадэ макъ къоIу.

А ч а н. Дыдейхэр къэсыжа си гугъэщ!

Н а з и ф а *(цыкIуэкIыр зригъэтIылъэкIыурэ)*. Ара хуэдэщ.

М а р о, Т а б о, А с л ъ э н, Ш а м с а, А й г у л, А х ы л сымэ пщIантIэм къыдохьэ.

А й г у л р э А х ы л р э лIыжь-фызыжьым къабгъэдолъадэри IэплIэ къыхуащI.

Н а з и ф а *(тIуми едэхащIэурэ)*. Си IэфI цIыкIухэ! Сыту Iейуэ сыфхуэзэшат!

А й г у л. Сэри сыпхуэзэшат, нанэ. Ауэ мамэ лэжьыгъэм къыдэхуэркъым дыкъуишэжыну.

А х ы л *(Ачан IэплIэ хуищIурэ)*. Уи узыншагъэр сыт хуэдэ, дадэ?

А й г у л. Дауэ ущыт, мы дуней псом дадэу тетым я нэхъыфI дыдэ?

А ч а н *(Ахылрэ Айгулрэ едэхащIэурэ)*. Фэ физиIэху, сэ си Iуэхур Iей хъунукъым. Дауэрэ феджэрэ, си тIасэ цIыкIухэ?

А й г у л. Хъарзынэу, дадэ! Школыр дыщэ медалкIэ къэзухыну согугъэ.

А х ы л. Сэр щхьэкIи укIытэгъуэ уихуэнкъым.

А ч а н. СывгъэгуфIащ, Алыхьым игъэгуфIэнхэ!

ЗэщыгуфIыкIыжу псоми сэлам зэрах.

М а р о. Мамэ, дауэ ущыт? Сэ уи узыншагъэм сытогузэвыхь. Иджыри зэ дохутыр зэбгъэплъамэ, мынэхъыфIу пIэрэт?

Н а з и ф а. Псори тэмэмщ, си хъыджэбз, умыгузавэ. Уэ езыр сыт ухуэдэ?

М а р о. Сэри сыхъарзынэщ, мамэ.

Н а з и ф а. Алыхьым и шыкурщ. Алыхьым и шыкурщ.

Т е б о. Уэ сыт ухуэдэ, дадэ, уи лъакъуэхэр къоузыркъэ?

А ч а н. Алыхьым и фIыщIэкIэ иджыпстукIэ узыркъым... Уэ, Аслъэн, сыт пщIэхэр?

А с л ъ э н. СщIэшхуи щыIэкъым, махуэ къэс лэжьакIуэ сыкIуэ мыхъумэ.

А ч а н. Ди зэманым лэжьыгъэ уиIэныр IуэхуфIщ.

Ш а м с а. Мамэ, ди деж щхьэ фынэмыкIуэрэ? ФынакIуэу тIэкIу зывгъэпсэхуами ягъэ кIынтэкъым. ЩIэщыгъуэ фщыхъун куэд щыфлъагъунут къалэм.

Н а з и ф а. Къалэм къыщыткIухьыну апхуэдэ зэман диIэ дэ?.. ТIури декъурэ дежьэжмэ, Iэщым кIэлъыплъынур хэт?

Ш а м с а. Пэжу, ар сигу къэкIыжыххэтэкъыми. Сыт хуэдэу щымытми, фынакIуэрэ тIэкIу фыщыIамэ, ди гуапэ хъунут...

ЦIыхухъухэр, лъэныкъуэ зрагъэзауэ, мэуэршэр. Абыхэм я псалъэмакъыр театреплъхэм зэхахыркъым.

Н а з и ф а *(Шамса жриIэу)*. Тхьэразэ къыпхухъу, си хъыджэбз. Гум къыбгъэдэкI псалъэ гуапэр псом нэхърэ нэхъ лъапIэщ. *(Псоми захуигъазэу.)* ПщэфIапIэмкIэ фынакIуэ, гъуэгум фригъэшагъэнщ, фыкъэмэжэлIауи къыщIэкIынщ.

М а р о. Умыгузавэ, мамэ, гъуэгум куэдыщэри дытетакъым, дымэжэлIэн хуэдэу.

Н а з и ф а. Фыкъызэрыкlуэнур сщIамэ, кхъуей хэхагъащIэ дэлъу хъыршын фхуэзгъэжьэнтэкъэ.

Ш а м с а. Ар дэ езым псынщIэу зэфIэдгъэкIынкъэ... Хъыршын бгъэжьэным куэд хэлъ?

М а р о. Мамэ, кхъыIэ, умыгузавэ, дэ псори къыздэтшащ.

Ш а м с а. ФынакIуэ, Iэнэр псынщIэу къэдузэдынщ.

Н а з и ф а *(Шамса жриIэу.)* Уэ Iэзэгъуазэхэм я деж укIуэрей хъуауэ зэхэсхащи, пэж?

Ш а м с а *(псынщIэу Маро хуоплъэкIри, губжь хэлъу)*. Хьэуэ, мамэ, пэжкъым.

Н а з и ф а. Арамэ, хъарзынэщ. Ахъумэ, сыгузавэу щIэздзат. Iэзэгъуазэ Iуэху ухыхьэныр гуэныхьышхуэщ.

М а р о *(Шамса жриIэу)*. Си Iуэху лъэпкъ хэлъкъым. Ар сэ жесIауэ щытамэ, зыри сыбзыщIынутэкъым! *(Назифа жриIэу.)* Зи, уигу пыкIыркъым мы цыкIуэкIыр. Сыт, дунейм, ар зэрыпщIынур? Иджы сыт хуэдэ цыхэкIри бэзэрым къыщыпщэхуфынущ. Цы зэрумыхъэу пхуэмышэчынумэ, сэ цы Iуданэ хьэзыр къыпхуэсшэнщ.

Н а з и ф а. Iуэхуншэу сыщыс нэхърэ нэхъыфIкъэ? Зыгуэр щызмыщIэм деж си IитIыр здэсхьын къысхуэмыгъуэтыжу сохъу. КъищынэмыщIауэ, зы дахэ гуэрхэр си IэкIэ фхузэрысхъэну сыхуейщ.

А й г у л. Мы дунейм зы нани теткъым ди нанэ хуэдэу тхыпхъэщIыпхъэ дахэхэр зэрихъэфу. Сытым хуэдэу сфIэфIу щызгъагъ сэ уэ схуэпщIахэр!

Н а з и ф а. Си дыщэзэрылэ цIыкIу, сэ уэр щхьэкIэ мыдахэу зыгуэр схуэщIын?

ЦIыхубзхэр, А й г у л къищынэмыщIа, пщэфIапIэмкIэ щIохьэ.

А ч а н. Тебо, нэгъуэщI лэжьапIэ гуэр укIуэн хуэдэу жыпIати.

Т е б о. Си гугъащ... Хьер зыпылъ лэжьыгъэт, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунци, си насып хэмылъу къыщIэкIащ.

А ч а н. Сыт щхьэкIэ?!

Т е б о *(и Iэпхъуамбэшхуэр дрегъэзейри).* ХьэкIэпыч къулыкъущIэшхуэ гуэрым и благъэ къащтащ!

А ч а н. Иримыкъужыныр къызыхуэкIуэнхэ! Апхуэдэу мыхъуамэ, нэхъыфIт. *(Аслъэн жриIэу.)* Уэ а уи лэжьапIэра иджыри узыIутыр?

А с л ъ э н. Аращ. Ар сигу ирохь. Хъарзынэуи къызолэжь.

А ч а н. Ар хъарзынэкъэ-тIэ! Ауэ псом я щхьэжыр узыншагъэщи, фыузыншэмэ, адрейхэр зыгуэр хъунщ.

А х ы л. Айгул, накIуэ нарзан къэтщэхунщ.

А й г у л *(гуфIэжу).* НакIуэ! Ауэ япэщIыкIэ мамэ жесIэнщ.

А й г у л р э А х ы л р э йокI. К ъ ы л ы п пщIантIэм къыдохьэ. Зиплъыхьурэ, абы гуэщым къыщегъуэт уэздыгъитху зрагъэувэ уэздыгъалъэ. Ар къепхъуатэри, дэкIыжыну хуожьэ. Абы ирихьэлIэу А ч а н унэм къыщIокI.

А ч а н. Дэнэ ар здэпхьыр, нэмысыншэ?

К ъ ы л ы п. Сыт, мы гъущI кIапэ улъиижар уигу пымыкIыу ара?!

А ч а н. Ар си адэшхуэм къыщIэна уэздыгъалъэщ!

К ъ ы л ы п. Сыт-тIэ абы щхьэкIэ? Уэ ар дурэшым дэбдзэжауэ дэлъу аращ, сэ къэзгъэсэбэпынущ.

А ч а н. Дауэ къызэрыбгъэсэбэпынур, уи щхьэм урытеуIуэжыну ара?

Т е б о къохьэ.

К ъ ы л ы п. Сахуй къызэлъэIуащ. И хьэщIэщ пэшым фIидзэну хуейщ... Ачан, сынолъэIу, къызэт мыр.

Т е б о. Къылып, пасэрей хьэпшыпхэм иджыпсту уасэшхуэ яIэщ. Уэ мыр зы аркъэбжьэкIэ птынурэ, уежьэжынущ. Уэздыгъалъэр здэщылъам деж гъэтIылъыж, аркъэбжьэ уасэр, арыншауи, сэ уэстынщ.

К ъ ы л ы п *(уэздыгъалъэр здэщылъам деж егъэтIылъыж).* СфIэфIыпсу згъэтIылъыжынщ, ахъшэр къызэт закъуэ...

Т е б о *(ахъшэр Къылып хуеший).* Мэ, мыбы зы птулъкIэ къыщIэкIынущ.

А ч а н. Тебо, ахъшэ иумыт абы: зимыщIэжыху ефэнущ *(Къылып жриIэу.)* Апхуэдэу укъыздикIар дэнэ, тхьэмыщкIэ?

К ъ ы л ы п. Сэракъым апхуэдэр, Ачан, зэманыращ!

К ъ ы л ы п йокIыж.

А ч а н. Ахъшэ ептын хуеякъым!

Т е б о. Ди адэ, ар икIэщIыпIэкIэ емыфэу хъунукъым.

А ч а н. Гуэныхь пылъщ абы...

Т е б о. Плъэгъуакъэ и щытыкIэр? Ефэн щхьэкIэ абы иджыпсту сыти ищIэфынущ.

А ч а н. Си бий дыдэми апхуэдэкIэ сыхуэупсэнкъым.

А й г у л *(пщэфIапIэм къыщIопсэлъыкI).* Псори хьэзырщ. ФыкъакIуэ, дышхэнщ.

Iупхъуэр зэхуащI.

## ЕТIУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэр зэIуах.
А ч а н и бынунагъуэр, Ахыл къищынэмыщIа, Iэнэм къетIысэкIауэ щысщ.
Ш а м с а хъыршын пщтырхэр тепщэчышхуэкIэ Iэнэм къытрегъэувэ.

Ш а м с а. МыупщIыIуж щIыкIэ федзакъэ.

Н а з и ф а. ИIэ, иIэ, щIэвдзэ.

Т е б о. Хъыршыныр упщIыIужыпIэ изыгъахуэхэм дащыщ дэ?! *(И IитIыр зэрегъэIуэт.)* Иджыпсту дышхэнкъэ, мэкъуауэлI еша гуп ди шхэкIэм къехъуэпсэн хуэдэу.

А ч а н. Алыхьышхуэу гущIэгъулы, хьэлэл тхуэпщIыну сынолъэIу ди ерыскъыр. Бисмиллахьи.

ЯпэщIыкIэ А ч а н, абы кIэлъыкIуэу адрейхэри шхыным хоIэбэ.

Т е б о *(Ачан жриIэу)*. Уэрэ нанэрэ санаторэ фызэрыкIуэн путёвкэ Маро сэрэ къыфхуэтщэхуащ. Зывгъэпсэхунщ, зэвгъэIэзэнщ. Куэдкъэ щхьэкъэIэт фимыIэу фызэрылэжьар?!

А ч а н. Тхьэразэ къыфхухъу! Фи гукъэкIыр гуапэщ, ауэ хэт Iэщыр къызыхуэдгъэнэнур? Махуэ къэс уакIэлъыплъын, зепхьэн хуейщ ахэр.

Т е б о *(Аслъэн хуоплъэкI)*. Дэ абыи дегупсысащ.



А с л ъ э н. Сэ отпуск къеIысхынщи, фэ зывгъэпсэхуху, мыбы сыщыIэнщ.

А ч а н *(къыпыгуфIыкIыурэ Назифа йоплъ)*. Сэ арэзы сыхъунщ, ауэ уэ сыт жыпIэн, Бийсохэ япхъу?

Н а з и ф а. Сэ уэ сыппэрыуэфынукъым, ауэ, Алыхьым сыкъещIэ, сэ зыщIыпIи сыкIуэну сыхуейкъым. Жьы ущыхъуам деж, уи жьэгу пащхьэмрэ уи жьэгу мафIэмрэ нэхъыфIи нэхъ хуаби щыIэкъым.

А ч а н. Уи узыншагъэращ зи Iуэху къесхуэкIыр, ахъумэ, сэри зыщIыпIи сыкIуэну сызэрыхуэмеймкIэ Алыхьыр си щыхьэтщ.

М а р о. Мамэ, уэ сыт щыгъуи щхьэусыгъуэ гуэрхэр къыбогъуэт. Сэ сыщыгъуазэкъэ фи узыншагъэр зэрымыщIагъуэм.

Ш а м с а. Папэ, мамэ, дэ псори дыныволъэIу, «хьэуэ» жыфIэу ди жагъуэ къэвмыщI.

Н а з и ф а. Хъунщ, хъунщ, ирехъу зэрыжыфIэм хуэдэу.

А с л ъ э н. Iэщым щхьэкIэ фымыгузавэ, сэ ар зыхуей хуэзгъэзэнщ.

А ч а н. Хъунщ. ДыкъэвгъэдэIуащ. *(ТIэкIурэ мэщымри.)* Си псэхэ, ар си дежкIи, фи анэм дежкIи дызыпэмыплъа саугъэт гуапэщ. Фэ фощIэ, фи гулъытэм нэхъ лъапIэ ди дежкIэ зэрыщымыIэр. Алыхьым гъащIэшхуэ къывит!

М а р о. ТебокIэ тхьэ соIуэ, фи гуапэ тщIыным нэхъ гуфIэгъуэшхуэ дэркIэ щымыIэу.

Н а з и ф а. Алыхьым гуфIэгъуэ фыщимыгъащIэкIэ! *(Зытэлай дэкIри.)* Ахыл щыкIуэдар дэнэу пIэрэ?

А й г у л. Зыгуэрым хуэзэн хуейуэ жиIэри, щIэкIащ.

Н а з и ф а. Пщыхьэщхьэшхэ къудей шхакъым...

А ч а н. Си тIасэхэ, нобэ лIыжь-фызыжьыр икъукIэ дывгъэгуфIащ. Дэ дызыхуеишхуи щыIэкъым. ЩIэх-щIэхыурэ фытлъагъумэ ращ. Алыхьым и шыкуркIэ, дэ зыми дыхуэныкъуэкъым, фэ сыткIи зыкъытщIывогъакъуэ. Абы къищынэмыщIа, Iэщ гуэрхэри зыдохуэ, пенсэ тIэкIуи къыдат... Дызэрыфщыгугъыр зы закъуэщ — фи гулъытэрэ гу хуабагъэ тIэкIурэ. *(ЗытэлайкIэ мэщымри.)* Фэ фщIэжу къыщIэкIынщ Асан. И къуэр псэууэ, езым и закъуэу къанэри, къыкIэлъыплъыни, къылъыгъуэзэни имыIэу дунейм ехыжащ тхьэмыщкIэр. Абы и хьэдэр зыгъэпскIыжахэм, абыхэм я мызакъуэу къуажэм цIыхуу дэсми, лIыжьым и къуэм нэлат ирахащ. Нэхъапэхэм ди лъахэм апхуэдэ къыщыхъун дэнэ къэна, уи нэгу къыщыщIэбгъэхьэныр фIэщщIыгъуейт. А лIыжь тхьэмыщкIэм и Iэбжьанэ-лъэбжьанэр сантиметритI-щы я кIыхьагъыу пыкIыкIат. Ар хупызыупщIын иIакъым, езы тхьэмыщкIэр зыкIэлъыплъыжыфакъым. Фегупсысыт: апхуэдэ лей цIыхум дауэ къызэрытехьэнур, и бын псэууэ, узыншэу дунейм тету?! АрщхьэкIэ, ар псэууэ къэплъытэ хъуну? Ар къалэм Iэпхъуащ, и адэ лъэрымыхьыр и закъуэу къигъанэри. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Асан и закъуэкъым апхуэдэр. Жьы хъуахэр хьфIэзыдзэж куэду щыIэщ. Сыт къытщыщIар?! Нэхъ пэжыр жыпIэнумэ, сыт къыдащIар?! Нэхъ зэман гугъухэм къела лъэпкъыр апхуэдизу гущIэгъуншэ, гулъытэншэ щIэхъуар сыт?! ИкъукIэ сыщогугъ Асан и махуэр дэ къытхуэмыкIуэну. *(ТIэкIурэ мэщымри, Назифа зыхуегъазэ.)* Тэдж, нэмэз щIыгъуэ хъуащ.

ТIури щIокI. Ш а м с а Iэнэм къотIыс. Псори нэщхъей хъуауэ щысщ.

М а р о. ЛIыжь-фызыжьым щIэх-щIэхыурэ дакъылъыгъуэзэн хуейщ. Асан насыпыншэ!..

Т е б о. Сэ соцIыху абы и къуэр, Вольнэ Аул щопсэу.

Ш а м с а. Езыр лIамэ, нэхъыфIт! Уи адэ укъэзылъхуам апхуэдэ епщIэну, ар дауэ!

М а р о. Дэ ди адэ-анэр къалэм нэIэпхъуэну къытхутегъэхьэнукъым.

А й г у л *(и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ)*. АтIэ, ахэр я закъуэу къэвгъэнэну ара?

М а р о. Аракъым, дауи! Къуэм адэр и закъуэу къигъэнэн хуеякъым, езыр къуажэм къэIэпхъуэжа пщIондэ.

А с л ъ э н. Си фIэщ схуэщIыркъым... Ар дауэ?! Псори фыщыгъуазэщ сэ адэ-анэ гулъытэрэ IэфIагърэ сымыщIэу сыкъызэрыхъуам. Дызрахуа лъахэм къэдгъэзэжагъащIэу, гъащIэм и гугъупIэ дыдэу, сэ си анэ шыпхъум сызришэлIэжащ. Ари, езым сабииплI зэриIэм щхьэкIэ къэмынэу. Интернатым сызэрыримытам папщIэ сэ абы фIыщIэу хуэсщIыр зыхуэдизыр псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэнщ. Си адэ-анэр, зэ нэхъ мыхъуми, нэбгъузкIэ слъагъуну сщIамэ, сэ сыхьэзырт плIэкIэ мывэ къесхьэкIыну!.. Языныкъуэ цIыхухэр сыту гущIэгъуншэIуэ!

Т е б о *(Маро жриIэу)*. Дэ тхьэмахуэ къэс гъуэрыгъуэурэ дыкъэкIуэжын хуейщ.

А й г у л. ТIури тхьэмахуэ къэс фыкъэкIуэж щIэмыхъур сыт? СыхьэтитI гъуэгущ мыбы дэлъыр.

Т е б о. Пэжщ жыпIэр. ИкъукIэ мащIэщ ди гулъытэр. ЩIэхщIэхыурэ къэкIуэжын хуейщ.

Тэлай докI.

М а р о. Жэщыр хэкIуэтащ. Дыгъуэлъыжмэ мынэхъыфIу пIэрэ?

Т е б о. НэхъыфIу къыщIэкIынщ.

Ш а м с а. Ахыл сыту Iейуэ зигъэгувэрэ.

Т е б о. Ягъэ кIынкъым. И щIалэгъуэщ. ЩIалэгъуалэм турбазэхэм щащIэн ягъуэт.

М а р о р э А й г у л р э нэмыщI, адрейхэр йокIыж.

М а р о *(Айгул жриIэу)*. Щхьэ ущыс, си хъыджэбз цIыкIу, накIуэ.

А й г у л *(и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ)*. Лъэрымыхь хъуа, дэIэпыкъуэгъуншэу къэна Асан си нэгум щIэтщ... «Асан и махуэр къытхуэмыкIуэну дыщыгугъынщ», — жиIэу дадэ зэрыжиIари сигу ирихьакъым. Сыт а псалъэмакъыр абы къыщIигъэхъеяр, апхуэдэу щIыжиIэн щхьэусыгъуэ евмытамэ?

М а р о. Дэ щхьэусыгъуэ еттауэ аракъым, си хъыджэбз цIыкIу, абы апхуэдэу щIыжиIар. Уэ езым уолъагъу абыхэм сазэрыхущытыр: зыри хуэзгъэныкъуэкъым. *(Айгул IэплIэ хуещI.)* Апхуэдэ гупсысэхэмкIэ уи щхьэр пкудэну иджыри пасэщ, си дыщэзэрылэ.

ЙокIыжхэр.
Iупхъуэр зэхуащI.

## ЕЩАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэр зэIуах.

ЕтIуанэ махуэрщ. А х ы л р э А й г у л р э къищынэмыщIа, псори пщэфIапIэм щызэхэсщ, уэршэру.

М а р о. Папэ, мамэ! Тебо сэрэ дызэчэнджэщри, фэ ди гъусэу фыпсэумэ, нэхъ тэмэму къэтлъытащ. Фэ дауэ феплърэ абы?

А ч а н. Си тIасэхэ, къызгуроIуэ фэ дифI къызэрефхуэкIыр, ауэ ди жьыщхьэ дэ зыщIыпIи дыIэпхъуэфынукъым. Дэ ди гъащIэр мы унэращ.

Н а з и ф а. Пэжщ фи адэм жиIэр, си хъыджэбз: дэ зыщIыпIи дыкIуэфынукъым.

Т е б о. ФыщытпэIэщIэм деж дыгузавэ зэпытщ. Ауэ махуэ къэс дыкъэкIуэжыну апхуэдэ Iэмал дэри диIэкъым.

М а р о. ТебокIэ тхьэ соIуэ, фыдигъусамэ, фэри дэри нэхъ дытыншынутэмэ.

Т е б о. Ди гъунэгъум и фэтэрыр ещэжри, ар къэтщэхуамэ, абы тыншу фыщыпсэуфынут.

Н а з и ф а *(къэуIэбжьауэ)*. Уоу, ди Тхьэ, къызэрыщIэкIымкIэ, фэ фызыхуейр фи деж дыфшэну аракъым, атIэ фи гъунэгъуу дыщывгъэпсэуну ращ. Тобэ-тобэ...

М а р о. Мамэ, аргуэру псори зэрыщымытущ къызэрыбгурыIуэр. Уэ фIыуэ уощIэ дэ ди фэтэрыр къызэрыдэцIыкIуэкIыр. Фэ фи дежкIи нэхъыфIщ ди гъунэгъуу фыпсэумэ. Фи фIэщ зэрыхъун, къалэ фэтэрым ущыпсэуну куэдкIэ нэхъ тыншкIэ, къуажэ унэм нэхърэ.

А ч а н. «Нэхъ тыншщ», жыпIа? Хьэуэ, тIасэ, сэ сыщыпсэу пэшым къубгъан къыщысхуехьэкIынукъым! КъищынэмыщIауэ, сэ сыхуейкъым унэ блынджабиплIым сызэрыпсэууэ сыхэжыхьыжыну. Iыхьлыи ныбжьэгъуи къыпкIэлъымыкIуэу, лъапсэ гуэри уимылэжьыхьу... Машинэ Iугъуэрэ сэлам къудеи зэзымых цIыхухэмрэ — аращ а узыщытхъу къалэр зэрыщытыр.

Н а з и ф а. Алыхьыр закъуэщ, апхуэдэ фэтэрри лъэхъуэщри тIури зыкIэ си дежкIэ. ПщэдджыжькIэ пщIантIэм удыхьэу уи джэдым щыкъун яхуупхъыну Iэмал уимыIэу, ар сыт гъащIэ?

А ч а н. ПщIантIэ... Аращ езыр унэр унэ зыщIыжыр. Ущыхуей дыдэм деж цIыхухэр къызыдыхьэфын пщIантIэ уимыIэныр зэщхьыр сыт?!

Ш а м с а. Фи псалъэмакъым сызэрыхэIэбэр къысхуэвгъэгъу, ауэ къалэм дэсхэри цIыхущ. ИкIи я псэукIэр къуажэдэсхэм яйм нэхърэ мынэхъыфIмэ нэхъыкIэкъым. Сыт апхуэдизу къалэр флъагъу щIэмыхъур?

М а р о. Дэ зи ужь дитыр фэ фи Iуэху нэхъ тынш зэрыхъунщ...

А ч а н. ФIы къытхуэфщIэну фыхуеймэ, ди щIапIэжь диIэпхъукIыну дыхэвмыгъэзыхь. ПщэдджыжькIэ нэмэз сщIыну сыщытеувэкIэ, сэ сыхуейщ мо бгыжьхэм саIуплъэну. Абыхэм сэ зэ пэIэщIэ сащIащ, икIи иджыри къэс сощIэж абы щыгъуэ гуныкъуэгъуэу сиIар зыхуэдизыр. Си пщIантIэм селъэпауэу дэлъ мо мывэжь нэгъунэ сахуэзэшат...

Т е б о *(жиIэр нэхъ фIэщщIыгъуафIэ ищIыным хущIэкъуу)*. Ди адэ, уэри уощIэ гъащIэр гугъу зэрыхъуар. Мы демократие хьэлэчыр къэралым къызэрыщыунэхурэ цIыхухэр бэлыхь хэхуащ.

Тэлай докI.

А ч а н. Щхьэ узэпыуа? ЖыIэ, сэ сынодаIуэ.

Т е б о. Пщэдей къэхъунур зыми ищIэркъым. Абы къыхэкIыуи, гъащIэм и гупкIэм укъыпымыхун папщIэ, нобэ зыгуэрхэр лэжьын хуейщ. *(ТIэкIурэ мэщымри)* Ди адэ, Маро сэрэ куэд щIауэ зыгуэр вжетIэну дыхуейт, ауэ дытегушхуэртэкъым... Дэ Iейуэ дыщогугъ тэмэму дыкъывгурыIуэным.

А ч а н. ЖыIэ, сынодаIуэ...

Т е б о *(Маро зыхуигъазэу)*. Уэ жыIэ. Уэ нэхъ къагурыбгъэIуэфынущ.

М а р о. Хьэуэ, уэ жыIэ.

Т е б о. Куэдщ иджы, кIыхьлIыхь зумыгъэщIу къегъажьэ.

М а р о. КIэщIу жыпIэмэ, Iуэхур зэрыщытыр мыращ: зы къулей гуэр хуейщ ди унэр ищэхуну. Ди адэ, мыр пщэну арэзы ухъумэ, ар си дежкIи Тебо дежкIи щIэгъэкъуэныфI хъунут.

А ч а н *(абы жиIар фIэтелъыджэу)*. Унэр сщэнуи?! Ар дауэ фигу къэкIыха?!

Н а з и ф а. Уоу, ди Тхьэ, араи фэ дэр щхьэкIэ фыщIэгузавэр?

М а ρ о. Мамэ, ар апхуэдэу зэрыщымытыр уэри къыбгуроIуэ, сыт ди жагъуэ къыщIэпщIыр?

Н а з и ф а. Алыхь, фэракIэ ди жагъуэ къэзыщIыр.

Т е б о *(хэгупсысыхьурэ)*. Папэ, мамэ, жысIэпэнщи, дэ, дауэ щымытми, дывибынщ! Фи щхьэ закъуэ фегупсысыж мыхъуу, дэри гулъытэ гуэр къытхуэфщIын хуейщ!

М а ρ о. Дэ дощIэ мы унэр фигу зэрыпымыкIыр, ауэ ди пIэм фиувамэ, дэри нэхъ дыкъывгурыIуэнт.

А ч а н. Унэр дигу зэрыпымыкIыр щыфщIэкIэ, дыщIыхэвгъэзыхьыр сыт? ЗэрысщIэмкIэ, фэ Iей дыдэуи фыпсэуркъым...

Т е б о. Аргуэру жызоIэри, мы къэралым пщэдей къыщыхъунумкIэ зыри шэсыпIэ ихьэфынукъым. Иджыпсту къалэм нэхърэ мыбы щIыр щынэхъ лъапIэщ. Унэр тщэмэ, фэри фэтэр къыфхуэтщэхуу, дэри тыкуэн къызэIутхыфынущ.

М а ρ о. ТебокIэ тхьэ соIуэ, апхуэдэу дымыщIмэ, мыгувэу псымрэ щIакхъуэмрэ дакъыхуэнэнукIэ. Зэман дэкIмэ, Алыхьым жиIэмэ, уни фхуэтщIынщ.

А ч а н щымщ. А х ы л р э А й г у л р э къохьэ.



Ш а м с а. Иджыри къэс фыздэщыIар дэнэ?!

А х ы л. Бгыхэм къыщыткIухьащ. Зытплъыхьащ.

Ш а м са. ФымэжэлIагъэнщ. ФытIыс, фызгъэшхэнщ.

А й г у л. Хьэуэ, Шамса, дымэжалIэркъым. Ахыл рестораным сыщигъэшхащ.

М а ρ о. Ресторaным фызэрыкIуэн ахъшэ иIэмэ, ари хъарзынэщ.

А й г у л. Ахьей иIэ, и бохъшэм дэзу дэлъщ!

Т е б о. Бохъшэм дэзуи?! *(Ахыл жриIэу.)* Дэнэ ахъшэ къыздипхар?

А х ы л *(и IэштIымыр щэхуу Айгул иригъэлъагъуурэ)*. Папэ, сэ седжэ къудейкъым, атIэ студент мыкIуэмытэхэм рефератхэмрэ диплом лэжьыгъэхэмрэ яхузотх. Ахъшэ къэблэжьыныр гугъукъым, къызэрыблэжьын щхьэ уфIэт закъуэмэ.

А ч а н. Ахъшэр хъарзынэщ, хьэлэлу къэблэжьамэ. Тэмэму уощIэ, си щIалэ цIыкIу.

М а ρ о *(псалъэмакъ зэпаудам пищэжу)*. Фэри зэрыфлъагъущи, сабийхэри балигъ хъуакIэщ. НэгъуэщI мыхъуми, фи къуэрылъхупхъурылъхухэм я къэкIуэнум фегупсыс. Иджыпсту ди Iуэху зыIутымкIэ дэ сыт абыхэм яхуэтщIэфынур?

А ч а н. ЖыфIэм пэж гуэрхэри хэлъщ, ауэ дэ Iэмал къыдэфт тыншу ди унэ дилIыхьыжыну.

А х ы л р э А й г у л р э зыри къэгурымыIуэу зоплъыж.

М а ρ о. Папэ, дэ бын нэхъыфI дыдэхэм дахуэмыдэнкIи хъунщ, ауэ гулъытэ фхуэдмыщIу жыфIэфынукъым. Дэ псори къыдгуроIуэ: гугъу фехьу дызэрыфпIари, фи гугъуехьыр зэрыдмыпшыныжыфынури. ИкъукIэ куэд къытхуэфщIащ, ауэ дыныволъэIу мы зэми фыкъыддэIэпыкъуну.

Т е б о. Ди псэукIэр тхуевгъэфIэкIуэну Iэмал фиIэу, дывгъэщIэхъуфыну?

А ч а н. Си тIасэхэ, си гугъакъым апхуэдэу фыкъыщIэкIыну... Мы унэр, уеблэмэ, дыщэ защIэу зэхэлъми! Мыр зыгурывгъаIуэт: дэ дыжыгыщIэкъым, дэнэ деж дыщыхэпсэми дыхэкIэну. Дэ зи гъужыгъуэр къэса жыгыжьщ дызэщхьыр икIи нэгъуэщI щIыпIэ дыщыхэкIэжыфынукъым.

А х ы л *( пIейтейуэ)*. Сыт къэхъуар?

Т е б о. Абы фэ фи Iуэху хэлъкъым. *(Ачан жриIэу.)* Си гугъащ дыкъыбгурыIуэну.

А й г у л *(зыри къыгурымыIуэу)*. Мамэ, сыт зи гугъу фщIыр? Дадэрэ нанэрэ я жагъуэ щIэфщIар сыт?

М а р о. Балигъхэм я псалъэмакъым сабийхэр хэIэбэн зэрыхуэмейр зэбгъэщIэну и чэзу хъуащ. ФыIукI мыбдей е щыму фыщыс. *(Псалъэмакъ зэпаудам пищэжу)*. Дэ дывихамэкъым — дывибынщ!

А ч а н *(щхьэжагъуэ дыдэу)*. Езыхэм я щхьэ Iуэху дагъэкIын папщIэ, жьы хъуа адэ-анэм я унэжь илIыхьыжыну яIэ хуитыныгъэр къатезых бын...

Ш а м с а *(Тебо еIущащэу)*. Маро ирегъэлеиIуэ. Игу къэгъэкIыжыт мы унэр зейри, абы и унафэ зыщIыну хуитыныгъэ зиIэри.

Т е б о *(Шамса йоIущащэ)*. УмыпIащIэ. ЯпэщIыкIэ адэр къэдгъэгъэIули, иужькIэ Маро и унафэр тщIынщ.

Ш а м с а. Хьэуэ, иджыпсту жеIэ!

Т е б о. Укъытримыч...

Ш а м с а. Иджыпсту жепIэнщ!

Н а з и ф а *(и нэпсхэр къызэпижыхьауэ, Ачан жриIэу)*. Бынхэм едаIуэ, ауэ сытми лъаIуэу къыщIэкIынкъым ахэр. Дэ къытхуэнэжа тIэкIур зыгуэрурэ етлъэфэкIынщ...

А ч а н. Сыт-тIэ ущIэгъыр?!

Т е б о *(зигъэгусэу)*. Унэ бэлыхь гуэр дытепсэлъыхь хуэдэ, дызыбогъэлъэIу, папэ!

М а р о *(Тебо жриIэу)*. БжесIатэкъэ ди адэр арэзы зэрымыхъунур. Уэ укъысщыдыхьэшхат! КъызэIух иджы тыкуэн!

Т е б о. Маро, гурыIуэгъуэу бжесIэну сыхуейщ: хабзэкIэ унэр зылъысыр сэращ, уэ абы ущIыщыгугъыр сщIэркъым.

М а р о *(къэуIэбжьауэ)*. Тебо, ар уи фIэщу жыпIэрэ?!

Т е б о *(Iэнкуну)*. НтIэ... си фIэщ дыдэу. Уэ къыплъысынур сэ уэстым хуэдизщ. *(Шамса нэщхъыцэу къызэреплъым гу лъетэри)*. Ари зыгуэр уэстыххэмэ...

М а р о. Ди Тхьэ, сыту умыукIытэрэ, Тебо?! Уэ жэщи махуи турбазэхэм къыщыпкIухьыху, сэ цы мастэр сIыгъыу сыкъещхьэукъуэхыу гущэм сыбгъэдэсащ, ерыскъым хэзэрыхьауэ цы щысшхи къэхъуу. СымыщIар укIуэдыж, мы унэм берычэт илъын папщIэ! Иджы унэр зэрыщыту уэ къыплъысын хуейуэ жыбоIэ!

А ч а н. Алыхьым и хьэтыркIэ, щывгъэт!

М а р о. КъызэрыщIэкIымкIэ, уэ ушынагъуэ гуэри, си дэлъхушхуэ!



8 Заказ №19

Н а з и ф а *(магъ)*. Си тIасэхэ, быдзышэ фызэзгъэфам и хьэтыркIэ сыныволъэIу, апхуэдэурэ фызэмыпсалъэ… Сыту сынасыпыншэ мыгъуэт сэ…

А й г у л р э А х ы л р э къотэджри, лIыжь-фызыжьым ябгъэдоувэ.

А й г у л *(гущIыхьэу гъыурэ)*. Сыту фымыукIытэрэ!

А х ы л. Дэ дывгъэсэну фыхэтщ, ауэ фэ езыхэр дауэ фи адэ-анэм фазэрыхущытыр? ФыкъэувыIэж, мыхэр хьэдрыхэ гъуэгу тевмыгъэувэ щIыкIэ!

М а р о. Абы уэ уи Iуэху хэлъкъым, Ахыл!

Ш а м с а *(Маро жриIэу)*. Си къуэм и гугъу умыщI, узыщIэкIиен умыгъуэтмэ, уи пхъум щIэкIие!

М а р о *(къэгубжьауэ)*. Зи кIий макъыр зи тэмакъым тенэжын! Си дэлъхум сэрэ дызэфIэбгъэнэну яужь узэритыр сымыщIэ уи гугъэ! ТебокIэ тхьэ соIуэ, зыщ къиизмынэу уи щхьэцыр къисфыщIыкIынкIэ!

А ч а н. Уоу, Алыхь лъапIэ! ФызэтеувыIэт иджыпстуупщIэ!

Н а з и ф а *(магъ)*. Си хьэдагъэм фыкъэкIуэжа мыгъуэми нэхъыфIти!

А ч а н *(щхьэжагъуэ дыдэу къотэдж)*. Мы унэри, мы щIыри фэ ффIэкIыу зыщIыпIи кIуэнукъым. ТIэкIурэ зыхуэвгъэшэчыж, фызэрымышхыжу… Куэдыщи къэнэжакъым… *(Назифа жриIэу.)* Нэтэдж, пщыхьэщхьэ нэмэз щIыгъуэр къэсащ.



Т е б о. Папэ, апхуэдэ уасэкIэ сэ зыри сыхуейкъым! Ди псалъэмакъыр щымыIэххауэ бжы.

А ч а н абы зыгуэр пидзыжын и гугъэу къоувыIэ, ауэ нэщхъейуэ Т е б о хуоплъэкIри йокI.

Iупхъуэр зэхуащI.

# ЕТIУАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ
## ЯПЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэр зэIуах.

Мэкъуауэгъуэщ. А ч а н пхъэ гуахъуэ иупсу пщIантIэм дэсщ. Абы упщIэ пыIэ щхьэрыгъщ, сэлъэ кIэрыщIащ. Мыбдеж дыдэм Н а з и ф а и щоIэуэлъауэ.

К ъ ы д е н къохьэ.

К ъ ы д е н. Назий, Маро иджыри къэкIуэну?

Н а з и ф а. Сыт зэрыпщIынур, Къыден?

К ъ ы д е н. Сэ абы и пхъур къэсшэну сыхуейщ. Маро сыкъигъэгугъащ, щIалэфI сыхъумэ, къызитыну.

Н а з и ф а. УкъыщигъэгугъакIэ, къыуитынщ. Ауэ уэ езыр щIалэфI ухъуа?

К ъ ы д е н. НтIэ. Сэ зэи Къылып хуэдэу сыщытынукъым… Чэмай ещхьи сыхъунукъым.

Н а з и ф а. Чэмай уигу щIримыхьыр сыт?

К ъ ы д е н. Абы и фызыр еубэрэжь.

Н а з и ф а. Ефа нэужьи?

К ъ ы д е н. Хьэуэ. Ар ефэркъым.

Н а з и ф а. Сыт-тӀэ щӀиубэрэжьыр?

К ъ ы д е н. Делэщи. Бгыр къатеуарэт делэхэм! *(Зэуэ къонэжэгужэри.)* ПщӀэрэ, Назий, сэ абы щхьэкӀэ уафэм щӀэуэу абджыпс унэ сщӀынущ.

Н а з и ф а. Хэт щхьэкӀэ? Чэмай и фызым щхьэкӀи?

К ъ ы д е н. Хьэуэ! Маро и пхъум щхьэкӀэ!

Н а з и ф а. А-а-а...

К ъ ы д е н. Хъыджэбз дахэр унэ дахи хуейщ, пэжкъэ, Назий?

Н а з и ф а. Дауи, хъыджэбз дахэм щхьэкӀэ унэ дахэ дыди ухуейщ.

К ъ ы д е н *(хущӀэмыхьафэ зытригъауэу).* Хъунщ-тӀэ, сэ сежьэжынщ, зэманыр пщӀэншэу сымыгъакӀуэу!

К ъ ы д е н йокӀыж.

Н а з и ф а *(абы кӀэлъыжиӀэу).* КӀуэ, тхьэмыщкӀэ, кӀуэ. Ди жылэм зы насыпыфӀэ дэсмэ, ар уэращ. Зыри къофыгъуэркъым, зыми уигъэкъуаншэркъым, зыми уи жагъуэ къищӀыркъым. Псори къыпщогуфӀыкӀ. Уеблэмэ хьэхэри къобэныркъым.

А ч а н. Тебо къэмыкӀуэжмэ, мы гъэм мэкъуншэу дыкъэнэнущ. Хъумыхъуми, иджыри къэс сэ езыр зыгуэрурэ сыпэлъэщащ. Ауэ иджы, жьы сыхъуащи, дэӀэпыкъуэгъуншэу схузэфӀэкӀынукъым. *(ТӀэкӀурэ мэщымри.)* Атлы и къуэр, зэрыпрофессорым щхьэкӀэ къимыгъанэу, гъэ къэс мэкъуауэгъуэм ирихьэлӀэу къокӀуэжри, и адэм доӀэпыкъу. ШэмэджкӀэ мэкъу еуэну зриусыгъуэджэркъым абы. Дыгъуасэ ар си мэкъуауапӀэмкӀэ блэкӀырти, къызбгъэдыхьэщ, шэмэджыр сӀихри зы аргъынэ схурихьэхащ. Мис аращ цӀыху гъэса жыхуаӀэр! *(ТӀэкӀурэ мэщымри.)* Пэжыр жысӀэнщи, Биисохэ япхъу, Тебо и закъуэкъым сэ зызыхуэзгъэгусэр, Марои сегъэгубжь. ЕщӀэ унагъуэ зехьэныр къызэрыптехьэлъэр... ПщэфӀэнри... жьыщӀэнри... А псор зылъагъу сэ дауэ сыкъыпщыхъурэ?

Н а з и ф а. Езыхэм я деж дыӀэпхъуэну мэлъаӀуэхэ. Сыт нэгъуэщӀ къытхуащӀэфынур?

А ч а н. Сэ мы унэм сыщӀэкӀыу зыщӀыпӀи сыкӀуэнукъым. Мыбы сыкъыщалъхуащи, мыбы сыщылӀэжынущ. Апхуэдэущ си адэри зэрыпсэуар. Сэ сыпсэуху, си къуэри мыбы щыпсэун хуейт си гъусэу. *(Щэхуу.)* Мы унэр псэун хуейщ, Биисохэ япхъу, псэун!

Н а з и ф а. Дауи, дауи... Къэдгъэгъанэ а псалъэмакъыр. Уи гукъыдэжыр иумыудыхыж... Сэ сынэкӀуэнщ уи гъусэу, сыбдэӀэпыкъунщ. Алыхьым уэшх къримыгъэшхкӀэ, къешхмэ, мэкъур игъэфынущ.

Н а з и ф а цыкӀуэкӀыр зрегъэтӀылъэкӀри къотэдж.

А ч а н. ТӀысыж, Биисохэ япхъу. Уэ мы пщӀантӀэ кӀуэцӀым ерагъкӀэ къыщыпкӀухьыф къудейщ. Бгым дауэ узэрисшэнур? *(Гуапэу погуфӀыкӀ.)*

ПщIэжмэ, ди щIалэгъуэм щыгъуи мэкъу Iэнащтэ уздэсшэну ухэзгъэзыхьу щытакъым.

Н а з и ф а. Пэжщ, уэ сыт щыгъуи укъысщысхьу щыташ... Еу-уей, сщыгъупщэжырти, автобусым кхъуей естат, Маро иратыжыну. Сыпсэлъэнщи, жесIэнщ. *(Мобильнэ телефонымкIэ мэпсалъэ.)* Си хъыджэбз цIыкIу, кхъуей тIэкIу ныфхуезгъэшащи, автобусым къыпежьи къеIыхыж. Айгул кIуакIэщ, жыпIа? НтIэ, нтIэ... *(Ачан жриIэу.)* Нышэдибэ сызэрепсэлъар сщыгъупщэжат. *(Маро жриIэу.)* Сыт ухуэдэ, си хъыджэбз?.. Си Айгул цIыкIу дауэ щыт?.. Хъарзынэщ, хъарзынэщ. Ди малъхъэр къэкIуэжа?.. Саугъэтхэр къыфхуихьуи?.. Псори тэмэммэ, аращ, си хъыджэбз... Фи адэри къыфщIоупщIэ... Мы тхьэмахуэм фыкъэкIуэжыфыну? Айгул Iейуэ дыхуэзэшащ... Хъунщ, феплъ фыкъызэрикIым...

А ч а н. Мы тхьэмахуэми къэкIуэжынухэкъым-тIэ...

Н а з и ф а хьэлъэу хощэтыкI.

Уи бынхэм папщIэ уэ гъащIэр птыну ухьэзырщ, езыхэм уи узыншагъэм къыщIэупщIэну гукъэкI ящIынукъым, уэ езыр телефонкIэ упсэлъэху.

Н а з и ф а *(быным къащхьэщыжу).* Сэри къысхуэзэшынхэу пIалъэ изгъахуэркъым — махуэм къриубыдэу тIэу сопсалъэ.

А ч а н *(Назифа бгъэдохьэри).* Бийсохэ япхъу, сэри сыкъэбгъэпцIэну, уи щхьэри къэбгъэпцIэжыну ущIыхэтыр сыт? АбыкIэ зыдумысыжыныр хьэлъэми, ди бынхэр тэмэму тхуэгъэсакъым. Гулъытэ къытхуащIыркъым. Дэ жэщкIэ дыжеякъым, ахэр зыми хуэмыныкъуэу, зыми емыхъуапсэу къэдгъэтэджын папщIэ. ЩIэныгъи ядгъэгъуэтащ, иджы тIури унагъуэщи, хъарзынэу мэпсэухэ. Машини яIэщ, ауэ тхьэмахуэм зэ нэхъ мыхъуми лъагъунлъагъу къэкIуэжыныр къохьэлъэкI. Тхьэмахуэри сыт, мазэкIи, нэхъыбэжкIи къыщымыкIуэж щыIэщ...

Н а з и ф а. Зымахуэ я жагъуэ тщIащ, унэм теухуауэ...

А ч а н. Абы и пэкIэ-щэ?! Унэм теухуауэ езыхэращ ди жагъуэ къэзыщIар, ахъумэ дэракъым. ИкъусыкъужкIэ ди жагъуэ къащIащ.

Н а з и ф а. Iэмалыншагъэм къыхигъэзыхьахэу къыщIэкIынщ...

А ч а н. Алыхьым и шыкуркIэ, тIури зыхуэныкъуащэ щыIэкъым. Ар апхуэдэу щымытамэ, зэзгъэлъэIурэт?

Н а з и ф а. СощIэ мыгъуэ...

ТэлаЙ докI.

А ч а н. Бийсохэ япхъу, ди гъунэгъухэм сащыукIытэ хъуащ... Мис, уэ укъызоупщI хасэм сыщIэмыкIуэжымкIэ. Сэри, уи жагъуэ сымыщIын щхьэкIэ, зыри жысIэркъым. СыщIэмыкIуэр, ди бынхэм теухуауэ къыщызэупщIкIэ, пцIы супсын хуей мэхъури аращ. Абы накIуэхэр делэ уи гугъэ...

Хьэ лIа гуэр илъэфу, уэрамымкIэ К ъ ы д е н блокI.

А ч а н. Къыден, дэнэ ар здэплъэфыр?

К ъ ы д е н. Кхъэм.

А ч а н. Хьэхэр кхъэм щыщIалъхьэу дэнэ щыплъэгъуар? Кхъэм щыщIалъхьэр цIыхухэрщ, Къыден.

К ъ ы д е н. Мы хьэм куэдкIэ нэхъ цIыхугъэ хэлъащ, ар зейуэ щытам нэхърэ.

А ч а н. Хэтыт ар зейуэ щытар?

К ъ ы д е н. Гъэлакъ Лъэгущабэ. «Жьы хъуащи, зыкIи сэбэпыжкъым», — жиIэщ, уэрамым къыдидзэжри, тхьэмыщкIэр шхын щхьэкIэ игъэлIащ. *(Магъ.)*

А ч а н. Гъэлакъ хуэщIэнущ ар. Хьэбыршыбыр!..

Къыден IукIыжыну зегъэхьэзыр.

Къыден, кхъэм хьэ щыщIалъхьэ хабзэкъым. Къуажэбгъум зыщIыпIэ деж щыщIэтIэ.

К ъ ы д е н. СощIэ, Ача. Сэ ар хьэхэм я кхъэм щыщIэслъхьэнущ. Хьэ лIахэр араш сэ здыщIэслъхьэр.

А ч а н. Хьэхэм я кхъи щыIэ?

К ъ ы д е н. НтIэ, Ача, щыIэщ.

А ч а н. АтIэ сэ щхьэ зэхэзмыхарэ иджыри къэс?

К ъ ы д е н. Ар здэщыIэр си закъуэщ зыщIэр.

ЙокIыж.

Н а з и ф а. ЗэрыгущIэгъулы а тхьэмыщкIэр... И гур пщIанэщи, цIыху гущIэгъуншагъэм къыиуIэ зэпытщ.

А ч а н. Мис апхуэдэ делэ цIыкIухэм ягъэзэкIуэжын хуей мэхъу дэ губзыгъэхэм тщIэ щыуагъэхэр.

ЙокI.

Н а з и ф а *(хощэтыкIри)*. Уоу, ди Тхьэ, хэт и гугъэнт мыпхуэдэ зэман къэсыху дыпсэуну?

К ъ е с а м къохьэ.

К ъ е с а м. Назифа! Назифа!

Н а з и ф а *(къэгузэвауэ)*. Сыт къэхъуар? Уи фэр пыкIаи.

К ъ е с а м. Дыгъуасэ Азнаур чэфу къэкIуэжащ...

И Iэлъэщ1 кIапэмкIэ и нэпсыр щIелъэщIыкI.

Н а з и ф а. Аргуэруи?.. Уэуэу мыгъуэ!

К ъ е с а м *(магъ)*. Ди Алыхьышхуэу гущIэгъулы, мы бэлыхьым зэ сыхэкIыну пIэрэ сэ? Е ар ахърэтми здэсхьыну си натIэм кърытха?!

Н а з и ф а. Умыгъ, Къесам, умыгъ. ЗыIыгъ. Зи гур зыухыжыр Алыхьым фIэфIкъым.

К ъ е с а м *(зызэтриубыдэжурэ).* Уи фIэщ зэрыхъун, Назифа, иджы си дежкIэ жыхьэнмэри мышынагъуэж: абы и бэлыхь псори сэ мы дунейм щызгъэвакIэщ.

Н а з и ф а. ТхьэмыщкIэ, сыткIэ сыбдэIэпыкъуфыну?

К ъ е с а м. Назифа, уэр мыхъуамэ, сытыт сэ сщIэнур...

Н а з и ф а. Сыт сэ апхуэдизу пхуэсщIар?

К ъ е с а м. Сэ жысIэр сощIэж, Назифа. КъызэрыщIэкIымкIэ, дэлъхуми шыпхъуми мыхьэнэ яIэжкъым... Сыту Iейуэ зихъуэжа мы дунейм!

Н а з и ф а. ЖумыIэххэ!.. Дэ дымыгъэвар укIуэдыж: зауэри, хэкум драхунри, мэжэщIалIагъэри... Ауэ цIыхухэр иджы хуэдэу гущIэгъуншэу зэи зэхущытакъым. ГъащIэр нэхъ хьэлъэху, цIыхухэри нэхъыфIу зэхущытт. Иджы еплъыт: къуэшыр къуэшым, шыпхъур шыпхъум епсэлъэжыркъым. Зэпсэлъэн дэнэ къэна, зэрышхыжыну, зэрылIыжыну хьэзырхэщ. Фыгъуэм, нэпсеягъэм, ижэм дунейм бжьыпэр щаубыдащ.

К ъ е с а м *(тIэкIурэ щыма нэужь).* Пэжщ, цIыхугъи напи къахуэнэжакъым. Уеблэмэ ныбжьыфI зиIэхэри зэIыхьащ. ЩIалэгъуалэм уатемыпсэлъыхьыххэ...

Н а з и ф а *(шэч гуэр ищIу).* Сыт апхуэдэу щIыжыпIэр, Къесам?

К ъ е с а м. Хайдархэрэ Iештархэрэ яку къыдэхъуа хьэлэбэлыкъыр зэхэпхакъэ?

Н а з и ф а. Алыхь зэхэзмыха. Сыт къэхъуар?

К ъ е с а м. Iештархэ я хъыджэбз цIыкIу школакIуэр, си гугъэжымкIэ, Инессэщ абы зэреджэр, езым и ныбжь щIалэжь цIыкIум зэришащ.

Н а з и ф а. Сыт на-а, а жыпIэр?!

К ъ е с а м. Алыхь пэжмэ! КъинэмыщIауэ, наркоман гуэрым къалэм наркотик къыхуришу жаIэ. Абы къешэ, мыдрейм ещэ. Аращ а хъыджэбз цIыкIур зыгъэунэхъуауэ жыхуаIэри.

Н а з и ф а. Телъыджэщ мы дунейр иджыри къэс зэрымыкъутэжар! АIей мыгъуэ! Зигъэунэхъужащ тхьэмыщкIэм. Апхуэдэу щыщыткIэ, ахэр зэрыгъэшэн хуейщ.

К ъ е с а м. Хъыджэбз цIыкIур арэзыщ, ауэ щIалэр къахутегъэхьэркъым, «Сэ апхуэдэ «хъыджэбз» сыхуейкъым», — жи. Абы и ужькIэ зэзэуэжахэщ.

Н а з и ф а. Алыхь лъапIэ, дэнэ кIуа нэмысри, хабзэри, щIыхьри?!

К ъ е с а м. Хъыджэбз цIыкIур адэншэу къанэри, анэм и закъуэ ипIащ. Пэлъэщагъэнукъым...

Тэлай докI.

*(Хьэлъэу хощэтыкI.)* Сэ насыпыншэми хэт мыгъуэ згъэкъуэншэну сызыхэтыр?..

Н а з и ф а. Хъунщ, уи гур умыухыж, тхьэм жиIэмэ, псори зэхуэхъужынщ. *(Къесам и нэм щIоплъэ.)* Къесам, аргуэру ахъшэ ухуейуэ арагъэнщ.

К ъ е с а м. СылIамэ, нэхъыфI мыгъуэти... *(Магъ.)* Уи деж сыкъэмыкIуэмэ, хэт и деж сыкIуэн, Назифа? Зы аркъэ птулъкIэ

къызыщIэкIын хуэзмыхьмэ, си къуэм сыщIигъэхьэжынукъым. Ныжэбэ... ныжэбэ гуэщым сыщIэлъащ.... *(Магъ.)*

Н а з и ф а *(ар фIэтелъыджэу)*. А жыпIэр сыт? Апхуэдэ щыIэ?!

К ъ е с а м. Ахъшэ къызэт, жери къысщыхьэри, сиIэу хъуар, кIэпIейкIэ къээмыгъанэу, естащ. Жэщым ефауэ къэкIуэжри, унэм сыкъыщIихуащ. Аращ и хьэлыр, и гурыфI къыщимыкIам деж. *(Магъ.)*

Н а з и ф а. Тобэ-тобэ.

К ъ е с а м. Унэм пщэ хъуну зыри къыщIинакъым. Ахъшэ хэкIыпIэ зыри сиIэкъым.

Н а з и ф а. Сыт хуэдэ унэ абы щIым щыщ ищIыжар!.. Уи дэлъхум жепIакъэ, епсэлъакъэ ар абы?

К ъ е с а м. Зи акъылыр изыфыжам уепсалъэкIэ, сыт и мыхьэнэ?.. ФIыуэ щаубэрэжьам щыгъуэ къэкIуэжри, и губжьыр сэ къыстрикъутащ. *(Магъ.)*

Н а з и ф а. Алыхь-алыхь! Уэ къоуауи?! Зи быдзышэкIэ узыпIа уи анэм уи Iэр къыхуэпIэтыну, ар дауэ! Къесам тхьэмыщкIэ, араи уэ зэщIэуфауэ ущIыдэтар! Зыгуэр щIэн хуейщ!

К ъ е с а м. Сытхьэусыхэмэ, ягъэтIысынущ... Си къуэр си IэкIэ мылицэм дауэ зэрестынур?! Дауэ? *(Магъ.)* ПщIэрэ, дэ куэдрэ бын диIакъым. Азнаур къыщалъхуам, жылэ псор къыддэгуфIат. И адэм ар и псэм хэлъамэ, хихынутэкъым. Сэ нэхърэ нэхъ Iеижу игъафIэрт. Зыхуэныкъуэ мы дунейм темыту къэдгъэхъуащ. Еплъ иджы ар зэрыхъуам.

Н а з и ф а. Алыхьыр си щыхьэтщ, бжесIэнур зэрызмыщIэмкIэ.

К ъ е с а м. Назифа, сэ икъукIэ сыпхуэарэзыщ, си дэлъху дыдэм деж щызгъуэтыркъым уэ къысхуэпщI гулъытэм хуэдиз... *(ТэлайкIэ мэщымри.)* Сэ аркъэ къэсщэхун хуейщ ар къэмыуш щIыкIэ, армыхъумэ... ЩIыхухэр ажалым щIыщышынэр къызгурыIуэркъым.

Н а з и ф а. Сыт сщIэн, гуэныхьышхуэ абы пылъми, зы бжьэ уасэ уэстынщ. Ауэ ар куэдрэ урикъунукъым, Къесам...

Н а з и ф а йокI.

К ъ е с а м *(залым щIэсхэм захуигъазэу)*. АлыхькIэ соIуэ, сэ сылIэну сымышынэкIэ, «нобэ» жаIэмэ, сыхьэзыркIэ. Ауэ къэслъхуа си къуэм сиукIыжыну сыхуейкъым, армыхъумэ, фи фIэщ фщIы, ажалыр сэркIэ гуфIэгъуэтэмэ...

Н а з и ф а къохьэж.

Н а з и ф а. Мэ, къащтэ.

К ъ е с а м *(ахъшэр къреIых)*. Тхьэм щхьэкIэ, уи жагъуэ умыщI, ауэ мыр щостыжыфынур пенсэ тIэкIур къызата нэужьщ.

Н а з и ф а. Iуэхукъым, Къесам. Умыгузавэ, къыщызэптыжыф къызэптыжынщ.

К ъ е с а м. Алыхьыр арэзы къыпхухъу, Назифа.

КIуэжыну зегъэхьэзыр.

Н а з и ф а *(зыгуэр игу къэкIыжауэ).* Сыту сыделэ мыгъуэ, уэ, дауи, умэжалIэу къыщIэкIынщ. Дыпсалъэурэ, ущIэсшэу тIэкIу узгъэшхэну сIэщIэгъупщыкIащ. НакIуэ, ныщIыхьэ, хъыршын Iэфӏ дыдэ сщIащ.

К ъ е с а м. Хьэуэ, хьэуэ. Сэ арыншами...

Н а з и ф а. Зумылъэфыхь! Умышхауэ узутIыпщыжынукъым. Алыхьым и шыкуркIэ, псори диIэщ. Ди щIалэри, ди хъыджэбзри ялъэкI къамыгъанэу къыддоIэпыкъу.

К ъ е с а м. Азнаур къэушрэ, и стIолыщхьэм аркъэ птулъкIэ тету имылъагъумэ, фIы щIэсхынукъым. Арыншами, сыгувэIуащ.

Н а з и ф а. АтIэ, зы дакъикъэкIэ къыспэплъэ. Сэ иджыпсту...

К ъ е с а м. *(Назифа кIэлъыжиIэу).* Назифа, Тхьэм щхьэкIэ, ухэмыт абыхэм. Сэ иджыри...

Н а з и ф а *(зыкъргъэзэкIри).* ЖыIэ, Къесам, сэ сынодаIуэ.

К ъ е с а м. Ди унэм сэуэ щIэлъар, здэкIуар сымыщIэу, бзэхащ... Хъунумэ, КхъыIэ, хъунумэ, зы сэ цIыкIу къызэт, ахъумэ, щIакхъуэ къудей къызэрыгуэзгъэжын сиIэкъым.

Н а з и ф а. Ахьей уэстын, тхьэм и шыкуркIэ, сэ ди куэдщ.

Н а з и ф а псынщIэу пщэфIапIэмкIэ еунэтI, К ъ е с а м, зэщIэкIэзызэу, макъыншэу магъ.



К ъ е с а м. Алыхь лъапIэу гущIэгъулы, сынолъэIу, си псэр хэхи, мы стелъ бэлыхьыр сщхьэщых. Мы дунейр си дежкIэ кхъэ мащэм хуэдэу кIыфI хъуащ. Сыту мыгъуэ сынасыпыншэт! МахуэкIэ согъ, жэщкIэ сотхьэджэ! Уоу, ди Тхьэ, хэх мы си псэр!

Н а з и ф а целлофан къэп цIыкIу иIыгъыу къохьэж.

Н а з и ф а *(къэп цIыкIур Къесам иритурэ.)* Мыбы лы тIэкIурэ хъыршынрэ пхуислъхьащи, шхы, тхьэмыщкIэ.

К ъ е с а м. Уи цIыхуфIагъыр сыпсэуху сщыгъупщэнкъым, Назифа.

Н а з и ф а. ФIыщIэ къыщIысхуэпщIын щыIэкъым, Къесам. Дэ дызэгъунэгъущ, ущыхуей дыдэм деж къакIуэ, умыукIытэу.

К ъ е с а м. Хъунщ. Сэ сежьэжынщ.

Н а з и ф а. КIуэ, тIасэ, кIуэ.

К ъ е с а м йокIыж.

Алыхь, мы дунейм зы нэщIэбжьэшхуэ гуэр къыпоплъэкIэ, ахъумэ, быныр къэзылъхуа и анэм апхуэдэу хущытыжу ар дауэ?! Тобэ-тобэ... *(ИкIыжурэ.)* Уоу, ди Тхьэ, дыкъегъэл! Уоу, ди Тхьэ, гущIэгъу къытхуэщI!

Iупхъуэр зэхуащI.

## ЕТIУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэр зэIуах.
ЕтIуанэ махуэрщ. Н а з и ф а пщIантIэм щоIэуэлъауэ. А ч а н унэм къыщIокI.

А ч а н. Ачахъмэт сымаджэ хьэлъэу жаIэ, сыкIуэнщи, сыщIэупщIэнщ.

Н а з и ф а. КIуэ, кIуэ, щIэупщIэ. Къесам сэрэ дыщыIакIэщ.

УэрамымкIэ К ъ ы л ы п блокI. И теплъэр щIагъуэкъым. А ч а н къыщилъагъум, кIэбгъу зищIыну хуожьэ.

А ч а н. Ей щIалэ, мыдэ къакIуэт!

К ъ ы л ы п А ч а н къыбгъэдохьэ.

К ъ ы л ы п. Ачан, Алыхьыр узогъэлъэIу, къысхуэгъэгъу. Дыгъуасэ... Сэ... ар...

А ч а н. Дыгъуасэ уэ «лIы» хуэдэу укъыщIэкIащ!

К ъ ы л ы п. Уи жагъуэ хъун гуэр бжезмыIауэ пIэрэ?

А ч а н. ЖыпIакIэ, жыпIакъым, ауэ си жагъуэ къэпщIащ.

К ъ ы л ы п. Ачан, си щIыбым фэлъыр ипхми, зыхуэзгъэшэчынщ...

А ч а н. Дауи, зыхуэбгъэшэчынщ. Сыт хуэдэу щымытми, сэ уи адэм и ныбжьэгъуфIу сыщытащ. *(Къылып и щхьэр ехьэхауэ къодаIуэ.)* Сыт хуэдэ цIыхут а уи адэр! Уэри усыт хуэдэ щIалэт! Псори уиIэт: лэжьапIи, пщIэи, унагъуи, къуэи, машини, унэ-лъапси... Ауэ сыт, зыри къыумыгъанэу ипфыжащ, уеблэмэ уи адэм къыпфIища цIэри дэкIуэу. ПщIэжмэ, уэ АзнауркIэ къоджэу щытащ. Иджы ухэт? У-Къылыпщ.

Хьэлъэу мэщымхэр.

Азнаур, уэ езым къыбгурыIуэжрэ уи анэм епщIэр? Унэм къыщIыбоху, уеблэмэ уеуэ си гугъэщ, насыпыншэ! Егупсысыт абы, а акъылым къыпхуимыгъэтIасэм!

Мэщымхэр.

Мыхэр бжесIэныр си дежкIэ егъэлеяуэ хьэлъэщ. Апхуэдэ псалъэмакътэкъым сэ уэ бдезгъэкIуэкIыну сызыхуеяр. Ауэ нэгъуэщI Iэмал къысхуэбгъэнакъым.

К ъ ы л ы п. Ачан, къысхуэгъэгъу, ауэ афIэкIа семыфэну сыкъэбгъэIулэн уи мурадмэ, пщIэншэрыпсалъэ узэрыхъунур бжызоIэ. Сэ аркъэр си тепщэ хъуакIэщ. *(Къыдоплъейри.)* Сэ езым ар хыфIэздзэну сыхэмыта уи гугъэ? Сыхэтащ мызэ-мытIэу, ауэ зыри къикIакъым.

А ч а н. КъызгуроIуэ ар зэрыгугъур, ауэ, улIкъэ уэ, зиунагъуэрэ?! Уэ анэ уиIэщ, къуэ уиIэщ. Абыхэм егупсыс, егупсыс уэ уи зэранкIэ абыхэм нэпсу щIагъэкIым... А гупсысэм къару къыуитынщ... Аращ нэхъыщхьэр! Адрейхэр Iуэхукъым!

К ъ ы л ы п. Уи жагъуэ умыщI, Ачан, ауэ уэ ар къыбгурыIуэнукъым. Мы си кIуэцIыкIыщIэм къысфIитIысхьам и дежкIэ ани, сабии, щIыхьи, напи щыIэкъым. Ар благъуэщ! Щхьибл зыфIэт благъуэщ! Щхьиблри зэуэ къоушри, мафIэ лыгъейр къысщIадзэ, я псыхуэлIэр исхуну сыхагъэзыхьу. Си щхьэ куцIыр къэкъуалъэу, си кIуэцIыр кърисыкIыу щIедзэри, абыхэм я лъэIур Iэмал имыIэу яхуэсщIэн хуей мэхъу!

А ч а н. Абы зыри хьэлэмэт хэлъкъым, махуэ къэс зумыщIэжу ущефэкIэ.

К ъ ы л ы п *(къызэщIэплъауэ)*. Дэрэжэгъуэ зригъэгъуэтын къудей щхьэкIэ ефэ цIыхум и лъапсэр хыукIуэдэж! Сэ си Iуэхур хэкIыпIэншэщи, софэ...

А ч а н. Ар дауэ къызэрыбгурыIуэнур?

Щымхэщ.

К ъ ы л ы п. Ачан, сэ ди унэм сэуэ щIэлъыр згъэпщкIуащ! Сефа нэужь си акъылыр сфIокIуэдри, зыгуэр къысIэщIэщIэнкIэ сошынэ. *(Зыкъомрэ мэщым.)* Фызымрэ сабиймрэ ауэ сытми щIэсхуа уи гугъэ унэм? Хьэуэ, Ачан, я сэбэп къэслъыхъуэу щIэсхуауэ аращ, я гъащIэм сытешыныхьырти. Мызэ-мытIэу щхьэгъусэм селъэIуащ икIыжыну, жесIащ си гъусэу ар псэуа зэрымыхъунур. *(И щхьэр къыхуэмыIэту)*. Иджы, икIэм-икIэжым, сыкъыгурыIуа си гугъэщ.

А ч а н. Iэстофрилахь! Сыт а жыпIэр? *(ТIэкIурэ мэщымри.)* Дохутырхэм я деж укIуэу уеплъа?

К ъ ы л ы п. Дохутыри Iэзи щхьэгъусэм сыздимыша къигъэнакъым...

ТэлайкIэ мэщымхэр.

Зыри къикIакъым... *(Хьэлъэу мэщатэ.)* Ачан, сэ зэи цIыху тэмэм сыхъужынукъым. ЗэфIэкIа Iуэхущ ар... КъэгъэшыпIэм сыблэкIакIэщ, къикIуэтыжыпIэ имыIэжу.



А ч а н. Азнаур, си щIалэ цIыкIу, Алыхьым елъэIу. А зыращ къыбдэIэпыкъуфынур.

К ъ ы л ы п *(нэщхъейуэ погуфIыкI)*. Къэгъанэ ар, Ачан, сэ Алыхьым и щIыб къызэрысхуигъазэрэ Iэджэ щIащ.

А ч а н. Алыхьым деж нэмысын псалъэ жумыIэ, Азнаур. Уи фIэщ хэплъхьэмэ, уи бийми утекIуэфынущ. Гугъэр хэпхыжыныр фIыкъым. Абы къыпхуихьынур Iейщ. Iэджэми фадэр IэщIыб ящIыф. Плъагъуркъэ Амаш зэремыфэжыр. Уэ абы нэхърэ сыткIэ унэхъыкIэ? Къарууэ уиIэр зэхуэхьэси, еплъ... къохъулIэнуми пщIэркъым!

К ъ ы л ы п. СщIэркъым, Ачан, сщIэркъым...

Н а з и ф а шху фалъэ иIыгъыу къохьэ.

Н а з и ф а. Мэ, си щIалэ цIыкIу, шху тIэкIу ефэ.

К ъ ы л ы п нэхъуейуэ йофэ.

К ъ ы л ы п *(фалъэр иритыжурэ)*. Тхьэразэ къыпхухъу, шхуфI дыдэщ.

Н а з и ф а. Уи хьэлэлщ, си щIалэ цIыкIу.

ЙокIыж.

К ъ ы л ы п *(Ачан дежкIэ зигъэзауэ, ауэ абы и нэм щIэмыплъэфу)*. ЖэщкIэрэ гъуэлъыпIэм цепкIэ щызеспхыж щыIэщ. *(Ачан ар*

*фIэтелъыджэу йодаIуэ.)* Уэ ар къыбгурыIуэнукъым, Ачан... Ар зымыгъэунэхуам зэи къыгурыIуэнукъым!

А ч а н *(гузавэу)*. Уи кIуэцIым бзаджэнаджэ зэритIысхьар шэчыншэщ!

К ъ ы л ы п. А бзаджэнаджэм зэреджэри Къылыпщ! Абы Анзаур тахътэм къридзри, езыр итIысхьауэ исщ, унафэ къыхуещIри! Иджы сэ си щхьэм сыхуитыжкъым! Абы жыхуиIэмкIэ сокIуэ, сожэ, «щIэ», жыхуиIэр сощIэ. КъылыпкIэ зэджэ бзаджэнаджэм зэпымыууэ унафэ къысхуещI. «Тэдж! Уи унэм мафIэ щIэдзэ! Уи анэр тхьэлэ! Бгым елъэ!» — жи. СемыдаIуэмэ, жьыбгъэшхуэ къыкъуоури, гъуэлъыпIэм сыкъридзыну хэтщ. Сэ гъуэлъыпIэр, си Iэбжьанэхэм лъыр къадэжу, сокъузри, соныкъуакъуэ! *(ТIэкIу зызэтреубыдэж.)* Аращ гъуэлъыпIэм зыщIеспхыжри, Ачан. Абы сызэрыпэщIэтын къару къысхуэнэжакъым. Уэ си адэм уриныбжьэгъуу щытати, зэи зыми жезмыIар пхузоIуатэ.

А ч а н. Iэстофрилэхь!

К ъ ы л ы п. Iэджи хэтщ саущиину. Ауэ абыхэм ящIэркъым я ущиер уIэгъэм тепкIутэ шыгъум зэрыхуэдэр. Си псэм и лъащIэм иплъэфыни, иплъэну хуеи яхэткъым абыхэм. Тэмэмуи ящIэ, сыту жыпIэмэ, абы щалъагъунур жыхьэнмэ мафIэщ! *(ТэлайкIэ мэщымри.)* Зэзэмызэ делафэ зытезгъауэмэ, щIызытезгъауэри абы щыгъуэм нэхъ сотыншри аращ. Ущие лей бгъэкIуэд щIэмыхъун делэу сакъыщрехъу псоми. ИтIанэ къыскIэрыхъыжьэнхэкъым.

К ъ ы л ы п *(здикIыжым къызоплъэкIри, и щхьэр къимыIэту)*. Ачан, сэ сылIэну сыхуейщ, ауэ схузэфIэкIыркъым... Мы сызыхэт бэлыхьым сыкъригъэлыну щыIэр ажал закъуэрщ.

А ч а н. Апхуэдэу дауэ жыпIэфрэ?! ЗыкъэщIэж!

IупхъуэрзэхуащI.

## ЕЩАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэр зэIуах.
Пшапэ зэхэуэгъуэщ. А х ы л зыгуэрым пэплъэу пщIантIэм дэтщ.
И н е с с э къохьэ. И тхьэкIумэхэм наушник фIэлъщ, сагъыз жьэдэлъщ.

А х ы л *(тIэкIуи зригъэщIэгъуэкIыу, Инессэ сэлам ирех)*. Сыту куэдрэ сызэбгъэжьэрэ, дахэ цIыкIу.

И н е с с э. Си урокхэр сщIыжащ.

А х ы л. КъызэрыщIэкIымкIэ, щапхъэ зытраххэм уахуэди!

И н е с с э. Иджы уэри укъысщIэнэкIэну ухэту ара?

А х ы л. Хьэуэ, хьэуэ. Сэ суриныбжьэгъущ!

И н е с с э. Сэ зэхызамыгъэхар укIуэдыж, Ахыл. ИкIи сыкъэхьпэщ, икIи сымыращ, икIи сыморащ... Си щхьэр сагъэужэгъуащ псоми! ТепыIахэкъым, «зыпыслъэжынущ», жысIэу згъэшынэху. СкIэрыкIахэщ икIэм-икIэжым. Иджы псори тэмэмщ! *(ТэлайкIэ мэщымри.)* Дауэ уеплърэ, тэмэму сщIа?

А х ы л *(ІэплІэ хуещІ)*. Мы уи щхьэ цІыкІум хьилагъэу щызэмыкІуэр укІуэдыж. Ауэ, Инессэ, уи анэр апхуэдэу бгъэшынэн хуеякъым.

И н е с с э *(губжьауэ)*. ИкІэм-икІэжым, сыт а псоми я Іуэхуу къысхэлъыр?! Сэ зыми и гугъу сщІыркъым! Номин хъушэм ещхьыркъабзэхэщ!

А х ы л. Инессэ, сэ къызгурымыІуэр зыщ: а мыкхъэмывэмкІэ дауэ сыпхъуэжыфа?

И н е с с э. Сытыт-тІэ уи гугъар, уэ къалэдэс хъыджэбзыжь цІыкІухэм урагъусэу уи зэш тебгъэуху, сэ сыпщІэгупсысу, си пэ лъы ивэжауэ сыщысын уи гугъэт? *(ІэштІымкІэ и щІыбым йоуэ.)* Плъагъунтэкъым ар! *(Нэщхъейуэ.)* Уэ Луизэ уригъусэу бгъэхъахэр зэхэсхыжати, сызэгуэпри...

И н е с с э щытщ, и щхьэр ехьэхауэ.

А х ы л *(Инессэ жиІар фІэгъэщІэгъуэну)*. Ари дэнэ къыщыпщІа?

И н е с с э. Нэ зиІэрэ зи бзэгур шхэрэ щыкуэдщ мы дунейм. Мис абыхэм къысІурадзэжащ, щІапІэкІуэдыр къызыхуэкІуэнхэ!

А х ы л И н е с с э зрекъузылІэ.



И н е с с э. Хьэуэ, хьэуэ.

А х ы л *(ІэплІэ хуищІурэ)*. Си джэду цІыкІу, сэ «хьэуэ» къызжепІэ хъунукъым. Ар уэ езыми уощІэ.

И н е с с э *(абы и ІэплІэм зыкърихыжурэ)*. Уэ пщыгъупщэжауэ ара сэ мыбы сыкъыщІэкІуар?

А х ы л. Хьэуэ, си псэм хуэдэ, сщыгъупщэжакъым. Мэ, къащтэ. *(ЗэкІуэцІылъ гуэр Инессэ къыхуеший.)* Кокаин зыхэлъхьэгъуэ щэщІ мэхъу мыр. Уэ езым уощІэж пщІэнур. Ауэ сакъ.

И н е с с э. Умыгузавэ, изгъэкІынщ. ЩэхуакІуэхэр щыІэщ.

А х ы л аргуэру И н е с с э ІэплІэ хуищІыну хуожьэ. И н е с с э зыкъыІэщІеуд.

А х ы л. Инессэ, сыт къыпщыщІар?

И н е с с э *(нэщхъейуэ)*. Ахыл, сэ уэ фІыуэ сыкъэплъагъу си гугъащ.

А х ы л. Инессэ, пщІэну сыхуейщ: анаша сызэфам и зэранкІэ, абы щыгъуэ къысІэщІэщІам щхьэкІэ сэр дыдэм си щхьэр фІызоудыж. ПлъэкІынумэ, къысхуэгъэгъу... Сыт уэ сэ къыскІэрыбгъуэтар?..

И н е с с э. Сэ сежьэжынщ...

А х ы л. Хуит сыкъэщІ, нэгъуэщІ мыхъуми, тІэкІу узгъэкІуэтэжыну.

И н е с с э. Хьэуэ. Зэгъусэу дыкъалъагъумэ, аргуэру къытхуэпсэлъэнхэщ.

И н е с с э йокІыж. А х ы л, кууэ хэгупсысыхьауэ, абы кІэлъоплъ. Іупхъуэр зэхуащІ.

# ЕЩАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ
## ЯПЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэр зэIуах.

Зэман дэкIащ... А ч а н зыщIыпIэ кIуэну зегъэхьэзыр. Н а з и ф а тас иIыгъыу пщэфIапIэм къыщIокI. К ъ е с а м къохьэ. НасыпыфIэу фэ тетщ.

А ч а н. Къеблагъэ, Къесам!

К ъ е с а м. Тхьэразэ къыпхухъу, Ачан. *(Назифа жриIэу.)* Уи пщэдджыжь фIыуэ, Назифа!

Н а з и ф а. Тхьэразэ къыпхухъу. Пщэдджыжь нэмэзым дэнэ уежьа?

К ъ е с а м *(гуфIэжу)*. Ачан, Алыхьым и нэфI къыпщыхуэ. СщIэркъым абы жепIар, ауэ уэ уепсэлъа нэужь, Азнаур зыкIэ зихъуэжащи! Нышэдибэ, и нэпсыр къыщIэлъэлъу, си Iэхэр и нэкIум ирикъузылIэри, псори хуэзгъэгъуну къызэлъэIуащ. *(Назифа жриIэу.)* ИтIанэ, и щхьэр си куэщIым кърилъхьэри, зэщыджэу гъащ. Сэри абы щIыгъуу сыпыхьэрт... Дауэ уеплърэ, Ачан, цIыху тэмэм хъужыфыну пIэрэ ар?

А ч а н. Сыт щIэмыхъужыфынур, Къесам? Алыхьым и къарур инщ. Ди къуажэм зы куэншыб идзыпIи щыIакъым, Амаш хэмылъауэ. Иджы еплъыт, диныр къищтащ, псори иIэщ: уни унагъуи... Апхуэдэ щапхъэхэр мащIэкъым.

Н а з и ф а. Алыхь, Къесам, абы нэхъ хъыбарыфI игъащIэкIэ къысхуумыхьынт. Уи щIалэм Алыхьыр къыдэIэпыкъуну сыхуолъаIуэ!



К ъ е с а м. Си насыпти, Алыхьым гъунэгъуу фыкъызитат. Фэ фхуэдэ гъунэгъу зиIэр дэлъхуншэуи шыпхъуншэуи псэуфынущ. *(КIуэжыну зегъэхьэзыр.)* Нобэ си пенсэ тIэкIур къызатати, щIыхуэр къыпхуэсхьыжащ.

Н а з и ф а *(ахъшэр къыIихын имыдэу)*. Хьэуэ, Къесам, уэ къэгъэнэж.

К ъ е с а м. Хьэуэ, хьэуэ. Уэри уощIэ, щIыхуэр умытыжыныр гуэныхьышхуэщ... Иджыпсту тыкуэным лы къыщысщэхуащи, сыкIуэжынщи, згъэжьэнщ, си щIалэ цIыкIур мэжалIэу къыщIэкIынщ.

ЙокIыж.

Н а з и ф а. КIуэ, тхьэмыщкIэ, кIуэ. Уи насыпым укъимыгъэпцIэну Тхьэм жиIэ.

А ч а н нэщхъейуэ К ъ е с а м кIэлъоплъ.
Н а з и ф а пщэфIапIэм щIохьэжри, псы пэгун иIыгъыу къегъэзэж.

А ч а н. Уэ езым уи щхьэр къепхьэкIыжыф къудейщ, мы псыри сыт зэрыпщIынур, Бийсохэ япхъу?

Н а з и ф а. ТIэкIу сыжьыщIэну арат...

А ч а н. Уи пхъум деж псалъэ! Езыр къэмыкIуэфынумэ, Айгул кърекIуэ!

Н а з и ф а. Зы тIэкIущ мыр зэрыхъур, абы щхьэкIэ ари згъэпIейтеину сыхуейкъым.

Машинэ макъ къоIу.

А ч а н. Зыгуэр къытхуэкIуа хуэдэщ.

Н а з и ф а. Дыдейхэрауэ пIэрэ?

А с л ъ э н р э М а р о р э къыдохьэ.

А с л ъ э н. Сэлам алейкум.

А ч а н. Уалейкум сэлам. ФыкъэкIуахэ?.. КъызэрыщIэкIымкIэ, апхуэди къохъу...

А с л ъ э н *(тIэкIу къэIэнкунауэ)*. Фи узыншагъэр сыт хуэдэ?

А ч а н. Алыхьым узыншагъэ къыуит, тэмэмщ.

М а р о *(и анэм IэплIэ хуещI)*. Уэ сыт ухуэдэ, мамэ?

Н а з и ф а. Сыхъарзынэщ. Иджыпсту фи гугъу тщIа къудейт...

А с л ъ э н *(Назифа IэкIэ сэлам ирех)*. Сыт ухуэдэ? Усымэджауэ жаIащ. Ухъужа?

Н а з и ф а. Сыхъужащ. Къызожыхь, унагъуэ Iуэху зызохуэ...

М а р о *(тасым йоплъ)*. Сытыт пщIэну узыхэтыр, мамэ?

Н а з и ф а. ТIэкIу сыжьыщIэну арат.

М а р о. ЗэрыжьыщIэ машинэ къыщIыпхуэсщэхуар сыт? Унэр ирибгъэдэхэн щхьэкIэ? Сыт абыкIэ ущIэмыжьыщIэр?



Н а з и ф а. Iэджэ щIащ ар зэрыкъутэрэ, си хъыджэбз...

М а р о. ЖыпIэн хуеящ, едгъэщIыжынт. *(ФIэмыфIыщэурэ.)* Къэгъанэ, сэ зжьыщIынщ. Къуажэм цIыхубз гуэр щыдмыгъуэтыну пIэрэ пщIэкIэ пхуэжьыщIэну? И уасэр естынт.

Н а з и ф а *(ар фIэтелъыджэу)*. А жыпIэр уэ езым къыбгурыIуэжрэ, си хъыджэбз? Абы и ужькIэ цIыхухэм сыт къытхужаIэн?!

М а р о. «ЦIыхухэм сыт къытхужаIэн, дауэ къащыхъун?» — аращ фызэгупсысыр. ЦIыхухэм жаIэнур зыуи къиздзэркъым сэ! СэркIэ нэхъыфIыращ сэ сщIэну сызыхуейр.

А ч а н *(гупсысэурэ)*. Си хъыджэбз, дэ цIыху дызыщIыр цIыхухэм къытхужаIэмрэ дакъызэрыщыхъумрэщ. Абыхэм къадэгъуэгурыкIуэ хабзэхэрщ. Зи щхьэ фIэкIа къызыфIэмыIуэху цIыхур номиным къызэрыщхьэщыкI щыIэкъым. ЦIыхум и дежкIэ, ар цIыху тэмэммэ, нэхъ тхьэмыщкIагъэшхуэу щыIэр цIыхубэм я нэмыплъырщ. Хьэкъыу зыпхыгъэкI: цIыхухэр умылъытэмэ, езыхэми укъалъытэнукъым. Ар ажал пэлъытэщ. *(ТIэкIурэ мэщымри, Аслъэн зыхуегъазэ.)* Къысхуэгъэгъу, сэ сыщIэмыкIыу хъунукъым. Лъэмыж цIыкIур щIыжын, пхъэ хэфыкIахэр зэхъуэкIын хуейщ. Уэ зумыгъэзэш, зэрызытебгъэун гуэр къэгъуэт.

А с л ъ э н. Сэ уи гъусэу сынэкIуэнщ, сыбдэIэпыкъунщ.

А ч а н. Хъунщ, накIуэ. Сэри зыгуэр бжесIэн хуейт.

А с л ъ э н р э А ч а н р э йокI.

Н а з и ф а *(и пхъум хуэмыарэзыуэ йоплъри)*. СызэреплъымкIэ, си хъыджэбз, уэ ди къуажэгъу бзылъхугъэхэр унэIут пщIыну ухьэзырщ.

М а ρ о. ЦIыхум и лэжьыгъэм пэкIуэ лэжьапщIэр иратмэ, ар уэимкъым.

Н а з и ф а. НэгъуэщIым и лэжьыгъэр хуэзылэжь цIыхур абы хуэунэIуту аращ.

М а ρ о. Къулейсызыр къулейм хуэунэIутмэ, ар Алыхь Iэмыру аращ. ЦIыхум и лэжьыгъэм къыпэкIуэ ахъшэр иратри, абыкIэ мэпсэу. НэгъуэщIым лэжьыгъэ епту зыгуэр къебгъэлэжьыныр телъыджэлажьэу къыщIыпщыхъур сыт?

Н а з и ф а. Уэ пIэм ухэлъу, унэIутым шхын къыпхуихьмэ, ар абы тхьэмыщкIагъэм ирихулIауэ арaщ. ЦIыхум и тхьэмыщкIагъэр къэбгъэсэбэпу, ар зыхуэбгъэлIыщIэныр напэншагъэщ.

М а ρ о. Мамэ, ди нобэрей гъащIэр ауэ къудеи къыбгурыIуэркъым уэ. Е уэ зыгуэрым ухуэлIыщIэн, е нэгъуэщIхэр уэ къыпхуэлIыщIэн — апхуэдэущ иджы зэрыщытыр.

Н а з и ф а. Сэ къызгурыIуар зыщ: уи Iэ-уи лъэр къыбдэбзыху, сыт хуэдэ лэжьыгъэми зыщумыдзей. Уэрэ уи бынымрэ фшхынур хамэ гуэρым пхуипщэфIу, уи быныр хамэм игъашхэу, дауэ зэрыпхуэшэчынур? УнэIут къапщтэу, уи быныр щыбгъашхэкIэ гурыфIыгъуэу къыуитымрэ гухэхъуэу зыхэпщIэмрэ дауэ зэрызыхэбгъэкIыжынур?

М а ρ о. Мамэ, уи ныбжьыр нэхь хэкIуэтэху ди адэм ещхь ухъуурэ уокIуэ. Псори зэгъэдзэкIауэщ къызэрыбгурыIуэр.

Н а з и ф а. Хьэуэ, си хъыджэбз, уэ езым хьэл мыхъумыщIэ пхэлъу арaщ — уи къуаншагъэр зыри зимылажьэм теплъхьэну ухэтщ.

М а ρ о *(зигъэгусауэ)*. Сыт фэ тIури апхуэдэу фыкъыщIысхущытыр? Псом хуэмыдэу ди адэр? Сэ фызыхуэныкъуэ псомкIи фыкъызэзгъэпэщыркъэ?

Н а з и ф а. Уи адэм зыхуумыгъэгусэ, си хъыджэбз, сэ сощIэ абы фIыуэ фыкъызэрилъагъур. Алыхь, и нэм фыщIэхуауэ фыщIэлъми, и Iэр къиIэту, фыкъыщIимыхыжыну. Фэ зэзэмызэ фIэкIа фыкъэкIуэжыркъыми, дыфхуозэщри арaщ.

М а ρ о. Щызэшым деж апхуэдэурэ защIрэ?

Н а з и ф а. Адэ-анэр сыт щыгъуи хуозэш и бынхэм. Ауэ бынхэр щыгулъытэншэм деж, абыхэм я жагъуэ дыдэ мэхъу. Фи адэр фэрыншауэ псэуфыххэнукъым. *(ТIэкIурэ мэщымри.)* Си хъыджэбз, иужь дыдэу фыкъыщыкIуэжар мазитI и пэкIэщ.

М а ρ о *(игъэщIагъуэу)*. Апхуэдиз дэкIауи?

Н а з и ф а. Нобэ хэмыту, мазитIрэ махуибгъурэ мэхъу.

М а ρ о. ТебокIэ тхьэ соIуэ, сэ зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIауэм къызэрысщыхъур. Зэманыр зэрежэкIыр плъагъурэ!

Н а з и ф а. Къалэм гъащIэр щынэхъ тыншщи, зэманри нэхъ псынщIэу щыблолъэт. Ди деж Iуэхур апхуэдизкIэ щыкуэдщи, жэщыр къыщыпхуэмыгъэсыр Iэджэрэщ.

М а ρ о. Узахуэу къыщIэкIынщ, мамэ. Къуажэм сыщыдэсар сигу къыщыкIыжкIэ, си гъын къокIуэ, зысфIэгуэныхь мэхъужри. Е узэрыхуейуэ зыпхуэмыхуапэу, е узыхуейр пшхыну умыгъуэту... Жэм къэшын,

цы зэрыхъэн — аращ сэ мыбы щыслъэгъуар зэрыхъур. СогъэщIэгъуэж си тхыр къызэрыдэмыкIар.

Н а з и ф а. Уи закъуэкъым апхуэдэу псэуар. Пэж жысIэнщи, мыIейуи псэуахэщ. Ар иджыщ сэ къыщызгурыIуар. Узахуэкъым, си хъыджэбз, уэ мыбы щыбгъуэтащ пшхыни щыптIэгъэни. Алыхьым и шыкуркIэ, уи гугъуехьри пщIэншэ хъуакъым: узэреджари, нобэ хъарзынэу узэрыпсэури зи фIыщIэр жэм къызэрыпшамрэ цы зэрызэрыпхъамрэщ. Псоми я къежьапIэр мыбдежщ, мы унэрщ.

М а р о. Мамэ, ди адэмрэ уэрэ фи гугъэу къыщIэкIынщ сэ тхъур IукIэ ззыуэ. Салоныр сысейкъым, пщIэкIэ къэсщтауэ аращи, ахъшэ куэд токIуадэ.

Н а з и ф а. Хьэуэ, ди гугъэкъым, си хъыджэбз. Дэтхэнэ зы кIэпIейкIэри гугъуехьышхуэ пылъу фIэкIа къызэрыпхуэмылэжьынур дэра зымыщIэр. Ауэ, Алыхьым и шыкуркIэ, щхьэгъусэ, пхъу уиIэщ, уузыншэщ. Ар уфIэмащIэ, унасыпыфIэн щхьэкIэ?

М а р о. Си дежкIэ мащIэщ! Сэ фIыуэ сыпсэуну сыхуейщ: си унэр ину, сызэхъуапсэр сшхыуэ, дахэу зысхуапэу!

Н а з и ф а. Тэмэмщ, си хъыджэбз, тэмэмщ...

Н а з и ф а йокIыж. М а р о и телефоныр къоуэ.



М а р о. Сыт къэхъуар, си хъыджэбз цIыкIу? Киноми? Хъасым уригъусэуи? Хъунщ, кIуэ. НтIэ, нтIэ... Ушха? Уи урокхэр пщIыжа? Хъунщ, си хъыджэбз цIыкIу, жесIэжынщ. Узыншэу.

К ъ ы л ы п къохьэ.

К ъ ы л ы п. Уи махуэ фIыуэ, Маро!

М а р о. НэхъыфIыжу, Азнаур!

К ъ ы л ы п. «Азнаур», жыпIа? Сэ а цIэр зэрысцыгъупщэжрэ Iэджэ щIащ. Иджы къызэрызэджэр Къылыпщ.

М а р о. Уэ пщыгъупщэжагъэнкIи хъунщ, ауэ сэ сщыгъупщэжакъым. *(И нэм гуапэу щIоплъэ.)* Хьэуэ, уэ иджыри у-Азнаурщ.

К ъ ы л ы п *(нэщхъейуэ)*. ЗэкIэ...

М а р о. АтIэ, иджыри шхуэмылакIэр пIэщIэлъыху, Iэмал уиIэщ уезыхьэжьа шыр къэбгъэувыIэну, щыхупIэм иумыгъэлъэну, Азнаур.

К ъ ы л ы п. Шэч къытызохьэ, Маро...

М а р о. ЦIыхум и япэ бийр — и гур иухыжынырщ, и гуауэ нэхъ ин дыдэр — лIыгъэншэу къыщIэкIынырщ... Азнаур, уэ узыщIэгупсысыкIыжыну зэман куэд къыпхуэнэжакъым, щыхупIэм пэгъунэгъубзэ ухъуащ.

К ъ ы л ы п. СощIэ... Абы и ужь сэ Iэджэрэ сихьащ, ауэ къикIаIакъым. Иджы сщIэркъым: сыхуей абы хьэмэрэ сыхуэмей? Сэ мы гъащIэм зыми сыщиIыгъыжкъым.

М а р о. УмылIыгъэншэ апхуэдэу. Уи анэр-щэ? Уи къуэр-щэ?

К ъ ы л ы п *(и нэр къэпсыIауэ)*. Си къуэ цIыкIур...

М а р о. Хьэуэ, цIыкIужкъым ар, лIы хъуакIэщ. Мыгувэу илъэс пщыкIух ирикъунущ.

К ъ ы л ы п *(и щхьэр фIеубыдыкIыжри)*. Илъэс пщыкIухи?!

М а р о. Уи къуэр си пхъум къыдоджэ. Уеблэмэ, тIэкIуи зэпылъ сфIощI. Содэр, хуейми, зэпрырелъ. Ар щIалэфIщ. *(И напIэр ирехьэх.)* Сэ сытым хуэдэу фIыуэ услъагъурэт, Азнаур!.. Ауэ уэ нэгъуэщI къэпшащ. Къэпшащ, ауэ удэпсэуфакъым. Ари бгъэунэхъури, уэри зыбгъэунэхъужащ.

К ъ ы л ы п. Маро, сэ нэхърэ нэхъ цIыху делэ къалъхуауэ къыщIэкIынкъым.

Н а з и ф а цыкIуэкI иIыгъыу къохьэ.

К ъ ы л ы п *(Назифа жриIэу)*. Назифа, си джэду шырыр згъуэтыжыркъым. МыбыкIэ къыдэмыщхьэрыуауэ пIэрэ?

Н а з и ф а. Хьэуэ, си щIалэ, слъэгъуакъым.

К ъ ы л ы п. Хьэм ямышхарэт ар...

М а р о *(погуфIыкIри, пщэфIапIэм щIэт джэдур ирегъэлъагъу)*. Мора къэплъыхъуэр?

К ъ ы л ы п *(сабийм хуэдэу мэгуфIэ)*. НтIэ, ращ! ЗекIуагъащIэщ, дауэ къэкIуэфа мыбы нэс?

М а р о *(мэдыхьэших)*. ЗекIуагъащIэми, здэкIуапхъэр дэнэми ещIэ.

К ъ ы л ы п *(Маро зыхуигъазэу)*. Куэдрэ ущыIэну?

М а р о *(нэщхъейуэ погуфIыкI)*. Хьэуэ, пщэдей дыкIуэжынущ, нобэ дыдамыхужмэ...

К ъ ы л ы п *(макъ ехуэхакIэ)*. Сэри мыгувэу къуажэм сыдэкIынущ.

М а р о *(игъэщIагъуэу)*. Дэнэ уздэкIуэнур?

К ъ ы л ы п. СщIэркъым, Маро, сщIэркъым...

И джэду шырыр къещтэжри йокI.

М а р о *(Назифа еупщIу)*. Сыт абы къыщыщIар?

Н а з и ф а *(гуфIэу)*. Зыри къыщыщIакъым, цIыху тэмэм хъужыну хэт хуэдэщ...

М а р о. Сэ аракъым жыхуэсIэр.

Н а з и ф а. ... къехъулIэнри зыхуэIуа щыIэкъым.

М а р о *(и щхьэ хужиIэжу)*. И нэхэр сигу ирихьакъым. ИкъукIэ утхъуащ.

Н а з и ф а. Сыт жыпIа, си хъыджэбз?

М а р о. Зыри... Тебои нобэ къэкIуэжынущ.

Н а з и ф а. Ар сыту насыпышхуэ! Ахыли къыздишэжам арат. Уэ Айгул къыщIыздумышэжар сыт?

М а р о. Къыздэсшэжын си гугъащ, ауэ Аслъэн и адэ шыпхъур, «Айгул Iейуэ сыхуэзэшащи, ди деж нэвгъакIуэ», жери лъэIуати, схуэгъэщIэхъуакъым.

Н а з и ф а. Хъыджэбз цIыкIур хамэ унэ нэху къыщекIыныр тэмэмкъым. Игъуэ хъуат ар уэ пщIэну.



9 Заказ №19

М а ρ о. СощIэ, ауэ дэ зы унагъуэм хуэдэу допсэу, ущIэгузэвэн щыIэкъым.

Н а з и ф а. Iыхьлыр Iыхьлыщ, ауэ хъыджэбз цIыкIур абыхэм ебгъасэ хъунукъым. Уигу къэгъэкIыжыт, си шыпхъум деж мыхъумэ, нэгъуэщIыпIэ жэщ ущыIэу пхуэздэу зэрыщымытар.

М а ρ о. КъызгурыIуащ... Мамэ, шхыдэрей ухъу си гугъэщ.

Н а з и ф а *(мэдыхьэших)*. Я жьы хъугъуэм псори шхыдэрей мэхъу. Ауэ, уи фIэщ зэрыхъун, анэм и шхыдэм сэбэп фIэкIа, зэран къимышэ.

Машинэ макъ къоIу.

М а ρ о. Тебо къэсыжащ.

Н а з и ф а. Алыхьым и шыкурщ.

Т е б о и м а к ъ. Дыкъызэрежьэрэ сынолъэIу, Iэлъэщ I зытеплъхьэну. Дапщэрэ бжесIэну?!

Ш а м с а и м а к ъ. Си тхьэкIумэр будэгуащ! Иджыпсту зытеслъхьэнщ!

А х ы л къохьэ.



А х ы л *(Назифа IэплIэ хуещI)*. ФIы дыдэу слъагъу си нанэ дыщэ!

Н а з и ф а. Си фо цIыкIу! Сэ сытым хуэдэу сыпхуэзэшат.

А х ы л. ЕджапIэр мыхъуамэ, тхьэмахуэ къэс сыкъэкIуэнут, нанэ.

Н а з и ф а. Хъунщ, хъунщ. Уузыншэ закъуэмэ, адрейхэр Iуэхукъым...

А х ы л *(Маро IэплIэ хуещI)*. Дадэ дэнэ щыIэ?

М а ρ о. Аслъэнрэ абырэ лъэмыж цIыкIур ящIыжыну кIуащ.

А х ы л *(IукIыну зигъэхьэзырурэ)*. СыкIуэнщ абыхэм я деж.

Н а з и ф а. АлейкIи умыкIуэ, езыхэр куэд мыщIэу къэкIуэжынущ.

А х ы л. Хьэуэ, сыкIуэнщ, дадэ сигу къэкIащ.

А х ы л йокI. Т е б о р э Ш а м с а р э къохьэ.

Т е б о *(и анэм IэплIэ хуещI)*. Сыт ухуэдэ, ди анэ?

Н а з и ф а. Хъарзынэщ, си щIалэ. Уэ езыр дауэ ущыт?

Т е б о. НэхъыфI уигъэлъыхъуэнщ! Шатащхьэм сыхуэдэщ! *(Гуапэу и анэм йоплъ.)* Алыхьым и шыкуркIэ, уи фэр Iей хуэдэкъым!

Ш а м с а *(Маро жриIэу)*. Уэри укъэсакIэ?

М а ρ о *(мыарэзыуэ)*. Сэ сыкъызэрысрэ Iэджэ щIащ, ауэ уэ иджыри къэс уздэщыIар дэнэ?

Ш а м с а. ДыкъыщыкIуэм, дыщэ щащэ тыкуэным дыщIыхьати... Уэри зэрыпщIэщи, абы псынщIэу укъыщIэкIыжыфыркъым. *(Назифа IэплIэ хуещI.)* Уи узыншагъэр сыт хуэдэ, ди анэ?

Н а з и ф а. Алыхьым и шыкуркIэ, хъарзынэщ.

Ш а м с а. Алыхьым нэхъыфIыж ищI!

А ч а н р э А с л ъ э н р э къохьэ.

А ч а н. Ди пщӀантӀэм хьэщӀэ дэзи...

Т е б о *(япэщӀыкӀэ и адэм, итӀанэ Аслъэн ӀэкӀэ сэлам ярихыурэ).* Фэ лэжьыгъэшхуэ зэфӀэвгъэкӀа си гугъэщ!

А с л ъ э н. Ин-цӀыкӀуми, сэбэп зыпылъ длэжьащ.

Т е б о *(Ачан жриӀэу).* Алыхьым и шыкуркӀэ, уи фэр Ӏейкъым!

А ч а н. Къурш бжэну сыузыншэщ!

Н а з и ф а *(Ачан жриӀэу).* Ахыл дэнэ фхьа?

А ч а н. Гъуэгум дыщыхуэзат, ауэ Ӏуэху гуэрхэр иӀэу жиӀэри, зыщӀыпӀэ кӀуащ. Иджыпсту къэкӀуэжынущ.

Н а з и ф а. Мыбы хъыджэбз гуэр къыщигъуэтауэ шэч сощӀ. Къызэрысыжу мэбзэхри, жэщыбг хъуху къэтщ.

А ч а н. Мыбы ныбжьэгъу щикуэдщ, яхуэзэшагъэнщ. *(Шамса жриӀэу.)* Уэ сыт ухуэдэ?

Ш а м с а. Хъарзынэщ, ди адэ.

А ч а н. Алыхьым и шыкурщ, Алыхьым и шыкурщ.

А ч а н р э Т е б о р э йокӀ.

Ш а м с а. Маро, къызжеӀэт, сыт щыгъуи зыгуэркӀэ умыарэзыуэ щхьэ ущыт?

М а р о. Сыт жыхуэпӀэр? КъызгурыӀуэркъым.

Ш а м с а. Ар къызэрыбгурымыӀуэрщ гузэвэгъуэр... *(Назифа жриӀэу.)* Уи пхъум, сыкъызэрилъагъуу, шхыдэн щӀедзэ. И гугъэу къыщӀэкӀынщ сэ сыбзагуэу. Ауэ, Алыхьыр си щыхьэтщ, зыкъэстӀатэмэ, хущӀезгъэгъуэжынкӀэ.

М а р о. Дэри дыщыгъуазэщ уи бзэгур блэ шэрэзым зэрыхуэдэм. Уэ фӀыуэ дыкъызэрумылъагъур дощӀэ, ауэ Тебо бий къытхуэпщӀыну ухэмыт! Мис а зыращ сэ сызэрымыарэзыр.

Н а з и ф а *(Маро жриӀэу).* Зэрыщытым фыхуеймэ, къуаншэр мыракъым, атӀэ ар къыхуэзыдэ Тебощ. *(ТӀуми яжриӀэу.)* Щывгъэт, мыхьэнэ зимыӀэм щхьэкӀэ фызэфӀэмынэ.

ЙокӀхэр.
Ӏупхъуэр зэхуащӀ.

## ЕТӀУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Ӏупхъуэр зэӀуах.
*Жэщыбгщ.* Т е б о щӀыбым къыщӀокӀ, тутын пегъанэри, зэкӀэлъигъэпӀащӀэу ирешэх тутын Ӏугъуэр. Уолъагъу зэрызэгуэпыр.

Т е б о. Уделэщ уэ, Тебо, уделэ! Аращ пхуэфащэри! МащӀэрэ къыбжаӀат уи анэми, уи шыпхъуми? УедэӀуакъым, уи щхьэр мафӀэм хэплъхьэжащ уэ езым!

Ш а м с а халат теубгъуауэ къыщӀокӀ.

Сыт уэри ущӀэмыжейр?

Ш а м с а. Фэ фыкъэзылъагъу жеин?! А уи шыпхъу цӀыкӀум скӀэрыкӀыну щӀыжумыӀэр сыт?

Т е б о щыму тутын йофэ.

Сыт зыри щӀыжумыӀэр? Уи бзэр зэӀына?

Т е б о. Сыт жызбгъэӀэну узыхуейр?

Ш а м с а. Уи шыпхъур и пӀэм игъэтӀысхьэж! КъырещӀэ мыбы щыунафэщӀыр хэтми! Уэ ущыту, абы псоми унафэ щӀытрищӀыхьыр сыт?

Т е б о. Фи Ӏуэхум сызэрыхэмыӀэбэнур къыбгурыӀуэну игъуэ хъуат. Фэ езым зэхэфхыж.

Ш а м с а. Мис аращ сыт щыгъуи! Зэи укъыздэщӀынукъым! Пабжьэм зыхэбгъэпщкӀуэнурэ ухэсынущ!

Т е б о. ЦӀыхубз Ӏуэхухэм хэпщэфӀыхьыныр цӀыхухъу къалэнхэм щыщкъым.

Ш а м с а. Алыхьым щхьэкӀэ, си дыхьэшхын къыумыгъакӀуэ! Куэд щӀа уэ цӀыхухъуу зэрызыплъытэжрэ? Къыплъысын хуей мылъкур уи шыпхъум птрихыну хэтщи, уэ ар и пӀэм пхуигъэтӀысхьэжыркъым.

Т е б о. Умыгузавэ, сэри Ӏыхьэншэ сыхъункъым.

Ш а м с а. Сыт хуэдэ Ӏыхьэ?! Мы унэр уэращ зейр! Уэ зыращ! Маро и Ӏуэху лъэпкъ мыбы хэлъкъым! НэгъуэщӀ мыхъуми, ар къыбгурыӀуэрэ?!

Т е б о *(мыарэзыуэ)*. КъызгурыӀуэркъым, къызгурыӀуэнуи сыхуейкъым. Уэ уи Ӏуэхущ абы хэмылъыххэр!

Ш а м с а. Сэ къыслъысыр зыми естыну зызгъэхьэзыркъым! Зыри жызмыӀэн къыпфӀэщӀу ара? Ущымыгугъ-тӀэ абы!

Т е б о *(и макъым зригъэӀэтауэ)*. ЖыпӀэм егупсысыж, цӀыхубз!

Ш а м с а. УкъысщӀэмыкӀие! ИкӀи хьэкъыу зыпхыгъэкӀ: сэ зэрыжысӀэм хуэдэу мыхъумэ, икъукӀэ ухущӀегъуэжынщ. Уэрамым укъыдэнэжынщ!

Т е б о. Иумыгъэлей...

Т е б о К ъ е с а м и унэмкӀэ маплъэ.

Уоу, ди Тхьэ! МафӀэм ес! *(МэкӀий.)* Папэ, мамэ, фыкъэтэджхэ, Къесам и унэр мафӀэм ес!

Ш а м с а *(гужьеяуэ)*. Ди Тхьэ! МафӀэс! Аслъэн! Маро! Фыкъэтэджхэ! Ди Тхьэ!..

Т е б о мафӀэсымкӀэ мажэ.

А ч а н и м а к ъ. Тобэ, тобэ! Сыт къэхъуар?

Н а з и ф а и м а к ъ. Алыхь-алыхь! Езы Къесам къыщӀэкӀыфауэ пӀэрэ унэм?

А ч а н, А с л ъ э н, М а р о сымэ, къапэщӀэхуэр къапхъуэтауэ, мафӀэсымкӀэ мажэ.

Н а з и ф а р э Ш а м с а р э пщӀантӀэм къыдонэ.

Н а з и ф а. А тхьэмыщкIэ мыгъуэ! Насыпыншэ махуэм ухалъхуати!

ЦIыхубз макъ шынагъуэ къоIу.

Ш а м с а. Ар Къесам и макъщ. Ауэ щыхъукIэ, псэущ.

Н а з и ф а. СыкIуэнщ абыкIэ. Алыхь-алыхь!

Ш а м с а. Сэ мыбдеж сыкъэнэнщ. Ажалым хуэдэу сыщошынэ мафIэм.

Н а з и ф а йокI.

Зэрыхьэблэу зэхуэжэсащ... Ауэ мафIэр унащхьэм нэсакIэщ. ЯхуэгъэункIыфIыну си фIэщ хъуркъым. Тебо делэ хэмыпщхьащэрэт а мафIэсым, абы сакъ жыхуэпIэр ищIэркъым.

М а р о и м а к ъ. Азнаур, къэувыIэ! Дэнэ уздэкIуэр?! КъэувыIэ!

К ъ е с а м и м а к ъ *(гузавэу мэкIий).* Дэнэ уздэкIуэр, си щIалэ цIыкIу?! МафIэм ухэмыхьэ! Сыту сынасыпыншэ мыгъуэт! Къэгъазэ, зо!

К ъ ы л ы п и м а к ъ. Абы джэду шырыр къыщIэнащ, къегъэлын хуейщ!

А ч а н и м а к ъ. Умыделэ, Азнаур! Дэнэ уздэкIуэр?! Къэгъазэ, унэр иджыпсту къэуэнущ!



Iэуэлъауэ ин къоIу.

К ъ е с а м и м а к ъ. СывутIыпщ! СылIэну Iэмал къызэфт!!!

А ч а н и м а к ъ. Къесам фубыд! ФымыутIыпщ! Тебо, Iыгъ ар! Аслъэн, уэ мыдэ къажэт!

МафIэс зэрагъэункIыфI машинэм и макъ къоIу.

Н а з и ф а и м а к ъ. Уоу, ди Тхьэ! ФхуэмыIыгъыу ара ар?!

Нэхущ. Сахуэ фIыцIэм зэщIицIэла А ч а н, А с л ъ э н, Т е б о сымэ зызымыщIэж К ъ е с а м зэпаIыгъыу кърахьэ.

М а р о р э Ш а м с а р э ар диваным ирагъэгъуалъхьэ.

М а р о *(кхъуей тыкъырым егъуу стIолыщхьэм тес джэду шырым гу лъетэри, и щхьэ хужиIэжу).* Джэду шырыр а унэм щIэсакъым. Азнаур ар ищIэрэ пэт, мафIэм хэлъэдащ. Ди Тхьэ!

Iупхъуэр зэхуащI.

# ЕПЛIАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ
## ЯПЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Зэман дэкIащ. Н а з и ф а цылъэпэд зэрихъэу пщIантIэм дэсщ, К ъ е с а м тхъу йоуэ.

К ъ е с а м фIыцIэ защIэкIэ хуэпащ.

Н а з и ф а. Уи дэлъхур сытыт къыщӀэкӀуар?

К ъ е с а м. Езым я деж сыӀэпхъуэжыну сыхигъэзыхьащ аргуэру. Хамэм уахэсу уопсэу, цӀыхухэм сащоукӀытэ, жи.

Н а з и ф а. Дауи, пэж гуэрхэри хэлъщ абы жиӀэм... Уэ сыт жепӀартӀэ?

К ъ е с а м. «СфӀэфӀыпсу сынэӀэпхъуэнт, ауэ уи фызым щӀым срихужынщ», — жесӀащ. Нэгъуэщӏ сыт жесӀэнт?..

Н а з и ф а. Ар япэщӀыкӀэ и фызым ечэнджэщагъэнщ.

К ъ е с а м. Ечэнджэщагъэнщ. Ауэ сэ абы и хьэлыр сощӀэж. Ар зыхуейр унэӀуту сыщигъэтыну аращ, зеиншэу яхэтӀысхьа хамэм хуэдэу сыкърихуэкӀыу. Си гуауэр абы къызэрыфӀэӀуэху щыӀэкъым. Хьэуэ, жьыкӀэфэкӀэхэр щапӀыж унэм сыкӀуэнщи нэхъыфӀщ абы нэхърэ.

Н а з и ф а. Сыт а жыпӀэр, Къесам? Ар дауэ уи жьэ къыпхуегъэкӀуа?! Хьэуэ, хьэуэ, ауи уи гущхьэ къыумыгъэкӀыт ар! Псори зэтеувэжынщ, къэралыр къыбдэӀэпыкъунщ, къуажэдэсхэр... Уэ узыхуеишхуи щыӀэкъым. Зы унэ цӀыкӀу пхуащӀынщ... Ауэ зэкӀэ ди деж ущыӀэнщ.

К ъ е с а м. Си дэлъхури къэгубжьат, жьы хъуахэм я унэм и гугъу щыхуэсщӀам, «Зэрылъэпкъыу ди напэр тепхыну ара?» — жери. Ауэ, уэрамым сыкъыдэнапэми, абы и фызыр зыщӀэс унэ сэ си лъапэ щӀэсшиенукъым.



Н а з и ф а. Пэж дыдэу, и Ӏыхьлыхэм ар къыхуагъэдэхауэ къыщӀэкӀынкъым... Арауэ къыщӀэкӀынщ езым деж уӀэпхъуэну ущӀыхигъэзыхьри.

К ъ е с а м. АрагъэнкӀи хъунщ... КъинэмыщӀауэ, и фызым къызэригъэӀущам тету, си щӀапӀэри зыӀэригъэхьэну хуейщ. Сыт сэ абы си щӀапӀэр щӀестынур? Сэ къуэрылъху сиӀэщи, Алыхьым жиӀэмэ, мис абы мыбдеж унэщӀэ ирищӀыхьынщ.

Н а з и ф а. Ди деж щӀыр лъапӀэ зэрыщыхъуам и зэран фӀэкӀа ифӀ къыдэкӀыркъым.

К ъ е с а м *(тэлайкӀэ мэщымри)*. Назифа, зыгуэр бжесӀэнут, уи жагъуэ умыщӀынумэ...

Н а з и ф а. ЖыӀэ, Къесам, сщӀынкъым.

К ъ е с а м. Дауэ щымытми, сэ сыплъат жьыкӀэфэкӀэхэр щапӀыж унэм...

Н а з и ф а *(мыарэзыуэ)*. Нэгъуэщӏ пщӀэн умыгъуэту арат?..

К ъ е с а м. Сэ мурад быдэ сщӀащ абы сыкӀуэну, си тхылъхэр гъэхьэзырынри нэзгъэблэгъащ.

Н а з и ф а *(зигъэгусауэ)*. Мыбы зыми ущӀиху хуэдэкъым. Уплъэн хуеякъым абы.

К ъ е с а м *(хэгупсысыхьу)*. Апхуэдэу нэхъыфӀщ псом я дежкӀи. Фи дежи къэсауэ къыщӀэкӀынщ си дэлъхум и щхьэгъусэм къуажэм щигъэӀуа хъыбарыр. Фэ сыткӀэ фыхуей абы?

Н а з и ф а. Къэсащ, ауэ, фыз напэншэм жиӀэ щхьэгъавагъэхэм щхьэкӀэ, уи гъащӀэр щӀызэтепкъутэн щыӀэкъым. ЦӀыхухэр щыгъуазэщ Ӏуэхум и пэжыпӀэм.

К ъ е с а м. Дауэ щымытми, псалъэмакъ лейм фэ зыкIи фыхуейкъым. Сэри сыхуейкъым.

Н а з и ф а. Уэ унафэ пхуэсщIыну сэ къыслъысыркъым, Къесам. ЗэрыпфIэкъабылым хуэдэу щIы. Ауэ зэгъащIэ, сэ сыарэзыкъым зыщIыпIэ укIуэну.

К ъ е с а м. Тхьэразэ къыпхухъу, Назифа. Фи гуапагъэр игъащIэкIэ сщыгъупщэнукъым. Сэ сызэрыфхуэарэзым хуэдэу, Алыхьыр арэзы къыфхухъу *(Магъ.)* Гузэвэгъуэр къыщыстеуам, Iэщым хуэдэу гуэщым сыщыпсэун хуей хъуат. Фэ сызэфшалIэри, фи Iэнэ сыпэрывгъэтIысхьащ, сызыщIэсын пэш къызэфтащ, сыфхуэпащ. Iыхьлы дыдэм хуэдэу фыкъысхущытащ...

К ъ е с а м йокI.

Н а з и ф а. Уоу, ди Тхьэ! Мы дунейм къыщымыхъу нэщIэбжьэ щыIэкъым! Уоу, ди Тхьэ, гущIэгъу къытхуэщI!

А х ы л къохьэ. Зыгуэрым зэригъэпIейтейр нэрылъагъущ.

А х ы л *(анэшхуэм IэплIэ хуещI)*. Уи махуэ фIыуэ, нанэ. Сыт уи узыншагъэ?

Н а з и ф а *(къуэрылъхум йодэхащIэ)*. Си щIалэ цIыкIу! Дэнэ укъикIа?

А х ы л. Дадэ Iуэху гуэркIэ сыхуейт.

Н а з и ф а. Сыт хуэдэ Iуэху, си щIалэ цIыкIу? *(И нэм щIоплъэ.)* Алыхь, зыгуэрым укъегъэгузавэкIэ... Сыт къэхъуар?

А х ы л. Къэхъуаишхуи щыIэкъым... Мыхьэнэншэ гуэрщ...

Н а з и ф а. Тхьэм жиIэ, Тхьэм жиIэ... Сэ тыкуэнымкIэ сыкIуэнщ, уэ унэм щIыхьи, зыгъэпсэху. Дади гуэщымкIэ щыIэщ, иджыпсту къэкIуэжыну хъунщ.

А х ы л. Нанэ, сэ сыкIуэнщ тыкуэным.

Н а з и ф а. Хьэуэ, хьэуэ, сэ езыр сыкIуэнщи нэхъыфIщ, сэ нэгъуэщI Iуэху гуэрхэри сиIэщ. ПсынщIэ дыдэу сыкъэсыжынщ.

Н а з и ф а йокI.

А х ы л *(хэгупсысыхьауэ сценэм къыщекIухь)*. СщIэнур сыт? СызэраукIынур шэчыншэщ! *(И щхьэм IэштIымкIэ йоуэж.)* Уделэщ, уделэ фIэкхъщ! Ар щхьэпылъапIэм уи щхьэр ипIужын пэлъытэщ!

И н е с с э къохьэ. Абы и фэр шэхуу пыкIащ.

И н е с с э. Ди Тхьэ! Сыт зэхэпщIыхьар, Ахыл?

А х ы л *(къэшынауэ)*. Сыт къэхъуар, Инессэ?

И н е с с э. Сэращ абыкIэ уэ ноупщIын хуейр. Иджыпсту лIыукIитI си деж къакIуэри, икIэщIыпIэкIэ укъэзгъуэтыну къысхуагъэуващ. Сыт

абыхэм си гугъу щIахуэпщIар? ТIури хъийм икIащ! Сыт апхуэдизу зэхэпщIыхьар?

А х ы л. Наркотикыр псым хэздзащ.

И н е с с э. Сыт а жыпIэр? Делэ ухъуауэ ара уэ?!

А х ы л. НэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэтэкъым.

И н е с с э. Ахэр мыбы къэкIуауэ, уэрамым къыщожьэ, удэкIыну хуейхэщ. УдэмыкIмэ, езыхэр къыдыхьэнурэ, и щхьэр и щIагъыу унэр къызэрагъэдзэкIынущ.

А х ы л *(шынагъэм зэщIиубыдауэ)*. СыщIэпхъуэжын хуейщ!..

И н е с с э. Уэ ущIэпхъуэжмэ, итIанэ абыхэм лIыжь-фызыжьым иращIэнур пщIэрэ? Абы уегупсыса уэ?

А х ы л *(и Iуэхур зэрыхэкIыпIэншэр къыгурыIуауэ)*. Ари пэжщ...

И н е с с э. Захуэбгъэзэн хуейщ абыхэм, Ахыл.

А х ы л. Сыт хуэдэпщI сэ абыхэм къахуэзгупсысынур?

И н е с с э. Иджыпсту уэ пцIыми пэжми укъргагъэлыфынукъым. Наркотикым и уасэр упшыныжын хуейщ. НэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэкъым.

А х ы л. Апхуэдиз ахъшэ къыздизбгъэхынур дэнэ?!

Фий макъ къоIу.



А х ы л *(гужьеяуэ)*. Ахэращ къэфияр... НакIуэ.

И н е с с э. Хьэуэ, кIуэ уи закъуэу, си щхьэри мафIэм щIыхэплъхьэн щыIэкъым.

А х ы л *(зигъэтхьэмыщкIафэу)*. НакIуэ си гъусэу, абыхэм уэ уи гугъу къащIынукъым.

А ч а н къохьэ.

А ч а н *(гуфIэу)*. Си щIалэ цIыкIури щыIи! *(Сэлам зэрах.)* Мы хъыджэбз цIыкIури хэт, къысхуэцIыхужыркъым.

И н е с с э. Сэ Iештар Мухьит срипхъуэщ.

А ч а н. Уи адэр фIыуэ сцIыхуу щытащ, ахърэт нэху Алыхьым кърит. ЩIалэIуэу ехыжащ дунейм, тхьэмыщкIэ.

А х ы л *(Инессэ жриIэу)*. КIуэ, сэ иджыпсту сыныдэкIынщ. Дадэ зыгуэр къигупсысынкIи хъунщ...

И н е с с э йокI.

А ч а н *(Ахыл и нэм щIоплъэ)*. Ауэ сытми укъэкIуа, хьэмэрэ Iуэху гуэр уиIэ?

А х ы л. Хьэуэ... НтIэ...

А ч а н. Зыгуэр уи лажьэщ уэ. Сыт къэхъуар?

А х ы л. Дадэ, сщIэнур сщIэркъым...

А ч а н. Сыт къэхъуар? Сыбогъэгузавэ...

А х ы л *(зиплъыхьурэ)*. Дадэ, бэлыхьышхуэ сыхэхуащ.

А ч а н *(къэгузэвауэ)*. Сыт хуэдэ бэлыхь? Сыт зэхэпщIыхьар?!

А х ы л. Сэ... Сэ наркотик сIыгъыу саубыдащ, хьэуэ... саубыдынути, наркотикыр псым хэздзащ.

А ч а н. Тобэ Іистофрилэхь! Сыт наркотик, си щІалэ цІыкІу? Сыт а жыпІэр?!

И н е с с э къохьэ.

И н е с с э. Ахыл, къоджэ.

А ч а н *(къэгузэвауэ)*. Хэт абы къеджэр?!

А х ы л *(и фэр пыкІауэ)*. Дадэ, сэ иджыпсту къэзгъэзэжынщ, умыгузавэ.

А х ы л йокІ.

А ч а н. Хэт ар къэзылъыхъуэр, си хъыджэбз цІыкІу?!

И н е с с э. ХьэбыршыбыритІ.

А ч а н пІащІэу унэм щІохьэж.

*(И щхьэ хужиІэжу.)* Я теплъэ къудейм уилІыкІынщ. Ахыл тхьэмыщкІэ, псэууэ къагъэнэну си фІэщ хъуркъым. *(Къэгузэвауэ.)* Ди Тхьэ, сэри сыдагъакІуэмэ-щэ?.. ИкІэщІыпІэкІэ щІэпхъуэжын хуейщ!

И н е с с э кІуэжыну зегъэхьэзыр.

*(ГуитІщхьитІу.)* Ахыл дауэ хъуну? Абы зыгуэр къыщыщІмэ...



А ч а н фоч иІыгъыу унэм къыщІокІыж.

А ч а н *(тегушхуауэ)*. Дэнэ щыІэ ахэр? ДэнэкІэ сыздэкІуэнур?

И н е с с э *(лІэным хуэдэу шынауэ)*. Ухуейкъым, дадэ!.. Ахэр цІыхукъым... Мы дунейм теткъым ахэр къэзыгъэувыІэн.

А ч а н. Хьэуэ! Си къуэрылъхур абыхэм яІэщІэзгъэкІуэдэну сыапхуэдэ цІыхукъым сэ! ДэнэкІэ ахэр здэкІуар?!

И н е с с э. Дадэ, Ахыл иджыпсту къыдыхьэжынущ. Абыхэм фоч пІыгъыу укъалъагъумэ... Абыхэм сытри ящІэфынущ!

А х ы л къохьэ.

А х ы л *(шынауэ)*. Дадэ, сыт мы пІыгъыр?!

А ч а н. Дэнэ щыІэ ахэр?!

А х ы л. КІуэжахэщ.

А ч а н. Сытыт зыхуейр?!

А х ы л. Ахъшэр ястыжын хуейщ. Махуищ пІалъэ къызатащ.

А ч а н. Махуищи? Сытуи хьэлэлхэ... *(ТэлайкІэ мэщымри)*. Дапщэ ахъшэу узыхуейр?

А х ы л. Сом мелуанищ.

А ч а н. Дауэ!.. А жыпІэр сыт, си щІалэ цІыкІу?

А х ы л *(зэхэуфауэ)*. СфІэгъэщІэгъуэн хъури, зэ-тІэу сеплъат кокаиным... ИтІанэ, зэпымыууэ зыхэслъхьэ щыхъум, къызжаІащ, кокаин

яхуэсщэмэ, зы зыхэлъхьэгъуэ пщIэншэу къызатыну. КъинэмыщIауи, ахъшэ къызагъэлэжьыну...

И н е с с э. Сэ сыкIуэжынщ...

А х ы л. Тхьэразэ къыпхухъу, Инессэ.

И н е с с э и щхьэр ехьэхауэ йокIыж.

А ч а н. Ди Iуэхухэр щIагъуэкъым, си щIалэ цIыкIу... Сыт иджы тщIэнур? *(ТэлайкIэ мэщымри.)* Уи адэм ищIэрэ?

А х ы л. Хьэуэ, зыми ищIэркъым.

А ч а н. Ар дауэ, Ахыл?! А уэ зепхьэ Iуэхухэм гуэныхьу пылъыр зыхуэдизыр пщIэрэ? ЦIыху дапщэм я гъащIэр зэтепкъута, уэ езым ууейм и гугъу умыщIыххи?!

А х ы л. Пэжщ. Сэ ар къызгуроIуэ...

А ч а н. Иджыпсту къыбгурыIуа хъунщ, дауи, ауэ сыт и мыхьэнэж?.. Си сабий тхьэмыщкIэ, дауэ мыгъуэ уакъыIэщIэттхъа хъуну абыхэм?.. Тобэ, тобэ...

Целлофан къэп цIыкIу иIыгъыу, Н а з и ф а къохьэ.
А ч а н фочыр егъэпщкIу.



Н а з и ф а. Iештархэ я хъыджэбзыжь цIыкIуми сыт ди пщIантIэм щищIэр?

А ч а н. И адэшхуэм къигъэкIуат, я деж сыдыхьэну лъаIуэу.

Н а з и ф а. Си къуэрылъху цIыкIур згъэмэжэлIащ. Асли ухуэзауэ, псынщIэу хуит укъэхъужын? Хьер зыпылъ гуэр иIуатэми зыгуэрт... *(Ахыл жриIэу.)* НакIуэ, си щIалэ цIыкIу, чыржын хуабэрэ шатэрэ уэзгъэшхынщ.

ЙокIхэр.
Iупхъуэр зэхуащI.

## ЕТIУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэр зэIуах.
ЕтIуанэ махуэрщ. ПщэфIапIэрщ. А ч а н нэгъуджэ зыIуилъхьауэ КъурIэн йоджэ, Н а з и ф а мэпщафIэ.

Н а з и ф а *(Ачан сурэр ниджысыху поплъэри)*. КъыпщыщIар сыт? Дыгъуасэ лъандэм псалъэ къыбжьэдэсшыфыркъым... Сыт къэхъуар?

А ч а н *(КъурIэныр напэIэлъэщIым кIуэцIешыхьри зрегъэтIылъэкI)*. Зыри къэхъуакъым, псори тэмэмщ.

Н а з и ф а. Азалыхь, сигу уримыхь. Сытми, зыгуэр къысщыбобзыщI уэ.

А ч а н *(мэщымри)*. Пэжщ, Бийсохэ япхъу, пщызобзыщI, ауэ зэрыбжесIэнуращ сымыщIэр.

К ъ е с а м шумэдан иIыгъыу къыщIокI.

Н а з и ф а. Шумэданыр пIыгъыу уздэкIуэр дэнэ?

К ъ е с а м. СыкIуэнщ сэ... КIыхьлIыхь сщIыкIэ, сыт и мыхьэнэ?..

А ч а н. Дауэ мыхъуми, утегушхуащ, ара?

К ъ е с а м. Сытегушхуащ, Ачан.

А ч а н. Уэ си ныбжьэгъуфIым урищхьэгъусэу, жылэр зэхъуапсэ унэгуащэу ущытащ. Зэкъым, тIэукъым уи шхын IэфI зэрысшхар, Алыхьым псапэу къыуитыж.

К ъ е с а м. Уи хьэлэлщ, Ачан. Фэри сэр папщIэ фызыщымысхьа фи ерыскъым Тхьэм берычэт къыхилъхьэ...

Н а з и ф а. Уэри Алыхьым хьэлэл пхуищI.

А ч а н. Уи хьэлэщ, Къесам.

К ъ е с а м. Ачан, уэ дэлъху пэлъытэ усхуэхъуащ. *(Назифа дежкIэ зегъазэри.)* Уэри, Назифа, шыпхъум хуэдэу укъысхущытащ. Гъунэгъууи, Iыхьлыуи, щIэгъэкъуэнуи фызиIащ. *(Магъ.)* Мы гъащIэм дэ дыщызэхуэмызэжынкIи хъунщ, ауэ ахърэтым напэ хужькIэ Алыхьым дыщызэхуихьыж.

Н а з и ф а *(Къесам IэплIэ хуищIурэ)*. Iэмал щыбгъуэтым деж къакIуэ. Утлъагъуныр сыт щыгъуи ди гуапэщ.

К ъ е с а м. ФIыкIэ! Алыхьым узыншагъэ къывит!

А ч а н. Алыхьым укъихъумэ!

Н а з и ф а *(Къесам IэплIэ хуищIурэ)*. Тхьэ, сыти жыIи, умызахуэ, зыщIыпIи укIуэн хуеякъым. Ауэ, апхуэдэу нэхъ къыщыпщтэкIэ, накIуэ, нэгъуэщI мыхъуми, автобусым нэс узгъэкIуэтэнщ.

К ъ е с а м. Хьэуэ, хьэуэ. Си Iыхьлы щIалэ машинэкIэ къалэм кIуэнущи, абы сыздишэнущ. Ар тыкуэным деж къыщызэжьэнущ.

Н а з и ф а р э К ъ е с а м р э йокI.

А ч а н *(и щхьэ хужиIэжу)*. Гузэвэгъуэр бгы къыгуэум хуэдэщ, упэмыплъауэ, къомыупщIауэ къыпкIэщIозэрыхь... Дауэ мы къэхъуар Бийсохэ я пхъум зэрыжесIэнур?

Н а з и ф а къохьэж.

Н а з и ф а. Насыпыншэ, и нэм нэху имылъагъуу ирихьэкIащ и гъащIэр... Сэ сыхуеят Къесам зыщIыпIи мыкIуэну къэзгъэIулэну, ауэ уэ хэбгъэзыхьыщакъым...

А ч а н щымщ.

Сыт зыри щIыжумыIэр?

А ч а н. Сыт жызбгъэIэнур? ЗэрыжаIэщи, ежьэжынумрэ лIэну зызыгъэхьэзырамрэ къыпхуэгъэувыIэнукъым.

Н а з и ф а *(псалъэмакъ зэпаудамкIэ къигъэзэжу)*. Уэ зыгуэр къызжепIэну ухуеяти...

А ч а н. Тхьэ сыгъаIуэ, Бийсохэ япхъу, ди Iуэху мыщIагъуэкIэ. Ахыл делэ цIыкIу бэлыхьышхуэ хэхуащ.

Н а з и ф а. Сыт мыгъуэ а жыпIэр? Сабий тхьэмыщкIэм сыт зэхищIыхьахэр?

Машинэ къыIулъадэхэм я макъ къоIу.

А ч а н. Дыдейхэм сакъеджэжати, къэсыжахэу си гугъэщ.

Т е б о, М а р о, Ш а м с а, А с л ъ э н, А й г у л сымэ къохьэ.
А й г у л лIыжь-фызыжьым къабгъэдолъадэри IэплIэ къахуещI.

А й г у л. Дадэ, нанэ, зыкIэ сигу фыкъэкIащи!

Н а з и ф а *(Айгул IэплIэ хуещI)*. Уэр щхьэкIэ зызгъэлIэфынущ сэ, си хъыджэбз цIыкIу. Дэри икъукIэ дигу укъэкIат!

Т е б о. Алыхьым и шыкуркIэ, фылъэрытетщ. Сыт къэхъуар, ди адэ?

М а р о. Тхьэ соIуэ, жэщ псом ди нэбдзыпэ зэтедмылъхьакIэ! Iейуэ дыбгъэгузэващ, ди адэ.

А ч а н. Фыщымыт, фетIысэх.

Т е б о. Сыт къэхъуар? Думыгъэгузавэу, къыджеIэ!

А ч а н. Си тIасэхэ, фIыкIэ фыкъезджэжауэ щытамэ, сыныфпежьэнти, вжесIэнт...

Т е б о. Къэхъуар сыт?!

А ч а н. ФытIыс...



Псори мэтIыс.

Си тIасэхэ, Iуэхур зэрыщытыр мыращ: Ахыл...

Ш а м с а. Уоу, ди Тхьэ, си къуэ закъуэм сыт къыщыщIар?

А ч а н. Алыхьым и фIыщIэкIэ, псэущ икIи узыншэщ. Ауэ бэлыхьышхуэ хэхуащ... И делагъэкIэ...

Т е б о *(къэгузэвауэ)*. Ди адэ, сыт абы къикIыр?

А ч а н. Ахыл наркотикым дихьэхащ.

Ш а м с а. СылIэу сызэгъэжа мыгъуэм нэхъыфIти!.. Хьэуэ, пцIыщ ар! Апхуэдэ къэхъункIэ Iэмал иIэкъым!

А й г у л. Ахыли? Наркотикми?!

А ч а н. Наркотик иIыгъыу полицэм яубыдынути, ищэн хуейуэ кърата кокаиныр псым хидзащ.

М а р о. Сынасыпыншэ мыгъуэти! Кокаиным Ахыл и Iуэхуу сыт хэлъыр?

А ч а н. Хэмылъамэ, зыри жысIэнтэкъым. Иджы абы и уасэр яритыжын хуейщ.

Т е б о. Дапщэ?

А ч а н. Сом мелуанищ.

М а р о. Мелуанищи?!

Н а з и ф а. СылIэу сызэгъэжа мыгъуэм нэхъыфIти!

Ш а м с а. Хьэуэ! Хьэуэ! Си къуэм апхуэдэ ищIэнукъым!

Т е б о *(хъийм икIыу)*. Ди адэ, дэнэ щыIэ Ахыл?

А ч а н. Мыбы щыIэщ... Е махуитIкIэ мелуанищ къыдогъуэт, е Ахыл тфIокIуэд...

ЦIыхубзхэр зэщIогъуагэ. А х ы л къохьэ. Т е б о губжьауэ А х ы л зредз. ЦIыхубзхэр къыщолъэт.

Т е б о. ЗэхэпщIыхьар къыбгурыIуэжрэ?! Шыд щхьэ куцI пшхауэ ара уэ?! Уи щхьэр пысчынщ!

А ч а н *(и макъым зригъэIэту)*. Умыделэт, щIалэ!

Т е б о. Ди адэ, мы шыдыр сыгъэукI! Жыхьэнмэм хрыресхьэ мыр!

А ч а н. КIасэIуэу укъэушащ! ТIыс!

Т е б о мэтIысыж.

Ш а м с а *(Ахыл IэплIэ хуещIри)*. Си щIалэ тхьэмыщкIэ цIыкIу, пэж мы дадэ жиIэр?

А х ы л *(и щхьэр щIэгуауэ)*. Пэжщ.

Ш а м с а. Си жьэгу мафIэр ункIыфIа мыгъуи!

А ч а н. Угъ щхьэкIэ ар зэщIэнэжынукъым. ТщIэнур сыт?

Т е б о. Ди адэ, дэ апхуэдиз ахъшэ пщIыхьэпIэуи тлъэгъуакъым. Фэтэрри машинэри тщэжми, апхуэдиз къащIэкIынукъым.

М а р о. Дауи, дэри зыфщIэдгъэкъуэнщ, ауэ абыи дыкъригъэлынукъым.

Ш а м с а. Ди Тхьэ, хэт и гыбзэу пIэрэ къыттехуар?

Н а з и ф а. Iэзэхэм я деж ущIэкIуэн щыIакъым... Алыхьым и губгъэн къэпхьащ! Си сабий тхьэмыщкIэ!

А ч а н. Сэ унэр сщэну мурад сщIащ.

Т е б о. Ди адэ...

М а р о. Дэ укъыдэмычэнджэщуи?!

А ч а н. Мис, сынывочэнджэщ... КъызжефIэ, нэгъуэщI Iэмал щыIэмэ... *(ТэлайкIэ мэщымри.)* Сыт зыри щIыжывмыIэр?.. Фыхуеймэ, сыти жыфIэ, ауэ сэ нэгъуэщI хэкIыпIэ слъагъуркъым. Дэнэ щыIэ а зи гугъу фщIауэ щыта щэхуакIуэр?

Т е б о. Абы щIапIэ къищэхуакIэщ.

Н а з и ф а *(и гугъэр хихыжу)*. Къесам дезыгъэхъуэпсэжа махуэри къэсащ...

А ч а н. Сэ сиIэщ щэхуакIуэ, ауэ абы мелуанищ нэхъыбэ къызитынукъым.

М а р о. Мы унэмрэ лъапсэмрэ, я нэхъ мащIэрамэ, мелуанипщI и уасэщ! МелуанищкIэ зэрептынур дауэ?!

А ч а н. Сыт-тIэ тщIэнур? НэгъуэщI щэхуакIуэ махуитIкIэ къыфхуэгъуэтыну?

Т е б о. Банкым щIыхуэ къеIыпх хъунут, ауэ абы мазэ нэхърэ мынэхъ мащIэ текIуэдэнущ. КъинэмыщIауэ, банкым зы мелуан нэхъыбэ къыуитынукъым.

М а р о. Апхуэдиз ахъшэ къыдэзытыфын цIыхугъи диIэкъым.

А х ы л. Дадэ, фэ унэншэу фыкъанэ хъунукъым. Зэрыхъуу ирехъу си Iуэхур... Сэ сынаркоманщ, сэ...

Ш а м с а. Хьэуэ! Хьэуэ! Сыт къыубжхэр?! Уэ унаркоману щытамэ, абы дэ гу лъыттэнт!

М а р о. Лъыптэнт, уи щхьэ закъуэ мыхъуу, сабийм зэзэмызэ уегупсысамэ!

А х ы л. Унэр ящэмэ, дадэрэ нанэрэ дэнэ щыпсэунур?

Ш а м с а. Иджыпсту зи гугъу тщIыр аракъым.

А х ы л йокI, А й г у л абы кIэлъоплъ.

М а р о. Ди адэ, уэ уощIэ Тебо сэрэ мы унэм куэдкIэ дызэрыщыгугъыр.

А ч а н. Дэри... Дэри дыхуейт мыбы тыншу дыщылIэжыну.

М а р о. Ди адэ, умыгубжьу къызэдаIуэт. Ахыл наркоманщ, ар зэи цIыху тэмэм хъужынукъым...

Т е б о. ЗэрыжыпIэмкIэ, яукIми хъунущ, ара?!

М а р о *(губжьауэ)*. Пэжыр дывмыгъэбзыщI: наркоманыр цIыху тэмэм пхуэщIыжынукъым. Абы и зэранкIэ дэ псори тхьэмыщкIагъэм дыхэту дыпсэун хуейуэ ара?!

А й г у л. Мамэ, апхуэдэу дауэ пхужыIэрэ?!

М а р о *(абы жиIахэр къыфIэмыIуэхуу)*. Куэд дэмыкIыу, абы зэхищIыхьу щIидзэнухэм фегупсыса фэ?! Фегупсыс-тIэ! Наркоманхэм я гъащIэр зэриух щIыкIэм псори фыщыгъуазэщ... Фыщыгъуазэщ я унагъуэм къащыщIми...

Т е б о. Маро, Ахыл си къуэ закъуэщ! А зы закъуэращ сэ сиIэр! Абы ахэр хужумыIэ!

Ш а м с а. ФедаIуэт абы жиIэм! Ар уипхъурауэ щытамэ...

М а р о *(Шамса зэпеуд)*. Си пхъур зэи апхуэдэ Iуэху хэхуэнукъым, сыту жыпIэмэ, уэ къыпщхьэщыкIыу, сэ сытым щыгъуи зи ужь ситар ар тэмэму зэрызгъэсэнырщ.

А ч а н. ТIури фыбэяу! Маро, Ахыл си къуэрылъхущ, силъщ. Ар скIэрыптхъынри, си лыр цIынэу пшхынри зыщ. Анэ быдзышэ, адэ-анэм я гугъуехь жыхуаIэхэр фи дежкIэ зыри къызэрымыкI псалъэ нэд къудейуэ щытынкIи мэхъу. Ауэ дэ быным яхудиIэ лъагъуныгъэр псалъэ нэдкъым. ИкIи нобэ сэ Ахыл папщIэ сщIэну сызыхэтыр фи языхэзым щхьэкIи схуэщIэнущ. ЩIалэр къегъэлын хуейщ. Адрей псоми мыхьэнэ яIэкъым. *(Хуэму.)* Сэ сщIа унафэм сытекIынукъым!

М а р о. Дэри дыпсэун хуейщ! Мы гъащIэм дыгуэт къудейуэ куэдрэ етлъэфэкIыну?! Мы унэм си гуащIэ зэрыхэлъымкIэ Алыхьыр си щыхьэтщ! Апхуэдэу щыбукъуэдиякIэ, ди адэ, си унафэми къедаIуэ: МарокIэ еджэу пхъу уэ нобэ щыщIэдзауэ уиIэжкъым! *(Аслъэн жриIэу.)* Тэдж, докIуэж!

А й г у л *(гъуэгыу)*. Мамэ, мамочкэ, апхуэдэу умыщI!

Н а з и ф а. О, ди Тхьэ! Сыт а жыпIэхэр, си хъыджэбз?! ЗыкъэщIэж!

А с л ъ э н *(Маро жриIэу)*. Уи адэм апхуэдэу уемыпсалъэ.

М а р о *(Аслъэн жриIэу)*. Уи жьэр убыд! Уэ езыр лIы хуэдэлIу ущытамэ, иджыри къэс фэтэр зэвыжь цIыкIум дыщIэмысу, ди унэшхуэ дыщыпсэужынт!

А с л ъ э н. Апхуэдэу дэкъузэщауи упсэукъым уэ, утхьэусыхэн хуэдэу. Ауэ зыщIыпIэ упIащIэмэ, гъуэгу махуэ! Айгулрэ сэрэ зыщIыпIи дыпIащIэркъым.

М а р о. НакIуэ, си хъыджэбз, докIуэж!

А й г у л *(магъ)*. Мамэ...

М а р о. Си щхьэ Iуэху сэ къесхуэкIыр? Псори щIэсщIэжыр уэращ, си хъыджэбз цIыкIу, уэ сэ нэхърэ нэхъыфIу упсэун щхьэкIэщ!

Т е б о. Хъийм уикIыну хэкIэсащ, унэр тIэщIэкIащ.

М а р о. Уэ зыри жумыIамэ нэхъыфIт! ЗэфIэкI лъэпкъ зимыIэ хуэмыхужь! Зы Iуэху и кIэм зэрынэбгъэсын къару уиIэкъым уэ! Узэрыщытауэ укъэнэжащ! Уезыгъэджари, узыгъэшхари, узыхуэпари мис мыхэращ! *(И IитIыр ирегъэлъагъу.)* Фыз къызэрыпшари мыхэращ зи фIыщIэр! Ахэр сыту щIэх пщыгъупщэжа, Тебо!

А ч а н. ЗыкъэфщIэж, цIыхухэ! ЗыкъэфщIэж!

М а р о. Сэ мы унэм афIэкIа си лъапэ къыщIэсшиенукъым!

Ежьэжыну зегъэхьэзыр.

А ч а н. Сэ къызэрысфIэщIымкIэ, уи закъуэкъым мы унэм афIэкIа зи лъапэ къыщIэзымышиенур...

А й г у л. Ахыл и Iуэхур зэфIэмыкIауэ, сэ сынэкIуэжыфынукъым, мамэ.

М а р о. УнэкIуэжынущ! ЗалымыгъэкIэ усшэжынущ!

А й г у л *(тегъэчыныхьауэ)*. Мамэ! Сэ сыкъэнэнущ!

М а р о. Ди Тхьэ, мы слъагъур сыт, си пхъур къыспопсэлъэж! СылIэрэ сызэгъэжа мыгъуэм нэхъыфIт!

Н а з и ф а. Иджыри къэс дэ дыщымылIакIэ, уэри улIэнкъым, си хъыджэбз...

М а р о. Мамэ, къэгъанэ, Тхьэм щхьэкIэ! Си дэлъхум и цIэкIэ тхьэ сIуэуэ схьащ си гъащIэр, иджы абы къызищIэм феплъыт! Шыпхъум и гугъуехьым нэхъ псыхэкIуадэ щыIэкъым: ар зыщымысхьыжу унагъуэм хуолажьэ, ауэ икIэм-икIэжым Iыхьэншэу къонэ.

Ш а м с а. Тебо, уи бзэгур пшхыжауэ ара, сыт мыбы зыри щIыжумыIэр?

Т е б о. Пэжщ си шыпхъум жиIэр.

Ш а м с а. Абы жиIэр пэжуи?! АтIэ, иджыри зы пэж къедаIуэ: япэхэм уэ уи шыпхъум и хьэкъкIэ упсэуащ, иджы — си хьэкъкIэ уопсэу! Сату Iуэхухэм сэ сыхэмытамэ, уэ мыпхуэдэу узэщIэщIуужу удэтрэт?!

Т е б о. Уэ жыпIэри пэжщ. Сэ лIыуэ сыщытамэ, зы сыхьэти сыбдэпсэунтэкъым! Ауэ мыр къызжеIэт: уи япэрей лIыр щIыщIэпхъуэжар сыт? КъызэмыплъэкIыу щIэпхъуэри, къэралым ижыжыху къызэтеувыIакъым. Абы и дежкIэ уфIыIуэу къыщIэкIауэ ара? АтIэ си дежкIи уэ уфIыIуэу

къыщIэкIащ. Абы къыхэкIыу си мурадщ сыббгъэдэкIыжыну! Псэу, уи гъащIэм ущыгуфIыкIыжу!

Ш а м с а *(и Iэр и шхужьым иригъэувэурэ)*. УзбгъэдэкIыжу уздэкIуэнур дэнэ? Хьэдрыхэ?! Уэ дэнэкIэ укIуэнуми, сыт пщIэнуми, абы и унафэр зыщIыр сэращ! Сыхуеймэ, пщыуэ ущытынщ, сыхуэмейрэ — ятIэм ухэлъу къэппщэпщыхьынщ! *(Зыгуэр игу къэкIыжа хуэдэу.)* ЩIасэ цIыхубз къыумыгъуэтауэ пIэрэ уэ?! Ди Тхьэ, араи Iуэхур здэщыIэр! Араи зыщIэбгъэцыджыр!

Т е б о. Пэжщ, къэзгъуэтащ! Ауэ щIасэр а къэзгъуэтаракъым, атIэ уэращ. Пэжым ухуеймэ, уэ абы и лъэпхъуамбэжьакIэм уриуасэкъым! Ахыл мыхъуамэ, зы махуи сыбдэпсэунутэкъым. Зэрымылъ пэ лъагэ ухъужауэ, укъызэрызыфIэщIыжам къищынэмыщIа, убгъэдэлъ щыIэкъым!

А й г у л *(и щхьэ хужиIэжу)*. Мамочкэ, мы сыкъызыхэхуар сыт? Сыт мыхэр зищIысыр? Сэ сцIыхурккъым ахэр!

Т е б о. ИтIанэ, мыри пщIэну сыхуейщ: сэ абы пхъу хузиIэщ.

Ш а м с а. СылIамэ, нэхъыфIти! Си напэр трихащ!

А ч а н. Алыхьым и хьэтыркIэ, зыкъэфщIэж! Дэ ди унэм мафIэ къыщIэнащ, фэ къефхуэкIыр сыт?!

Ш а м с а *(Ачан жиIэр къыфIэмыIуэхуу)*. Си анэмкIэ тхьэ соIуэ, афIэкIа си унэм уныщIэзмыгъэхьэну!

Т е б о *(Шамса щхьэщоувэри)*. Пэжщ, сыныщIыхьэнукъым. КъинэмыщIауэ, куэд щIауэ бжесIэну си гугъари бжызоIэ: зызумыгъэлъагъуу, зегъэхь аддэ!



Фоч уэ макъ къоIу.

А й г у л *(мэкIий)*. Ахыл!

Ш а м с а. Сынасыпыншэ мыгъуэти! Уоу, ди Тхьэ! Си къуэ закъуэр щхьэ сIэщIэпхрэ?!

Фоч уэ макъыр къыздиIукIамкIэ псори мажэ.

А ч а н. Алыхь лъапIэ!.. ГущIэгъу къытхуэщI!

ЙокI.
Iупхъуэр зэхуащI.

## ЕЩАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэр зэIуах.
Зэман дэкIащ. А ч а н р э Н а з и ф а р э щIыбым дэсщ.

А ч а н. Алыхьым и шыкуркIэ, Ахыл сымаджэщым къыщIэкIыжащ, сэри нэхъыфI сыхъуащ. Зи мыхъуми, жэщкIэрэ жейм нэхъ созэгъ иджы.

Н а з и ф а. Алыхьым гущIэгъу къытхуимыщIамэ, бетэмалу Ахыл тIэщIэкIырт. Дохутырми Алыхьым и нэфI къыщыхуэ, псынщIэу къэсащ абы щыгъуэ.

А ч а н. ФIыщIэ хуэщIыжыпхъэт абы.

Н а з и ф а. Аслъэн абы саугъэт гуэрхэр иритащ.

А ч а н. Пэжуи? Сэ сыгузавэрти...

ТэлайкIэ мэщымхэр.

Н а з и ф а. Таучэш къыщIэкIуар сытыт? Унэр хуит хуэтщIыну арат зыхуейр?

А ч а н. Хьэуэ, ауэ сытми къиплъыхьа къудейщ. ЦIыхуфIщ ар... НэгъуэщI гуэру щытамэ, Iэджэ щIат дызэрыщIихурэ. *(ТэлайкIэ мэщымри.)* «Гъатхэ хъуху мыбы зыри щысщIэнукъыми, фымыгузавэу фыщIэс», — жиIащ.

Н а з и ф а. Аргуэру жейм уемызэгъауэ къысщыхъуащ. Уигура?

А ч а н. Гур сыт, Бийсохэ япхъу, гуэныхьщ ар зыгуэркIэ бгъэкъуэншэну... МащIэ игъэва абы...

Н а з и ф а. Пэж дыдэу, дэ дымыгъэвар укIуэдыж...

А ч а н. Ди Ахыл насыпыншэ цIыху тэмэм хъужыфыну пIэрэ? Мис аращ сызыгъэгузавэр. *(И гугъэр химыхыжу.)* Алыхь лъапIэ, сынолъэIу ди гугъуехьыр пщIэншэ умыщIыну...

ТэлайкIэ щымщ.

*(Хьэлъэу мэщатэри.)* Си жьэгу мафIэрункIыфIащ, унагъуэр зэхэкъутащ. Ауэ, фIыщIэр Алыхьым ейщ, уэ иджыри усщIыгъущ. Илъэс щэ никъуэ хъуауэ дызэщIыгъущ. *(ТэлайкIэ мэщымри.)* Бийсохэ япхъу, мыр пщIэну сыхуейт: мы дунейм зыгуэркIэ си кIэн къыщикIамэ, ар уэращ! ГъащIэм и IэфI зыхэсщIамэ, ари зи фIыщIэр уэращ. Си гъащIэм и джэлэсу къекIуэкIар уэращ. Си хьэлыр зэрымышэчыгъуафIэри сощIэж, уи жагъуэ щысщIаи къэхъуагъэнщ. Ауэ зэи уи псалъэ жагъуэ зэхэсхакъым. Гугъу дехьу дыпсэуа пэтми, зэи утхьэусыхакъым. Ди лъэпкъыр бэлыхь натIэт, дэри ди лъэпкъым дыщыщ Iыхьэ цIыкIути, нэщIэбжьэ Iэджи тлъэгъуащ. Ауэ зыхуэдгъэшэчащ, дыкъелащ, ди жьэгу мафIэр зэщIэдгъэстыжащ, ди быныр къэдгъэхъуащ. *(ТэлайкIэ мэщымри.)* Гукъанэ щIыпхуэсщIын щыIэкъым. Сыт хуэдизрэ сыкъэмыгувами, укъыспэплъэу ущысащ... Си адэ-анэм уазэрыкIэлъыплъа къудейр сыт и уасэ! А зым фIэкIа псапэ умыщIами, уэ къэблэжьащ жэнэтыр. Сыпхуэарэзыщ, Алыхьыр арэзы къыпхухъу! *(ТэлайкIэ мэщымри.)* Кхъэми ди кхъащхьэхэр щызэгъунэгъунущ, сэ Алий-ефэндым сыгурыIуакIэщ.

Н а з и ф а. Уэ сыт щыгъуи фIыуэ укъысхущытащ. Сыт щыгъуи гулъытэ къысхуэпщIащ. СощIэж, Тебо ныбэм щилъым щыгъуэ, япэ мазэхэм, уеблэмэ псыхьэ къудей сыбгъакIуэртэкъым. Уэ езыр жэщкIэрэ укIуэрт, цIыхухэм гу къыплъамытэн щхьэкIэ. Пхъэ гъэсыныр гуэщым кърихыурэ пэшым къыщIэзыхьэри уэрат. *(ПогуфIыкIри.)* Зэзэмызэ тIэкIу уефэми, нэхъри нэхъ гумащIэу укъысхущытт. ПщэдджыжькIэрэ лэжьапIэ удэзгъэкIын, пщыхьэщхьэкIэрэ укъезгъэблэжын — а насыпыр зэрысхъуэжын мы дунейм теттэкъым. ИкъукIэ сыпхуэарэзыщ, Алыхьыр арэзы къыпхухъу!



10 Заказ №19

Тэлайкlэ мэщым.

Щыгъупщэх сыхъуащи, бжесIэну сигу къэкIыжыркъым... Аслъэн дохутырым сыщишам щыгъуэ, жьыхэр щапIыж унэмкIэ дыIухьат.

А ч а н. Къесам насыпыншэм сыт щипсэукIэ-тIэ абы?

Н а з и ф а. И псэукIэм арэзы техъуэж цIыху щыплъагъунукъым а унэм. Щыгъыныджэхэщ, я ныбэ изу зэрымышхэр нэм къыIуедзэ. Уи бийми ухуэупсэ хъункъым абы къыщыхутэну. Зымылъэгъуам и фIэщ пхуэщIынкъым апхуэдэ гуауэ хэкIыпIэншэ щыIэу. Зи къарур ин Алыхьышхуэ, гущIэгъу къытхуэщI! Пэжщ, къыкIэлъыплъын зимыIэжу къэнаи яхэтщ абыхэм. Ауэ яхэтщ зи бынхэм а унэм иратыжахэри! ЗэрыжаIэмкIэ, зы лIы гуэр тхьэмахуэ къэс макIуэ абы, и анэм ишхын хуехьри. Ауэ хуэзэн идэркъым. Шынэу къыщIэкIынщ и анэм и нэм щIэплъэну.

А ч а н. Алыхьым щымышынар, и анэм щIыщышынэнур сыт?

Н а з и ф а. И анэм и нэм зыщIилъэгъуэжын шынэу къыщIэкIынщ. *(ГуфIэу.)* Къесам абы щыIэжтэкъым, и нысэм щIишыжат. И къуэм и анэшхуэр абы щыIэу и гум къыхуимыдэу аращ жиIар. Къесам тхьэмыщкIэм и насыпым икIэм-икIэжым зыкъигъэзащ.

А ч а н. Тхьэ соIуэ, хъыбарыфIкIэ! Дауэ мыхъуми, цIыхуфI щымащIэкъым иджыри мы дунейм.... КъызжеIэт, ди къуэр дауэ щыт? ЕкIужа и фызым?

Н а з и ф а. Хьэуэ, Аслъэн зэрыжиIамкIэ, Тебо а жыхуиIам хыхьэжащ.

А ч а н. Абы щхьэкIэ ар зыми хуэгъэкъуэншэну си гугъэкъым. Пхъу иIэу жыхуиIар пэж?

Н а з и ф а. Пэжщ. А махуэ дыдэм Ахыл дежи сымаджэщым дыкIуати, абыи ищIэу къыщIэкIащ ар, къытщибзыщIырт ахъумэ.

А ч а н. Дэнэ абы ар къыщищIар?

Н а з и ф а. Езы Тебо къыжриIат.

А ч а н. Зэгъэлъагъун хуейщ ар.

Н а з и ф а. Ахыл сымаджэщым къыщIэкIыжмэ, дызэригъэцIыхуну жиIащ.

К ъ ы д е н бауэбапщэу къолъадэ.

К ъ ы д е н. Ача! Ача! Уи унэр мафIэм ес, щхьэ ущыс?! Еплъыт, благъуэ фIыцIэр благъуэ плъыжьым йозауэ!

А ч а н. Уэ сыт щыгъуи узахуэщ, Къыден. Си унэм мафIэ къызэрыщIэнэрэ куэд щIащ, ауэ сэ гу лъыстатэкъым. Иресыпэ иджы, ар пхуэгъэункIыфIыжынукъым...

К ъ ы д е н *(къабгъэдохьэри я нэхэм щIоплъэ)*. Фэри фисащ, пхъэдакъэжь сахуэ фыхъуащ! (ЗэпходэIукIри.) Джэду шыр зыщIыпIэ щопщIэу, Ача.

А ч а н. Ар Азнаур тхьэмыщкIэм и джэду шырыр арагъэнщ.

К ъ ы д е н. Сэ къыхэсхынщ ар мафIэм!

К ъ ы д е н унэм щIолъадэри, А з н а у р и джэду шырыр иIыгъыу къыщIокIыж.

А ч а н. Пэж дыдэу, ущIалэфIщ уэ, Къыден. Иджы джэду шырыр уи анэмэтщ.

К ъ ы д е н. Сэ сыкIэлъыплъынущ абы, зыри хуэзмыгъэныкъуэу. *(Назифа зыхуегъазэри.)* Назий, уэ жыжьэ укIуэмэ, итIанэ хэт сэ кIэнфет къызэзытынур?

Н а з и ф а. Пэжщ, Къыден, дэ мыгувэу дежьэнущ.

К ъ ы д е н *(нэщхъейуэ)*. Хьэуэ, уэ гъуэгу утеувакIэщ...

К ъ ы д е н, джэду шырыр и гуфIакIэм дегъапщкIуэри, йокIыж.

А ч а н *(абы и иужьрей псалъэхэм гулъытэ яхуимыщIауэ)*. Псоми жаIэ Къыден делэу, ауэ абы и псалъэхэр къыщыдгурыIуэжыр зэман дэкIауэщ.

Н а з и ф а и Iэр и лъэгуажьэм тохури, елэлэхауэ къонэ.

Бийсохэ япхъу, Ахыл деж упсэлъамэ, арат. КърекIуэ, бжыхьыр зэгъэзэхуэжын хуейщи, къыздэIэпыкъунщ. Сэреищхьэм хэкъутыкIа кхъуэщынхэри зэхъуэкIын хуейщ. Унэр мыпхуэдэу къэдгъэнэныр емыкIущ. *(ТэлайкIэ мэщымри)*. Тэдж, Бийсохэ япхъу, нэмэз щIыгъуэр къэсащ... Зэхэпхрэ? *(Къэгузэвауэ Назифа йоплъ)*. Сыт зыри щIыжумыIэр? *(ЗэрылIар къелъагъу.)* Ди Тхьэ, хэт сыкъызыхуэбгъэнар?! Ар дауэ къызэпщIэфа?!



А ч а н хьэдэм лъэгуажьэмыщхьэу щхьэщоувэри, гухэщIу магъ.

Iупхъуэр зэхуащI.

## ЕПЛIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iупхъуэр зэIуах.

ПщIантIэрщ. Дыгъэ жьэражьэм шэнт щхьэгуитI хэтщ. Зым А ч а н тесщ, адрейм цы мастиплI зыхэIуа цы топ телъщ. К ъ ы д е н къохьэ. Цы топыр къытрехри, шэнтым тотIысхьэ.

К ъ ы д е н. Ача, дыгъэр иубыдыну жаIэри, пэж?

А ч а н. ЖаIэ... ГъэщIэгъуэнщ иджыри къэс ар зэримыубыдар...

К ъ ы д е н. Дыгъэр благъуэм жьэдилъэфэну жаIэ.

А ч а н. ЩыжаIэкIэ, пэжу къыщIэкIынщ, Къыден...

К ъ ы д е н. ИтIанэ дыгъэншэу дауэ дыхъуну? Сэ кIыфIым сыщошынэ: щыкIыфIым деж псори къопсэужри, саубыдыну хуожьэ.

А ч а н. Благъуэр дыгъэм пэлъэщынукъым, умышынэ.

К ъ ы д е н *(уафэм доплъейри)*. Сошынэ, Ача.

А ч а н. Тхьэ сыгъаIуэ, сэри сошынэкIэ: дыгъэр иубыдыныр нагъыщэ щIагъуэкъым.

Дыгъэр иубыду щIедзэ.

К ъ ы д е н. Ача, Ача, иджыпсту благъуэм дыгъэр жьэдилъэфэнущ!

А ч а н. Пэжщ, щІидзакІэщ. ЛаІилахьэ Іилалэхь! ЛаІилахьэ Іилалэхь!

К ъ ы д е н, цы топыр ІэщІэхуу, къыщолъэт.
ИтІанэ А ч а н зыкъуегъапщкІуэри, шынауэ уафэм доплъей.

К ъ ы д е н. Еууей-еууей, сыт иджы дэ тщІэжынур?

А ч а н. «ЛаІилахьэ Іилалэхь!» жыІэ.

К ъ ы д е н. ЛаІилахьэ Іилалэхьу! ЛаІилахьэ Іилалэхь! ЛаІилахьэ Іилалэхьу! ЛаІилахьэ Іилалэхь!

Сценэр кІыфІ мэхъу.
Щэнауэурэ кІуэ ныбжьитІ къыхолъагъукІ кІыфІыгъэм. ТІуми хьэлъэфІ яІыгъыщ.
Сценэр къонэхуж.

К ъ ы д е н. Плъэгъуа, Ача?

А ч а н. Сыт слъагъунур?

К ъ ы д е н. Марорэ Теборэ. Моуэ блэкІа къудейщ ахэр. Хьэлъэ гуэр яІыгъыу... ерагъкІэ кІуэф къудейхэу...

А ч а н. Ди Тхьэ, си бынхэм гущІэгъу къахуэщІ.

К ъ ы д е н. Назифа щІалъхьа нэужь, уэ Марорэ Теборэ дэпхуауэ, жаІэ... Маро Іейуэ гъащ, жаІэ. Абы и пхъур сэ къызитынут, Ача. Ауэ уэ ар дэпхуащ. *(ТэлайкІэ мэщымри.)* Иджы уи закъуэпцІийуэ укъэнащ, Ача. Иджы тІуми ди закъуэпцІийщ.

А ч а н. Къыден тхьэмыщкІэ. *(ТэлайкІэ мэщымри.)* Бийсохэ я пхъум уэ фІы дыдэу укъилъагъуурт, Къыден.

К ъ ы д е н. Пэжщ, зыгуэр къызимыту зэи сыдигъэкІыжыртэкъым.

А ч а н. НакІуэ, и кхъащхьэм дыкІуэнщ.

К ъ ы д е н. НакІуэ.

ЙокІхэр.
Іупхъуэр зэхуащІ.

## ЕТХУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Іупхъуэр зэІуах.

Бжьыхьэ щІыІэ махуэщ. Жыгхэм тхьэмпэхэр къапохуж. Иужьрей мазитІщым куэдкІэ нэхъ жьыфэ къызытеуа А ч а н, хуабэу хуэпауэ, унэм къыщІокІ. Абы пасэрей пхъуантэшхуэ иІыгъщ. Пхъуантэр стІолым трегъэувэри унэм щІохьэж. Куэд мыщІэу къыщІокІыж, и адэ-анэр, езы А ч а н р э Н а з и ф а р э зэгъусэу, Т е б о р э М а р о р э, А х ы л р э А й г у л р э къызэрыщ сурэтхэр иІыгъыу. Псоми гъуэрыгъуэурэ Іэ ядилъэм, я цІэхэр ину жиІэурэ пхъуантэм делъхьэ.

А ч а н. Си адэмрэ си анэмрэ... Фэ фи гъащІэ псом къэралым фыхуэлэжьащ... Алыхьым жэнэтыр увыІэпІэ фхуищІ... Назифа... УнасыпыфІэщ уэ, уэри уи псэр дуней нэхъыфІым щызэгъэжащ... Сэ, мис, сыкъэнащи, мыщэ щхьэзакъуэу къэсхущыхьу дунейм сыкъытенащ... Си бын насыпыншэхэ... Сыт хуэдизу зывэдмыгъэлІэлІами, цІыхуфІ къыфхэтщІыкІын тхузэфІэкІакъым... Си къуэрылъху, пхъурылъху

цIыкIухэ: си вагъуэ лыдитI, си дамитI, си гурыфIыгъуитI. Алыхьым гъуэгу захуэ фытригъэувэ.

А ч а н аргуэру унэм щIохьэжри, нэмэзлыкъыр къыщIех, зэкIуэцIелъхьэри, пхъуантэм делъхьэ. Абы и щIыIум КъурIэныр трелъхьэж. Унэ щIыбагъымкIэ йокIуэкI, щIы Iэмыщ Iэ къехь, бэлъто кум кIуэцIешыхьри, ари пхъуантэм делъхьэ. ИтIанэ къещтэ и адэм и щIэину къыхуэна башыр.

А ч а н *(башым Iэ делъэ)*. Си адэм и башыжь... Абы сэ гъуэгум сыщигъэлъэпэрэпэнкъым.

Машинэ макъ къоIу. А й г у л р э А х ы л р э къохьэ.

А ч а н. ФыкъэсакIэ?
А й г у л *(нэщхъейуэ)*. Дыкъэсащ, дадэ.
А х ы л *(нэщхъейуэ)*. Ухьэзыр?
А ч а н. Сыхьэзырщ, си щIалэ цIыкIу.
А х ы л. ФынакIуэ-тIэ, дежьэнщ.
А ч а н. Фэ машинэм фыкъыщызэжьэ. Сэ си закъуэу иджыри тIэкIурэ сыщысыжыну сыхуейщ.

А х ы л р э А й г у л р э пхъуантэр къащтэри йокI.

А ч а н *(пхъэ дакъэжьым тотIысхьэ)*. Уэ унэ хьарзынэу ущытащ. УнэфIт, си адэм уищIауэ... Убгырыс унэт... ГъащIэм мащIэрэ игъэунэхуакъым уэри сэри ди бэшэчагъыр. Зэгуэрым, «укулакщ», жаIэщ, и мылъкур трахри, си адэшхуэр щIахугъащ мыбы. Хьэр здыщIащIэм ягъакIуэри, хъыбарыншэу бзэхащ. Си анэшхуэмрэ си адэ щIалэжь цIыкIумрэ Iэщым хуэдэу бэкхъым щIэсын хуей хъуахэщ... Я насыпти, цIыхуфI къахуэзэри, къадэIэпыкъуащ. Си адэр къелащ, балигъ хъури, унагъуэ иухуащ. ЗэрылэжьакIуэшхуэм и фIыгъэкIэ, колхозым абы къритыжащ и адэм и унэр. ИтIанэ зауэм щIидзэри, си адэр дэкIащ зауэм. Някъуэдыкъуэу къигъэзэжащ... АрщхьэкIэ аргуэру зы гузэвэгъуэ — лъэпкъыр хэкум ираху... щхьэхуимыту. Бэлыхьыр ятелъу, я щхьэр егухауэ псэуащ ахэр илъэс пщыкIущкIэ... Ауэ Алыхьым гущIэгъу къытхуищIащ, къэдгъэзэжри, укъэтщэхужащ. Хамэм я деж укъыщытщэхужащ... Дауэ мыхъуми, гуфIэгъуэр нэхъыбащ, гуауэм нэхърэ....

Тэлай докI.

ЩIыхур щIэпсэур и лъэужь дахэ къигъанэу мы дунейм ехыжыну аращ. Аращ гъащIэм купщIэ хуэхъужри. Сэри зэрыслъэкIкIэ сыхэтащ апхуэдэу сыпсэуну. Зэи шэч къытесхьакъым мы унэм сызэрыщылIэжынум. Арат ажалым сыщIыщымышынэри... Иджы сыщошынэ. *(Зэрыгъым и щыхьэту, и дамэхэр доуей.)* Си хьэдэр кIэзонэ унэм къыщIахыжынущ.

Щэхуу и нэпсыр щIелъэщIыкI.

Алий-ефэндым псомкIи сыгурыIуащ: кхъэм сэ сыщыщIалъхьэнущ си гъащIэ гъуэгуанэр къыздэзыкIуам и гъунэгъуу. Дауэдапщэм текIуэдэну ахъшэри абы естащ. Хабзэм тету къурIэнаджэр схуищIынщ, сыни схуигъэувыжынщ. АбыкIэ си гур зэгъат. НэгъуэщIщ иджы сызыгъэгузавэр — си бынхэращ. Я гуэныхьыр Алыхьым яхуимыгъэгъункIэ сошынэ.

Башыр зыщIигъакъуэурэ къотэдж.

*(Зэрыгъыр гурыIуэгъуэу, и дамэхэр доуей.)* Си унэжь, си унэ угъурлыжь, си гугъакъым мыпхуэдэу дызэIэпыкIыну. Уэри насыпыншэ усщIащи, къысхуэгъэгъу.

Къэрухэм я джэ макъ зэхехри, А ч а н и щхьэр къеIэт.

Фэри фи абгъуэхэр фобгынэ, ауэ фощIэ къызэрывгъэзэжынур... *(И гупсысэхэм блэкIа жыжьэм яхьыжу.)* Си сабиигъуэм лъапцIэрыщэу дапщэрэ сыныфкIэлъыжа, сылъаIуэу: «Къру пашэ, сэри фи гъусэу сыздэфшэ!» — си фIэщ хъурт хамэ щIыналъэ телъыджэхэм сыздашэну. «ХъумпIэцIэджым и кIуэдыжыгъуэм дамэ къытокIэ», жаIэ, ауэ сэ сыхъумпIэцIэджкъым, сэ — сыцIыхущ! Алыхьу зи гуащIэр ин, дамитI къызэт! СхузэфIэгъэкI зысIэту мы къуршыжьхэм я щхьэщыгу сыкъихьэну. Сэ сыщылIэну сыхуейкъым губжькIэ, гукъанэкIэ, гуауэкIэ гъэнщIа хьэуар щытепщэ кIэзонэ унэм. Сэ сыхуейщ къуршыбгъэм хуэдэу хьэуа къабзэм сыхэсыхьу си гъащIэр сухыну! Сэ — сыбгырысщ! Сэ сыхуейщ хуитыныгъэ! Уеблэмэ сыщылIэм дежи! *(И къарум хэщIурэ.)* Сыздэшэ сэри уи гъусэу, къру пашэ!

Къэрухэм я джэ макъыр хуэмурэ жыжьэ мэхъу.
Башыр зыщIигъакъуэурэ, А ч а н йокI. Зэман гуэркIэ сценэр нэщIщ, итIанэ Iэуэлъауэшхуэ ищIу унэр къоуэ. Сабэ зыкъызыIэтам ныбжь гуэр холъагъуэ. Ар К ъ ы д е н щ.

К ъ ы д е н *(бгыкъу къехуэхар иIэтыжыну хэту, гъыурэ)*. Ача! Ача, дэнэ уздэкIуэр?! Къэгъэзэж! Унэр къэдгъэIэтыж! Ача, къэгъэзэ-э-эж! *(Зэщыджэу магъ.)*

Iупхъуэр зэхуащI.

*ЗэзыдзэкIар* **УЭРЭЗЕЙ Афликщ**

# «СИ ЩХЬЭЦЫМ ХЭТЩ ИДЖЫРИ ФIЫЦIЭ, ИДЖЫРИ СИ ГУР ГУГЪЭМ ПЫЛЪЩ...»

*(УсакIуэ Бэлагъы Любэ илъэс 50 щрикъум ирихъэлIэу)*



БлэкIа лIэщIыгъуэм и кIэуххэм къыщыщIэдзауэ къэбэрдей литературэм бзылъхугъэ усакIуэ нэхъыбэ къыхыхьэу хуежьащ. Абы и щыхьэтщ зи гугъу тщIы лъэхъэнэм зи творчествэр зэфIэувауэ нобэкIэ лъэпкъ усыгъэм жыджэру хуэлажьэхэу Лыкъуэжь Нелли, Лъостэн Музэ, Бэлагъы Любэ, Къаныкъуэ Заринэ, Аброкъуэ Беллэ сымэ, апхуэдэуи XXI лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм литературэм къыхыхьауэ Гугъуэт Заремэ, Жамбэч Рабия, КъуэщIысокъуэ Марьянэ, Шорэ Маринэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Иджырей лъэхъэнэм литературэдж щIэныгъэлIхэмрэ критикхэмрэ «бзылъхугъэ (цIыхубз) усыгъэ» гурыIуэныгъэр къагъэсэбэп хъуащ. Литературэм и зы къуэпсу къыхэгъэщхьэхукIа мыхъуами, бзылъхугъэ усыгъэр и купщIэкIи и ухуэкIэ-гъэпсыкIэкIи цIыхухъу усыгъэм къыщхьэщокI. Бзылъхугъэхэм къагъэщIа усэхэр я бзэкIи, ящIэлъ гупсысэкIи нэхъ щабэу, псалъэ дыкъуакъуэхэм, къэпсэлъыгъуейхэм хуэхейуэ гъэпса хабзэщ. Бзылъхугъэ усыгъэм тхыдэ, жылагъуэ, политикэ Iуэхугъуэхэр къыщыхэщыр мащIэ дыдэрэщ. Абы нэхъыбэрэ лъабжьэ хуэхъур гурыщIэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэрщ – лъагъуныгъэрщ, гухэхъуэрщ е гухэщIырщ. Ауэ абы къикIыркъым бзылъхугъэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкI усэхэр псори зы къупхъэм къигъэжыкIауэ, зы жыпхъэкIэ хузауэ. Абы и щыхьэтщ зи хъэтIрэ дуней еплъыкIэ гъэщIэгъуэнрэ къэзыгъэщIыжа Бэлагъы Любэ и творчествэр. Ар – усакIуэщ, кинорежиссёрщ, филологие щIэныгъэхэм я докторщ, литературэджщ.

Бэлагъы Любэ Хьэзрэталий и пхъур 1968 гъэм февралым и 7-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Къармэхьэблэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие къудамэм щеджащ, М. В. Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Мэзкуу дэт къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетыр къиухащ. Абы иужькIэ илъэс зыбжанэм къриубыдэу и кандидат (1994), доктор (2008) диссертацэхэр пхигъэкIащ.

Бэлагъы Л. сабий ныбжьым зэритрэ усэ етх. Абы и тхыгъэхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи, апхуэдэуи нэгъуэщI бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ (хьэрыпыбзэ, инджылызыбзэ) зэдзэкIауэ дунейм къытехьащ. И IэдакъэщIэкIхэм я фIагъыр къалъытэри, 1997 гъэм тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я Дунейпсо саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

УсакIуэм «Къудамэ закъуэ» зыфIища и япэ тхылъыр 1991 гъэм къыдэкIащ. Абы къыкIэлъыкIуащ «Мывэ сэрей» (1997), «Дыгъэм и

гъуэгу» (2000), «Молюсь я на адыгском языке» (2002), «Гуащэнэ» (2005), «ГъэунэхупIэ» (2008) тхылъхэр. Апхуэдэуи Бэлагъым и IэдакъэщIэкI усэ гуп «Къэбэрдей усэм и антологием» (2008) хыхьащ.

2009 гъэм Мэзкуу къыщыдэкIащ Любэ и доктор диссертацэр лъабжьэ зыхуэхъуа «Адыгская литературная диаспора. История. Этнокультурная идентичность. Поэзия» монографиер. 2000–2003 гъэхэм «ЩIэплъыпIэ» зыфIища литературэ альманахыр бзищкIэ (къэбэрдей-шэрджэсыбзэ, урысыбзэ, инджылызыбзэ) къыдигъэкIащ.

И щхьэгъусэ Къандур Мухьэдинрэ и щIалитIымрэ я гъусэу Бэлагъы Любэ нобэкIэ хамэ къэрал – Инджылызым – щопсэу, ауэ зыхуэусэр и адэжь лъахэрщ, зэрытхэр и анэдэлъхубзэрщ, зыгъэпIейтейр, и тхыгъэхэм къыщиIэт гупсысэхэр зэхьэлIар адыгэм и тхыдэрщ, фIыкIэ зыхуэхъуапсэ лъэпкъым и къэкIуэну дахэрщ.

* * *

Бэлагъы Любэ и усэхэм нэхъыбэрэ къапкърыщыр хэкупсэ мотивхэрщ, апхуэдэу щIыщытми щхьэусыгъуитI иIэщ. Япэ щхьэусыгъуэр зэхьэлIар дэтхэнэ усакIуэ псэ пIащIэми хуэдэу, абы и хэкури, щалъхуа щIыналъэри, и лъэпкъри фIыуэ зэрилъагъурщ. ЕтIуанэр – и сабиигъуэр щигъэкIуа жылэжьымрэ и адэжь лъахэмрэ япэIэщIэу хамэ щIыпIэ зэрыщыпсэурщ, зыщалъхуа Къармэхьэблэ къуажэм зэрыхуэзэшырщ. Дэнэ щIыпIэ щымыIами, щымыпсэуами, Бэлагъыр и адэ лъапсэжьым гу къуэпскIэ епхащ. Ар щынэрылъагъущ абы и усэ куэдым, псом хуэмыдэжуи «Си Къармэхьэблэ...» зыфIища усэм:



*Сэ куэдрэ, куэдрэ уэ сынопсалъэ,*
*Сэ жэщкIэрэ жэщкIэрэ уэ сынопщIыхь,*
*Мы дунеишхуэм теттмэ зы налъэ,*
*Ныпхуихьыфыну хъыбар – ар сIурылъщ.*
**(«Си Къармэхьэблэ...»)**

Усэм и къыкIэлъыкIуэ едзыгъуэм деж усакIуэм хэкур, зыщалъхуа и къуажэжьым и образыр гум и пщтырагъымкIэ икIи и къабзагъымкIэ къегъэлъагъуэ, зэгъэпщэныгъэ нэрымылъагъукIэ щIэгъэбыдауэ. УсакIуэр и хэкумрэ и жылэжьымрэ сыти хуэхъуфынущ, уеблэмэ и гъащIэри щхьэузыхь хуищIыну хьэзырщ:

*Уэ сурибынщ.*
*Суришыпхъущ.*
*Сурианэщ.*
*Сурищыуагъэщ, икIи сурипэжщ.*
*Уэ Уи сурэтыр си гум и джанэщ,*
*Уэ Уи къабзагъэр си нэм и нэпсщ.*
**(«Си Къармэхьэблэ...»)**

Зыужьыныгъэ зыгъуэтахэм ящыщщ Бэлагъым и лъагъуныгъэ, философие лирикэ лIэужьыгъуэхэри. Абы щыгъуэми зы усэм и кIуэцIкIэ ахэр щызэхэшыпсыхьа щапхъэхэр Любэ и усыгъэм щымащIэкъым. Апхуэдэщ «КъытещхьакIэщ нэху...», «Дауэ узимыIэу сыпсэуа?..», «Тхьэм

сыпхуолъэIу...», «Лъагъуныгъэ гугъу...», «Уезэшащ...», «Къыумыщ1 си жагъуэ...», нэгъуэщI куэди.

«Тхьэм сыпхуолъэIу...» усэм гурыщIэ къабзи, гуапагъи, лъэпкъ зэхэщIыкIкIэ псыхьа дуней лъагъукIи къыхощ. Усэм хэлъ гурыщIэр зэрыкуур, зэрыкъабзэр наIуэми, ар анэм и лъагъуныгъэм щригъапщэкIэ, усакIуэм тхыгъэм и купщIэр нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ щIэджыкIакIуэм зыхрегъэщIэф, апхуэдэ гупсысэ щIэщыгъуэр гукъинэжи щещI:

*Сыпхуогузавэ анэм хуэдэу,*
*БгъэщIагъуэрэ? – Тхьэм сыпхуолъэIу...*
*СыбдэщIыгъунуи щумыдэм,*
*Узыншэ закъуэ, ар схурокъу...*
**(«Тхьэм сыпхуолъэIу...»)**

Бэлагъы Л. лиро-эпикэ жанрми зэрыхуэIэрыхуэм и щыхьэтщ «Сэтэней» поэмэр. Ар 1999 гъэм и август мазэм Иорданием и къалащхьэ Амман щитхащ, 2000 гъэм Налшык къыщыдэкIа «Дыгъэм и гъуэгу» сборникым иту дунейм къытехьащ.

Жыжьэу гъащIэм пхыплърэ блэкIари къэкIуэнури кууурэ зэзыгъэзахуэ усакIуэу зыкъыщигъэлъэгъуащ Бэлагъы Любэ и «Сэтэней» поэмэм. Адыгэм и блэкIар тхыдэми нарт хъыбархэми къыхэщыж лIыхъужьхэм я образымкIэ пэжагъ хэлъу къиIуэтащ усакIуэм.

«Сэтэней» поэмэм философие гупсысэу щIэлъыр ин дыдэщ икIи куущ. Пасэрей адыгэр гъэпцIагъэрэ залымыгъэкIэ хэкум зэрырашар, ар илъэсищэм щIигъукIэ джатэ къихакIэ бийм зэрыпэщIэтар, и щIыналъэр, и бзэр, и хабзэр, и лIыгъэр имыгъэкIуэдын папщIэ зыхэта хьэзабыр гъунапкъэншэщ. АтIэ хэту е сыту пIэрэ а хьэзаб псори къытхуэзыхьар?! Хэт абыкIэ къуаншэр?! Бэлагъы Л. къызэрилъытэмкIэ, адыгэхэр зэтраукIэми, я хэкур ябгынэн хуеякъым: 

*Уи щIыналъэм щыIэт-тIэ нэхъ лъапIэ?*
*УаукIыпэми, сыт ущIикIар?*
*И бын уардэр – и адыгэ напэр*
*Дауэ и Хэку-анэм епцIыжа?*
**(«Сэтэней»)**

«Сэтэней» поэмэм персонаж зыбжанэ къыхощ: *Сэтэней Гуащэ – Нобэрей Сэтэнейрэ Пасэрей Сэтэнейрэ,* абы нэмыщI *Тхъэ-Адэу Iуащхьэмахуэ, ЩIыгу-Анэр.* Ахэр мифологием къыхэкIауэ, Тхьэ пэлъытэу уи нэгу къыщIоувэ. Персонажхэм тхыгъэм и кIуэцIкIэ лэжьыгъэ гуэри щагъэзащIэркъым, езыхэми, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, зыужьыныгъэ ягъуэту плъагъуркъым. Поэмэм гъэщIэгъуэнагъыу хэлъыр усакIуэм тхыдэри, нарт хъыбархэри, мифологиери зэхэухуэнауэ ди пащхьэ къызэрырилъхьэрщ, абыкIи адыгэ лъэпкъым и блэкIар художественнэ гъэпсыкIэ иIэу къызэригъэлъэгъуэжырщ. Ауэ гу лъытапхъэщ тхыгъэм щIэлъ гупсысэр языныкъуэхэм деж дыкъуакъуэу, нэмыгъэсауэ, мыгурыIуэгъуэу зэрыщытым. Зэм пфIощI усакIуэм и поэмэм лъабжьэ хуищIар лъагъуныгъэр, ар зищIысыр, къыздикIыр, абы и къарур къэхутэныр арауэ икIи абы поэмэм щIыпIэшхуэ щеубыд:

*Сыт лъагъуныгъэр –*
*Тхьэм и Гугъэу щIым къизэрыхьа?*
*ЦIыхур пэлъэщыркъым, цIыхуу сыкъигъэщIащ...*
*Тхьэ – Лъагъуныгъэр?*
**(«Сэтэней»)**

Зы лъэныкъуэкIэ, авторым и гугъу ещI адыгэ хабзэм, лIыгъэм, нэмысым, Iущыгъэм и мыхьэнэм, адрей лъэныкъуэкIэ истамбылакIуэм и щхьэусыгъуэхэр къитIэщIыну яужь йохьэ. Абы щыгъуэми, а Iуэхугъуэхэм я зэхуаку зэпыщIэныгъэ быдэ дэлъу къэгъэлъэгъуакъым. КъищынэмыщIауи, тхыгъэм сюжет гуэри хэплъагъуэркъым. Поэмэм и кIыхьагъкIэ щыпхрышар усакIуэм и бзэр, и лъэпкъ хабзэхэр хамэщIым щыкъуалъхьэжынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм кърит гурыгъухэрщ.

Зи гугъу тщIы поэмэм зэ зы персонажым, зэм адрейм лъэпкъым и блэкIам е и къэкIуэнум теухуауэ яIэ гупсысэхэр, Iуэху еплъыкIэр къыщыжаIэ фIэкIа, дэтхэнэ зы художественнэ тхыгъэми хэлъын хуейуэ къэтлъытэ «псэр» – «лэжьыгъэр» («действие» жыхуэтIэр), гъащIэр и пIэм зэримытыр, ар ипэкIэ зэрыкIуатэр абы хэтлъагъуэркъым, Тхьэ-Адэу Iуащхьэмахуэрэ ЩIыгу-Анэмрэ зэгуакIуэу абыхэм пхъу – Сэтэней Гуащэ – зэрагъуэтар Iуэхум къыхыумылъытэмэ. А псом тхыгъэм и сюжетыр къызэрыгуэкI ящI, абы гупсысэ куу щIэлъ пэтми. Ауэ, абы емылъытауи, «Сэтэней» поэмэм укъыщеджэкIэ хуабагъэ гуэр къыпкърыкIыу, хамэ къэралхэм щезэша адыгэпсэ Iуту зыхыбощIэ. УсакIуэм и тхыгъэм щызэбгъэдихыркъым «бзэ» – «псэ», «адыгэ» – «дыгъэ», «Тхьэ» – «Iуащхьэмахуэ» – «махуэ» псалъэхэр, языныкъуэ щIыпIэхэм дежи поэмэм, цIыху зырызыххэхэм нэхъ мыхъумэ, нэгъуэщIым зыхимыщIэфын щIагъыбзэ куу щIэлъу урохьэлIэ. Псалъэм папщIэ, усакIуэм мыпхуэдэу етх:

*Сэтэней Гуащэ лъэхъэнэхэм пхокI*
*ГуIэу и гущIэхэр зэлъэу,*
*Iуащхьэмахуэ и хуабэр зыхищIэ фIэкI,*
*Зэхихыркъым ауи зы псалъэ...*
**(«Сэтэней»)**

Зы лъэныкъуэкIэ уегупсысмэ, мылгъурыджейуэ жа Iуащхьэмахуэ и хуабэр зэрызыхэпщIэнур, а хуабэр къыздикIынур гурыIуэгъуэкъым, ауэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, ар авторым псэм пищI и лъэпкъым, и Хэкум и тхьэмадэщ, абы плъыр сакъыу щхьэщытщ, адэ пэлъытэщ, – аращ абы и хуабагъэр Сэтэней Гуащэ щIызыхищIэр. Ещанэ лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ, Iуащхьэмахуэ и щIыIур мылгъурджейми, абы и кIуэцIыр къибыргъукIын къудейуэ мафIэ лыгъэщ («спящий вулкан» цIэр теIукIащ), абы хуабагъэ къыпкърыкIынри зыхуэIуа щыIэкъым. Мис апхуэдэ философие гупсысэ куухэм усакIуэр мащIэу «дашэхащ», арауи къыщIэкIынущ поэмэм и сюжетыр, композицэр, образхэр нэсу зэфIэмыувэныр къэзышар.

«Сэтэней» поэмэм сыт хуэдэ ныкъусаныгъэ хэмылъами, абы щынэхъыщхьэу къыхэгъэщхьэхукIыпхъэр истамбылакIуэ Iуэхугъуэр къэгъэлъэгъуэжа зэрыхъуарщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Бэлагъы Любэ и поэмэр къехъулIауэ къэплъытэ хъунущ. Зи гугъу тщIы тхыгъэм

истамбылакIуэр IупщIу къыхощыж. УсакIуэм зэрыжиIэмкIэ, а зэманым

*Лъы нэпс къыщIэткIуат и нэм ди Анэм,*
*ЩIыгу тхъэIухуд адыгэщIыр лъыпст...*
*Адыгэ фащэр, бгырыпхыр, къамэр,*
*ЦIыхугъэншагъэ псэущхъэм и Iуст.*
**(«Сэтэней»)**

ИстамбылакIуэм теухуауэ къэбэрдей-шэрджэс эпикэ усыгъэм къыхэщыж тхыгъэ псоми къащхьэщыкIыу, Бэлагъым и поэмэм зы щIэщыгъуагъ хэлъщ. Адыгэ усыгъэм хабзэ зэрыщыхъуауэ, зи гугъу тщIы темэм тетхыхьа усакIуэ куэдым Кавказ зауэжьым къыдэкIуа насыпыншагъэр къыщагъэлъэгъуэжкIэ нэхъыбэрэ тегъэщIапIэ ящIыр зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ сабийхэмрэ ятелъа хьэзаб мыухыжхэрщ, ахэр къетхэкIыжынырщ. Абыхэм къащхьэщыкIыу, Бэлагъы Любэ истамбылакIуэм и Iэужь бзаджэхэр къызэригъэлъэгъуэжыр адыгэ пщащэхэм я натIэ хъуа псэукIэ гугъусыгъурщ. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ: дауикI, усакIуэм нэхъ пэгъунэгъущ икIи нэхъ кууэ зыхещIэ бзылъхугъэм и псэ зэхэлъыкIэр, и дуней лъагъукIэр. «Сэтэней» поэмэм къызэрыхэщыжымкIэ, адыгэ пщащэхэр Кавказ зауэжьым зыIуигъэува IэнатIэр тынштэкъым:

*Адыгэ пщащэ – адыгэ напщIэ,*
*ПагапIэу адыгэм и щхьэм тельар,*
*Пуду ищэжырт, хуэдэу хьэпшыпым,*
*Шхыныншэу мылIэн щхьэ къызэтенар...*
*Сэтэней Гуащэ къытекIа пщащэхэр*
*СультIан тегъэуууэ къагъэнэжат...*
*Пщэдей зимыIэм и гъащIэ щащэр,*
*Жьым Босфорыжьым трипхъэжат...*
**(«Сэтэней»)**



Сыт хуэдиз адыгэм Хэкур ябгына?! Сыт щIабгынар?! Сытым иригулIа ахэр апхуэдэ насыпыншагъэм?! Хэт япэу ежьар?! Хэт бгъэкъуэншэнур?! Апхуэдэ упщIэ жэуапыншэ куэд къоув лъэпкъ тхыдэм ущриплъэжкIэ. Бжьыхьэ жыгым пыщэщыжу жьыбгъэм зэбгриха тхьэмпэхэм ещхьу, дуней псом тепхъа хъуащ адыгэхэр. Адэжь щIыналъэм пэIэщIэу псэухэм дуней мылъкур яIэми, я къуэпсхэр къыщежьэ, я адэшхуэ-анэшхуэхэр щыпсэуа Кавказым я гур къыхуоIэ, ауэ къагъэзэжыну къызэхъулIэхэр зырызыххэщ.

Тхыдэм и пэжыр зэрыпхуэмыхъуэжынур хьэкъщ, ауэ блэкIа Iуэхугъуэхэм я пэжыпIэр зэфIэгъэувэжыпхъэщ икIи, щIэныгъэр и лъабжьэу джыжыным къыдэкIуэуи, художественнэ дуней лъагъукIэм щIэгъэкIыпхъэщ – псэкIэ зыхэщIапхъэщ. А къалэнхэр гъэзэщIа щыхъуащ къэбэрдей литературэм щыщ тхыгъэ зыбжанэм – Шортэн Аскэрбий и «ИгъащIэкIэ» (1957) пьесэм, Къэшэж Иннэ и «Лъэпкъ къуэпсхэм хуэгъэзауэ» («Лицом к истоку») поэмэм, Бэлагъы Любэ и «Гуащэнэ» роман-поэмэм. Мыбыхэм псоми къызэщIаубыдэр тхыдэм и зы Iыхьэ щхьэхуэщ, зы Iуэхугъуэ хэхащ – Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ зэрызэгухьарщ.

Бэлагъы Л. и усыгъэм ищхьэкIэ зи гугъу тщIа бзылъхугъэ усыгъэм и нэщэнэ нэхъыщхьэу щыт гумащIагъ-щабагъэмрэ адыгэм къикIуа гъуэгуанэр къэтIэщIыжын, лъэпкъ тхыдэр джыжын Iуэхугъуэмрэ щызэхэухуэнащ. Псом хуэмыдэу абы и щыхьэт наIуэщ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа «Сэтэней» поэмэр, «Гуащэнэ» роман-поэмэр. Иужьрей тхыгъэр къэбэрдей-шэрджэсыбзэкIи урысыбзэкIи («Царская любовь» фIэщыгъэм щIэту) дунейм къытехьащ.

Иджырей лъэхъэнэм упщIэ куэд къоув Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ XVI лIэщIыгъуэм зэраухылIа зэгурыIуэныгъэмрэ зэрызэгухьа щIыкIэмрэ ехьэлIауэ, щIэныгъэлIхэри, тхыдэджхэри, нэгъуэщI IэщIагъэ ирилажьэ цIыху куэди иризэдауэу къокIуэкI. Дауэ мыхъуами, нобэкIэ а зэгухьэныгъэм илъэс 460-рэ и ныбжьщ. Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Дзэмыхь Къасболэт зэритхымкIэ, Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, а тIум языхэзри адрейм и лъэгущIэтын хъуакъым, уеблэмэ, Урысейр Къэбэрдейм дэIэпыкъуэгъу, дамэгъу («союзник») къыхуэхъуащ, Къэбэрдейм и цIыху щэджащэ куэди Урысейм псэемыблэжу хуэлэжьащ, яхуэфэщэн къулыкъуи щрахьэкIащ.

Тхыдэр сыт хуэдэу къемыкIуэкIами, абы зэхъуэкIыныгъэ пхухэлъхьэнукъым, тхыдэтегъэри Iуэху щхьэпэкъым. Аращ «Гуащэнэ» роман-поэмэм щыпхрыша гупсысэ нэхъыщхьэхэм языхэзым и щIагъыбзэр:

*Нэхъ къару къыхилъхьакъэ Тхьэшхуэми*
*Тхыдэм?! Бгъэсми сыкъым, пхуэукIкъым,*
*Пэжыр Нэхуу къыплъохъэ нэхущым,*
*Тхыдэм лъэпкъхэр нэхъ лъэщкIэ зэхидзкъым.*
**(«Гуащэнэ»)**



И фIэщыгъэ къудеймкIи зэрынаIуэщи, тхыгъэм лъабжьэ хуэхъуар къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) и образыр къэгъэлъэгъуэжыныр щ. А къалэнырщ роман-поэмэм щынэхъыщхьэр. Абы къыхэщыж тхыдэ къэхъугъэхэри, персонаж цIэрыIуэхэри, къигъэлъэгъуэж лъэхъэнэри усакIуэм къызэригъэсэбэпыр Гуащэнэ и образыр зэрызэфIигъэувэж Iэмал-Iэмэпсымэхэущ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, тхыгъэр зытеухуар Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ зэрызэгухьар, абы фIагъIеягъыу кърикIуахэр зэхэгъэщхьэхукIыныр, тхыдэ персонажхэу абы къыхэщыжхэр хейрэ мысэу гуэшыныр аракъым, атIэ Гуащэнэ и теплъэри, хьэл-щэнри, гъащIэ гъуэгуанэри, IуэхуфIу зэрихьахэри къызыпкърыщыж образ нэс къэгъэщIынырщ.

Бэлагъы Л. и интервьюхэм, къэпсэлъэныгъэхэм мызэ-мытIэу къызэрыхигъэщащи, Гуащэнэ и хъыбарыр тхыжыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар ар и лъэпкъэгъуу е тхыдэм зи цIэр хэтха хъуа цIыху цIэрыIуэу зэрыщытар аракъым, атIэ усакIуэм нэхъыбэу зытригъэщIар адыгэ пщащэ ныбжьыщIэ дыдэм и пщэ къыдэхуа къалэнхэм зэрахуэпэжарщ, зэригъэзэщIэфарщ. Абы къыдэкIуэу ар теплъэкIэ тхьэIухудт, и хьэлщэнкIэ, бзылъхугъэм хуумыгъэфэщэну, хахуэт. А псори зи гугъу тщIы роман-поэмэм екIуу къыщыгъэлъэгъуэжащ:

*Хуэдэу щIалэм, псэ мышынэщ,*
*Пащтыхь Гуащэ фIэкI умыщIэу*

*Пагэщ... псэлъэрейкъым! Куущ*
*И гупсысэр укъигъащтэу...*
*<...>*
*– КIэ щымыгътэм, хъунут пашэ, –*
*ЖиIэу адэр мэIущащэ...*
**(«Гуащэнэ»)**

Гуащэнэ и Iущагъымрэ и хахуагъымрэ къэралымрэ пащтыхь Иуанымрэ я бий нэгъунэ ягъэщIагъуэрт. Псалъэм папщIэ, Юрьев лIакъуэм щыщ зы цIыхухъурэ щоджэн Макарийрэ я псалъэмакъым деж япэрейм мыр жеIэ:

*Бгырыс бзылъхугъэр и акъылкIэ Iущщ!*
*Марие игъэделэфам уащыщщ! ...*
*Абы плъэгъуакъым и шейтIан къикIауэ!*
*Шым я нэхъыфIым тесу къыдэкIауэ!*
*<...>*
*ЦIыхубзкъым ар! – ЗауэлI шууей лIыукIщ!*
**(«Гуащэнэ»)**

Апхуэдэ хьэл-щэн зэтеубыдам щIыгъужу Гуащэнэ дахагъэкIи Тхьэр къыхуэупсат, нэмыси хэлът. Иуанрэ Гуащэнэрэ щхьэгъусэ зэрызэхуэхъуар 1557 гъэм Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ зэраухылIа военно-политикэ зэгухьэныгъэм езыхьэлIи щыIэщ. Апхуэдэ еплъыкIэ зиIэхэр пхуэгъэкъуэншэнукъым, сыту жыпIэмэ пащтыхь Иуаным и япэ щхьэгъусэ Анастасие дунейм ехыжауэ, етIуанэу пащтыхь гуащэ хъуну бзылъхугъэ къыщыхуалъыхъуэм, абы и блыгущIэтхэм яжриIауэ щыташ и къэшэн Iуэхури къэрал Iуэхури зыр адреймкIэ сэбэп хъун хуэдэу зэтеухуэн зэрыхуейр:

*Ди пащтыхьыгъуэми къихьэну*
*ГуащэщIэу къысхуэвгъэфэщар*
*Сэ си гум, дауикI, ирихьынущ!*
*... Ауэ мы зыми фегупсыс:*
*Ди къэрал Iуэху зи къиинығъуэр*
*Хурехъу къалэным курыкупс,*
*Къыдгуэувэн къэрал къэфлъыхъуэ...*
**(«Гуащэнэ»)**

АрщхьэкIэ пащтыхьыр нурыр зи нэгу кърих адыгэ пщащэ тхьэIухудым щыIуплъэм, апхуэдизкIэ абы дихьэхати, игу къыщыуша гурыщIэхэр къэрал Iуэхум и щIыIу хъуащ:

*Иуан фIэдахэщ хабзи бзыпхъи,*
*Илъагъур псори дыгъэ бзыгъи!*
*– Къэрал унафэр – ар зы Iуэхут!*
*Мыр тхьэIухудщ, си Тхъэшхуэ, нэхущ!*
*Гупсысэ и гур зыгъэтхъар*
*Иджы унафэкIэ щIитхъащ.*
**(«Гуащэнэ»)**

Гуащэнэ и образыр щызэфIигъэувэжкIэ, Бэлагъым нэхъ зытригъащIэхэм ящыщщ пащтыхь гуащэм и гъащIэм и къекIуэкIыкIар, нэхъ пэжу жыпIэмэ, хамэ диным ихьа, хамэ лъэпкъым нысэ яхуэхъуу хамэ щIыпIэм щыпсэун хуей хъуа пщащэ ныбжьыщIэ дыдэм гугъуехьу и нэгу щIэкIар. Ар психологизм лъэщ хэлъу Гуащэнэ и монологыу Iыхьэ-Iыхьэурэ роман-поэмэм хэгуэшам къыщыгъэлъэгъуэжащ: *«ЩIыпIэ жыжьэжьым ущыIэу, / ЛIы пхъашэм убгъэдэсыныр / Уэ уимымафIэу хуэдэщ мафIэшхуэм уисыным, / Гур къриссыкIрэ уи псэ абы дэкIэкуакуэр / УфIэпсэкIуэду... / ИIэкъым... иIэкъым кIуапIэ!»*. Роман-поэмэм къызэрыхэщыжымкIэ, Гуащэнэ мылъкуи, пщIэи, щIыхьи щIэбэнакъым (*«Сэ пащтыхь лъапси къэслъыхъуакъым, / Чэщанэ хужьи сыхуэмейт, / А дыщэ таж къызагъэпщари / Пэхъунт си хэку и щIы хъурейм?»*), пащтыхь гуащэ хъунуи щIэхъуэпсакъым (*«Си натIэм сфIощI зыкъыхэбукIэ, / Пащтыхь Щхьэгъусэ сызыщI таж, / Банэ уэрдыхъу зи нэзыр лъыкIэ... / Зи хьэлъэр гущIэм сыну щыж...*). Дауэ и гъащIэр къемыкIуэкIами, адыгэ пщащэм игури и псэри и адэжь хэкум щыIащ, и лъэпкъым къыхуигъэфэща къалэн ин (Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ я зэкъуэтыныгъэр, зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэныр) и пщэ зэрыдэлъыр хамэ щIыпIэми щыIэщIэхуакъым.

Бэлагъы Л. и «Гуащэнэ» роман-поэмэм и фIагъхэм ящыщщ, япэрауэ, ар зэрытха жанрыр адыгэ литературэм щыщIэщыгъуэу зэрыщытыр, етIуанэрауэ, абы лъэхъэнэ щхьэхуэрэ (Иуан пащтыхьымрэ Гуащэнэрэ зэщхьэгъусэу здрахьэкIа илъэсийр – 1561–1568 гъгъ.) тхыдэ персонаж куэдрэ (Идар Темрыкъуэрэ абы и къуэхэмрэ (Черкасскэхэр), Иуан пащтыхьым къегъэзахэу Курбский Андрей, Мякинин Семён, Юрьев Данилэ, Вокшерин Фёдор, Бельский Иван, Макарий щоджэныр, пащтыхьым и япэ щхьэгъусэ Захарьинэ Анастасие и Iыхьлыхэр, н.) къызэрызэщIиубыдэр.

«Гуащэнэ» роман-поэмэм и гугъу пщIыми, Бэлагъы Любэ и творчествэр къызэщIэкъуауэ къапщтэми, адыгэм и дунеймрэ и тхыдэмрэ щызэхуэхьэсыжа зы тхылъышхуэу къэлъытапхъэщ. УсакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI хабзэ дахэхэр, уэркъыгъэр, хьэщIагъэр, лIыгъэр, нэмысыр, нэхъыжьхэм хуащI пщIэ лъагэр, адыгэм и гъащIэм щыщ нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди къыщыгъэлъэгъуэжащ.

Бэлагъы Любэ литературэм къыщыхыхьа лъэхъэнэм – и япэ усэ тхылъыр къыщыдэкIа 1991 гъэм – къыщыщIэдзауэ и творческэ гъуэгуанэм уриплъэжмэ, абы хузэфIэкIахэр куэдщ: и IэдакъэщIэкIхэр урысыбзэкIи инджылызыбзэкIи зэдзэкIауэ дунейм къытехьащ, жанр зэхуэмыдэхэр къигъэIэрыхуэн лъэкIащ, и усэ зыбжанэм макъамэ щIалъхьауэ уэрэду ягъэзащIэ. Зи зэчийм къуэпсыбэу зидза Бэлагъыр дяпэкIи и тхыгъэщIэхэмкIэ лъэпкъ тхылъеджэм зэрыхуэупсэфынум шэч хэлъкъым. А къалэн мытыншым зэрыпэлъэщын узыншагъэрэ гукъыдэжрэ иIэну ди гуапэщ!

**ХЬЭВЖОКЪУЭ** ***Людмилэ,***
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# ДАХАГЪЭР БЗЭ ЛЕЙ ХУЭНЫКЪУЭКЪЫМ



*Иджыблагъэ илъэс 90 ирикъуащ скульптор цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и художник, КъБР-м искусствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, республикэм и цIыхубэ сурэтыщI, «ЩIыхь Дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфэща ТхьэкIумашэ Михаил Хьэмид и къуэр. Ди республикэм и мызакъуэу, и лэжьыгъэфIхэмкIэ къэралым и щIыналъэ куэдым къыщацIыхуа скульптор щэджащэр ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, къэралым и монументальнэ искусствэм, художественнэ культурэм я лъабжьэр зыгъэтIылъахэм.*

Пасэ дыдэу, сабийуэ, искусствэм гу хуищIат ТхьэкIумашэм. Ар абы дезыгъэхьэхар къыщалъхуа Борыкъуей (иджы Арыкъ) къуажэм дэт курыт еджапIэм егъэджакIуэу щылэжьа и адэ Хьэмидщ. Ар набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъырт и щIалэм и къэрэндащыпэм къыщIэкI сурэтхэм, теплъэгъуэ дахэ цIыкIухэм. Сабийм и нэгу щIэкI дэтхэнэ Iуэхугъуэри тхылъымпIэм къыщигъэлъэгъуэну хэтт.

Япэ, етIуанэ классхэм щыщIэсым, сурэтхэм еплъурэ абыхэм трищIыкIыжу щIидзащ. А хъыбарыр школым щызэлъащIыса нэужь, блын газет гъэхьэзырын хуей хъуми, зыгуэр ягъэщIэрэщIэнуми Михаил и пщэ къралъхьэу щIадзэ. Абы и зэчийм адэкIи зрагъэужьын папщIэ, Налшык дэт Сабий творчествэмкIэ унэм и художественнэ студием и унафэщI, сурэтыщI икIи скулыптор Iэзэ Гусаченкэ Николай щIалэ цIыкIум дагъэлэжьащ. ЕгъэджакIуэм езыр зыхуэIэкIуэлъакIуэ Iэмалхэм я щэхухэм ныбжьыщIэр хигъэгъуэзащ. Михаил школыр къиуха нэужь, Дон Iус Ростов щыIэ художественнэ училищэм щеджэну мурад ищIащ. И анэм нэмэз ищIырти, и къуэм къыхиха сурэтыщI IэщIагъэмкIэ мыарэзыуэ гъырт: «Муслъымэн динымкIэ сурэт пщIыну къезэгъыркъым, къемэт махуэм зи сурэт пщIауэ хъуар къодэуэжынущ» жиIэурэ. Ауэ и адэр (пащтыхьым и зэманым Мэхъэчкъалэ диным щыхуеджауэ хьэрыпыбзэр ищIэ пэтми) арэзыт. Абы и щхьэгъусэм мыпхуэдэу пидзыжащ: «Сэ къурIэн седжащ, ар сощIэ, абы гуэныхьу къихьыну хъуар сэ къызощтэ…».

Апхуэдэу, и адэмрэ а зэманым ВЛКСМ-м и Тэрч райкомым и япэ секретару лэжьа и адэ къуэш СулътIанрэ я фIыгъэкIэ ар 1948 гъэм щIэтIысхьащ Дон Iус Ростов къалэм дэт художественнэ училищэм. Абы щыщIедзэри, жыджэру зрет скулыптурэхэр щIыным. ЗэфIэкI зыбгъэдэлъ, къыхиха IэщIагъэм хуэнэхъуеиншэ Михаил сурэт щIыным и щэхухэм училищэм щыхуригъэджащ сурэтыщI Iэзэ Жовмед Иван. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, ар кIуэ пэтми нэхъри нэхъ хуэIэрыхуэ хъурт сурэт, скулыптурэ щIыным. Гъэмахуэ, щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэман-

хэм къыщыкIуэжкIэ, Налшык къалэм дэт сабий гъэсапIэхэр, курыт еджапIэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр зэрагъэщIэрэщIэну скульптурэхэр ищIырт. Ахъшэ хъарзынэ къыпэкIуэрт. Ахэр студентым щхьэпэ къыхуэхъурт. Михаил и IэдакъэщIэкIхэм сурэт трахырти, еджапIэхэм щекIуэкI выставкэхэм хагъэхьэрт. Езы скульптурэхэмрэ сурэтхэмрэ фондхэм щахъумэну къыIахырт.

Училищэр къиуха нэужь, и егъэджакIуэхэм я чэнджэщкIэ, ТхьэкIумашэм и щIэныгъэм адэкIи хигъэхъуэну, Репиным и цIэр зэрихьэу Ленинград къалэм (иджы Санкт-Петербург) дэт художественнэ институтым щIотIысхьэ.

ЕджапIэр фIы дыдэу къеухри, Михаил Налшык къегъэзэж икIи республикэм и Художественнэ фондым щылэжьэну ягъакIуэ. Художник щIалэм къалэн къыщащI къалэ паркым ирагъэувэн скульптурэхэмрэ фонтанхэмрэ ищIыну. Ахэр фIы дыдэу къызэрехъулIам щыхьэт тохъуэ а лэжьыгъэхэм траха сурэтхэр зэгуэр къэралышхуэу щытам и щIыналъэ куэдым къыщызэрагъэпэщ выставкэхэм ягъэхьу зэрыхуежьамрэ и IэдакъэщIэкIхэр щIэх дыдэ цIэрыIуэ зэрыхъуамрэ. Къэралым пщэрылъ къыхуищI лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, ТхьэкIумашэр езыр-езыру елэжьырт нэгъуэщI скульптурэхэми. Ахэр ди республикэм щекIуэкI выставкэхэм щагъэлъагъуэрт. Япэ дыдэу, 1954 гъэм, екIуэкIам и утыку абы кърихьащ и анэм и сурэтыр. Ар куэдым гунэс ящыхъуауэ щытащ.





115-нэ шуудзэм хэту Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ.

И лэжьыгъэхэм къыхахри, Шэджэм укъыщикIкIэ, Налшык къыдэлъэдапIэм деж, 2005 гъэм щагъэуващ 115-нэ шуудзэм хэту Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ скульптурэр. Абы къыкIэлъыкIуащ ХьэтIохъущокъуэм и хадэм и ихьэпIэм деж щыт Къалмыкъ БетIал, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и гупэм щыт ЩоджэнцIыкIу Алий, Профсоюзхэм културэмкIэ я унэм и утыкум и бгъум щагъэува Кулиев Къайсын, къалэ администрацэм и гупэм къит КIыщокъуэ Алим сымэ я скульптурэ фэеплъхэр. КъищынэмыщIауэ, Аргудан, Зэрэгъыж, Псыгуэнсу, Шэджэм ЕтIуанэ, нэгъуэщI къуажэ куэдми дэтщ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм яхуищIа фэеплъхэр. ТхьэкIумашэ Михаил и Iэдакъэ къыщIэкIа скульптурэхэм, бюстхэм ди щIыналъэм и мызакъуэу, къэралым и щIыпIэ куэдым пщIэшхуэ щагъуэтащ. Абы ищIащ литературэм, щIэныгъэм, културэм, искусствэм зи цIэр къыхэнахэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, политикхэм, мэкъумэшыщIэхэм, Iэщыхъуэхэм, 115-нэ шу дивизэм щыщу зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъхэр. Республикэм

и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ нэмыщI, а лэжьыгъэхэр щахъумэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм и щIыпIэ куэдым щыIэ музейхэм. 1960 гъэм ар Урысейм и выставкэ комитетым, СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ.

И лэжьыгъэхэм яужь ихьэн и пэ къихуэу, Михаил ахэр щагъэувыну щIыпIэр зригъащIэрт, и гупэр здэгъэзэн хуей лъэныкъуэр иубзыхурт, итIанэт зэрыухуэн хуейм, – щыту е щысу, – щегупсысыр. И щхьэм къихьа лэжьыгъэр япэщIыкIэ тхылъымпIэ напэм трищIыхьырт е пластилиным къыхищIыкIырт. ИтIанэ ар сантиметр 70-80 хуэдиз хъууэ игъэхьэзырти, Художественнэ советым хэтхэм я пащхьэм ирилъхьэрт. Абы хэтхэм ныкъусаныгъэ гуэр иIэу къалъытэмэ, игъэзэкIуэжырт. Худсоветым лэжьыгъэр къищта нэужь, скульптурэр заводым иратырти, теплъэр щытращIыкIыжырт, гъуаплъэкIэ ягъэжырт. ЗэфIэкIа нэужь, къыIахыжырти, ар зытетыну постаментым и лъагагъыр, и бгъуагъыр зыхуэдэнур, зэчэнджэщурэ, къахутэрти, ягъэхьэзырырт. Скульптурэр екIу, дахэ хъуныр нэхъыбэу зэлъытар ар зытетынум и лъагагъырт. Къэбгъэлъагъуэмэ, Къалмыкъ БетIал и постаментыр зыщIар архитектурэ щIэныгъэхэм я доктор, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм илъэс 25-кIэ щылэжьа архитектор цIэрыIуэ Олтаржевский Вячеславщ. Абырэ Михаилрэ зэгурыIуат фэеплъыр зытетынумрэ абы и лъагагъыр зыхуэдизу щытынумкIэ. Скульптурэм хухахар щIыпIэфI щхьэкIэ, и щIыбыр дыгъэ къыщIэкIыпIэмкIэ гъэзати, абы и нэгум дыгъэ къримыдзэу зэпымыуэ жьауэу щытынут, дыгъэр и гупэмкIэ къекIуэкIыху. Олтаржевскэм ТхьэкIумашэм и Iуэху еплъыкIэр къищтат, диIыгъат, акъылэгъу къыдэхъуат, ауэ нэгъуэщI щIыпIэ фэеплъыр щагъэувын ядакъым. Иджы и нэгум зэи дыгъэ къримыдзэу щытщ. Ахэр хурагъэджат монументхэр Iэмал имыIэу дыгъэр къыщыщIэкI лъэныкъуэмкIэ гъэзауэ гъэувын зэрыхуейм.



Адыгэ литературэм и классик ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъ.

КъалмыкЪ БетIал и фэеплъыр, коммунист партым и Центральнэ комитетым и унафэкIэ ищIар, домбеякъым къыхищIыкIащ. Абы хуэдэ политикхэм скульптурэ щахуэпщIкIэ, худсоветым хэтхэр къакIуэурэ лэжьыгъэр къапщытэрт. Абы хэтт ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и вице-президент, фэеплъи 100-м щIигъу Москва щызыгъэува Манизер Матвей. Скульптор цIэрыIуэр Москва щыщеджам щыгъуэ, Къалмыкъыр трибунэм къэпсалъэу иту илъэгъуат. Абы щыгъуэ Къалмыкъым сурэт трищIыкIат.

60 гъэхэм, ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъыр ищIыну пщэрылъ къыщыхуащIам, фIыуэ илъагъу усакIуэм и теплъэр лIэужьыгъуэ зыбжанэу и нэгу къыщIэуващ. Мы-

вэмрэ гъуаплъэмрэ къыхэщIыкIауэ усакIуэшхуэм и бюст япэ ищIар Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапIэхэм ящыщ зым и гупэм деж щагъэуващ. Илъэс 30 дэкIри, усакIуэшхуэм и цIэр зыфIаща адыгэ театрым и гупэм деж щытыр ищIащ. Домбеякъым къыхищIыкIа Алий и фэеплъым и гупэр театрымкIэ гъэзауэ, парк ихьэпIэмкIэ и щIыбым ущыIуплъэу щытмэ, нэхъ фIэтэрэзами, къыхуадакъым. Адыгэ театрым и унэр зэрылъахъшэм къыхэкIыу, ЩоджэнцIыкIур щысу ищIмэ нэхъ къезэгъыу къилъытащ. А Iуэху еплъыкIэр къыдаIыгъри, зэрыжиIам хуэдэу, ягъэуващ. Бэлътор и плIэм фIэлъу тесщ Алий тетIысхьэпIэм, и Iэр зэтедзауэ, хэгупсысыхьауэ. Ар къызэроплъ нэхэм ящIэлъ гупсысэри, адыгэ литературэм, лъэпкъым хуиIэ хъуэпсапIэри – псори скульпторым наIуэ къищIауэ къалъытэ. Абы ТхьэкIумашэр илъэсиблкIэ елэжьащ. Алий и сурэту сыт хуэдиз лIэужьыгъуэ ищIа сурэтыщIым! Зым и щхьэр Iэтауэ щытрэ и бгъэгум тхылъ IитIкIэ быдэу кIэриIыгъэу, адрейм тхылъыр и блэгущIэм щIэлъу щыту, итIанэ и кIыхьагъкIэ щыту, къыкIэлъыкIуэм и щхьэм и закъуэ къыхэщIыкIауэ, тетIысхьэпIэ щхьэгуэм тесуи – куэд, куэд мэхъу ахэр.

КIыщокъуэ Алим и фэеплъыр здагъэувыну хухаха къалэ администрацэм и гупэм арэзыщэ темыхъуэу Iуэхур къызэрежьауэ щытар мыпхуэдэу игу къегъэкIыж ТхьэкIумашэм:



КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим и фэеплъ.

– КIыщокъуэм и фэеплъыр щыдгъэувыну а щIыпIэрщ къытхуагъэлъэгъуар. Ар щIыпIэ гугъущ. Иджыри абы зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр хэлъхьэн хуей хъуну къыщIэкIынщ. ЯпэщIыкIэ лъахъшэу тщIащ ар, лъэс лъагъуэм пэгъунэгъут, цIыху зэблэкIыпIэти. ИужькIэ, унафэщIхэм я лъэIукIэ, ар тIэтыжащ. Налшык дэса архитектор Тарарин Александр мыупщIэу, мычэнджащэу скульптурэ лъабжьэр иныIуэ ищIащ. Абы и зэранкIэ, фэеплъым и теплъэр дызэрыхуей дыдэм хуэдэу хъуакъым. ИтIанэ, апхуэдэ дыдэу а архитекторым, мычэнджащэу, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм щигъэуващ си Iэдакъэ къыщIэкIа ПащIэ Бэчмырзэ и бюстымрэ Крымшамхалов Хьэмзэт ищIа Мечиев Кязим и бюстымрэ. А тIур пхъэмбейм дэтым хуэдэу, зэбгъэдигъэуващ. Фэеплъхэр зэву, зэкъузылIауэ зэрыщытым къыхэкIыу я нэгум тыншу уиплъэну Iэмал бгъуэтыркъым. Скульптурэхэр хуиту бауэу, хуиту уаIуплъэу щытын хуейщ. Ди лэжьыгъэм апхуэдэ ныкъусаныгъэ, мыарэзыныгъэхэр къыщыхэкI щыIэщ.

ТхьэкIумашэ Михаил Кулиев Къайсын и образыр къигъэлъэгъуэну мызэ-мытIэу яужь ихьащ. Ахэр зэныбжьэгъуу щытащ. Къайсын фIэфIт сурэтыщIхэм я лъэщапIэхэм кIуэну, абыхэм я Iэдакъэ къыщIэкIахэм, я лэжьэкIэм кIэлъыплъыну. Кулиевым и бюстыр выставкэ куэдым ща-

гъэлъэгъуащ. Иджы ар искусствэмкIэ музейм и гъэтIылъыгъэхэм хэлъу яхъумэ. Балъкъэр усакIуэр къызэралъхурэ илъэс 70 щрикъум, Шэджэм дэт и унэ-музейм деж щагъэуващ ТхьэкIумашэм мраморым къыхищIыкIа абы и фэеплъыр. Скульпторым ари фIы дыдэу къехъулIащ. Ар псэум хуэдэу цIыхухэм къахоплъэ.

Нэгумэ Шорэ и фэеплъыр КъБКъУ-м пэгъунэгъуу щагъэувынущ. Абы хухаха щIыпIэм деж мывэ щагъэтIылъащ. ТхьэкIумашэ Михаил Дон Iус Ростов еджакIуэ къызэрикIыжрэ Шорэ и шыфэлIыфэр зэпымыууэ и нэгу щIэтти, абы и фэеплъыр ищIыну иужь ихьат. Ар лIэужьыгъуэ зыбжанэу ищIауэ иIэщ. Нэхъ фIэкъабылыр, къызытеувыIар дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа, дызэрыгушхуэ адыгэ цейр щыгъыу, хьэзырхэр илъу, къамэр и бгым кIэрылъу ищIаращ. Нэгумэ Шорэ и скульптурэр вагъуэм хуэдэу лъагэу, метритху нэхърэ мынэхъ лъахъшэу, цIыхубэм ящхьэщыту, къахэплъэу игъэувыну и нэ къыхуокI сурэтыщI Iэзэм.

Михаил и Iэдакъэ къыщIэкIахэм республикэм и мызакъуэу, Урысейм и щIыналъэ куэдым щыпсэу цIыхухэри щIэупщIэу къокIуэкI. А щIыпIэхэми и лэжьыгъэ куэд яшащ. 1959 гъэм Москва щекIуэкIа, Совет Союзым и япэ зональнэ выставкэм щагъэлъэгъуащ. Абы хэтащ «Мэлыхъуэ» зыфIища, домбеякъым къыхищIыкIа скульптурэр. Ар Октябрь революцэм и цIэкIэ щыIэ музейм ищэхури, жэзкIэ ягъэжыжауэ ТхыдэмкIэ музейм щахъумэ. Башхэр ящIэгъэкъуауэ ищIа Iэхъуищым я скульптурэр щIэтщ Белград къалэм и Художественнэ музейм. Илъэсищ къэс Москва щекIуэкIыу щыта выставкэхэм куэдрэ ТхьэкIумашэм и лэжьыгъэхэр хагъэхьащ. Къапщтэмэ, «Орджоникидзе Серго Къалмыкъ БетIал и гъусэу» композицэр хэтащ Урысей Ипщэм хыхьэ республикэхэми Москваи щекIуэкIа выставкэхэм, куэдми ахэр ягу ирихьауэ щытащ. «Геологым и портрет» пхъэм къыхищIыкIар Мурманск къалэм дэт Художественнэ музейм щIэтщ. Дагъыстэным хыхьэ Дербент къалэм яшащ совет зэманым псэуа революционер щIалэм и скульптурэр. КъищынэмыщIауэ, и лэжьыгъэхэм ящыщ зыбжанэ Германием яшауэ щытащ икIи абы щIыхь тхылърэ саугъэтрэ къыхуагъэфэщащ.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур 1956 гъэм Москва зэрыщагъэлъэпIэнум республикэм исхэм зыхуагъэхьэзырын щыщIадзам, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и щIыунэм щылажьэрт ТхьэкIумашэр, мастерской зэримыIэм къыхэкIыу. Абы и етIуанэ къатым махуэшхуэм зыщыхуагъэхьэзырырт Уэрэдымрэ къафэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблым хэтхэм. Абыхэм ядэлажьэ куржы композитор Мурадели Вано нэIуасэ щыхуэхъум, и сурэтыр трищIыкIыну зэримурадыр жриIащ, арщхьэкIэ махуэшхуэм зэрызехьэу зыхуагъэхьэзырурэ зэманыр кIуэри, къехъулIакъым.

КъыщащIа пщэрылъым тету, нарт Сосрыкъуэ и скульптурэр ятIагъуэм къыхищIыкIащ, Иныжьыр иукIри мафIэр къытрихауэ ар щыпсэуа быдапIэм шууэ щхьэпрылъэтыкIыжу. Зи гугъу тщIа зэхыхьэшхуэм ирихьэлIэу апхуэдэу ищIащ «ЛэжьакIуэхэм я марш» уэрэдыр зыуса икIи гум дыхьэу ар зыгъэзащIэу щыта уэрэдус ДыщэкI Залымхъан и теплъэр. И лэжьэгъухэр къакIуэурэ Iуэхум зэрехъулIэм кIэлъыплъырт, чэнджэщ щхьэпэхэр кърахьэлIэрт. УсакIуэ КIуащ БетIал и скульптурэри абы

ирихьэлIэу ищIын щIидзат, ауэ, ар нигъэсыну хунэмысу, усакIуэшхуэр дунейм ехыжри, къэнэжащ...

И лэжьэгъу скульпторхэу БжэIумых Хьид, Къалмыкъ Фёдор, сурэтыщI Третьяков Николай сымэ я гъусэу ар хэтащ Москва щекIуэкIа махуэшхуэм. Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм Театр Иным пэгъунэгъуу сурэтыщIхэм яхухиха пэшым скульпторхэмрэ сурэтыщIхэмрэ я лэжьыгъэхэр щагъэлъэгъуащ. Москвадэсхэм, сурэтыщIхэм, искусствэм дихьэххэм ахэр хуабжьу ягу ирихьащ. Махуэшхуэм жыджэру зэрыхэтар къалъытэри, ТхьэкIумашэ Михаил «ЩIыхь Дамыгъэ» орденыр кърагащ. Къалмыкъ Фёдор медаль къыхуагъэфэщащ.

Москва къикIыжа нэужь, Мэлбахъуэ Тимборэ и унафэкIэ, сурэтыщI 12-м мастерскойхэр кърагащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, махуэшхуэм ирихьэлIэу къалащхьэм щагъэлъэгъуа, гипсым къыхэщIыкIа лэжьыгъэхэр къыщашэжым гъуэгуанэ кIыхь «къызэрызэпачам» и зэранкIэ зэхэкъутащ икIи нобэр къыздэсым ахэр зэрамыгъэпэщыжауэ республикэм и Лъэпкъ музейм щIэлъщ.

Ди республикэм щыпсэу куэдым лэжьыгъэ зыбжанэ яхуищIащ ТхьэкIумашэм. Апхуэдэщ Совет Союзым и ЛIыхъужь Иуан Хьэсэн и скульптурэр. ЩIыху щхьэхуэхэм я кхъащхьэм тетыну мывэ сынхэр куэдым ирагъэщIащ. Псэ Iутым хуэдэу, скульпторым мывэм къыхещIыкI гупсысэм зэщIиIыгъэ бгырыс дадэр, бгырыс цIыхубз насыпыфIэр, шыщIэ цIыкIум и пщэр зыIыгъ, вагъуэхэм якIэлъыплъ щIалэ цIыкIур, шым я нэхъ жэр Тхъуэжьейм тес, гъащIэм и дамыгъэ мафIэр ину Iэтауэ зыIэщIэлъ нарт лIыхъужь Сосрыкъуэ. КъищынэмыщIауэ, уэрэджыIакIуэ Беппаев Сергей (и ахърэтыр нэху ухъу!) и скульптурэр ищIыну къигъэгугъауэ, ауэ иухыну хунэмысу уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэр дунейм ехыжащ. ТриIуати, ар и кIэм нигъэсыжащ.

Дауэ хъуми, скульпторым къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым, иджырей дунейм пэгъунэгъу образхэр щхьэусыгъуэншэу къигъэщIакъым. Абы ящыщ дэтхэнэри гурэ псэкIэ куэдрэ кърихьэкIащ, ахэр къызытрищIыкIахэм я хуабагъэ зыхищIати. ТхьэкIумашэм и IэдакъэщIэкIхэм куэдрэ утепсэлъыхьыфынущ икIи дахагъэр бзэ лей зэрыхуэмыныкъуэр хьэкъ пщыхъунущ, къалэм и щIыпIэ куэдым щагъэува, псэ Iутым хуэдэу ищIа и лэжьыгъэхэр щыплъагъукIэ.

Скульпторым ноби и лэжьыгъэр игъэкIащхъэркъым, мывэхум, гранитым, домбеякъым, скъарым, пхъэм «псэ яхелъхьэ», ахэр «къегъэпсалъэ». И ныбжьым емылъытауэ, лэжьыгъэм зэрыхуэжыджэрыр, гу къабзэкIэ абы зэрыпэрытыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Скульпторым дэрэжэгъуэрэ гухэхъуэгъуэрэ къезыт, фIыуэ илъагъу IэщIагъэм жэщ-махуэ имыIэу, еш имыщIэу щIыпэрытым и щэхур и лэжьыгъэр фIыуэ зэрилъагъурщ. Михаил къызэрилъытэмкIэ, а лэжьыгъэр уи лъым хэмытмэ, уэр-уэру уфIэмыхьэлэмэтмэ, упэрытыфынукъым, уи гур хигъахъуэу. Аращ ар щIемызэшыр, и лэжьыгъэр къыщIыIэщIэмыужагъуэр. Абы къригъэжьа зы Iуэхур и кIэм нигъэсмэ, адрейм щIидзэу апхуэдэщ.

Михаил лъэпкъ культурэм хуолажьэ и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэм цIыхухэр щигъэгуфIыкIыу. Уасэншэщ абы Къалмыкъ БетIал, Мэл-

бахъуэ Тиморэ, ПащIэ Бэчмырзэ, Нэгумэ Шорэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, КъардэнгъущI Зырамыку, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Темыркъан Юрий, Мечиев Кязим, КIуащ БетIал, нэгъуэщIхэм яхуищIа фэеплъхэр. Ди республикэм и мызакъуэу, дэнэ щIыпIи къыщалъытэ скульптор Iэзэм и IэдакъэщIэкIхэм я мыхьэнэр зэрыиныр, ахэр пэжагъ хэлъу къызэригъэлъэгъуар. Абы щыхьэт тохъуэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий ТхьэкIумашэ Михаил сурэтыщI искусствэм зегъэужьыным куэд зэрыхищIыхьам къыхэкIыу иджыблагъэ республикэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр – «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» – орденыр зэрыхуигъэфэщар.

Ди фIэщ мэхъу гупсысэщIэхэм ятхьэкъуауэ лажьэ ТхьэкIумашэм и лэжьыгъэхэр гъащIэ кIыхь зэрыхъунур, ахэр къэкIуэну щIэблэм я гум зэрыдыхьэнур, я мыхьэнэр зэрыиныр зэрызыхащIэнур. Ди гуапэщ искусствэм и цIыху цIэрыIуэ ТхьэкIумашэ Михаил узыншагъэ быдэ иIэу, гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ, гукъыдэж щымыщIэу иджыри илъэс куэдкIэ ди япэ итыну!

**ТЕКIУЖЬ Заретэ**

*Хъуэжэ и хъыбархэм щыщщ*

## ХЪУЭЖЭ ФЫЗ КЪИШЭНУ ЗЕГЪЭХЬЭЗЫР

Хъуэжэ зы пщэдджыжь гуэрым жьыуэ къэтэджауэ унэлъащIэр псори зэригъэдзэкIырт: блыным фIэлъ алэрыбгъур зэригъэдзэкIри фIидзэжащ, гъуэлъыпIэри, Iэнэри, шэнтхэри я лъакъуэр дэгъэзеяуэ игъэуващ. Ар щилъагъум, и анэм къэуIэбжьауэ жиIащ:

– Ана, Хъуэжэ, сыт пщIэр, делэ ухъуа?

– Хьэуэ, си анэ, делэ сыхъуауэ аракъым, ныщхьэбэ нысэ къыпхуэсшэнущи, абы зыхузогъэхьэзыр, – жриIащ и анэм.

– Ана, нысэ къысхуэпшэнумэ, хьэпшыпхэр зэгъэдзэкIауэ, дэгъэзеяуэ, къегъэзыхауэ гъэувын хуей-тIэ! – кIиящ и анэр.

– А къасшэм псори къызэригъэдзэкIынущи, абы щыгъуэ тэмэму псори я пIэм иувэжынщ, – жиIэри Хъуэжэ щIэкIащ.

## СЭ СИ IЫХЬЭР ИРЕГЪ, УЭ УИ IЫХЬЭР УХУЕЙМЭ ЩIЭУПСКIЭ

Хъуэжэрэ и фызымрэ жейуэ жэщым здыхэлъым, я сабийр къыхэгъыкIащ.

Хъуэжэ и фызыр хуэмыху гуэрти, къэтэджын щхьэхри, и лIым IэфракIэкIэ кIуэцIыуащ:

– Тэджи щIэупскIэ, уэри уи Iыхьэ хэлъщ сабийм, – жиIэри.

Хъуэжэ, мэз щыIауэ, ешаелIауэ арати, къэтэджын и жагъуэт.

– Сэ си Iыхьэр ирегъ, уэ уи Iыхьэр ухуеймэ щIэупскIэ, – жиIэри Хъуэжэ зигъазэри жеижащ.



## ХЪУЭЖЭ ПСОМИ ГУНЭС ЗАЩИЩIАЩ

Хъуэжэ хьэкущIэ къишауэ и пэшым хьэку щIригъэщIыхьырт. ХьэкущIэм хьэкур щIын нигъэблэгъэпауэ, Хъуэжэ деж Iиблис къыщIыхьащ. Ар хьэкум зэрыIуплъэу къыжриIащ:

– Iэу-у-у, Хъуэжэ, уи жьыщхьэ делэ ухъужа, хэт плъэгъуар хьэкур бжэ дыдэм деж щигъэуву? Хьэкур пэшыбжэм бгъэдэтмэ, уи пэшыр зэи хуабэ хъунукъым.

– Уэлэхьи, ари пэжым, абы сэ сегупсысакъым. Хьэкур щыдгъэувыну дэнэ дежт уэ нэхъ тэмэму къэплъытэр? – жиIэри Хъуэжэ еупщIыжащ Iиблис.

– УкъызэдаIуэтэм, мыбдежым щозгъэщIынут а хьэкур, – жиIэри пэшым и нэхъ жьантIэIуэмкIэ хуэзэ плIанэпэм деж теуIуащ Iиблис.

– ХьэкущIэ, дыщыбгъауэ пэтащ, хьэкур щозгъэщIа щIыпIэр си ныбжьэгъум мытэмэму къилъытащ – ар къэкъутэжи, мыбдежым щыщI, – жиIэри Iиблис здытеуIуа щIыпIэр Хъуэжэ хьэкущIэм иригъэлъэгъуащ.

ЩIэуэ кърригъэжьэжа хьэку гуэрыр щIын имыухыпауэ Хъуэжэ и щхьэгъусэр бэзэрым къикIыжри къыщIыхьэжащ. Ар хьэкум зэрыIуплъэу аргуэру къэуIэбжьащ:

– Ана-а-а, ара уэ акъылу убгъэдэлъыжыр, уи гъащIэм зыгуэр плъэгъуа хьэкур хьэщIэ хуэдэу жьантIэм дищIыхьауэ? Хьэкур жьантIэм дэту ди пэшыр зэикI къабзэ хъунукъым – гъэсыныр сыт щыгъуи утыкум илъ зэпыту щытынущ, – жиIэри.

– Уэлэхьи, ари пэжым, ауэ си акъылыр абы хунэсакъым. АтIэ а хьэкур щезгъэщIыну уэ дэнэ деж нэхъ тэмэму къэплъытэр? – жиIэри и фызым еупщIыжащ Хъуэжэ.

– Мис мыбдежым щозгъэщIынут! – жиIэри фызым и Iэпэр хуишийащ бжэмрэ щхьэгъубжэмрэ я зэхуакум и лъабжьэм деж.

– Къэкъутэж, къэкъутэжи, си фызым нэхъ тэмэму къилъыта щIыпIэм деж щыщIыж хьэкур, – жиIэри къэкIиящ Хъуэжэ.

ХьэкущIэм етIуанэ хьэкури къикъутэжри, Хъуэжэ и фызым къригъэлъэгъуа щIыпIэм деж аргуэру хьэкущIэ къыщригъэжьэжащ. А ещанэ хьэку гуэрыр щIын нигъэблэгъэпауэ, Хъуэжэ и щыкъу анэр къыщIыхьэри кIийуэ щIидзащ:

– Ан-а-а, гущэ, Хъуэжэ, акъыл ущимыIэжми, си пхъум и акъылыр ирифыжат – щхьэгъубжэм бгъэдэту хьэкур щхьэ евгъэщIрэ? Фи пэшыр сыт щыгъуи кIыфI зэпыту щытынущ, – жиIэу.

Хъуэжэ и щыкъу анэм жиIэм едаIуэщ-едаIуэри къэкIиящ:

– ХьэкущIэ, ещанэ хьэкури къэкъутэжи, сыкъыщIыхьэжыху къызэжьэ! – жиIэри, езыри псынщIэу щIэкIащ.

Куэдрэ къэта, мащIэрэ къэта, Хъуэжэ къэсыжри шэрхъиплI унэм къыщIигъэлъэдащ, «мэ, хьэкур мы шэрхъхэм тещIыхь» – жиIэри. И пащIэкIэм щIэгуфIыкIри, хьэкущIэм хьэкур шэрхъиплIым трищIыхьащ. Япэ дыдэу ящIа хьэкур здэщыта щIыпIэм деж Хъуэжэ а хьэкур иригъэжалIэри щигъэувыжащ.

Зэман куэд дэкIа, мащIэ дэкIа, зы махуэ гуэрым Хъуэжэ деж Iиблис къыщIыхьэри аргуэру шхыдэу щIидзащ:

– Сымыда щIыпIэ дыдэм деж хьэкур щебгъэгъэуваи, – жиIэу.

Хъуэжэ зыри жимыIэу, Iиблис и шхыдэныр иригъэухри, хьэкур ар зыхуея щIыпIэм деж «гъыргъыргъ» жиIэу иригъэжалIэри щигъэуващ.

Асыхьэтым Хъуэжэ и щхьэгъусэр къыщIыхьэри кIийуэ щIидзащ:

– Сымыда дыдэм деж хьэку гуэрыр ебгъэгъэуваи, – жиIэу.

– Дэнэ дежт уэ узыхуейр? – жиIэри Хъуэжэ абы еупщIащ икIи и фызым къригъэлъэгъуа щIыпIэм деж Хъуэжэ хьэкужьыр иригъэжэлIащ. А псалъэмакъыр яуха, ямыуха жыпIэну, Хъуэжэ и щыкъу анэр къыщIэлъэдащ. Аргуэру кIийуэ щIидзащ:

– Сэ фыкъызэдэIуакъым, хьэкур тэмэму вгъэувакъым, – жиIэу.

Хъуэжэ и щыкъу анэм едаIуэщ-едаIуэри:

– Дыхуеймэ хьэкур абдежми догъэувыф, дыхуэмеймэ щIыбым ар щIыдогъэжыф, – жиIэри Хъуэжэ и хьэкужьыр щIыбым къыщIигъэжащ.

## ПШХАМ ХУЭДИЗ ИДЖЫРИ ПШХЫЖЫФЫН ХУЭДЭУЩ УЗЭРЫШХЭН ХУЕЙР

Хъуэжэ шхэуэ Iэнэм бгъэдэсу и гъунэгъу щIалэр къыщIыхьащ.

– Къеблагъэ, къеблагъэ, къэтIыси къыздэшхэ, – жриIащ абы Хъуэжэ.

– Хьэуэ, уи хьэлэлщ, иджыпсту сышха къудейщ, – жиIэри къыхуэтIысакъым щIалэщIэр.

– КъэтIыси къыздэшхэ, жысIакъэ! – къэгубжьащ Хъуэжэ.

– Уэлэхьи, иджыпсту Iэнэм сыкъыпэрыкIыжа къудеймэ, сымышхэфыну, – жиIэри Хъуэжэ, сыт имыщIами, щIалэр хуэшхакъым. ИужькIэ нэхъри къэгубжьыпащ Хъуэжэ:

– ХьитIым я кум къыдэкIа, апхуэдэу тIэпIыжу щхьэ ушхэрэ, узэгуиудыни. Псыр зэбэкIа къэкIыгъэм зэрыхуэмышэчым хуэдэу, уи ныбэ-

ми хуэшэчынкъым апхуэдиз. Пшхам хуэдиз иджыри пшхыжыфын хуэдэущ узэрышхэн хуейр!

## ГУЩIЭГЪУ ЗИМЫIЭМ УЩЫУКIЫТЭ ХЪУНУКЪЫМ

Гъэр гъаблэ хъуати, цIыхухэм я нэхъыбэр мэжэщIалIэт. Хъуэжэики махуитI хъуауэ и жьэм ерыскъы хуихьатэкъым. «Хэт и уэнжакъ Iугъуэ къырихуу пIэрэ, зыщIэзгъэпшэхъуэнти сафIэшхэнт», – жиIэри Iуащхьэм теувэри къуажэр къызэхиплъыхьащ. Зы беижь нэпсей гуэрым и уэнжакъым къриху Iугъуэр Хъуэжэ къилъагъури кIуащ.

Хуэмурэ щхьэгъубжэм екIуалIэри щыдэплъым, абы къилъэгъуащ: фызым къаз ифыщIу, лIым жэрумэ игъажьэу, я пхъум хьэлыуэ зэпиупщIу щысхэу.

– Сэлам алейкум, – жиIэри Хъуэжэ унэм щыщIыхьэм, цIыху нэпсейхэм яIыгъа ерыскъыр псынщIэу ягъэпщкIужащ: лIым иIыгъа жэрумэр жьэгу дакъэм дридзеящ, фызым иIыгъа къазыр бостеикIэм щIигъэпщкIуащ, хъыджэбзым иIыгъа хьэлыуэр матэм иридзэжащ.

– Уалейкум сэлам, – жиIэри нэгу зэхэуфакIэ, зэрыщIыхьар фIэфI зэрымыхъуар къуигъащIэу, лIым сэлам къырихыжащ. Хъуэжэ шэнт къыхуагъэувври ягъэтIысащ. Езыхэм зыри жамыIэу, Хъуэжэикl къыщIэмыкIыжу зыкъомрэ щыса иужькIэ лIыр къеупщIащ:

– Сыт хъыбар, Хъуэжэ? – жиIэри.

– Уэлэхьи, хъыбарышхуэ дыди сымыщIэ, ауэ сыкъыщыкIуэм зы блэ гуэр слъэгъуащи, абы нэхърэ нэхъ гъум си фIэщ хъункъым щыIэну! – жиIащ Хъуэжэ.

– Iагъ, сыт и гъумагът абы? – щIэупщIащ лIыр.

– ПцIы сымыупсу жысIэнщи, абы и гъумагъыр зыкIи къыкIэрыхуркъым иджыпсту бгъажьэу пIыгъа жэрумэм, – жиIащ Хъуэжэ. ЛIыр укIытэри плъыжь къэхъуащ, иужькIэ аргуэру къеупщIащ:

– Iагъ, ар зи гъумагъым и щхьэр сыт хуэдиз хъунт? – жиIэри.

– Мо уи фызым ифыщIу иIыгъа къазым и щхьэм хуэдиз дыдэ хъунт икIи абы ещхьт, – жиIащ Хъуэжэ. ЛIыр нэхъри укIытащ. ИужькIэ ещанэу ар Хъуэжэ къеупщIащ:

– АтIэ ар зи инагъ блэм сыт епщIэфа?

– Къамышыкlэ сеуэурэ, уи пхъум хьэлыуэр зэрызэпиупщIам хуэдэу, зэпызупщIащ, – щыжиIэм, «дыкъилъэгъуащ» жаIэри, псори къызыкъуахыжри, Хъуэжэ ягъэшхащ.

## АР ГУРЫМЫКЪЫУ ЩЫТАЩИ, ИПЩЭКIЭ ДРИКЪЕЯГЪЭНУЩ

Зэгуэрым Хъуэжэ мэз къикIыжу плъэри, хьэблэ псор зэрыдэхауэ псыхъуэм дэлъадэу къилъэгъуащ.

– ЦIыхуфIхэ, фыздэжэр дэнэ? Къэхъуар сыт? – жиIэри яхэупщIыхьащ.

– Уи гъунэгъур псым итхьэлащ, Хъуэжэ, – къыжраIащ абыхэм.

Ар щызэхихым, Хъуэжэи гум къелъэри якIэлъыжащ. Псым щынэсым, псоми ищхъэрэкIэ ирагъэзыхауэ лъыхъуэрти, езы Хъуэжэ ипщэкIэ дригъэзеяуэ лъыхъуэн щIидзащ.

– Уа, Хъуэжэ, сыт щыгъуи хьэдэр псым ирихьэх хабзэщ, щылъыхъуэн хуейри ищхъэрэкIэщ, – уэ ипщэкIэ щхьэ ущылъыхъуэрэ? – къыжраIащ.

– А, делэхэ, фэ фщIэркъым, ар щыпсэум гурымыкъыу щытащи, ипщэкIэ дрикъеягъэнущ, – жиIэри Хъуэжэ ипщэкIэ дригъэзеящ.

# «УЭС ГУЩІЫІУМ СЫТЕХЬАЩИ...»



Мэртыкъуэ Эдуард Малик и къуэр 1996 гъэм Тэрч районым хыхьэ Дей (Мэртэзей) къуажэм къыщалъхуащ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым архитектурэ ІэщІагъэм щыхурагъаджэ бакалавриатурэр къиухащ. ИужькІэ къызэрысщІамкІэ, Эдуард школым щыщІэса илъэсхэм къыщегъэжьауэ усэ итхырт. Аращ адэкІэ щІалэм и гъащІэ гъуэгур къыхэхыным тегъэщІапІэ нэхъыщхьэ хуэхъуари – иджы ар «Адыгэ филологиемкІэ» магистратурэм «тху» защІэкІэ щоджэ. Иджыблагъэ, лекцэ нэужьу, щІалэм и курсэгъухэм къызжаІащ Эдуард усэ зэритхыр, ауэ, зэрыукІытэм къыхэкІыу, зэкІэ зыми ахэр зэрыримыгъэлъагъур. Абдежым щІалэр щытти, жесІащ сэ сызэрымыусакІуэр, усэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къэзыхутэ ІэщІагъэлІуи сызэрыщымытыр, ауэ, дзыхь къысхуищІ-мэ, сыхуеплъыну къэзгъэгугъащ. «Іуащхьэмахуэ» журналым еджэхэм нобэ я пащхьэ итлъхьэ мы усэхэр къыхэзыхар сэращ. Къызэрыхэсхари, зэрыжысІащи, ІэщІагъэлІым е щІэныгъэлІым и Іуэху бгъэдыхьэкІэм тетукъым, атІэ дэтхэнэ щІэджыкІакІуэми игу ирихь е иримыхь еплъыкІэр и лъабжьэущ. ТегъэщІапІэ сщІари «псалъэр», «адыгэ псалъэр» гъащІэ гъусэ ищІыну мурад зыщІам сызэрыщыгуфІыкІамрэ щІалэм и тхыгъэхэр «зэщІэжьыуэ», «зэщІэпщІыпщІэ» ящІу абыхэм щыхъума сабиипсэ къабзэмрэщ.

Иджы псалъэ зыбжанэ, Мэртыкъуэм и усыгъэхэм ятеухуауэ. Япэу къыхэгъэщыпхъэр ахэр иджыри школ уэзджынэ цІыкІуу зэрызэрылъэлъырщ, абыхэм зэкІэ щытепщэр макъамэрщ (ритмикэрщ). ЩІалэм и хъэтІ, и лъагъуэ зригъэгъуэтыжыну хэтщи, мэлъыхъуэ. Ар фІыщ. Зэм ар йожалІэ рондо усэ гъэпсыкІэм, триолетым и щэн гуэрхэри къыхепхъуэтыкІ, рефренымкІэ ахэр щІигъэбыдэжу, ауэ абыхэм я классикэ жыпхъэм иувэркъым рифмэкІи, сатыр бжыгъэхэмкІи. А псоми я щхьэусыгъуэр ныбжьырщ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, къэлъыхъуэныгъэ лъэхъэнэри икІынущ, щІалэм и гупсысэкІэми, и бзэми, и хъэтІми захъуэжынущ икІи заужьынущ. Ди фІэщ мэхъу зытетыну гъащІэ еплъыкІэ быди езым къызэригъуэтыжынур. Ауэ дыщогугъ, сыт хуэдэ ныбжьым къимыхутэми, иджыпсту мы усэхэм яхэтлъагъуэ псэ къабзагъэр фІэмыкІуэдыну.

ЗэкІэ Мэртыкъуэм и художественнэ дунейм щытепщэр гурыщІэрщ. Апхуэдэу къыщІэкІынщ зэрыщытын хуейри, илъэс 21-рэ фІэкІа мыхъуам (Европэм, Америкэм и къэрал зыбжанэм ныбжьыщІэр балигъ хъуауэ къыщалъытэр мы ныбжьым нэса нэужьщ), дэ къызэрытщыхъумкІэ, къигъэщІыпхъэр философие трактатхэркъым,

атIэ гухэлъ псалъэхэрщ. Ахэр зыхуэгъэзауэ щыт хабзэри усакIуэм япэу фIыуэ илъэгъуа пщащэрщ е и псэм къыдыхьэ къэзыухъуреихь цIыхухэрщ, лъахэрщ, щIыуэпсырщ. ГурыщIэрщ бжьыхьэ пщыхьэщхьэ щIыIэтыIэр Мэртыкъуэм «гуапэу къыщызыгъэхъури, и псэр гугъэм щыз хуэзыщIри». Гухэлъ зыхуищIа дахэм деж кIуэ щIалэм «жьы жьэдишэри къабзэщ», дызэсэжауэ гу зылъыдмытэж «жыг сатырхэри» дахэщ, уеблэмэ, дунейр щIыIэми, абыхэм «тхьэмпэ пщтырхэр къапощэщ». «Гухэлъ щэху» и усэм фIищами, щIалэм и мурадыр ибзыщIыркъым – ар псоми яжреIэ:

*СокIуэ дахэм деж, сопIащIэ!*
*Слъагъум си гур егъэпсэху.*
*Сэ сыхуейщ абы пщыхьэщхьэ*
*ХуэсIуэтэну гухэлъ щэху.*

Ари щIалэм и псэ къабзагъэм, и тхыгъэхэм сабий гу пцIанагъэр иджыри зэрыщытепщэм и щыхьэтщ. Ауэ япэ лъагъуныгъэр (абы тражымыIыхьамрэ трамытхыхьамрэ укIуэдыж), япэ уэсым хуэдэу, «ткIужыгъуафIэ» щыхъуи щыIэщ. Мэртыкъуэми ар игъэунэхуауэ къыщIэкIынщ. Япэ уэсым лирикэ лIыхъужьым и «гухэлъ пщтырыр данэпс хъаркIэ щIихъума» къудейт («Япэ уэс»). Ар «псыхьэлыгъуэу щIэпхъуэжащ», щIалэм и «гурылъ IэфIхэр IэщIихри», и лъэмбри и псэм щIыIэу къыхинащ:

*Япэ уэсым си гу пцIанэр*
*КъигъэпцIауэ кIуэдыжащ.*
*КIуэдыжами, и лъэмб щIыIэр,*
*Си псэм кууэ къыхинащ...*

Ауэ ар хуейкъым апхуэдизу псынщIэу и «гухэлъ мафIэр ункIыфIыжынуи», и япэ лъагъуныгъэм «шэч къытрихьэжынуи». Ар кIэлъопхъуэ IэщIэкI гугъэм, и «псэ пIейтейр кIэзызу». Iуэхум и хэкIыпIэ хъунури къыгуроIуэ – бжьыхьэ «жьыбгъэм дэупщIыIуж дыгъэр» къэплъыжынут, фIыуэ илъагъу пщащэр губжьым къыпыкIрэ зэ нэхъ мыхъуми, и нэгур зэIухауэ, къыIуплъамэ. Хуигъэгъунут кърипэс «псалъэ жагъуэхэри», жьыбгъэм ипхъэнкIыж и гухэлъри къригъэлынут, и псэ пIейтеяри псэхужынут, «гъащIэм зы ищIатэмэ» («ЩIыIэщ, щIыIэщ нобэ уи гур»).

Мэртыкъуэм и сабий усэ цIыкIуитIи къыхэтхащ «Iуащхьэмахуэм» еджэхэм папщIэ: «ГуфIэгъуэ нур», «ЖьакIэху дадэ». Адэшхуэ-анэшхуэм я дежкIэ нэхъыфI сыт щыIэ я къуэрылъху цIыкIур ягъэджэгун нэхърэ?! Зы теплъэгъуэ цIыкIущ «ГуфIэгъуэ нур» усэм щытлъагъур – «нани дади я гъэфIэн» хъарып цIыкIур пщIантIэм щагъэджэгу. Абы дунейр тIэу пкIэгъуэ хуэхъуркъым, дэни нос, «мыщэ цIыкIур» удзыпцIэм топым хуэдэу щоджэрэз». Дадэрэ нанэрэ хуэдэу хэт сабий кIэлъыплъыфын, шынагъуэ къыкъуэкIми, хэт нэхъыфIу щихъумэфын?! Аращ усэм и купщIэри. ЩIыIэтыIэ къызэрыхъуу, нанэ ар пIащIэу къещтэж: «Мыщэ цIыкIуми зешыхьыжри / IэплIэ-абгъуэм йотIысхьэж». Дахэу жыIа хъуащ.

Уае дадэм хуэгъэзащ етIуанэ сабий усэр. А дадэм «и жьакIэхур иутхыпщIамэ, щIыIэ мэхъу», абы къыхэщэщ уэсыр «дыжьын хужьу, къауц щабэу» щIылъэм къытосэ. Ауэ усэм хэт лирикэ лIыхъужьыр хуейкъым уаем дунейр игъэщтыну, сабийхэр игъэщхьэхыну. Ар дадэм йолъэIу я псыежэхым щитIэгъа мыл джанэр щихыжыну, абы щыгъуэ щIыIэм зэщIиIулIа игури къэхуэбэжынут.

Апхуэдэщ поэзием япэ лъэбакъуэ хэзычэ Мэртыкъуэ Эдуард и художественнэ дунейр. Зытеува лъагъуэм, щIалэм къызэрыщыхъумкIэ, «къауц щабэу уэс хужьыбзэр телъщ». Дыгъэ бзийхэр телъэщIыхьмэ, ар дыщэпс мэхъу, и гукъыдэжыр къыхуаIэту, и «гурыщIэр толъкъун мафIэу» къызэщIаIэтэу. АпщIондэхукIэ Мэртыкъуэм усэ стопахэр (лъэмбхэр) къегъэщI, макъамэ дахэу:

*Уэс гущIыIум сытехъащи,*
*Усэ лъэмбхэр къызогъэщI.*
*СыбэкъуэхукIэ, си лъэ щIагъым*
*Макъыу усэ къыщIощэщ.*

Сэ шэч къытесхьэркъым иджыпсту и усэхэр зыхуримыкъу технúкэри Мэртыкъуэм къызэригъэIурыщIэнум, абыхэм гупсысэ куухэри, Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэри къызэрыхыхьэнум. ЗэкIэ аращ, поэзием и лъагъуэм Iэнкун дыдэурэ техьа щIалэм ар уэсмычу къыщыхъуащи, апхуэдэ сабиипсэр адэкIи зэрихъумэным дыхуэвгъэсакъ. «БэкъуэхукIэ, и лъэ щIагъым усэхэр», макъ дахэ цIыкIу ищIу, «къызэрыщIэщэщми» дыщывгъэгуфIыкI.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*



## *Усэхэр* МЭРТЫКЪУЭ Эдуард

* * *

ЩIыIэщ, щIыIэщ нобэ уи гур,
Гухэлъ мафIэр мэункIыфIыж.
Жьапщэщ, жьапщэщ бжьыхьэ махуэр,
Дыгъэм псэр дэмыхуэбэж.

Жагъуэщ, жагъуэщ уэ уи псалъэр,
Лъагъуныгъэм шэч хуощIыж.
Жьыбгъэщ, жьыбгъэщ къызупэсыр,
Си гухэлъыр епхъэнкIыж.

Хьэлъэщ, хьэлъэщ закъуэныгъэр,
Си гум бгъэгум зыщехуз.
МащIэщ, мащIэщ къэна гугъэр,
Псэр пIейтейуэ мэкIэзыз.

Губжьым, губжьым уэ къыпыкIи,
Зэ къысIуплъи, къэгуфIэж.
ГъащIэр, гъащIэр зэпыдгъащIи,
ТIуми ди псэр... гъэпсэхуж.

ГУХЭЛЪ ЩЭХУ

Сыту гуапэ мы пщыхьэщхьэр!
Гухэлъ IэфIыр хьэуам хэзщ.
Къалэр нуру зэщIолыдэр,
Си псэр гугъэм ещIыр щыз.

Сыту къабзэ жьы жьэдэсшэр!
ЩIыIэу щытми, сыкъегъэплъ.
Жыг сатыру гъэтIысахэм
Тхьэмпэ пщтырхэр къаполъэлъ.

СокIуэ дахэм деж, сопIащIэ!
Слъагъум си гур егъэпсэху.
Сэ сыхуейщ абы пщыхьэщхьэ
ХуэсIуэтэну гухэлъ щэху.



ЯПЭ УЭС

Япэ уэсыр жьым зэрихьэу,
ЩIылъэм лыду тез къэхъуащ.
Тез къэхъуами, куэд дэмыкIыу,
Псыхьэлыгъуэу щIэпхъуэжащ.

Япэ уэсым гухэлъ пщтырыр,
Данэпс хъаркIэ щIихъумащ.
ЩIихъумами, псынщIэу ткIужри,
Гурылъ IэфIхэр сIэщIихащ!

Япэ уэсым си гу пцIанэр
КъигъэпцIауэ кIуэдыжащ.
КIуэдыжами, и лъэмб щIыIэр,
Си псэм кууүэ къыхинащ...

ЩIЫМАХУЭ

Уэс хужьыбзэр, къауц щабэу,
Уафэ гъуабжэм къощэщэх.
ТемыувыIэу ар нурыбэу,
ЩIым и напэм щотIысэх.

Дыгъэпс бзийхэр телъэщIыхьым,
Уэсым и фэр дыщэпс ещI.

СыщIэкIамэ, симыгъаплъэу,
Толъкъун мафIэр къызещIэкI.

Уэс гущIыIум сытехьащи,
Усэ лъэмбхэр къызогъэщI.
СыбэкъуэхукIэ, си лъэ щIагъым
Макъыу усэ къыщIощэщ.

КЪУЭРЫЛЪХУ ЦIЫКIУ

ГуфIэгъуэшхуэр и нэгу щIэту,
Хъарып цIыкIур пщIантIэм дэсщ.
Нани дади я гъэфIэныр
Бабыщ цIыкIуу удзым хэсщ.

«Мыщэ цIыкIур» а удзыпцIэм
Топым хуэдэу щоджэрэз.
Фом нэхъ IэфIу и макъ цIыкIум
Къуалэбзухэр къыподжэж.

Налмэс хуэдэ, и нэ фIыцIэр
НапIэ цIыкIухэм къолыдыкI.
IэщIэкIынкIэ зыгуэр шынэу,
Илъагъу псоми щогуфIыкI.

Аурэ къохъури щIыIэтыIэ,
Нанэ пIащIэу ар къещтэж.
Мыщэ цIыкIуми зешыхьыжри,
IэплIэ-абгъуэм йотIысхьэж.

ЖЬАКIЭХУ ДАДЭ

Дадэ, дадэ къэсыжащ,
Уэс тепIэныр къихьыжащ.
Дыжьын хужьыр къауц щабэу,
ЩIылъэм фабгъуэу щиубгъуащ.

Дадэ, дадэ, и жьакIэхур
ИутхыпщIамэ, щIыIэ мэхъу.
АпщIондэхукIэ зэщIэлыдэу,
ЖьакIэм уэсыр къыхощэщ.

Дадэ, дадэ, зэ увыIэ,
Куэдщ уэ уэсу къеппхъыхар.
Си гум щIыгъуу псыежэхым
Хуит къэщIыж лъэхъу лыд иплъхьар.

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ






*ЕкIуэкIыу:* **7.** Адыгэ пшынауэ цIэрыIуэ, КъБАССР-мрэ РСФСР-мрэ щIыхь зиIэ я артист. **9.** Гъатхэм пасэу, уэс телъ щIыкIэ, къыхэкI удз гъэгъа. **10.** ГъущIым (шыгуным е гъуаплъэм) къыхащIыкI уэзджынэ ин. **11.** Япэм зэрахьэу щыта жьэ пшынэ лъэпкъыгъуэ. **12.** ... къохьэри, унэхьэ ирехху *(псалъэжь)*. **13.** Ущытмэ, далъэ, ущылъмэ, ... *(псалъэжь)*. **14.** Хъуэпсапlэ; гуращэ. **15.** «Мэжаджэ ...» — Къэрмокъуэ Мухьэмэд и рассказ. **16.** ЦIыхухэм яку къыдэхъуэ зэныкъуэкъухэр зэхэзыгъэкI къэрал IуэхущIапIэ. **18.** Унэ, псэуалъэ хуэдэхэм иIэ щIэкIыпIэ-щIыхьэпIэ. **20.** Данэ щэкI лъэпкъ. **21.** Къуажэ, хэку унафэщI. **25.** ... закъуэ мэз хъуркъым *(пса-*

*лъэжь)*. **26.** Усэшхуэ зимыІэ, мылъапІэ. **28.** XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгум дыжьын медаль къыщызыхьа адыгэ щІалэ. **29.** ... зэуар аркъэным щощтэ *(псалъэжь)*. **30.** ХэІэтыкІауэ щыта зиусхьэн лъэпкъ, а лъэпкъым щыщ. **33.** ... джадэ нэхъэ кІуэжыгъуэ джадэ *(псалъэжь)*. **34.** Нарт эпосым щыщ лІыхъужь, бжьамияпщэ. **35.** Хъыршын. **36.** Шэдылъэ щІыпІэхэм щыплъагъу, зи пщэри, зи пэри, зи лъакъуэхэри кІыхь къуалэбзу ин. **37.** ЛыщІыкІулыбжьэ — адыгэ ... .

*Къехыу:* **1.** Нарт Тотрэш и анэм зэреджэр. **2.** Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэм хэт лІыхъужь. **3.** Адыгэ уэрэджыІакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист. **4.** Дзыдзэ лъэпкъым щыщ лырышхэ хьэкІэкхъуэкІэ лІэужьыгъуэ. **5.** Адыгэ уэрэдыжь. **6.** Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщ къуажэ. **8.** Адыгэ Республикэм и цІыхубэ усакІуэ, щІэныгъэлІ-ІуэрыІуатэдж. **17.** Уэхъутэ Абдулыхь и «Теджэнокъуей къуажэ» повестым хэт уэрэдус, джэгуакІуэ Іэзэ. **19.** ... Арсен — Мыкъуэжь Анатолэ и «Гущэкъу уэрэд» усэм макъамэ щІэзылъхьа уэрэдус. **22.** ... щІэх жьы мэхъу *(псалъэжь)*. **23.** НаІуэ, ІупщІ, гурыІуэгъуэ. **24.** Нарт эпосым къыхэщ тхьэгурымагъуэ фызыжь. **25.** Дзыгъуэ лъэпкъыгъуэхэм яцыщу гъуэмбхэм щыпсэу, гъавэм, хадэхэкІым зэран хуэхъу псэущхьэ. **27.** «Кабардинка» къэфакІуэ ансамблым и унафэщІу щыта, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист. **31.** Бжэныфэм къыхащІыкІыу щыта Іуданэ. **32.** «Захуэ» псалъэм и антоним.



---

**Нэгъабэрей еханэ къыдэкІыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкІуэкІыу:* **7.** ПэрыІэбэ. **8.** Лъагъуныгъэщ. **10.** Пылыжь. **11.** Хъыдзэдж. **12.** Гуэбэнэч. **15.** Щэуал. **16.** Пхъэпс. **18.** Ирауд. **19.** Щхьэфэд. **20.** Ермэлы. **24.** Щэбэт. **25.** Лъапсэ. **26.** Икърар. **28.** «Дамэлей». **32.** Малъхъэ. **33.** Махъшэ. **34.** ХэтІэхэсэ. **35.** Бэлэтокъуэ.

*Къехыу:* **1.** Уэзырмэс. **2.** Къылыш. **3.** Абазэ. **4.** Гъатхэ. **5.** ЛІыжьыр. **6.** Іэуэлъауэ. **9.** УзэлъэІу. **13.** Алмэсты. **14.** Рихьэние. **16.** Пхъэгулъ. **17.** Серчэ. **21.** ЗэбгъэщІэр. **22.** ГупщІэуз. **23.** Махъэшокъуэ. **27.** Ахъшэр. **29.** Апэсы. **30.** Елгъэр. **31.** Пащты.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№1**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 07.02.18. Выход в свет 28.02.2018
Формат 70x108$^{1}/_{16}$ Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 15,4.Уч-изд. л. 12,3. Тираж 2.153 экз. Заказ №19
Подписная цена на 2 месяца 31 р. 17 к.
Подписная цена на 6 месяцев 93 р. 51 к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета